АЙТБАЙ БЕКИМБЕТОВ



# ТУЎЫСҚАНЛАР

*(Повестьлер ҳәм гүррицлер)*

„Қарақалпақстан" баспасы
Нөкис — 1978

KK 2 / Б — 71

3703040160 / М — 357 (06) — 78

Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты Айтбай Бекимбетов көп жылдан бери проза тараўында шығармалар жазып киятыр.

„Туўысқанлар" китабына автордың соңғы жыллары жазылған ширели шығармалары еңгизилген. Бунда тарийхый-революциялық таматикадағы жазған шығармалары, Уллы Ўатандарлық урыстың аўыр ақыбетлерин сөз ететуғын ҳәм ҳәзирги замапласларымыздың турмысынан жазылған шығармалары бар.

© „Қарақалпақстан" баспасы — 1978





# АНТ

*Повесть*

Ақ қайыңның қойыў саясында кең жаўырынын коляскаиың арқасына берип мениң тəғдирлес жолдасым терең ойға батып отыр. Билмедим, бул адам ҳаққында сөзди неден басласам екен? Қуўаныштан ба, я қайғыдан ба, бахытлы күнлерден бе, я отлы жыллардың азап-ақыретинен бе? Улыўма оның қуўанышы қысқа болған, ал қайғысы жүдə ерте келген. Ол тек қайғыма? Оның аты өшпес урыс. Бул еки аўыз сөзде қаншелли бахытсызлық, бүгиншилик, қаншелли есапсыз төгилген көз жаслар, орнына келмейтуғын, жоқ етиўлер бар.

Мен бул адамның муңаймас түр-түсине қарап отырып: «Аўа ол солардың бəрин, əсиресе жəлладлар мойнына салган дар жиби менен əжел оғын қалай жеңип, дүньяда тири қалды екен» деймен ишимнен...

1944-жыл.

Нəўбəҳəр. Ол төрт мəўсимниң қуяшы астында мудам гөззалыққа бай болган Балтик бойындағы əййемги латышлар жерин жасыл липасқа бөлеп, түрли реңге дөндирип жиберди. Əтираптан көктиң ийиси əтирдей аңқып, тоғайларда мəкан еткен ҳəр қыйлы қуслар симфониясы жаңғырады. Шəменлерден атлығып шыққан мөлдир суўлар терең сайларга сарқырап, узақларға ағып кетип атыр.

Тəбияттың бундай мəңгилик заңына, қыр дөгеректи қара түтин менен қызыл қанға бояған рейимсиз фашистлердиң ашқан урыс оты да ҳеш қандай тосқынлық жасай алған жоқ. Усындай бəҳəрдиң қəўетерли қараңғы түнинде жалаң аяқ, жалаң бас жамаўлы гүртесин жамылған бир əбигер бала қалың тоғайдан шығып, «Курзема» хуторына қарай тасаланып жол

журди. Ол ҳәр бир ағаштың, ҳәр бир қопаның панасында бир тоқтап, жәп-жағына қарап қараңғы түнниң төрине қулағып түрип, хутордың шетиндеги ағаш жайдың алдына келди. Әсте ғапа оның қапысын қағып: «Ата есигиңди аш, мен Леонспан», деди ол жиңишке даўысы менен асығыслы түрде.

Уйқысынан оянып, аяғына турган Карл ғарры желкилдеген ақ сақалын көкирегине қысып аўызға келди де: — Леонс, растанда сенбисең? — деп сезикленген түрде сыпырадай қулағып есиктиң жарығына апарды.

— Аўа, Леонспан, тезирек аш есигиңди ата, — деди бала қалтыраған даўысы менен жыламсырап. Карл ғарры албырақлап есигиниң тәмбисин тайдырды да, илдиргишин босатты. Он бир жасар Леонс бирден атасын қушақлап қалай болса солай зарланып қоя берди.

— Не болды саған, қара түнде қорықпай қаяқтан киятырсаң, аманлықпа өзи?—деп зәрреси ушқан Карл ғарры ақлығының жумбарланган жумсақ шашын сыйпалады. Леонс жас жүрегин кернеген аўыр қайғы менен жоғалтыўдың дәртине шыдамай, бурынғысынан да бетер зарланып шашын жулды, бетин тырнады, атасының қушағына сыймай сермеленди, тепсинди.

Оның тула бойын жарып шыққан аянышлы, ашшы даўысы ағаш жайдың ишинен шығып қара түнниң пердесин жарып, Курзема тоғайының түпкиринде гүңиренип шыққандай болды.

— Азғынлар, жәлладлар!..

Карл ғарры қапасына сыймай қалтырап, қас кирпиги тикендей шаншылып, шекесиниң шаңдытай териси, көриктей исип, шуңгил көзлери шанағына сыймай аларып кетти. «О, қудайым жалгыз қызымның не жазығы болды,ол қайсы жаўыздың көзине қадалып жүрегине шаншылды». Ол өз бетинше қапаланып, қушағында талып қалған ақлығын баўырына қысып, ғыжырдан қайпатқан қорлық пенен ызаға кек жалынын тутандырды.

Карл ғарры ҳәр жағында жуптан қалған төрт тисин қысып:

— Жоқ, сизлер Ирмгардтың жас жаны, бийгүна төгилген ҳәр тамшы қаны ушын жуўап бересиз, ҳеш қайсыңызда жазасыз қутыла алмайсыз. Әййемги Курзема — киели жер, — деп ызаланды. Кейин Леонс-

ты бөлмесиндеги кәтине жатқарды. Ол ақлығының қасына отырып, ериксиз аққан көз жасын сыпырды...

— Мүмкин емес, мениң Имгардым тири, ол өлмейди... — Леонс өзине келип көзин ашты.

— Ақылықгенем айтшы қәне не болды, сен не көрдиң, не еситтиң? — Карл ғарры қайтадан орнынан турып, ақлығынан сорады.

Леонс өткен ўақыяларды бирме бир есине келтирип, оқлы көзин терезе арқалы қара түнниң төрине тигип отырып айтып берди. Ол былай болған еди.

«Фашистлер ҳәм олардың жалпылдақ полицейлери күп батардың алдында бирден хуторды қамал етип қоршап уллысы, кишиси барлық халықты «қара тас» тың алдындағы майданшаға жыйнады. Әне усы ўақытта мотоцикли автоматшылардың гүзетиўинде майданшаға бир қара машина келип тоқтады. Ишинен көз әйнекли фашист капитаны түсип сапта турған жәлладлардың алдындагы офицерлерге қарай: «Хайль гитлер» деп, оң қолын алға созды. Жараныўға әдетленип қалган қыянетшилер жуўап ретинде әўпилдесип ийттей урди.

Үлкен сумлықтың «тусаўын тоқып», курземашылардың ар-намысын, инабатын сынап, қанын төгиўге арнап келген сур бетли капитан ортага шығып: —

— Бизлер латышларды сыйлаймыз, бирақ русларға қосылып кеткен азғынларды жаман көремиз ҳәм оларды атамыз, асамыз, жоқ етемиз. Бул мениң улыўма түсинигим ҳәм ескертиўим. Енди сизлер айтың, партизанлар қаяқта, қайсы тоғайда жасырынып жүр. Бизиң бес солдатты өлтирип, складты, оқ жарақты тонап кеткен кимлер, қайсысыңыздың туўған-туўысқаныңыз? —деп ҳәркимнен бирме-бир сорады.

Хуторшылар үндемеди.

Төзиминен қорыққан фашист капитанының қәҳәри келип:

— Айтыңлар, партизанлар қаяқта, фюрер солдатына қарсы қол көтерген кимлер? — Усылай етип ол ҳәркимге бир жекиринип алып топылды.

Бирақ курземашылар фашист жәлладының абайынан қорқпады.

Үнсиз турған адамлардың арасынан аўыл мектебиниң муғаллими Ирмгард Лусте суўырлып шығып:

— Господин капитан, егер сизге растан да партизан керек болса, ғарры-кемпир, бала-шағаға азап бере

бермей, дут тоғайдың кәлеген жерине барып кириң, излеген адамыңызды ушыратасыз ҳәм тийисли сыбағаңызды да аларсыз, — деди басын жоқары көтерип.

— Үниңди өшир, сен ким боласаң? — деп капитан Ирмгардтың ийегине кирип барды.

— Мен совет муғаллими, қала берсе өз халықымның садық перзенти, ҳақыйқат ана боламан? — деди Ирмгард фашист офицериниң абайынан тайсалмай.

Тынып турған халық бирден қозғасылып қоя берди. Ал бунындай қайсарлық пенен турақлылықты сынап көрмеген офицердиң көзи қанға толып, қәҳәри мурнынан шықты. Ол жамбасындағы жарағын қабынан суўырып алып:

— Комсомолмысаң, партизанбысаң, айт расыңды? —деди ол пистолеттиң аўзын Ирмғардтың көкирегине қадап.

— Мен коммунистпен, аўа Курзема тоғайының иши партизанға толы. Батыр болсаңлар кириңлер тоғайға. Қорқасызлар, нәмартлер, тек бала-шағаға ғана дәпинесизлер... — Ирмгард оқлы көзин капитанның сықылсыз, қапсыз жүзине қадады.

Фашист офицери көкирегин кернеген қәҳәрге шыдамай аўзын қыйсайтып, тислерин ғышырлатты:

— Және не айтасаң, тезирек айтып қал болмаса ҳәзир үниңди өширемен? — деди қәҳәрли түрде.

— Партизанлар, фашистлерди қырыңлар, қуўыңлар олардан өш алыңлар, деп бақырды Ирмғард.

Қарс етип атылған «браунинг» тиң сести шықты.

Бирден Курзема тоғайының иши гүңиренип: «Партизанлар, фашистлерди қырыңлар, қуўыңлар, олардан өш алыңлар»... деп қайталады.

Ирмгард ана жерге ет-бетинен жығылып... «Леоне фашистлерден анаңның өшин ал» — деди де ақырғы демин таўысты.

Енди қуралсыз адамлар шуўласып, мушын түйип жаўызларға қарай топылды.

— Атыңлар, қырыңлар, жоқ қылыңлар, — деп капитан буйрық берди де, темир жаба көтерип қарсы киятырған Томастың қақ маңлайынан атты.

Сол заматы автоматлар үзликсиз тыр-тырлап, оқлар қуралсыз халықтың үстине сел жаўындай қуйды. Бийгүна адамлар қойдай қырылып, майданшаның бети қызыл қанға боялды...

Леоне орнынан турып, атасының көйлегинен услап:

— Фашистлер буның менен де шекленип қоймастан, барлық жайларға лампамай қуйып от берди,—деди жаңадан көз жасын төгип.

— Бул трагедияның ўақтында сениң өзиң қай жерде единң, қалай аман қалдың? — деп Карл ғарры ақлығынан сорады.

— Мен жер төлениң ултанындағы урада жасырынып барлық ўақыяны терезеден көрип отырдым. Тек ол жаўызлар кетип қалғаннан кейин ғана абайлап сыртқа шықтым. Жән-жағыма қарап аңлыўшының жоқ екенин сезип, дәрриў майданшаға келдим. Қызыл қанға боялып жатқан анамның жансыз денесин қушақлап бираз жыладым. Кейин оны алысып киятырған өрттиң аўзынан алып шығып, «Қос емен» ниң түбиндеги үңгирге сүйреп әкелдим. Сөйтип ҳеш жерде иркилместен саған қарай жуўырдым, — деди ол солығын баса алмай.

«Аўа, олардың бурыннан соңғы тийкарғы тактикасы, жаўызлық идеологиясы солай»... Карл ғарры силтидей тынып өз ишинен сөйленди. Кейин қатты қәҳәрленип:

— Ол гәззапларды аяўсыз қырыў керек, ана жерден тезирек қуўыў керек, — деди.

Леонс терезеден ағарып киятырған таңның төрине қарап:

— Мен қайўақ бир ўақ ол жаўызлардан әрманда кеткен анамның өшин, жазықсыз жер дастанған жерлеслеримниң қанын аламан. Бул мениң пионерлик антым, ата! — деди ол кишкене көкирегин керип.

— Мен сениң антыңа исенемен, Леонс! Ақыры сен Лусте менен Ирмгардтың перзентисең. Әкең Лусте Курзема партизанларының командири болып немец басқыншыларының зәрресин ушырып, күн сайын олардың гарнизонына шабыўыл жасап жүр. Ҳәттеки фашистлер әкеңди услап берген адамға 10000 марка сыйлық беремиз деп дағаза етип қойыпты. Бирақ «Темир Лусте» ҳеш кимге услатпай усы ўаққа шекем талай фрицтиң геллесин түпсиз торфлыққа тықты. Анаң Ирмгард болса хутордағы ҳаял-қызлар арасынан шыққан биринши коммунист, өзиниң жаслығына қарамай атақлы муғаллим еди. Ол байланысшы ретинде партизанлар отрядына әҳмийетли мағлыўматлар жеткерип, сәтли шыққан операцияларға өз үлесин қосқан ҳақыйқат қаҳарман болды. Мине, енди ол

қаҳарманларша «Қара тас» майданшасында қаза тапты Аўа, сениң мақтанышың орынлы саған исенемен ақлығым. Қәне жүр, анаңның денесин жерлейик, —деди ол.

Олар мархумның басына келип, аза тутып отырганда тосыннан қасына биреў келди.

Ҳаў, Ян Августовичписең. Сен қалай аман қалдың?

— Несин сорайсаң ага, тас қуйының ишинде жасырынып жан сақладым. Муздай суўға шүмип, тек туншыққанда ғана басымды шығарып дем алып, әйтеўир өлимнен аман қалдым, — деди аўылласы үсти басының суўын тамшылатып.

Карл ғарры жерлесиниң сөзинен соң орнынан түргелип, анасының бас ушында ишинен жылап отырған Леонсты жубатты ҳәм Августовичке қарай:

— Сениң аман қалғаның жүдә жақсы болган. Улыўма бахытлы адам екенсең. Қәне енди Ирмгардты жерлеўге жәрдем ет, — деди ол қайгылы түрде.

— Меннен қандай жәрдем керек?

— Сен әзелий ағашқа жан берген шебер устасаң Ҳәзир Ирмгардың табытын согып бересең.

Ян Августович қолын жайып.

— Қудайай, көрмей турсаң ба Карл ага, мениң дәскем туўе хутордагы жайлардың тырнагы да қалмай жанып кетти. Ҳәзирше усылай жерлей бергенде болмас па екен? Кейин бул залымларды елден қуўған соң табытқа салып қойымшылыққа қайтадан қояр едик.

— Болмайды, адамның денесин, рухын әсиресе егер ол перзентиң болса, — қәдирлеў керек. Мениң үйимде пышқы, балта бураўда бар. Солар менен әмеллей алмайсыз ба?

— Хақыйқат болады.

— Онда Ирмгардтың денесин мениң кәмзолыма орап үйге апарайық — деди де Карл ғарры ийниндеги кийимин шешип жерге төседи.

Сөйтип олар күн шыгардың алдында Ирмгардты жерледи.

Ғарры үйге келгеннен кейин:

— Енди сениң менен Леонсқа мениң үйимде қалыўға болмайды. Ян Августович. Тезден партизанларға барып қосылың ҳәм хутордағы трагедияның бәрин бастан аяқ айтың. Мениңше сен «Батпақ атаў» дың жасалмалы соқпағын жақсы билиўиң керек, — деди ол.

— Өзиңизше, егер фашистлер қайтадан орала ғойса сизди де аямайды. Оларға бул трагедияның тири гуўасы — айыплаў ҳүкими менен бара баргой, — деп Ян Августович ғаррыға қарады.

Карл ғарры бираз ойланып:

— Маған бул жерде қалыўы керек. Биреўди күтемен, ол ертең бир күн келип қалады.

Леонс бирден әңгимеге араласып:

— Ян ағаның айтқаны дурыс. Сени мийримсиз фашистлер дәрриў атып таслайды. Жақсысы бизлер менен жүре бер ата, — деди ол қәўетерленген түрде.

— Ҳеш қорықпа, ғам жеме ақлығым, мен жасарымды жасаған адамман. Маған енди бәри бир. Улыўма халықтың еркинлиги, жеңиси ушын өлсем де, әрманым жоқ. Оннан да сизлер тезирек жолыңызға түсиң, сәл жерде жыртқышлардай тимискиленген жаўызлар келип қалар, —деп Карл гарры оларды узатыў ушын орнынан турды.

«Батпақ атаў» бул жыллар бойы үстинен суў кетпеген майлы өсимлиги ширип жатқан торфлық массив. Курземашылар оны өзиниң қәсийетине қарай бурыннан соңғы «Пирли жер», «Шайтан атаў», «барсаң батып кететуғын кийели қамыслық» деп қорқыныш сезимин туўдырып келген.

Мине ҳәзир Ян Августович пенен Леонс дүт тоғайға кирип усы атаўға жол алды. Олар азғана ўақыт жүргеннен кейин күн шығып, қараңғы тоғайдың иши жақтыланып кетти. Төрт, бес километрлик жол жүргеннен кейин Ян Августович үлкен еменниң панасында тоқтап:

— Енди абайлаңқырап жүр. Леонс Бул зонада фашист аңлыўшылары болыўы мүмкин, сәл жерде олардың торына түсип қалмайық, — деди.

Әзелден сезимталлы Леонс жән-жағына жалтаңлап Ян Августовичтиң изинен жүрип отырды. Бир ўақлары ол тоғайдың ишинде ешки саўып отырган ер адамды көрип,

— Ян аға тоқтаң, ана адам ешки саўған болып көз астынан бизлерди бақлап, гүзетип атыр,—деди. Ян Августович дәрриў ағашты панапал қапталына қарады.

Ҳақыйқатында да ол қолында ҳеш қандай ыдысы жоқ адамның ешки саўған қусап отырғанын көрди.

Ян Августович өз аўылласын дәрриў танып: «Ион полицай фашист жандармасының жалпылдагы, ўәй

азғын, сатқын, бизлерди аңлыўға шыққаны — деди ишинен. Кейин Леонсқа сыбырлап: Қашамыз, болмаса дузаққа түсиўимиз мүмкин сен мениң изимнен қалмай жуўыр — деп буйырды.

Леонста жан-тәни менен оның артынан жуўырды.

— Тоқта атаман, бәри бир ҳеш жаққа қашып қутыла алмайсызлар? — деп абай менен қышқырған айбатлы даўыстан кейин автоматтың сести шықты.

«Зуў-зуў» еткен оқлар Леонс пенен Янның төбесинеп зуўлап өтип, қарағай менен ақ қайыңның шақаларына тийди.

Бирақ олар тоқтамады ҳәм қуўғыншыдан бираз араны ашып, қалың тоғайдың төрине қарай қашты.

— Ян аға, мен шаршадым аяғым шалысып баратыр ҳәзир жығыламан, — деди Леонс ҳаплыққан даўысы менен.

— Сестиңди шығарма, дәрриў мениң арқама жабыс! — деп, Ян Августович ҳалдан кеткен Леонсты желкесине отырғызды.

Бирақ Курзема тоғайының дөгерегин ҳәм айырым соқпақларды қатаң бақлаўға алған сақшылар автоматтың сестин еситип бәри бирден қашқыншылардың изине түсти.

Соның арасында Ян Августович дүт тоғайдың төринде көринген қамыслық «Батпақ атаў» ға жақынлап қалды.

— Мени түсириң енди өзим жуўыраман, сиз шаршадыңыз Ян аға? — деп Леонс Августовичтиң арқасынан түсти.

Усы ўақта олардың артынан қуўып киятырған қасқыр ийтлердиң әўпилдиси менен автоматтың тыр-тырлаған сести еситилди.

— Жуўыр балам, тезирек жуўыр, фашистлерге көрнибей ана әсирлик емениң жанына жетсек болғаны, сонда қуўғыншы жаўызлардан қутыламыз? —деп Ян Августович Леонстиң қолынан тартты.

— Қалай қутыламыз? — деди ол.

Сол емениниң геўегинен жер астына түсетуғын жасырын үңгирдиң қақпағы бар. Оған батпақлықтың астынан жарып өтетуғын ағаш труба жалғанған, — деп Ян Августович абайсызда ағашқа сүрнигип гелледей тастың үстине шалқасынан жығылды.

Леонс бирден иркилип оның түргелиўин күтти.

Лийкин Ян Августович өзлигинен аяғына тура алмай тисин қысып ыңырана баслады.

— Сизге не болды Ян аға?

Ян Августович бетер ыңыранып:

— Билмедим, сирә жығылғанда бел омыртқам сынды ма, я шықты ма деймен, аяғымда ҳәрекет жоқ. Қалайда жаўызлардың азабын шегип, олардың дарынан өлиў нәсип болды ма деймен, маган. Сен енди тезирек еменге жетип үңгирге кир. Онын шеп дийўалын шуқыласаң адам сыйғандай тесик көринеди. Сол тесик арқалы ағаш трубаға кирип, бираз еңбеклегеннен соң торфлық зонадан өтип, батлақлықтың үстине төселген паяпылдай қалың тақтаға минесең. Әне, соған минип қамыслықтың төрине қарай қорқынышсыз жүре бер, ол туўры партизанлардың постына апарады. Кейин сени партизанлардың өзи атаўга өткерип әкеңниң алдына апарады. Түсиндиң бе?—

— Жоқ, мен сени жыртқышлардың қолында қалдырып, қашып кете алмайман. Ян аға. Жақсысы мен сениң ийниңнен сүйейин. Мүмкин фашистлер келмей үңгирге жетип қалармыз? — деп Леонс оның қолынан тартты.

Ян Августович биресе қорлығы келип, биресе ашыўланып:

— Маған қарама деймен, тезирек жуўыр, әне ийтлердиң әўпилдиси де жақынлап қалды. Жаның барда қаш! — деди ол буйрық ретинде.

Бирақ Леонс жарадар жолдасын қасқыр ийтлердиң түтип жеўине таслап кетиўге көзи қыймай, жаны ашып, қорлығы келип жылап жиберди.

— Сен балалық етпе, жаның барда жуўыр деймен! Болмаса екеўимизде қолға түсемиз. Ол ўақта партизанлар хутордагы қанлы ўақыяны билмей қалады?— деп Ян Августович тисиниң арасынан ызаланып бақырды.

— Леонс оның жалынышлы даўысын еситпегендей силейип тура берди.

Соның арасында әўпилдескен қасқыр ийтлер жақынласып қалды.

— Жат, кийимиңе бүркен, болмаса ийтлер сени тилким-тилким етеди, — деп Ян Августович тыпыршылай баслады.

Сол заматы өшиккен ийтлер арсылдап келип қурал жарақсыз баспанасыз жатқан Ян Августович пенен

Леонстиң үстине шапшыды. Оларды аяўсыз талай баслады.

— Апажаным, ийтлер жеди гой?..

Леонстың қулындағы даўысы менен қыңқырған азарлы, жалынышлы сести Ян Августовичтиң тула бойын титиретип, төбе шашын тик турғызды. Ол өзиниң үстиндеги ийтти ылақтырып таслап жан ҳәрекетинде Леонсты талап атырған жыртқыштың тамағынан бууўыўға ҳәрекет етти.

Усы ўақта өзлериниң ийтиндей ырсылдасқан жазалаўшылар да жетип келип, есинен айырылған жаралы Леонс пенен тула бойы қызыл қанға боялган Ян Августовичти қоршап алды.

...Фашистлик дала жандармериясының начальниги майор Шульц узын бойлы, қақ шеке, сын сымбаты келиспеген, түси суўық қатал офицер еди. Ол өзиниң мийримсизлиги, жаўызлығы жағынан қатар-қурбылары арасында тилге алынып «Гонс жәллад» деген лақапқа ийе болған еди ҳәм Россия жериндеги жаўызлық ислери ушын фюрердиң «алтын атанақ» орденин алғанлардың биреўи. Ол көптен берли Курземә партизанларының изине түсип, гуманлы адамлардың артынан астыртын бақлаў жүргизип киятырған еди. Мине енди ол бүгинги «олжасына» ишинен шексиз қуўанып кең кабинеттиң ишине сыймай, қыялынан тағы бир орденли болажағын еслеп, жумсақ креслосында шалқайып отыр. Оның қымылдамай, ҳәрекетсиз қалган когис көзлери телетин қапланган қапыға қадалған. Қыялға ол көзлердиң төринен нур орнына қан сәўлеси шашырап турган сыяқлы. Ийесиниң ой-пикирин аңлаған қасқыр ийт те креслоның қасында қос қулағын тикирейтип, есик бетке қарап шоңқайып отыр. Ол ҳәр дайым узын тилин шығарып, жабадай тислерин қайрап қояды. Майордың буйрығы бойынша кабинетке тула бойы ийтке таланып, қызыл қанға боялган ҳәм бел омыртқасы сынып түр-түси өзгерип кеткен Ян Августовичти зәмберге салып тергеўге әкелди. Қансыраган тойымсыз көзлердиң төртеўи де оған қадалды.

Шульц орнынан турып носилкада жатқан Янның қасына келди. Оған аяныשлы түр көрсетип:

— Уай-бой, недәўир жарақатланып қалыпсыз ғой, аўа, ақылсыз ийтлердиң қолына түсседң ақыбети усы да зыяны жоқ, бизиң тәжирийбели докторларымыз тез күн ишинде емлеп жазады.

Ҳәзир азғантай сөйлескеннен соң сизди госпиталға жибертемен.

Бирақ, алдын бир-еки аўыз сораўға жуўап берип, өзиңизди «таныстырып» кетесиз. Қәне айтыңызшы сизиң атыңыз фамилияңыз ким болады? — деди жумсақ сөйлеп.

— Ян Августович Берзин.

— Берзин?!

— Тоқтаң тоқтаң, Сиз латыш революционери Берзиниң туқымынан емесписиз? —деп Щульц жәбиркештиң түр-түсине қызықсынған пишинде жалт қарады.

Ян Августович азғантай ойланып: — Ол жағын анық билмейменде әйтеўир фамилиямың Берзин екенин, билемен, — деди.

— Не талап ислейсиз, кәсибиңиз қандай?

— Талабым дийханшылық, шарўашылық, қәнигелигим агроном.

Шульц көгис көзлерин қыялдай қысыңқырап:

— Не ушын сизди руслар армияға, я рабочий батальонға алмады хуторда қалып қойыўыңыздың себеби неде? — деп сорады.

— Ян Августович тәниндеги жараға шыдамай тислерин ғыйпырлатып:

— Мениң еки көзим де әззи, оның үстине белимниң әззилиги де бар еди. Медициналық комисссия солардың себебинен мени әскерий хызметке жарамайсаң деген жуўмақ шығарды.

Шульц мыйыгынан астарлы күлип:

— Көзиңиз әззи болса дүт тоғайдың арасынан қаяққа жол таўып баратыр едиң?—деди.

— Өзиңиз айтқаныңыздай «ақылсыз ийтлер» деп қашып қутылыў ушын баратыр едик.

Майор Шульц ашыўлы түрде бармақларын ойнатып:

— Бәрекелле, сиз ҳақыйқаттан ҳәм ҳәзилкеш, тапқыр адам екенсиз. Маған унай басладыңыз. Демек, қашып баратыр едиңиз, қаяққа, кимлердиң панасына? —деди оқлы көзлерин ғаррыға тигип.

— Әлбетте, тоғайдың төрине, қүдиретли еменлердиң панасына.

Шульц шыдамсызлық пенен қатты жекиринди.

— Сизиң «қүдиретли еменлериңиз» тоғайдың қайсы участкасында жайласқан?

— «Қудиретли еменлер» дут тогайдың барлық жеринде де бар.

Төзими таўсылған Шульц маңлайының терин сыпырып:

— Өзиңизди садаға санап, мени ақмақ деп ойламаң, дуўрысын айта бериң. Лусте басшылық еткен партизанлар отряды Курзема тоғайының қайсы квадратында жайласқан, мине карта. Қолыңыз бенен көрсетиң? — деп оның алдына домалақ картаны жайды.

Ян Августович қатты ыңыраныл, ериксиз көзин жумды. Ол бираз демин алып.

— Сизиң ол сораўыңызды мен қанаатландыра алмайман. Себеби мениң өзим Лустаны үш жылдан берли көргеним жоқ. Партизанлар ҳаққында да ҳеш қандай хабар билмеймен, — деди.

Майор Шульц қуры сөз бенен сырдың ашылмайтуғынын сезип: — Жеткиликли, мен сениң менен бул жерге жумбақ айтысыў ушын келгеним жоқ. Мениң «Альпам» ақыллы ийтлердиң тухымынан. Оған ҳәзир ым қақсам болғаны, дәрриў үстиңе минип, желкеңе аўыз салады. Сол ўақта сен бүлбилдей сайрап, картаға қолыңды шошайтасаң. Бирақ, оннан алдын мен сени ийт багарымның сынаўына салып көремен. Соннан соң ақылыңа келерсең? — деди ол көзи жеркенишли жылтылдап.

Ян Августович жумыўлы көзлерин қыялдай ашып:

— Берзинлерди излегенлер көп болды. Бирақ олардың ҳеш қайсысыда бул батыр әўладтың тухымын қурта алган жоқ. Сиз де мени ашкөз ийтиңизге талатып өлтирген менен ҳақыйқатлықты, өз халқының азатлығын гөзлеген Лусте партизанларын жоқ ете алмайсыз, — деди аўыр дем алып.

— Қысқарт, маған Крапты шақыр? — деп Шульц сақшыга буйырды.

Ишке адам жабайысына қусаган сықылсыз жәллад кирди.

— Мына батырсымақ Берзинге қыйнаў усылыңды көрсетип, ол тараўда өзиңниң маман екениңди билдирип қой.

Өз жумысына бурыннан соңға жақсы түсинген фашист жәллады хожайинине жағыныў ушын дәрриў жеңлерин түрип, кийтелиниң түймелерин жаздырды. Билегиниң түклерин желпилдетип, Ян Августовичтиң

бас ушында диз бугип отырды да, оның еки қолын услап арқасына қарай бирден қайырды. Кейин оны күш пенен таўлап бурап жиберди...

— Ух! —Ян Августовичтиң түйедей ыңыранған азарлы даўысы кабинеттиң ишин гүңиреңтип жиберди.

Соның арасында жәллад өзиниң жаўызлық жумысын даўам етип. Берзинниң еки қолын да шығанағынан шығарды. Оның бармақларын былгаўыштай таўлап бәрин де сындырды.

Ян Августович тәниндеги азар менен қорлыққа шыдамай тислерин қысып,

— Хәй, азғынлар, жыртқышлар, сизлер бул қыйнаўыңыз бенен меннен хеш нәрсе алалмайсызлар. Түсинип қойың, мен өз антыма берк хәм қайсар адамман. Берзинлер әўладынанман!—деди.

Берзиниң шыдамлығына, турақлылығына, мәртлигине ҳайран қалып, қатты қәҳәри келген Шульц қыйнаў усылының соңғы түрин сынап көриў ушын,

— Кран, ендиги гезекти «Альпа» ға бер—деди ерниниң бир мүйешин қысайтып.

Өз атын еситкен жыртқыш бирден жуўырып барып, есинен танып жатқан Берзинди қапсыра тислеп, үстине дөнди.

Жан хәўлетинде жатқан Ян Августовичтиң бирден көзлери адырайып, шанағынан шығып кетти. Кең көкиреги босап, көтерилген ийеги сылқ ете қалды...

Ийттен де бетер қутырған Шульц қан талаған көзлерин сыпырып:

— Енди оны дарға асың! — деди қолын бир силтеп.

— Ол өлип қалды ғой, сонда оның несин асамыз, господин майор? — деди сақшылардың биреўи Ян Августовичтиң мәңгиге жумылған көзине қарап.

Шульц еле де қәҳәрин тарқата алмай;

— Өлсе де асың, денесин асың, қасына сақшы қойың. Кейин маған партизанның баласын әкелиң!— деп ол столдағы коньяктиң тығынын ашты.

Ишке усти басының ырым-жырымы шығып, тәниндеги жараның қаны тыйылмай, түр-түси ағарып кеткен Леонсты киргизди. Оның еринлери де көгерип, көзлери де қызарып, пүткиллей аңы қашып кеткен. Қалай да аўыр қайғы менен азаның үстине жамалған дәрт оның ҳәлсиз денесин тал шыбықтай ийген.

Атақлы грек коньягинен кәйип етип ише баслаған Шульц Леонсқа көгис көзин қадап:

— Уай, сорлы бала, ақмақ адамның айтқанына ермеген деп, қасқыр ийтлердиң талаўынан пүтин жериң қалмапты ғой. Мине, енди сениң сықылыңа қарап мениң жаным ашып тур. Не иләж, ҳәзир жараларыңды таңдырып, қарныңды тойдыртаман. Сақшы, дәрриў доктор менен аспазды шақыр? — деди ол қайырқөмсып.

Сол заматы кабинетке жетип келген ақ халатлы ҳаял Леонстың жараларын таңып, ақ қалпақлы аспаз қырма толы аўқат әкелип, столдың үстине қойды.

Бирден Леонстың аш көзлери жаўтаңлап. Қуўырылған таўық пенен қамлайған булкага тигилди.

Бул рет майор, Леонсқа аўқат арқалы тәсир жасаўды шешти.

— Ҳәзир мазалы аўқат жейсең бирақ әўели мениң үш-төрт аўыз саўалыма жуўап берип жибер: Сөйтип сениң өзиң кимниң баласысаң? Әкең, шешең ким болады, олар ҳәзир қаяқта? — деди.

Леонс бул сораўдан кейин өзиниң ашлығын да, столдағы аўқаттың барлығын да умытып кетти. Бирден оның көз алдына хутордағы қанлы ўақыя менен ўақытсыз қурбан болған сүйикли анасының келбети ҳәм фашистлерге зәўлим салған әкесиниң қудиретли келбети елеследи. Ол өз ишинен гә қыйналып, гә қуўанды, гә мақтанды, гә жеркенди:

«Жоқ иплас, мени жумсақ сөзиң, дәмли аўқатың менен алдай алмайсаң. Ақыр мен күн сайын бийгуна адамлардың көз жасы менен ашлық әнтадалықты көрип ақылланып, бәрине де түсиним киятырман. Оның үстине сениң сумлығың менен қаталлығыңды, сур бетиңде сәўлеленген жаўызлық ниййетиңди сезип турыппан...» дегендей ериклерин қыбырлатты. Кейин айтажақ сөзлерин алдын-ала жәмлестирип:

— Әкемниң аты Артур, фамилиясы Лусте. Анамның... анамның аты Ирмгард, фамилиясы Лусте еди.

Жақсы, ҳәзир әкең менен анаң қаяқта? — деп Шульц ҳеш нәрседен хабарсыз адамдай түр көрсетип Леонстың сөзин бөлди.

— Әкемди урыс басланғаннан берли көргеним жоқ, анамды өткен түнде Вебер атып өлтирди, — деп Леонс, ериксиз түрде, көзинен аққан жасын сыпырды.

Шульц бул ўақыядан пүткиллей бийхабар адамдай орынан өрре турып:

— Распа ўақ, қандай аяньшлы, жақсы, капитан Вебер менен өзим сөйлесемен, қапа болма, ақыры сен келешектиң солдатысаң. Ал солдат деген өлимнен қорықпайтуғын дәўжүрек, қайсар болады. Сөйтип ол ўақыя ўақтында өзиң қай жерде едиң?

Леонс майордың астарлы сораўына дәрриў түсинип:

— Мен өткен түни Карл атамның үйинде қонақ болып қалған едим деди ол өмиринде биринши рет-өтирик сөйлеп.

Хаў, сонда сен ол ўақыяны кимнен еситтиң?

Леонс тапқырлық етип:

— Ол хабарды бизге Ян Августович азанда айтып келди. Сол заматы мен атам менен хуторға келип апамның денесин изледик. Бирақ апамның денесин ҳеш жерден таба алмадық. Өйткени хуторды жазалаўшылар өртеп жиберген екен. Итимал апамның денеси де өрттиң ишинде қалып жанып кеткен шығар. Атам «қара тас» тың үстинде отырып қызының рухына пәтия етти. Кейин мени өз үйине ертип қайтты. Жолда баспағын излеп «батпақ атаў» бетке баратырған Ян Августовичке жолықтық. Мениң атамның да танасы үш күннен берли үйине қайтпаған екен.

Атам маған:

— Ян ағаңа ерип тананы таўып қайт балам, — деди.

Мен атамның сөзин тыңлап Ян ағаның изине ерген едим, — деди ол сөзин таўысқандай бирден тынып.

Майор Шульц ишинен тынып:

— Егерде сизлер тек мал излеп жүрген болсаңыз неге бизиң патрульден қашып ийтке таланасызлар?— деп сорады. Леонс азғантай ойланып:

— Ақыры, патрульлер ҳә демей бизлерди автоматтың огына тутты. Соннан соң бизлер қорықтық, сөйтип қашыўға мәжбүр болдық, — деди ол ҳақ көкирегин ашқандай тур билдирип.

Бирақ адам сырын ашыўда айрықша оқыўды тамамлап тәжирийбеси басынан асқан Шульц Леонстың айтқанларына дым инанган жоқ. Қайтама ол коньяктың қызыўына мәс болып:

— Егер саған басың, жаның керек болса, мени алдаўға урынба! — деди жекиринип.

Леонс үндемеди.

— Улыўма сени «аяўга» болмайды екен. Қәне, ырасыңды айтасаң ба я жоқ па, Берзин менен қаяққа баратыр едиң? Леонс жәлладтың қансыз бетине қараўга жеркенип:

— Мен шыныңмды айтып отарман господин начальник — деди.

— Алдайсаң ийттиң баласы. Ҳәзир әкең қай жерде, оның партизанлары Курзема тоғайының қайсы квадратында жайласқан?

Леонс үндемеди.

Шульц әбден қәҳәрге минди.

— Сөйле күшик неге үндемейсең я жолдасыңның жазасын күтип атырсаң ба? — Ол столды урып қышқырғанда айнаның шийшелери шытырлап кетти.

— Ақыры айтқаныма инанбасаңыз не айтайын?!

— Сөйлейсең, еле бәрин де айтасаң. Мейли асық па. Енди өзиңниң өжетлигиң ушын саған деген аўқатты «Альпа» ға беремен. Ол жейди, сен болсаң түпиригиңди жутып тамсанасаң. Мен жақсылықты ҳәр кимниң көрсеткен хызметине қарай баҳалайман. Түсиндиң бе? —Шульц тарелкадағы қуўырылған таўықты қасқыр ийттиң алдына қойды.

«Альпа» таўық гөшин асықпай шайнап, ҳәз егип жей баслады. Леонс терис қарап отырды.

Майор Леонстың бул ҳәрекетине шыдамай,

— Ҳәзир саған батырсымақ Берзинниң тағдирин көрсетемен. Бәлким соннан кейин сен ақылына енип, әкеңниң қай жерде жасырынып жүргенин ядыңа түсирерсең? — деди ҳәм сақшыға айрықша көрсетпе берди.

Сақшы Леонсты ийтермелеп алып шықты да, кеңсе майданшасының бир муйешине қурылған дардың қасына әкелди.

— Қара өзиңның жолдасыңды таныйсаңба? — Ийтин ертип келген майор бас бармағын жоқары шошайтып Леонстан сорады. Леонс зилдей басын әсте көтерип, дарға асылған адамға қарады да.

— Ян аға! —деп бирден артына шегинди.

Бирақ оның жүрек-баўырын жарып шыққан аянышлы сестин ҳеш ким, ҳәттеки масайрап турған жәлладлар да еситкен жоқ. Бирден Леонстың жиңишке аяқлары қамыстай қалтырап көзиниң алды тынды.

Ол есинен танып, ет-бетинен жығылды.

...Леонс әлле кимниң сыбырлаған сестинен өзине келип көзин ашты. Қараса қараңғы бөлмениң ишинде

оның жалғыз өзи жатыр екен. «Ҳаў, мен қаяқтаман?» Ол қызықсынып жән-жағына қарады.

— Леонс бул мен, Петерсен. Ҳәзир саған жип таслаймыз, соған сен өзиңди байла, бизлер сени түңликтен тарып шығарамыз. — деген таныс даўыс оның қулағына зорға жетти.

Леонс тынышсызланған түрде пәтикке қарап, кишкентай тесиктен үңилип турған иргелес хутордағы достын таныды:

— Петерс, бул не жай өзи, сен мениң бул жерде жатқанымды қаяқтан билдиң? — деди сыбырлап.

— Соң бәрин айтаман, ҳәзир биз жип таслаймыз, сен оны қолтығыңның астынан беккем етип байла, түсиндиң бе? —

— Түсиндим, таслаң?

Петерс сол заматы узын арқанның бир ушын түңликтен төмен жиберди.

Леонс дәрриў жиптиң ушын алып, қолтығының астынан өтирдиде:

— Тартың? — деди асыққан түрде.

Төбеде турған төрт бала бирден арқанға жабысып, ҳә демей оны тартып шығарды.

Еркинликке шыққан Леонстың көзлери жарқ етип, қуўанышы көкирегине сыймай кетти. Ол өзиниң қатар-қурбы досларын қушақлап.

— Рахмет, сизлерге Петерс Андрә, Жан. Ҳаў! Роберт сен де келдиң бе? — деп ол Айсманға таңланып қарады.

— Сен барлық алғысыңды алды менен Робертке айт. Сениң тосыннан қамалып жандармерияның жайында жатқаныңды бизлерге айтып келген сол. Улыўма Роберт Айсман ҳақыйқат дос бала, нағыз пионер. Ол жандармерияда ислейтуғын қыз апасы Эльзадай сатқын емес — деди Петерс.

Леонс Робертти бурын жек көретуғын еди. Сонда да оны қушақлап:

— Рахмет саған, бул жақсылығыңызды өмиримше умытпайман —деди.

— Жақсы, қалған гәплерди соң сөйлесемиз, ҳәзир тезден жерге түсип, сақшыға сездирмей бул жерден қашыў керек. — деп Петерс тасадағы зәңгиден төмен түсе баслады. Оның артынан басқа балалар да жерге түсти. Сөйтип олар қалың ағашлықтың арасы менен қараңғы түнниң қушағына сүңгип кетти...

Карл ғарры белгиленген орында «байланысшы» ны күтип түске шекем айланшықлады. Бирақ байланысшы өз ўақтында келмеген соң ғарры иши пытырлап сезиклененейин деди: «Қалай да бул үзилис себепсиз емес. Жақсысы бул жерден тезирек кетиў керек»... Ол өз ишинен гүбирлеиии қалың путаның арасынан шықты да үйине қарай журди. Бир ўақлары оның алдынан сыйыр жетеклеген бала шығып:

— Ассалаўма әлейкум Карл ата, сениң үйиңди жазалаўшылар менен полицейлер қоршап алған. Мениңше олар тегин жүрген емес, соның ушын сизиң үйиңизге қайтыўыңыз жүдә қәўипли. Ҳәттеки олардың биреўи меннен:

— Карл ғаррыны көрмедиң бе? — деп сорады. Сонлықтан жақсысы бир жерге жасырының ата!

Ғарры бирден шоршынып:

— Рас айтасаң ба улым, қызық оларға мениң үйимде не бар екен? — деди.

— Рас айтаман ата.

— Сен өзиң кимниң баласысаң, атың ким болады?

— «Пальма» хуторындағы бажбанның баласыман, атым Оскар.

— Балдирис бажбанның баласымысаң?

— Аўа!

— Ҳе, өзимиздиң туқымымыздан екенсең ғой. Бул өзиңиздиң сыйырма?

— Өзимиздики.

— Аўа, аўа жақсы балам, жолыңнан қалма, айтқан хабарыңа рахмет, — деп Карл ғарры қайтадан қалың путаның арасына тасаланды: «Демек, Ян менен Леонстың иси насырға шапқан. Егер олар қолға түскен болса ҳақыйқаттан маған үйге барыўға болмайды. Аўлақ жерде тасаланып, барлық аўҳалды билиў керек. Киммен, қалайынша? Әттегене-ай, жаңағы баладан Леонс ҳаққында сорамаппан-аў. Ол бир нәрсе еситкен болса айтар еди. Ар-намыслы, кеўили ашық, қәлиби дурыс бала екен. Тәўбе, қаяққа барсам екен?! Ҳе, таптым, таптым, қыспақтағы Ведутаның таслап кеткен суў қаразына барып жасырынаман. Ол урыс басланғалы берли адамсыз, қараўсыз жатыр. Ҳәмме ол қараздың кәраматы бар деп жақынлаўға қорқады. Оған мен үйренискенмен. Өмиримниң үштен бири оның ишинде өтти...» Карл гарры турған жеринен гырра кейинине қарай қайтты. Ол жән-жағына қарап, аңлыўшының

жоқлығын сезип туўры терең сайдың қыснағына қарай жүрди. Үш шақырымдай аралықты өткеннен кейин сайды жағалап, оның сарқырама пайда қылған қыснағына келди.

Адамсыз, ҳәрекетсиз қалған суў қараз оның көзине оттай басылып, өзине тартқандай болды. Ол талай хожалықты асыраған ҳәзир қараўсыз қалған қаразға гә түңилди, гә қуўанды. Бирақ оннан сезикленип үрккен жоқ. Ҳеш иркилместен оның ашық есигинен кирип, дәнхананы, унхананы, қаразхананы ҳәм өзиниң жатақ жайын бир қатар аралап шықты. Бәри қәдимгидей бузылмастан, өзгерместен өз жайында тур.

Бирақ, қараўсыз қалғанлықтан ба оның ишип шаң басып, өрмекшилер «әткөншек» қурған.

Карл ғарры бәрин көзден өткерип, ең ақырында өзиниң бирдейги орнына отырып жамбаслады ҳәм сәлден кейин түрли ойдың тербеўинде жатып уйықлап кетти...

...Балалар сол қашыўдан ҳеш жерде иркилмей аўыллық ширкеўдиң қасына келип тоқтады. Олар қараңғыда оттай жанған козлерин бир-биреўине тикти: «Енди не қыламыз. Леонсты қаяққа, кимниң үйине жасырамыз?! ...Бул сораўлар ҳәр бир көздиң шанағында парлап, ҳәр бир жүректиң соғыўында сыбырлады. Петерс тыныспаны бузып.

— Бизлер ҳақыйқатта қаҳарманлық ис иследик. Өз достымыз, класслaсымыз Леонсты дар ғәзебинен, өлимнен қутқардық. Әлбетте бул бизлердиң пионерлик миннетимиз, дослық ўазыйпамыз еди. Бул ушын пионерлер совети атынан бәриңизге үлкен алғыс айтаман. Бирақ, сонысында ядыңыздан шығарман, енди фашист жандармиясы менен жазалаўшылары нйттей қутырады. Олар бизиң изимизге түсип, биреўимизди услай ғойса, ҳеш аямайды, сөзсиз қыйнайды ҳәм ақырағында атып таслаўы, я дарға асыўы мүмкин.

Соның ушын бизлер бәриниң де алдын алып, шешиўши сынаққа таяр болыўымыз керек ҳәм олардың барлық дузақларын билип, оған түспеўге ҳәрекет жасаўымыз керек. Сондай-ақ егерде биреўимиз қолға түсеғойған жағдайда, басқаларды айтпаў ушын ҳәзир рәсмий түрде ант етиўимиз шәрт—деди ол.

— Дурыс айтасаң Петерс. Ант—өлимнен күшли болады.—деп Андрэ Кальман достының сөзин қуўатлады.

Жан Майер сөзге қосылып:

— Қалайынша ант етемиз.

Қуры сөзден гәп болмайды, сөз жел менен ушып кетеди.

Демек анттың қандай да бир беккем шәрти, я гууәсы болыўы керек, — деди ол.

— Егер ширкеўди кепил етип алсақ болмас па екен? — деп Роберт Айсман өз усынысын ортаға салды.

— Сен усы ширкеўге сыйыпыўыңды қашан қоясаң. Пионер диниң, жарамсыз үрип-әдеттиң нағыз душпаны болыўы керек. Мениңше анттың шәрти мынадай болсын:

— Хәр биреўимиздиң бармағымыздан ийне арқалы қан шығарып, мына ақ сәтинге тамызамыз. Нәтийжеде ол бизлердиң қанымызға боялып ҳақыйқат қызыл болады. Сөйтип ол бизлердиң символикалық байрағымызға айланады. Түсиникли ме, соған қайылсыз ба? — деп Петерс өз пикирин айтты.

— Қайылмыз, бул дурыс усыныс, — деп балалардың бәри Петерстиң пикирин қуўатлады.

Петерс дәрриў кисесинен ақ материал, ушлы ийне шығарып:

— Олай болса мен алды менен өзимниң бармағымнан қан шығараман, — деп ийнениң ушын бармағына тықты.

Ақ әлўанның бир мүйешине қызыл қанның тамшылары өширилмес бояўдай жайылды.

Қарацғыда Петерстиң ҳәрекетине қарап турған балалар бирден сыбырласып

— Енди мен!

— Енди мен!

— Енди мен!

— Енди мен! — дести

Солай етип, бес жүректиң қызғын қанына боялған бул әлўан енди «Жас өш алыўшылар» дың жаўынгерлик байрағына айланып, оларды шешиўши гүреске шақырды.

Петерс жаўынгерлик байрақты жоқары көтерип:

— Ант өз күшине минди, байраққа бас ийиңлер?— деди.

Балалар антының бекиклиги ушын байраққа бас ийди.

Буннан кейин Петерс байрақты әлпешлеп бүкле-

ди де, көйлегинин жагасынан жүрегиниң тусына жасырып:

— Ол енди ҳәзирше усы жерде сақланады—деди.

Балалар Петерске мақтанышлы көзин тигип, өзлерин ишинен бир ели өскендей сезди. Ал, Петерс болса олардың исенимине ырза болып:

— Енди бәриңиз үйли-үйиңизге тарқасың, Леонсты өзим менен алып кетемен,—деди.

Балалар дәрриў дағысты. Петерс жән-жағына қарап алып:

— Сени усы ширкеўдиң астындағы бир жайға жасырaман, достым. Ҳәзир үйге апарыў қәўипли. Ал, мен балаларға сени биле гөре үйге апарaман дедим. Өйткени, сениң қай жерге жасырынғаныңды барлық балалардың билиўи шәрт емес. Түсиндиң бе енди? —деди

— Мейли, қаяққа болса да тезирек жасыр. Сол жерде таң атып, «биреўлер» диң көзине түсип қалармыз? — деп Леонс достына сыбырлады.

Петерс өзиниң достын ширкеўдиң астындағы алдынала таярлаған жасырын жайына апарды.

— Мынаў сениң көрпе төсегиң, ана текшеде азық-аўқат, суўың бар. Ҳәр күни түнде сеннен өзим хабар алып тураман. Жараңды байлаў ушын дәри, сийле әкелип, барлық жаңалықты да туўел жеткеремен. Ал бирақ сен өзлигиңнен далаға шығып, я биреў менен хабарласып жүрме. Болама? — деди.

— Жақсы достым, ол жағына өзимниң де ақылым жетеди. Енди саған бир өтинишим бар: — Мениң атамның аманлығын билип оған хабарымды айтың? — деп Леонс Петерс пенен хошласты.

...Таң атып күн шығардың алдында жандармерияның иши улы топалаң болды. Сол заматы фашист солдатлары менен офицерлери аяғына тик турып, жандармерия (бурынғы аўыллық мектептиң) жайының алдына жыйылды. Қасқыр ийтин жетеклеп, жайынан жуўырып шыққан Шульц:

— Не гәп болды? — деп қышқырды. Әйне усы ўақта майордың қарсы алдында тап болған нәўбетши албырақлап.

— Қамақтағы бала қашыпты господин майор-ден ол болған ўақыяны айтты.

— Не дейсең, ол баланы қашырғаныңыз ушын бәриңиздиң де басыңыз кетеди. Билесең бе? Ол Курзема

партизанлары отрядының командири коммунист Лустениң баласы. Мен оны кеше билe гөре атып таслamaй, экесиниң қайда екенин айттырыў ушын қамақта қалдырдым. Қараўылда ким турған еди? — деп майор оған жекиринди.

— Жақында резервши ретинде келген солдатлардан Ганс Шмидт, — деди.

Шульц қәҳәрин көкирегине сыйдыра алмай:

— Шақыр маған ол ақмақты? — деп буйырды.

Нәўбетши лейтенант аяғы күйген таўықтай тыпырлап:

— Ҳәзир, ҳәзир господин майор, мен оны гауппахқа қамап қойған едим? — деди де узын дәлиздиң төрине қарай жуўырды.

Майор Шульцтиң аяқ-қолы қалтырап көзлери аларып кеткен офицерлерге әзирейлидей дәпиниип турғанда,

— Господин майор, сизиң буйрығыңызға муўапық солдат Шмидт келди, — деди.

Майор оқлы көзин оған қадап:

— Баланы қалай қашырдың? — деп жекиринди.

Жасы қырықларға жеткен солдат қорыққанынан тутлығып:

— Мен... мен камераның есигинде ақ болып...

— Жеткиликли. Уллы Германия алдында антыңды ақлай алмай қараўыңдағы қыянетшини қашырғаның ушын Фюрер атынан атыўға ҳүким қыламан!—деди де ол белиндеги қабынан «парабеллум»ын суўырып алды. Түр-түси ағарып кеткен солдат Шульцтиң аяғына жығылып:—

— Господин майор, рейим етиң маған, төрт баламды жетим қалдырмаң. Жақында олар анасынан айырылған еди, — деп жалынды.

«Парабеллум»ның қарс еткен қәҳәрли сестинен солдаттың сести бөлинип, өл ет бетинен жығылды. Жан ҳәўлетинде ол басын сәл көтерип айтпақшы болған сөзинде айта алмай жан тапсырды.

Шульцтиң совет солдатлары менен совет гражданларына карсы ислеген қыянетлигине уйренисип қалған фашист офицерлери менен солдатлары оның өз жерлесин атып таслағанына зәрреси ушты. Бирақ олардың ҳеш қайсысы өз аяпыпын анық билдире алған жоқ.

Соның арасында Шульц «парабеллум»ын қабына салып.

—Солдатларды шақыр, жарамсыз жерлесиниң денесин алып кетсин!—деди дежурныйға қарап.

Аўа, майор Шульц дала жандармериясының начальниги дәрежесине көтерилиў ушын көп басқышлардан өткен еди. Оған ҳәр қандай жынаятты ашыўда, я қашқыншыны услаўда тек оперативлик уқып пенен тәжирийбе ғана емес, ал оның өзине тән қаталлығы менен мийримсизлиги үлкен жәрдем еткен еди. Сондай-ақ өзиниң қара түсли қасқыр ийти менен бийкарға дос болған емес.

Кейин Шульц жандармерияның барлық офицерлерин өз кабинетине шақырып, бул ўақыя туўралы олар менен қатаң түрде сөйлести.

Бунындай айрықша аўҳал бурын бизде болған емес ҳәм болыўы да мүмкин емес еди. Бул биринши ҳәм ақырғысы болыўы керек. Барлық күш ҳәм имканият ҳәзир қашқыншыны услаўға қаратылады. Қәне ҳәзирги ўақыяның орнын көзден өткерип, жайында қалған затлар болса ийтти жибермеймиз? — деди де ол есикке қарай жүрди.

Майордың изине ерген офицерлер сатырласып жайдың төбесине шықты. Олар барлық жерди бир қатар көзден өткерип, «камера» ның төбесинен тесилген тесикке үңилди. Шульц ернин тислеп:

— Бул ўақыяның болыўында сырттағы адамлардың ҳақыйқат байланысы бар. Себеби ол қыянетшилер баланың тап усы камера да жатқанын анық билгени қызық. Мениң қараўымда қандай сатқын я аўзында сөз турмайтуғын «аңқылдақлар» пайда болды екен?!.. ым... бәрин де табамыз. Меннен қыянетшн қашып қутыла алмайды. Экспертиз, мына излерди гипске түсирип ал, етиклердиң размерин анықла!—деди.

Кейин олардың бәри қайтадан жерге түсип, зәңгиниң қасында қалған резинка етиктиң излерин көрди ҳәм оларды гипслеў ушын экспертиз иске кирисги.

— Господин майор, излеўши ийт резинка етиктиң қалдырған излерин алмайды. Ақыры резинка жерде ийис қалдырмайды ғой.

— Ол жағын өзим де билемен неге маған лекция оқып турсаң. Бөтен жақларды излестир, бәлким тасада турғанының изи қалган шығар?

— Әжеп!

Майор Шульц аўыр ойға батып:

— Зеңгиш тексериң онда бармақлардың орны, нийси қалмаған ба екен? — деп экспертиз жасаўшы лейтенантқа қарады.

— Бәрин де иследим господин майор, бирақ ҳеш жер де тырнақ илгендей белги қалмаған. Демек, қыянетшилер аягына резинка етик, қолларына резинка қолғап кийген болыўлары керек, — деди лейтенант.

Майор үндемеди. Ол ишинен күйип-писип: шынында да бул ўақыяда тәжирийбели адамның қолы бар.

Сумлар қылмысты алдын-ала таярланып, пухта бежерген, — деди тисиниң арасынан.

— Господин майор етиклердиң размерлери: 38, 39 ҳәм 40 болыў керек. Олар меницше қашқыншы балаға да резинка етик кийгизген.

Шульц қасындағы ийтине қарап:

— Усы ўаққа шекем менен бир де жынаятшы қашып қутылган емес, бул да қутыла алмайды, —деди ишинен.

Ўақыяның орнын көзден өткериў ҳәм жынаятшылардың изин көриў ҳәзирше ҳеш қандай саңлақ бермеген менен майор Шульц өзиниң исенимин жойған жоқ. Ол капитан Вебер менен нәўбетши лейтенантқа қарап:

— Жақын хуторлардагы 12—15 жасар өспиримлердиң бәрин жыйнап, ўақытша иркиўге алың. Кейин олардың ҳәр қайсысынан өзим сораў аламан. Түсиниклиме? — деди қатал түрде.

Арадан еки, үш саат өтпей-ақ жақын хуторлардағы өспиримлердиң бәри иркиўге алынды. Олардың арасында Петерс пенен Андря Роберт пенен Жан да бар еди.

Солай етип жандарма начальнигиниң кабинети, «Қыйнаў камерасы» на айланды. Оган кирген балалардың мурны қанамай, шекеси қырпылмай, кози қызармай, аяғы сылтымай аман шыққаны жоқ. Ал жүреги әззи еки, үш бала Шульцтиң абайынан қорқып, кабинетте талып қалды. Оларды аўызда турған сақшы солдат көтерип далаға шығарды.

Ҳә демей «сынақтан» өтиў гезеги Петерске келип жетти. Ол тәртип бойынша үстки кийимлерин шешип ишке киргенде, майор Шульц кабинеттиң төринде талтайып тур екен:

— Фамилияң ким?— деп бирден Петерске жекиринди.

— Лацис!

— Лацис? Майор Петерстиң ийегине кирип барып, оның түр-түсине қарады.

— Аўа, Лацнспен!

Шульцтиң олсыз да сумлықлы көзлери ойнақшып, сур бетине әлле қандай сумлықтың сырлары сағым шашты. Ол жуқа ернин шүртийтип: — Коммунист Виллис Лацистиң агайинимисең? — деп бақырды.

Петерс сәл ойланып:

— Жоқ господин майор, Виллис Лацистиң ағайини емеспен, Тек фамилиямыз бир қусайды, — деди.

Майор өз жойбарының үстинен шықпағанына өкинип:

— Ол жағын еле тексерип көремиз Әкең, анаң қаяқта, олар не жумыс ислейди? — деди көз астынан Петерстиң түр-түсиндеги өзгерислерге итибар берип.

— Ағам өткен жылы урыста өлди, апам темир жолда ислейди.

— Ким болып?

— Проводник болып!

— Өзиңиң талабың не?

— Оқыўшыман!

— Нешинши класста оқыйсаң?

— Жетинши класста.

— Пионер, комсомолда бармысаң?

Бирден Петерстиң көз алдында мектеп жанындағы майданша менен қызыл байрақ елеслеп көринди Петерс сол қызыл байрақ алдында бас ийип пионер қатарына өткенди. Сондай ақ оған қызыл әлўан түрдеги жалаў алдында берген пионерлик анты да елеследи.

Петерс ҳәзир Шульцтиң қыйнаўынан, бәлким, оның қолында өлип кетиўден қорыққан жоқ. Бирақ ол жәлладтың ҳақыйқатлықты, жас жүректиң қайсарлығын билмейтуғынына, түсинбейтуғынына көзи жетип:

Усы урыс ўақтында да ондай уйым бола ма, ҳәзир маған ҳәр қандай уйымнан гөре бир тислем нан қайғы господин майор, — деди.

Майор Шульц мыйық тартып.

— Сениң басың ислейди, тиккелей саўалға улыўма түрде жуўап қайтардың. Мейли ол жағын соңынан өзим анықлайман. Қәне, сен өткен түнде қаяқта болдың, не иследиң? — деп жекиринди.

— Үйде болдым. Жатып уйқладым. Улыўма мен түнде ҳеш жаққа шықпайман. Ақыры, сизиң «полат» тәртибиңизди бузып болама!..

— О о, сен жүдә ақыллы бала екенсең, маған унап киятырсаң. Сен аяғыңа қандай размерли аяқ кийим кийесең? — деп майор өзиниң сыншыл нәзерин оның аяғына тикти.

Петерс өзиниң сезикленгенин билдиргиси келмей ботинкасының тумсығы менен еденди түрткилеп.

— Ҳәзир дус келгенин кийе беремен. Ақыры, дүканда үйилип турған аяқ кийим жоқ. Оның үстине кийим сатып алғандай пул да жоқ. Соның ушын мен кийим парықламайман. Аяғымдағы ботинка ағамдики. Ҳәзир ол маған шақ. Лекин буның да размерин билмеймен. Өзимниң пәмлеўимше 40 я 41 болыўы керек, — деди ол.

Шульц усынша тергеўден ҳештеме таба алмағаны-на қәҳәрлениш: — Мени сениң жартық ботинкаң сирә қызықтырмайды. Үйиңде резинка етигиң барма? — деп сорады.

Петерс ойлангандай түр билдирип,

— Бар шығар, өткен жылы төледе жатқан бир гөне етик көргендей едим. Улыўма бизиң шараятта резинкалы етиксиз күн көриў қыйын. Өйткени жылдың алты айы жаўынлы болса, және үш айында да жерден қар кетпейди.

Шульц оған бирден жекиринип: — Мен сеннен Латвияның климатын сорап турғаным жоқ, үйиңдеги резинка етигиңниң размерин айт деп атырман. Түсиндиңбе? — деп оның сөзин бөлди.

Петерс: — Ол етиктиң размерин билмеймен, тозып қалған нәрсе ғой... — деди.

— Сен өзиңди садаға санап, ҳәр нәрсени былшылдай берме. Лустениң баласын таныйсаң ба?

— Қайсы Лустениң?

— Курзема партизанларының командири Артур Лустениң, түсиндиң бе?

— Түсиндим, Леонсты айтады екенсиз ғой.

Төзими таўсылған Шульц Петерстиң оң қулағынан тартып.

— Леонс ҳәзир қаяқта? — деп бақырып жиберди.

— Үйинде шығар господин майор.

— Алдайсаң, ырасыңды айт, оны «камера» дан

кимлер алып шықты? — деп Шульц оның кишкентай қулағын күш пенен соза баслады.

Бирақ Петерс қулағының от болып, азарының жанына батқанына қармай жыңқ етип сес шығарған жоқ.

Ол көзлерин жумып, тислерин қысты, сөйтип бул қыйнауға шыдады. Оған Шульцтиң қәҳәри бурынғыдан бетер келди.

— Айт, Леонс қаяқта, болмаса сени ҳәзир «Альпа» ға талатаман?

— Мен билмеймен, үйинде шығар.

Қаны қайнап кеткен жандарм начальниги Петерстиң шекесине берип жиберди. Буныңдай турпайылықты күтпеген Петерс жалтыр едениниң үстине жалп етип жығылды. Салмақлы муштан оның мийи айланып, көзиниң алды қараўытып кетти. Мурнынан қан сорғалап, айнадай полды бояп таслады. Буныңдай «ўақыяға» көзи үйренисип қалған Шульц жеркенишли түрде мурнын жыйырып,

— Ал, бул ипласты, басқасын әкел?— деди аўызда турған сақшыға.

...Петерс үйине келип, бираз ес-ақылын жыйнаған соң өз досларының аўҳалын, тәғдирин ойлап, «Қызық, олардың ҳеш қайсысы антынан тайған жоқпа? Я биреўи абай мепен таяқтың азарына шыдамай сырды әшкара етип қойды ма екен? Жоқ, досқа исениў керек. Әлбетте, ҳәзир олардың үйине барып хабар алыў қәўетерли. Жәлладлар әлле қашан изимизден өзиниң аңлыўшыларын жиберген шығар. Қалай да абайлы болыў керек. Қалай хабарлассам екен? Ҳе-е, таптымтаптым, ҳәзир қармағымды ийиниме салып балық ус лаў ға баратырған болып Андрэниң үйиниң алдынан өтемен. Егер ол мени көре ғойса, ол да қармағын көтерип далаға шығады да, изиме ереди»...

Петерс барлық дәскесин көтерип майданға шыққанда, алдын ала ўәделескен адамдай Андрэ да қармағын қолына алып үйинен шықты. Сөйтип олар аңсат табысты да көлшиликке қарай жүрди.

— Ҳәй қосжақпаслар, қаяққа баратырсызлар?

Олар даўыс шыққан тәрепке жалт қарады. Карл ғаррының есигинде автоматын қолына алып турған аңлыўшы полицай Макс Ведутаны көрди.

Петерс зәрре иркилип:

— Сәлем Макс аға, бизлер көлшиликке баратыр-

мыз. Падашымыздың айтыўынша көлшиликте балық көп усайды. Нәсип болса ҳәзир бахтымызды сынап, жормалымызды балыққа толтырамыз. Егер нәҳәнлери қармаққа илинсе, сизге де беремиз.

Мәниси қашып, «басы аўырып» турған мәскүнем Макс бирден ашыўланып:

— Сизлерге бөтен жол қапылды ма, кормейсиз бе, мен поста турман. Балығыңыз басыңызды жесин? — деп жекиринди.

Андрэ аң-таң болып:

— Не гәп өзи, әлле Карл ата үйинде өлип қалган емес пе? — деди қызықсынған пишинде.

— Жумысыңыз болмасын Карл ғарры дегениң жүз жасамай өлмейди. Бирақ...

Петерс сөзге қосылып,

— Карл ғарры жүдә жасағыш тухымнан, ол ҳақыйқаттан да өлмейтуғын еди, — деди бпле тура.

Оған Макс бирден ашыўланып,

— Кәне жоғалың бул жерден, ол ғаррыға енди жүз жасаў жоқ.

Бүгин, ертең ол «түлки» қолға түседи, —деп мińгирледи.

Сол заматта ол жерден зып берген Петерс, Андрэ көлшиликтиң путалы жерине келип, қармақ таслады. Петерс жән-жағына қарап усы түнде бул сатқынның өзин жоқ етиў керек. Болмаса ол жалғыз Карл ғарры емес, басқа да адамлардың басына жетеди,—деди.

— Сен не деп турсаң өзиңниң есиң бар ма, жандарманың қураллы адамын қалайынша жоқ етесең? — Андрэниң көзлери аларып, тур-түси бузылып, тили зорга айланды.

Петерс достының қулағына сыбырлап,

— Сен қояндай қалтыра ма, есинди жый. Биз жас болсақ та, көп пәрселерди ислей аламыз. Енди бизге қорқақлықты жеңип, нағыз батыр болатуғын ўақыт жетти. Ҳәзир гейпара жерлерде сениндей өспиримлер қутырған фашистлер менен жекпе жекке шығып, женисске ериспекте. Сен болсаң әлле қандай мәскүнемнен қорқып — «қалайынша, қалайынша» дейсең. Қалайыншалығын мине, бүгин түнде көресең. Ҳәзир сен бөтен жол менен үйиңе қайт. Жатар алдында Жан менен усы жерге кел.

Бирақ қорқақлық етпе. Антыңды ядыңда сақла. Мен де Леонстан хабар алып, Робертти ертип келе-

мен. Қалған жағын соң сөйлесемиз ҳәм шешемиз, — деп ол қармағын жыйнай баслады.

...Түнги саат он екилердиң шамасында төрт пионер Карл ғаррының жайын қоршады. Олар жер бауырлап жылысып, есик алдына әбден жақынласып Ведутаның бастырмада қорылдап уйықлап жатқанын көрди. Петерс қолындағы «браунинг»ин сақшының басына қаратып бойын тикледи де әстен оның жанына келди. Шеп қолы менен оның қойнындағы автоматын өзине сездирмей суўырып алды. Кейин төрт бес адым артқа шегинип браунингти қойнына тықты да, автоматты услап тетиклерин тексерди ҳәм оның ислейтуғынын анықлап аўзын ашып, силейип жатқан сақшыға қаратты:

— Ҳей, уйқыңды аш сатқын!—Роберт оны тал шыбықтың ушы менен түрткилеп оятыўға урынды.

Арақҳа тойған Ведута сөгинип көзин ашты. Қараңғы да өзине қаратылған автоматтың түтигин көрип,

— Бул қандай ҳәзил, мениң жарағымды неге урладыңыз, ҳәзир жандармаға хабарласам бәриңизди де дарға асады? — деди көзи әлле пәлле болып.

— Үниңди өшир, болмаса автоматтың оғы менен өширемиз. Бизлер сениң менен ҳәзиллесиўге келгенимиз жоқ. Оңашада сөйлесиўге, сырласыўға келдик.

— Қолыңды көтер, қәне, Карл ғаррыда ала алмаған қандай өшиң, ҳақың бар еди, айт тез!—деп жекиринди, мәрт пионерлер.

Ол балалардың аямайтуғынын билип ҳәм өз жанының «қыл көпир» де турғанын сезип албырайын деди. Уйқысы шайдай ашылды:

— Бәрекет табың, маған тиймең инилерим. Не тилегиңиз болса орынлайман, ҳәттеки керек десеңиз көп ақша беремен. Ҳәр қайсыңызға тап он мың манаттан тийетуғын көмегим бар, — деди ол өзиниң қақпанға түскенин сезгендей.

Петерс бирден қызықсынып:

— Ақша дейсең бе, қаяқта ол ақшаң? — деп сорады.

— Билесизлер ме, оны айтқан менен өзимнен басқа ҳеш ким табалмайды, аўлақ жер де көмип қойыппан. Егер мени ол жерге апарсаңлар дәрриў таўып беремен.

— Қай жерге көмгенсең?

— Барған соң айтаман?

Петерс бирден ашыўланып:

— Егер сен бизлерди алдап, бала билип, жандармаға апартуғын ниетиң болса, сол заматы жақты дүнья менен хошласа бер. Түсиндиң бе? — деди.

— Түсиндим?

— Онда ҳәзир айт, көмигиң қай жерде, болмаса...

Ведута автоматтың қыймылдағанын көрип:

—Айтаман, айтаман,—деди қалтырақлап.

— Суў қа-разымның жанына жасырып қойыппан?

— Алдамайсаң ба?

Ведута албырақлап:

— Ҳасла алдамайман, — деди.

Қәне қолыңды арқаңа тутып, алдыма, түс, жол бойы жән-жағыңа қарасаң, я үн шығарсаң ескертиўсиз атаман, билдиң бе?

Зәрресеси ушқан сатқын еки қолын арқасына тутып қараз бетке қарай журди...

Жаўынгер пионерлер оны жарақ пенен гүзетип барды. Олар бираз аралықты жүрип өткен соң, терең сайдың қыснағындағы каразға жетти.

Петерс сатқыншыға қарап:

— Тоқта, қыймылдамай тур. Андрэ менен Роберт жайдың ишин көрип, тексерип шығады? — деди.

Сол заматы еки пионер агаш жайдың есигинен ишине кирип кетти. Олар бираздан кейин шыгып Петерске «ҳәммесин көрдик», кәўетерли ҳеш нәрсе жоқ» дегендей ымлады.

Петерс бийтаныс жайдың ишине киргенде қәўипсизлеў болыў ушын Робертке сыбырлап:

Сатқынның еки қолын арқасына байла? — деп, буйрық берди.

Роберт қараңғыда ҳеш жерден қарыстай жип таба алмаган соң, шалбарының қайысын шешип алып Ведутаның қолын соның менен байлайжақ болды.

Алдын-ала балалардан қутылыўдың барлық жолларын ойлап турған сум, абайсызда бирден Роберттиң қолына жабысып, ашық турған есик арқалы ишке қарай умтылды.

Аңлып турган балалар менен Петерс бирден албырап:

— Тоқта жаўыз, атаман? — деди сатқынның артынан қышқырып.

— Соның арасында қараздың иши-тысын бес саўсағындай билетуғын сатқын Робертти каразшының жататугын жайына, сүйреп кирди де, дәрҳал есикти иш-

тен илди. Кейин оның тәмбисин басып, аяғынан тартып атырған Роберттиң алқымынан қылғындыра баслады.

Роберт жан ҳәўлетинде жаўыздың қолына жабысып.

— Атың, өлтириң оқ маған тийеди деп, ойламаң, болмаса...

Петерс биле гөре автоматтың аўзын жоқары көтерип қолып тетигине басты.

Тыр-тырлап шыққан оқлар емен есикти тесип өтип, пәтикке тийди.

— Есикти аш жаўыз, болмаса өзиңди атаман?

— Атып болыпсаң еле мен сени көремен, — деп Ведута ҳәлсиреген Роберттиң үстинен түспей ийттей ырсылдады.

Усы ўақта жайдың төринен шыққан бир белгисиз сая Ведутаның артынан келип, желкесине жабысты.

Ҳеш нәрсени, ҳеш кимди күтпеген Ведута бирден шоршыныпː

Жибер бул ким өзи? — деди буўлыққан даўысы менен.

Бирақ белгисиз адам оны жаздырған жоқ қайтама мойнынан буўып, Роберттиң үстинен түсирди.

Бирден тамағы босап дем алыўы дурысланған Роберт секирип турды да, есикти ашты.

Дәпинип турған пионерлер жуўырып ишке кирди.

Андрэ менен Жан жаўыздың аяқ қолына жабысып бийтаныс қайырқомға жәрдем етти. Петерс автоматтың аўзын сатқынның маңлайына қадапː—

Қолыңды көтер, болмаса атаман? — деп дәпинди.

Ведута өзиниң қайтадан қолға түскенин сезип илажсыздан қолын көтерди.

Сол заматы Андрэ менен Жан оның аяқ — қолын таңып тасслады.

Бийтаныс адам да орнынан турыпː

— Бул не гәп өзи? —деп балаларға бирме-бир қарады.

— Ассалаўма әлейкум Карл ата. Сиз бул жерде не ислеп жүрсиз? — деп ҳайран қалысты ҳәммe.

Карл ғарры күлимсиреп:

— Мына балаларға жәрдемге келдим. Болмаса ол сорлыны Макс мәскунем өлтиретуғын еди. Өзлериңиз бул сырғыя менен қаразда не қылып жүрсиз? —деди қатты қызықсынып.

Петерс барлық ўақыяны Карл ғаррыға бирме-бир айтып берип.

— Буны пионерлер советиниң қарарына муўапық атыўға ҳүким етемиз? — деди.

Ғарры бираз ойланып:

Ҳүкимиңизди қуўатлайман, ол азғынның жазасы сол, — деди жеркенишли түр билдирип.

Бул сөзлерди еситип, дирилдеп жатырған Ведута жыламсырап,

— Карл аға, мени кешириң ақылдан адасыппан; мына балаларды да ақылландырың. Буннан былай хуторшыларға ийнедей зыян етпеймен — деди даўысы тарғылланып.

Карл ғарры қәҳәрге минип:

—Азғынның үнин өшириң балалар, — деди.

Петерс орнынан ушып турып автоматты Ведутаға гөзеди. —Үниңди өшир!—деп тепсинди ҳәм шүриппени басып қалғанын өзиде билмеди.

Ведутаның рейимсиз көзлери атлығып тула бойы қызыл қанға боялды...

Өз мақсетине жеткен балалар сол заматы қараздан шығып, жолларына түсти.

Енди өзиниң қосын өзгертиўге мәжбүр болған Карл ғарры камзолының кисесинен «шақпақ тасын» шығарып, ўақыяның орнына от берди де, Курзема партизанларының жайласқан жерине қарай жол тартты...

Төрт пионер аман-саў өз үйлерине жеткенде, қараздың үстинде лаўлаған өрттиң жалыны әл-аспанға көтерилген еди...

...Постта турған Ведутаның суўға сиңгендей жойылыўы хәм ески қараздың белгисиз адамлар тәрепинен өртеп жиберилиўи дала жандармасын аяғына тағы тик турғызды.

Әсиресе бул ўақыялар майор Шульцтиң жинине тийди, ғәзебин келтирди. Ол азан менен тас талқанын шығарып қараўындағы хызметкерлерии зыр жуўыртты. Ақырында олар менен оперативлик жыйналыс өткерип:

Аўылдағы гүманлы адамлардың бәрин, тоғыз жасар баладан баслап, тоқсандағы ғаррыға шекем иркиўге алып тексериўден өткериң. Олардың Ведута менен Карл ғаррыға болған көз-қарасын анықлаң. Мениңше бул еки ўақыя қандай да бир жасырын биреўлер арқалы бир-биреўи менен байланыслы болыўы керек.

Буған ең баслы дәлил Карл ғарры Ведута байдың қаразында отыз жылдай ислеген, Сол ўақлары Ведута бай сықмарлық етип оның мийнет ҳақысын толық төлемеген болыўы мүмкин. Мине енди Карл ғарры Ведута байдың баласы Макстан өш алыўды ойлаған. Ал, Макс Ведута болса ғаррыны жандармаға услап бермекши еди. Мине олардың арасындағы жасырын шийеленискенликтиң мазмуны усындай. Бирақ мениң пәмлеўимше Карл гаррының қолынан қаразға от бериў келген менен автоматы бар Ведутаны услаў келмейди. Демек арада бул исти бежерген ҳийлекер адам бар. Әне, сизлердиң баслы ўазыйпаңыз оперативлик ҳәм тергеў жолы менен ол адамларды анықлап, жандарманың берик өресине байлаўыңыз керек.

Сол күни сәскеге қалмай жандарманың иркиўханасы менен мектептиң иши «гүманлы» деген адамларға толды.

Олардың ҳәр қайсысын қорқытыў, сөгиў ҳәттеки урыў жоллары менен алынған тергеўлер жандарманың пайдасына айтарлықтай жаңалық, я жәрдем бермеди.

Ал бурын иркиўде болған аўыл балаларынан сораўды Шульцтиң өзи қолына алды.

Шульц тергеўге әкелинген Петерске;

— Ҳе, «ески таныс» қайтадан келдиң бе? — деди.

Петерс өзин бийпәрўа тутып:

— Сиз шақырған соң келмеўге болама? — деп төмен қарады.

Шульц сезимталлы баланың сумлығына түсиниП:

— Өткен күни түнде сен қаяқта болдың — деди оннан оқлы көзин айырмай.

— Үйде болдым.

— Ким менен болдың?

— Жалғыз өзим болдым, өйткени апам жумыстан қайтпады, екинши сменада қалып қойған.

— Үйиңе ким келди, кимлер менен сөйлестиң?

— Ҳеш ким келмеди, ҳеш ким менен сөйлескеним жоқ.

Шульцтиң жини келип.

— Гүцелектей аўзыңды жумып отыра бердиң бе, ишиң писпеди ме? — деди тутлыққан даўысы менен.

— Енди өз-өзимнен жинлидей сөйлене беремен бе, үнимди шығармай китап оқып жаттым.

Улыўма сораўдың ҳеш қандай нәтийже бермегени-

не ҳәм Петерстиң жудә ҳийлекер бала екенине Шультиң көзи жетип:

—Сен тазалықты, тәртипти, өз кийимлериңди күтиўди жақсы көресең бе? — деп мәселени биротала бөтен жаққа аўдарды.

Бирақ Петерс жандарма начальнигиниң тапқырлығына дәрриў түсинип:

— Ҳәзир мен ол айтқанларыңыздың ҳеш биреўине де кеўил бөлмеймен, маған тек ишип-жеўге аўқат табылса болғаны,—деди.

— Сонда китапқа қалай қызығасаң?

— Китап оқыў қарынның ашлығын умыттырады.

Шульцтиң бирден гыжырданы қайнап: «Улыўма бул балада бир нәрсе бар қусаған. Бирақ оны ешейин сораў менен қолға түсире алмайсаң, ол жаслығына қарамай пухта ҳәм ҳийлекер. Жақсысы оны ҳәзир иркиўден босатып, изине еки, үш адам салыўым керек» деди ол ишинен.

Петерс үйине қайтып шай, нан жеўге отырған ўақта бирден есик қағылды.

— Мәрҳәмат, кире бериң, —деди ол.

Ишке Роберттиң оныншы классты питкерген қыз апасы Эльма Айсман кирди.

— Бир өзиңсең бе Петерс?

— Аўа, бир өзим, саған ким керек?

— Сен керексең.

Петерс сезикленип:

— Айта бер, менде не жумысың бар? —деди.

Эльма қыз апасы Эльзадан үйренгеп ҳийлесин иске салып:

— Сен турпайы болмасең Петерс. Мен сениң менен сөйлесиўге, сениң менен оңашада отырыўға келдим,—деп ол баланың ийнине қолын салды.

Петерс ашыўланып, ийнин силкип жиберди де:

— Мениң сениң менен сөйлесиўге ўақтым жоқ. Мен шаршадым, уйықлайжақпан, деп төсекке қыйсайды.

Эльма ҳийлесин кеўилдегидей иске асыра алмағанына ишинен пушайман жеп:

— Бул өжетлигиң ядыңда болсын, кейин өкинип жүрме!—деди ашыўға буўлығып.

— Жоғал! —Петерс қышқырып жиберди.

Эльма өз бетинше тоңқылдап иләжсыздан шығып кетти.

Оның изинен қарап турганда терезеден аўыллық почтальон Альбертти көрди.

«Ўэй иплас, сен де еле Эльмаға қусап Шулыққа жалланыппа едиң? Мейли, бул қыянетиң ушын сениң менен де есапласатуғын ўақыт келер...

Ол әлле қандай сумлықтың тусаўын тоқып, билс гөре почтальон менен ушырасыўға шықты:

— Сәлем Альберт аға, кимди излеп жүрсиз мениң хат салатуғын яшигим орнында турғой.

— Хе, Петерс қалайсаң иним, усы маңда биреў менен ушырасыўым керек еди, келмей тур пайсап, — деди ол да ҳийлени асырып.

Соның арасында әлле қайдан кино театрдың билет сатыўшысы Маргарита келип қалды. Альберт өзиниң «алмасыўшысын» көрип жөнине кетти.

Бурын Курзема пионерлери менен жасларының жасырын жумысына олардың сүйикли мугаллими Ирмгард Лусте басшылық ететуғын еди. Енди бул ўазыйпаны бурынгы пионер отрядының председатели Петерс атқарып жүр. Сонлықтан да ол өзин ҳәр бир пионер, ҳәр бир өспирим алдында жуўапкерли сезип, ҳеш қандай ҳәрекетсиз отырыўды қәлемейди: «Мейли күн батып, қараңгы түссе болар. Сизлерди қалай болмасын алдап, бул берген азап-ақыретиңизди, қорлығыңызды мурныңыздан шығараман»...

Ол өз ишинен усындай шешимге келди де төсекке қыйсайды.

Күн батып геўгим түскен ўақта ғана Петерс уйқысынан оянып көзин ашты. Қараса анасы жумыстан қайтып, картошка писирип атыр екен. Ол орнынан өрре турып: — Сәлем апа, қалайсаң, шаршағаның жоқ па, сен үйге қалай кирдиң? — деди таңланып.

— Рахмет, жақсыман балам, сен жайдың сыртқы есигин ашық қалдырған соң туўры кире бердим.

— Жоқ апа, мен есикти илип жатқан едим. Демек, мениң изиме түскен аңлыўшылардың биреўи бақша беттен жаз есикти ашып үйге кирген. Ол ҳарамы мениң уйықлап жатқанымда сыртқы есиктиң илмегин түсирип кеткен, — деди Петерс өз жойбарын анасына тәкирарлап.

Хеш нәрседен бийхабар апа аң-таң болып:

— Ол неткен аңлыўшы, кимди не ушын аңлыйды?— деди көзи тасырайып.

Петерс оған өткен ўақыялардың бәрин қалдырмай айтып берди.

— Өзим де көптен берли сезикленип, қәўетерим көкирегиме сыймай жүр еди.

Бәри тап ойлағанымдай болып шықты Улыўма ананың жүреги алдамайды. Өзиңди байқа балам, сен еле ондай иске жассаң, тәжирийбең де, уқыбыңда кем. Саған басшылық ететуғын адам да жоқ. Сәл жерде жаўызлардың қолына түсип қалсаң, қутқаратуғын тирениңниң де жоқ. Абзалы тыныш жүргениң жақсы емеспе? — деди.

— Бәриде бар, ол жағынан ҳеш қәўипсиң бе. Мийирман ана бираз кеўилин басып.

— Айтпақшы бағана бир адам саған сәлем айтып, әлле қандай тапсырмалар берип атыр еди... —деди.

— Ол ким өзи, қандай тапсырма? — Петерс бирден жанланып, анасының сөзин бөлди.

Анасы айтажақ сөзлерин ядына түсирип:

— Мен жумыстан шаршап шығып электричкаға миниўден мулгип кетиппен. Бир ўақлары әлле қандай биреў қасыма отырып:

— Берута, сен мени таныйсаң ба? — деди.

Мен оған қарасам ол хутордағы Карл ғаррыға қусады. Бирақ ол жас жигиттей қырынған, басқаша кийинген ҳайран болып:

— Сиз Қарл ата емессиз бе? — дедим.

— Аўа, Карлман, бирақ әсте сөйле. Мен ҳәзир жандармадан жасырынып жүрмен, — деди қулағыма сыбырлап.

— Маған не айтпақшы едиңиз? — дедим.

— Петерске айт, бәри кеўилдегидей өз жайында. Ол далаға көп шықпасын, жандарманың адамларына көринбей жасырынып жүрсин. Келеси жума күни таң азан да әҳмийетли ўақыя болады. Совет армиясының әскерлери де, партизанлары да «Курзема қазанындағы» немец-фашистлериниң әскерлерине қарсы ҳүжимге шығады. Олар қоршаўда.

Петерс қуўанғаннан анасын қушақлап алып:

— Сен қандай қуўанышлы хабар әкелдиң- —деп жиберди.

Петерс анасының жарқын жүзине қарап:

— Мен сениңдей ҳадал жүрекли анадан туўылғаныма ырзаман ҳәм мақтанаман! — деп жиберди бирден.

Петерске бул сааттан баслап күн батса, таң атпады, таң атса, күн батпады. Ол гә отырып китап оқыды, гә жатып терең ойға батты, гә қайтадан турып терезеге үңилди. Қараңгыда көпек ийттей тимискенип жүрген аңлыўшының тулгасын көрип: «Шульц мениң изиме раслап түскен қусайды. Аңлыўшысын түнде де алмайды ғой. Қалай да бул жағдай көпке созылмас»... — деп ойлады.

Оның ойын еденге түскен асықтай нәрсениң сести бөлди.

Петерс әўели терезеден биреў оқ атты ма деген ой менен зәрре қаймықтыда, кейин еденде жатқан домалақ затты көрип: —

— Қызық бул не екен, биреў рогаткадан тас атқан қусайды, — деп гүбирленип, оны қолына алды.

Ол оралған заттан бир жапырақ хатты шығарып ишинен оқый баслады: «Петерс, «тревога», сен дәрҳал үйиңнен қашып, бир қәўипсиз жерге жасырын. Болмаса, фашистлердиң қолына түсесең. Шульц тағы бир қыянеттиң торын тоқып, барлық жасларды, өспиримлерди қамаққа алмақшы. Солардың ишинен гүманлысын қыйнап, атып тасламақшы дейди. Ал, басқаларын Германияга жибермекши қусайды. Мен бул хабарды Эльзаның анама айтып атырган сөзинен еситтим. Усы усыл менен Андрэ ҳәм Жанды да ескертемен. Тезден жасырын Р. А.».

«Аўа, ол жаўыздан ҳәр қандай қыянетти күтиўге болады» Петерс өз ўақтында жеткерген ескертиўди еситип, ҳақыйқаттан да қәўетерлене баслады. Ол ҳәзир түрли ойга кетип: «Өй, қара түнниң ишинде қаяққа жасырынаман, я Леонстың жанына барсам ба екен?» — деп тыпыршылады.

Ол үйинде бар азық, аўқатын сумкасына салып, анасына еки аўыз хат жазып жасырын жерге қойды да, шыраны сөндирип, жаз есик арқалы бақшасына шықты. Жан-жағына қарап алып, қалың жапырақлы қарамықтың арасы менен қараңғы түнниң қойнына сүңгип кетти...

Петерс пенен Леонс таң сәҳәрде гүмбирлен атылған топтың сестинен шоршып оянып, орнынан өрре турды. Өлар шайдай ашылған қуўанышлы көзлерин бир-бирине тигип;

— Қутлықлайман достым!

Мине, бизлердиң көп күткен үмитли саатымыз жаңгыра басланы. Мейли, жаңгырсын, және де, тағы да жаңгырсын! —деп бири-бири қушақлап сүйисти.

Аўыр топлар еки пионердиң жүрек буйрығын еситкендей жаңадан үсти-үстине гүмбирледи.

— Яша! Яша! Леонс өз қуўанышын көкирегине сыйдыра алмай усылай қыйқырып жиберди.

— Сен қызба, достым. Еситип атырсаң ба, аяғына тик турган фашистлер ийттей улысып, өрден-ыққа жуўырмақта, — деди.

— Мейли жуўырсын, улысын, — деди Леонс. Петерс еситпегендей кишкене қулағын жер астындағы жайдың дийўалына қойып, даладағы топаланды дыққат пенен тыңлады... Топлардың жийи-жийи атылып сестиниң бәлент шығыўына қарағанда Совет әскерлери бизиң хуторға кем-кемнен жақынлап киятырған қусайды... Ол өз ишинен сөйлениип атырғанда самолеттиң гүрилдеген сести еситилип, фашистлердиң жайласқан жеринде бир неше рет бомбалар жарылды.

Кейин үсти-үстине атылған топлар менен самолеттан таслапған бомбалардың партлаўына ширкеўдиң тырнағы қозғалып, қоңыраўы жаңғырғандай сезилди.

Бир ўақлары ширкеўдиң жанындағы жолдан жүриўши машиналар менен сөгинип баратырған солдатлардың даўысы еситилди.

Леонс жаўынгер достына қарап;

Енди бизге де өз орнымыздан шығып, душпан менен бетлесетуғын ўақыт жеткен жоқ па? — деди.

— Петерс көкирегин керип,

— Азгантай асық па достым, совет әскерлери менен партизанлардың алды хутордың шетине кирсин, —деди әбден исти питиргиси келип.

Соның арасында жеңил топлар менен автоматтың сеслери де еситилип олардың қыялына аўыл иши ала топалаң болгандай сезилди.

Петерс шешиўши минуттың жеткенин сезип, оқлы турған автоматын қолына алды да:

— Уатан ушын, халық ушын саўашқа дослар!—деп жасырын үңгир арқалы далаға шықты.

Оның артынан Леонс та жарамаса шығып:

— Қара, Шульц тасадағы машинасына қарай қашып баратыр!—деди ол бирден албырақлап.

Петерс ҳақыйқаттан ҳәм қыянетшиниң әдил жазадан қорқып қашып баратырғанын көрип дәрриў ақ қайынның арқасына тасаланды:—

— Әнеқалас, тәгдир мени нағыз ата душпаным менен жүзлестирежақ қусайды. Мейли, жүзлесемиз,— жуўыр достым, оның шофери менен ийт бағары артынап келмей турып бетлесейик, — деп алға умтылды. Ол машинаны папалап майордың дәл артынан келди де:—

— Қолыңды көтер господин Шульц, үниңди шығарсаң ескертпей атаман?! — деп автоматтың аўзын оның көк желкесине қаратты.

Шульц бирден албырақлап ериксиз қолын көтерди.

Петерс сол заматы шаққанлық пенен оның қарсы алдына өтип:

— Сен жаўыз мениң менен есапласпай қаяққа қашып баратырсаң? — Ҳе, тилиң қысқа, үндемейсең? Жоқ, жазасыз кете алмайсаң, қолыңнан қурбан болған анам менен бийгүна набыт болған жерлеслеримниң атынан сени атыў жазасына ҳүким етемен? Қәне, таярлан!—деп ол жандарм начальнигин автоматтың қайнар оғына тутты.

Шульц қансыраған қасқырдай ыңырсынып таўланды да, мәңгиге жер дастанды...

— Танк, бизиң танклар киятыр! Леонс гүрилдеген сеске басын бурып қараған ўақта, оның көк желкеси от болып, көзиниң алды жер көрмей кетти. Бирден аяғы шалысып ол ана жерди қушақлап жығылды.

Соннан берли арадан отыз еки жылдай ўақыт өтти. Леонс болса өткен урыс оғының салдарынан аяқ басып жүре алмай, қатал тәгдир менен өмиринше коляскаға таңылды...





# ТЫНЫМСЫЗ ТҮНЛЕР

### *Повесть*

— Ҳа-ҳа-ҳа! Ҳа-ҳа-ҳа! — Психиатриалық кеселхананың айрықша кеселлерди қараўды талап етиўши паластында жатқан жигирма жаслар шамасындағы ақ қуба, сулыўшық жигит кроватында отырып тоқтаўсыз күле береди. Бирақ, оның түр-түсинде, күлкисине ылайық қуўанышттың, я болмаса усыншелли күлки сезимин қозғаған ерси нәрсениң белгилери көринбейди. Гейде, оның көзлери бақырайып, кирпиги тикенекгей шаншылып, гейде ериплери үнсиз жыбырлап кетеди. Дизесине қойған қоллары да тап терисине жабысып қалғандай ҳеш қозғалмайды. Ол тап «буддист» — лердиң тастан ойылған жансыз қудайындай мүләйим шиппинде қатып қалған. Өзлигинен күлкисин тоқтататуғын емес.

Оның палатаға кирген емлеўши врач пенен де милиция майоры менен де ҳәм қасындағы өзиндей кеселлер менен де ҳеш иси жоқ.

Шыдамы таўсылған майор, психиатор врачқа қарады. Тәжирийбели врач тергеўшиниң үнсиз нәзерине, ишки ойына дәрриў түсингендей, аўрыў жигиттиң жанына жақын барып, оның ийнипен қақты да:

— Айдос, сен бүгин аўқат жедиң бе? — деп сорады.

Айдос отырған жеринде бирден селк етип емлеўши врачқа жалт қарады. Оны танып дәрриў күлиўин қойды да:

— Жегеним жоқ, маған аўқат бермейди доктор, аспазыңыз, официантканыз дым жаман. Оларға айтып қойың, мениң пайымды ўақтында берип турсын. Болмаса мен аштан өлип қаламан ғой? — деди де ол өкпели баладай өкирип жиберди.

Врач әлпайым түрде ауырыўдың ийнинен сыйпалап:

— Жылама Айдос, төп-төрели жигитте жылай ма екен. Ҳәзир саған аўқат бергиземен, —деди ол жанындағы медсестраға ым қақтыда.

Сестра палатадан жуўырып шығып, аздан кейин бир тарелка аўқат әкелди де, еле отырған кеселдиң алдындағы орынлыққа қойды.

— Әнеқалас, қәне Айдос, аўқатыңды суўытпай жеп ал. Кейин сениң менен сөйлссетуғын азғантай жумысым бар, — деди врач ауырыўды алдастырып.

Көзинен бир тамшы да жас шықпаған Айдос бирден жылаўын қойып темир қасықты қолына алды.

Ол тап кешедеи берли аўзына бир тислем де нан салмай ашырқап қалған адамдай тарелкаға басын ийип, макоронды шайнамастан үсти-үстине жута берди. Ҳә демей тарелканы тақырлап, аўызын сыпырмастан врачқа жалт қарады да: — жәнe жеймен, — деди.

— Яқ, енди тәртип бойынша түсте жейсең. Ҳәзир макоронға әбден тойдың ғой, солай емес пе? — деди врач аўырыўдың психикасына жарамлы тәсир жасағысы келип.

— Аўа, тойдым, енди түсте жеймен, — деп Айдос тарелка менен қасықты кроватьтың астына жасырды.

Айдостың әжептеўир қылықларын бақлап турған майор ҳайран болып врачқа қарады. Ал, врач оған «үндемең, испиз болмасын» дегендей көзин қысып, басын шайқады. Кейин оң қолын Айдостың ийнине қойып: — Сен жолдас Абутовты таныйсаң ба? —деди.

Айдос адырайған көзлерин майорға тигип үндемей қатты да қалды.

Әлбетте, таныўы керек. Оның менен екеўимиз бир қаланың адамымыз ғой ақыр. Ўақтында ҳәр күни болмаған менен ара-туўра көрисип туратуғын един. Оның үстине Айдос өткен жылы онынши классты питкерер алдында бир ирет велосипедин жоғалтып маған арыз еткен еди. Солайма Айдос, ядың да бар ма? — деп майор аўырыўдың есине өткен уақыяны түсирмекши болды.

Бирақ Айдос үндемеди. Ол бирден өзиниң басындағы пытыраңқы ойларына, умытыла баслаған әлле қандай ўақыялар дизбегиниң елесине шүмгендей сазарып кетти.

— Ҳаў, Айдос, неге үндемейсең, Нуржан ағаңның жанағы айтқанлары ядыңда ма? — деп врач тағы аўырыўдың ийнинен қақты.

— Аўа — деди Айдос.

Врач аң-таң болып турған майор менен нәзер алысып:

—Ҳе, солай болсын. Ал, енди Нуржан ағаның сениң менен сөйлесежақ бир-еки аўыз сөзи бар екен. Сен оған үйлениў тойың ақшамы өз басыңнан кеширген барлық ўақыяларды асықпай айтып бер, иним?—деди. Ол Айдостың мөлдир суўдай тынған сарғылт жүзи менен сөне баслаған жулдыздай гүңгирт көзине қарады.

Емлеўши врачтың бул сөзлери Айдостың гә өзгерип-жоғалып, гә жәмлесип-туўелленип атырған ақыл ойы менен сана-сезимине айрықша тәсир еткендей, бирден өзгерди. Оның омирге түңилген солғын жүзи кем-кемнен ашылып, түр-түсине қандай да бир әжайып ўақыяның сағымы ене баслады. Басынан кеширген барлық ўақыяны көз алдына елеслетти... Әтирапқа қараңғы түсип, елдиң алды жата баслаған ўақытта, Айдос үйинен шығып, көшелес қоңсысының бақшасына кирди. Ол аяғын газ-газ басып, қойыў саялардың асты менен тасаланып, алдын-ала ўәделескен қос алманың қасына келди. Демин ишинен алып, көзлерин жән-жағына тикти. Әйне усы ўақта жасыл лиnасына бөленген миийўезардың төринен он төртинен туўған ай киби, ақ жүзинен сәўле шашып күткен қызда келе берди.

Бирден Айдостың жүреги дурсилдеп, қапасына сыймай тыпыршылап кетти. Соның арасында суў перидей сүзилип киятырган қыз оның жанына келип қалды.

Айдостың буўынлары қалтырап, тили тамағына тығылып, не айтарын билмей албырақлап үнсиз қалды.

Ийбели қыз, уялшақ жигитке ашыўланғандай қос алманың қосарына арқасын берип, жүзин жасырды. Сөйтип, арага тынышлық шөкти.

Әлленемирде қыз қолайсыз тыныспаның қалың думанын серпип:

— Сен мениң бағыма не ушын кирдиң, Айдос? — деди қалтыраған даўысы менен ерини тиследи де.

Айдос көкирегин кернеген ҳәўирли демин шығарып. —

Бағыңа киреўге өзиң рухсат еткен едиң ғой, Перийзат, — деди сырлы сораўдың мәнисине түсинбей.

— Соны билсең неге үндемейсең? — деди Перийзат ашыўланып.

— Кеширерсең Перийзат, мен гәпти неден баслаўымды билмей басым айланып тур еди.

— Сен мени көптен берп күтесең бе, Айдос! —деди мүләйим даўысы менен оған Перийзат тағы да.

— Яқ, мен де жаңа келдим. Жақты бар да бағыңа кириўге батына алмадым. Өйткени, бул бизиң... биринши ушырасыўымыз ғой, — деп Айдос сыр сандығын ашты.

Перийзат мыйғынан күлешырай берип: — Оншама не асығыс? — деди.

Айдос кеўилин бираз жәмлеп:

— Билмедим, Перийзат жақыннан берли мен биротала тыныштымнан айрылдым. Сени көргим келеди де турады. Бир майдан көрмесем ҳеш жерге сыймай кетемен. Жатсам да, турсам да көз алдымнан сирә кетпейсең. Сыртыңнан болса да сениң қараңды көрсем жүрегим парахат тапқандай болады.

Перийзат қызларға тән ийбелилик пенен еки алманың нәзик шақасын бир-бирине шатастырып: —Мениң кеўилимди өзиң билесең ғой, Айдос. Алдыңа келгеним көп сырларды аңлатпай ма? — деди ол жиңишке ҳаўазы менен ҳаллас урған жүрегиниң төрinen сөйлеп.

Айдос оның қолынан услап, қушақламақшы болғандай ҳәрекет етти.

Перийзат бирден кейин серпилип:—Сен олай етпе, егер бийәдеплик етсең өмир-өмиримше өкпелеймен, — деди.

Айдос өзиниң бийәдеплик хәрекети менен Перийзаттың сөзлеринен уялып, бирден үнсиз қалды. Оның қысынғаны соншелли терге батып, көзиниң алды тынып кетти.

Айдос бираздан кейин өзин бийлеп: — Кеширерсең. Перийзат шыныңды айтсам, мениң ойымда ҳеш қандай турпайылық жоқ еди. Саған тек өзимниң шын муҳаббатымды сездирмекши едим. Мейли, ендигиден былай өзиңнен бийжуўап бетиңе де тикленип қарамайын, — деди гүнәкар адамдай жалынышлы түрде.

— Сен мениң ойыма тереңнен түсинбей неге олай дейсең? Ақыр мен сени жақтырмасам қараңғы түн-

ниң шатырын түрип жанына келемен бе?!—деди де ашыўланған Перийзат бағдың төрине қарай жүрди.

Аңсыз турған Айдос албырақлап: — Перийзат тоқта, енди бәрине де түсинемен. Тек ашыўланба, жақсылап сөйлесейик, —деди де оның изинен жуўырды.

Бирақ, Перийзат жигитти азғантай өшиктиргиси келди ме, әйтеўир кийиктей туўлап тура қашты.

Айдос жигитлик намыстың жеделине минип: — Перийзат тоқта жаным, бәри-бир изиңнен жетемен. Қай түпкирге тығылсаң да таўып аламан?!— деди де ҳалласлап оның артынан қуўды.

— Жетеалмайсаң, тутқызбайман!..

— Жетсем, тутсам не қыласаң?!..

— Онда, онда бәринеде рухсат етемен...

Бул ўақытта олар ҳеш нәрсени, уялыўды да, тартыныўды да, басқаларга әшкара болып қалыўды да ойлаған жоқ. Перийзат ағаш аралап қашты, ал Айдос болса оның изинен ентигип жуўырды.

Бир ўақлары ол қойыў саяның тасасынан шығып, қарсы алдында аққан жулдыздай жалт ете қалған сәўлени қушақлай алды:

— Жибер... сүйме... бетиме қарама, уяламан. — Перийзат жигиттиң қушағында талшыбықтай таўланып туншыға баслады.

—Қулласы, бир-бирин сүйген қос жүрек мәңгиге табысқандай бирге туўлады жүреги бирге соғып, бирге қуўанды.

Бәрине де ырза болып, кеўили жай тапқан Перийзат көзин жумып, гә мыйығынан күлди, гә ернин қыбырлатып Айдосқа жүрек сырын сыбырлады.

Бир ўақытлары таң сарғайып, қоразлар қышқырыса баслады.

Перийзат бирден көзин ашып, Айдосқа жалт қарады. Оның сумлықсыз, бирақ сыншыл нәзеринде: «Сен маған ырзамысаң?.. —дегендей сырлы сораўлардың сағымы сәўлеленип көринди.

— Айтшы, Перийзат, енди үлкен тойға таярланаберсем болама? — деп сорады Айдос оннан.

— Таярлана бер, — деп Перийзат жүзин жасырды. Айдос оның аўзынан бул сөзди еситип биротала қуўанып кетти.

Соның арасында қоразлар екинши мәртебе шақырып, қыр дөгерек жақтылана баслады.

Бундай кеўилли кешелер ҳәр күн сайын қайталанып, Айдос пенен Перийзаттың бир-бирине болған өз-ара дослығы, исеними, ҳүрмет иззети кем-кемнен күшейип кетти.

Бирақ, олар қаншелли ушырасыўлар, заўықлы түнлер өткерип, жаслық сезиминиң қызғын қумарына батқан менен, бир-биреўиниң кеўилин қалдырып, ар-намысына тийген емес. Әсиресе, Перийзат оған исениң, барлық ерикти оған берсе де ийбели қызға тәң әдеп-икрамлылықтың белгили шегинен ҳеш шыққан жоқ.

Ең ақырында бунындай берик ҳәм таза муҳаббаттың түнлер бойы тоқылған әжайып кестеси, үлкен тойдың әнжамына алып келди...

Шийшембиге белгиленген тойдың хабары район орайының көпшилик халқына, ең соңғы жаңалықтай тез жетти хәм олардың түрлише таллаўы менен қыз-ғын дыққатында болып, биреўлер арыў қыздың ҳүржа-малын тәрийплесе екинши бир адамлар Айдостың өз ўақтында көп жигитти жамалына қаратқан шырайлы анасын тилинен түсирмейди.

Ҳақыйқатында да үш-төрт күн бурын бул тойдың дабарасын жеткергендей ҳәртүрли гәплер менен аса кеткен өсектиң тезден тоқылыўына азы-кем тийкар да бар еди. Ақыр, Перийзаттың әкеси Қамал Муқанов көп жыллардан берли саўда хызметинде «майлы орын-ды» ийелеп, ҳәмме оған қол қаўсырып сәлем беретуғын сур папақлы «Қамал ага» деген ат көтерди...

Ал, Айдостың анасы болса қыз ўақтынан кимсең Арыўхан атаныл, талай жигитлердиң жүрегине от салған сәрўиназ еди. Оның үстине Арыўханның күйеўи Сабырбай Нуржанов Ўатандарлық урыста өзин көр-сетип, батальон командири болып, армиядан келген-нен соң удайына қалалық атқарыў комитетиниң сек-ретары болды.

Нуржановтың аталас иниси Атабай Айманов болса, көптен берли районның атақлы судьясы.

Соның ушын Арыўхан күйеўи менен қәйнисиниң ҳәмелине арқа берип, районның анаў-мынаў басшы-ларын шунатайының ушында шыр гүбелек айланды-рып, болажақ мерекениң кеңесинде: — Баламның той-ына жанымнан басқасынан бәрин сарп етип, жыйна-ған-тергенимниң ҳәммесин аямай шашаман! —деп ши-ренди.

Халықты таң қалдыратуғын дабараға турарлық тойдың таярлығы жигит пенен қыздың үйинде бәсеки жарысқа түсип кетти. Қамал ағаникинде еки-үш машыншы менен бес-алты ҳаял Перийзаттың кийимлерин, корпе-төсегин сырып нағысласа, Арыўханның үйинде онлаган ҳаял тандыр-тандыр шөрек жаўып, табақ-табақ қырмыш бөрек, пирожкалар писирди. Қамал ағаның қоңсылары, үйине жыйналған қыз-келиншеклер Перийзаттың той күни қолына салып, қулағына тағатуғын алтын жүзиклер менен алтын сырғаларын көрип: «Пах-пах, усындай сақый қоллы, бай әкең болса да...» деп ах урса, Арыўханның баласына атап алған гарнитур менен басқа да ҳасыл затларын көргенлер сирә таңланып тоя алмады.

«Көлдиң сәни ғаз бенен, тойдың сәни қыз бенен» дегендей әлле қашан Перийзаттың қурдаслары той кийимин кийип, еки үйдиң арасында жығасын жайған таўыстай назланып жүр. Ал, Айдостың қатар қурбы-жөралары болса олардың көрки менен сәнли кийимлеринен қумарлы көзлерин алалмай өз-ара қуўжыңласып қояды.

Ҳәтте, көшениң шым-шырқадай балалары тойдың дебдебесине өзлеринше сән қосып, еки үйдиң айланасын басларына көтерип жүр. Алдын ала той саўыўға атап алдырған сәзенделер, қосықшылар ойыншылар тойхананың төрин ийелеп, дуўтар, дәбин бабына келтирип, таярлық көрип атыр.

«Тойдың болғанынан боладысы қызық» деген усы да!..

— Келин киятыр, келин киятыр. —Кең көшени жаңғыртқан уллы шаўқым менен қуўанышлы хабардан, үлкен залдың иши бирден гүмбирлеп кетти. Уллыдан киши баладан шаға зыр жүўырып бастырманың асты менен кең әйўанның иши адам ағымынан толқындай тасты. Биреўлер есик аўзында соқлығысып, екинши биреўлер қуўанғанынан қолындағы кесе, шайнегин түсирип жиберди. Қулласы, демниң арасында бығанжығаи болып, барлық адам орнынан түргелип есик бетке қарады. Аўызда ақ қуўдай безенип, сүзилген сәрўи бойлы, қыпша белли, келбети келискен қыз көринди. Қасында мырза жигит. Қыялына екеўи де бул дүньяда бир-биреўи ушын арналып шыққандай сезиледи.

Аяқларын ғаз-ғаз басып, сүзилип киятырған қыз бенен жигит босағаға жақынлаған ўақта, әлле қандай бир ырымшыл ҳәм қәдешил келиншек олардың жолына тап-таза гилем жайын:

— Қәдемиң қутлы болсын ай, келин!—деди.

Оған биринши болып аягын басқан келин менен жанындағы еки қурдасы бирге ликте ийилип ишке кирди.

Олар төрге өтип, өзлерине арналған стуллерге отырды. Кейнинен қыз бенен жигиттиң әке-шешелери келип, өз перзентлериниң қасындағы орынларын ийеледи.

Ҳәмме жайлы-жайына жайласып отырғаннан кейин, той басқарыўшы «тамада» орнынан турып тойдың рәсмий түрде басланғанын жәриялады.

Бирден шампанлар атлығып, май-шараптың шашырандылары тойдың сәнин түрли иреңге бояп жиберди.

Тамада қолындагы хрусталь бокалын жоқары көтерип, қыз бенен жигиттиң ҳүрметине ең жақсы тостын айтты:

— Бахатлы болыңлар, — өз-ара татыў жасап қоса қартайыңлар, әке-шешеңиздиң етегин ақлыққа, шаўлыққа толтырыңлар!..

Жақсы нийет пенен жаңа тостлар айтылған сайын бокаллар сыңғырлап, жүреклер толқынлады.

Бираздан кейин қыз-жигитлер жағымлы саздың тәсирли ҳаўазына шыдап отыра алмай таңцаға түсти.

Той қызып, тост үстине тостлар айтылды.

Шексиз бахыт бенен қуўаныштан шыр гүбелек айланып, терге батқан Айдос бет орамалын излеп, кисесине қолын суққанда бармағына буклеўли бир хат илинип шықты.

Ол ҳайран болып, бул сырлы хатты оңашада оқыдыда, Перийзатты шоқ қызлардың қоршаўында қалдырып, ҳеш кимге көринбей өзиниң бөлмесине кирди...

Айдос аўыр елестиң қалың думанын ақырына шекем серпе алмай бирден қуйланып: «Яқ айтпайман, ҳеш кимге, ҳеш нәрсе айтпайман. Сенлердиң бәриңиз де душпансыз жүзегөйсиз» — деди де өз бийлигин, ақылесии жоғалтып, даўысының барынша бақыра баслады.

Оның түр-түсиндеги кескин өзгерислер палатадағы басқа аўырыўларға да дәрриў тәсир етип, және еки жигит орнынан өрре турды да:

— Аўа, сенлердиң ҳәммеңиз душпансыз, ҳәзир көремиз! — деп жар салғандай ақылын жоғалтқан Айдосқа қосылды.

Врач майорға ым қағып есикке қарай жүрди. Олар үндеместен әсте ғана палатадан шықты.

— Енди бүгин Айдос пенен сөйлесиўге болмайды. Ол әҳмийетли бир нәрсени есине түсирип, ақылынан айрылды. Ертеңге шекем басылсын, бизлердиң сораўымызды умытсын. Кейин жаңадан сораў алыўыңызга болады, — деди врач майорга қарап.

Абутов психиатриялық кеселханадан шығып, өз үйине кетти. Ол врачтың кеңеси бойынша ертеңине де Айдостың жанына барып, оның психиатриялық кеселханаға түсиў жөниндеги себеплерин, оған байланыслы ўақыяларды ашыў ушын урынды. Бирақ, Айдос бул ирет жаңадан керекли сораў алыўга оның менен дым сөйлескен жоқ.

Абутов енди не қыларын билмей, қолындағы терғеў жумысы бойынша сөйлесиў ушын республикалық милиция басқармасына келди. Бул жерде тергеў бөлиминиң начальниги подполковник Абдаловқа кирип, оған өзиндеги терғеў жумысы бойынша устиртин баянлама жасады:

— Дүньяда ашылмайтуғын ҳеш бир қылмыс, усланбайтугын ҳеш бир жынаятшы жоқ, — деп подполковник майорга қарады.

Абутов тәжирийбели басшының ишки ойына, теориялық үйғарыўына сөзсиз түсингендей ийнин сәл қысып: — Туўры айтасыз, жолдас подполковник. Ал, бирақ дүньяда ақыл еси жарым жилли адам менен сойлесип, оннан тергеў алыў жүдә қыйын екен. Ол гә күледи, гә жылайды, гә абай етеди. Улыўма сөзиниң ҳеш қандай пәтиўасы жоқ. Соның ушын бийкарга басты қатырмай, бул жумысты қысқарта қойсақ қәйтеди, деп сизиң менен ойласыўға келген едим, — деди ол Абдаловтың жары агарған шашының талшықларына қарап.

Абдалов үндемеди. Ол турмыста аўыр минезли, тереӊ ойлы, өз пикирин ишинен жәмлестирип болмай аўзын ашпайтуғын, тәжирийбели тергеўшилердиң қыйлынан еди. Ҳәзир де ол өз принципин бузбай, оң қолының бас бармағын дело устинде ойнатып, ишинен ўақыяны алдын ала өзиниң ой елегинен өткерип: —

—Сиз маған бул ўақыяның қалай болғанын жаңадан бир толықтырып кең түрде айтыңызшы? — деди.

Майор дәрриў сыйқырлы ўақыяны бастан аяқ ядына салды. Ол былай деди: «Айдостың үйлениў тойы анық қызған ўақта, ол ҳеш кимге сездирмей, өзиниң бөлмесине кирип кеткен. Арадан аз ўақыт өтпей-ақ, оның жайынан гүрп етип атылған мылтықтың сести шыққан.

Ҳәмме бирден шаўқымлы залдың иши суў сепкендей тынған.

Арыўхан менен Сабырбай көпшиликтиң ишинде өз баласын көрмей сезиклениптиң: — Айдос қайда? —деп қышқырыўы менен баласының бөлмесине қарай жуўырған. Перийзат мылтықтың сестинен зәрреси ушып, турған жеринде талып қалған.

Ишке кирген Арыўхан еденде қызыл қанға боялып жатқан баласының денеси менен қос аўызлы аң мылтығын көрип: «Ўай-ўай, Айдос жаным, саған не болды?» — деп Айдостың денесин қушақлап бақырған ҳаялына жармасып бөлмеге кирген Сабырбай да бирден зарланып, баласының үстине жығылған ўақта, оның қолындағы қанға боялған жазыўы бар қағазды көрген. Ол қағазды алып, бетиндеги жазыўларын оқый баслаған ўақта ҳаялы сырлы хатты күйеўиниң қолынан қағып алып, тездей оның жазыўларына көз жуўырткан да, сол заматы туўрап туўрап аўзына салған. Буны Сабырбай көрип қалған ҳәм мениң дәслепки сораўымда ол ҳәммесин тастыйықлап өтти. Бирақ алдын ала тергеў ўақтында, Арыўхан, «Мен ўақыяның үстинде, ҳеш қандай хат көргеним жоқ, күйеўим албыраклап не көргенин өзи де толық билмейди. Ол биразға шекем талып жатты» дейди. Сол ўақтағы мениң үлкен қәтелигим Сабырбай менен ҳаялын жүзлестирип, «сырлы хат» тың дерегин анықлай алмай қалдым. Соның арасында Сабырбай да жүрегиниң тутанақлығынан өлип кетти.

Енди ўақыяға жаңадан айланайын, Арыўхан менен Сабырбайдың зарланыўынан есиктиң аўзында анталап турған адамлар да шуўласып бөлмеге кирген.

Олардың бәри де гуўа иретинде соралғанда Айдостың қызыл қанға былғанып, еденде жатқаны менен жанындағы қос аўыз мылтықты көргенинен басқа ҳеш нәрсе айта алмайды. «Сырлы хатты» олардың ҳеш қайсысы да көрген емес.

Сөйтип, тез жәрдем машинасы менен Айдос кеселханаға жиберилген. Тек усыннан кейин ғана биреў бул ўақыя ҳаққында милиция бөлимине телефон урған.

Айдостың аўыр жарасы жазылған менен оқтың салдарынан оның мийи шикасланып, екеслилеў болғанлықтан, ол кейин психиатриялық кеселханаға жатқарылған. Ал, врачтың айтыўына қарағанда, Айдостың аўҳалы аўыр көринеди.

Енди жыйнаган мағлыўматларыма, тергеў протоколының жумақларына қарағанда Айдостың өзин-өзи атып, өлмекши болыўына ҳеш қандай тийкар, ҳеш бир себеп жоқ. Оның хожалығы қурғын ҳеш нәрсеге мүтаж емес. Жуўмақлап айтқанда ис бойынша жыйналған материаллардан ҳеш қандай қылмыстың саңлағы көринбеди. Соның ушын бул ўақыя бойынша өзиңиз бир көрсетпе бермесеңиз, әбден басым айланды. Жигирма жылға шамалас оперативлик тәжирийбемде мен бунындай шийеленискен ўақыяны сирә көрген емес едим, — деди майор баянлаўын аяқлап.

Қылт етпестен силтидей тынып отырған Абдалов, алысты болжаўшы ойшыл нәзерин Абутовқа тигип: — Билесиз бе, жолдас майор, сизиң қолыңыздағы делоның ишинде еки жастың набыт болып, үзилген әрманы, басқаларға нәмәлим болған қупия сырлары бар. Оларды бүркеп, жаўып таслаўға ҳеш болмайды. Енди қалай болмасын еки жастың арасына түскен, «сарышөптиң» тамырын таўып, туқымын қуртыў керек. Ол ушын сизден айрықша искерлилик, изленийўшилик, шыдамлылық талап етиледи. Мениңше Айдостың анасы өз перзентиниң өзин өзи атыў себебин биледи. Бирақ, ол қандай да бир нәрседен қорқады. Соплықтан, ол «сырлы хатты» жутқан болыўы керек. Соның ушын Арыўханды айрықша қолға алып, оннан қатты сораў алыў керек. Әлбетте, Айдосты да екесли деп есаптан шығарыўға болмайды. Соның ушын психиатор врачтың жәрдеми менен оннан және сораў алың. Түсиниклиме?
—деди ол буйрық иретинде орнынан турып.

— Түсиникли! —деди майор да орнынан көтерилип.

* *
*

Абутов өзиниң алдына қойылған оперативлик тапсырманы орынлаў ушын тағы да кеселханаға келип, тәжирийбели врач пенен кең түрде сөйлести. Кейин

кабинетке Айдосты алдырып, оннан және сораў ала баслады: — Аўа, аўҳаллар қалай Айдос, жақсымысаң, мен саған мазалы алма әкелдим. Мине, тойғаныңша жей бер? — деди майор аўырыўдың ҳал-жағдайын сорап, өзиниң базарлығын мирәт етип.

Айдос қәдимгидей үндемди. Оның түр-түси солғып, кейпи төмен, ҳешким менен салыйқасы жоқ еди. Ол Абутовтың сораўына жуўап қайтармаған менен, қызғыны алманы қолына алып, қумарланып жей баслады.

Соның арасында Абутов алдын ала таярлап келген сораў тезиси бойынша тергеўге кирисип: — Айдос, сениң анаң сораў ўақтында бизге әлле қандай бир хат ҳаққында гүрриң еткен еди. Сен оны толықтырып, «сырлы хаттың» мазмунын толық айта алмайсаң ба?— деди ол аўырыўдың сана-сезимин қозғап, адасқан ақылын әҳмийетли ўақыяның ағымына ийтермелеп.

— Ана? —Айдос аўзындағы жеп отырған алмасын түкирип, бирден тыныңсызланды. Оның адырайған көзлери қанасына сыймай кетти. Көкиреги шыйқылдап, безгеги тутқандай қалтырап кетти.

— Ана, ҳа-ҳа-ҳа-ҳа!—Ол ашыўға шыдамай, орнынан өрре турды да, өз бетинше бақыра баслады,

— Ана?! Яқ, мени ана туўмаған, еситтиңлер ме? Мени қаншық туўған, Қаншық қаншық қаншық! Ол терезеге қарай мушын гезенип, аўзынан түкирик шашып, анасын аяўсыз қорлап масқаралай баслады.

— Тоқта Айдос, Арыўхан сениң туўған анаң ғой. Не себепли сен өз анаңды өзиң жаман көрип, оның аналық инабатына тил тийдиресең? —деди майор.

— Айттым ғой, мениң анам жоқ! Арыўхан мениң анам емес. Мен анасыз туўылған бахытсыз бендемен. Еситтиңлер ме, мен анасыз туўылғанман. Ҳа-ҳа-ха! Айдос даўысының барынша зарланып, жылап жиберди. Бирақ, оның қып-қызыл көзлеринен ҳеш қандай ығал шықпады.

Тәжирийбели врач Абутовқа қарай: «Тамам, аўырыўдың тағы да ақыл-еси айнызды» дегендей ым қақты.

Сол ўақта врачтың ишараты бойынша кабинетке еки санитар келип, Айдосты алып кетти.

Абутов шийеленискен ўақыяның қандай да бир әҳмийетли ушлығын тутқандай ишинен қуўанып, кеселханадан шықты: «Тәўбе, Айдостың ашынарлы аўыр сөзлери менен анасын аяўсыз қаралаўына қарағанда, бул ўақыяның келип шығыўында Арыўханның қандай-

да бир қатысы, айыбы бар көринеди гой. Арыўхан оны туўыў үйинде бөтен бөбекке алмастырып, асгыртып урлап алды ма екен? Өйткени, бунындай ўақыялар турмыста ушырасып қалады. Егер бундай болған жағдайларда бәри бир ол Айдосты емизген, өсирген, тәрбиялаған ана гой. Сонда неге?..

Сол күнниң ертеңине Абутов түрли планлар менен басын қатырып кабинетине кирген ўақта, бирден телефон шыңғырлады. Ол орнына отырмастан бурын трубканы алып: — Аўа, майор Абутов тыңлайды. Ҳә, ассалаўма алейкум, жолдас судья. Өзимдемен, яқ, яқ оншама бәнт емеспен. Арыўханнан сораў алмақшы едим. Әҳмийетли сөзим бар дейсиз бе, мейли, келе бериң күтемен, — деди де трубканы орнына қойды. Абутов шалбарының киссенинен гүмис түсли портсигарын шығарып папирос шекти. Сөйтип кабинеттиң ишинде арман-берман жүре баслады. Әйне усы ўақта қалалық судья Атабай Айманов есикти ашып:

— Мүмкин бе? — деди.

— Киребериң, Атабай Айманович. Сиз жүдә пухта адамсыз-аў, өзиңизди көп күттирмедиңиз, — деди Абутов дәрриў папиросын өширип, қалдығын пепельницаға салды.

Ишке, жасы елиўлерге жақынлап қалған орта бойлы, қарапарен, шеке шашы ағара баслаған, ала көзли, иймек мурын адам кирди. Ол Абутов пенен қол алысып, аманлық-есенлик сорасып, үлкен столдың қапталындағы жумсақ креслоға отырды.

Абутов оның алдына портсигарын ашып қойып:

— «Беломор», шексеңиз болады, — деди.

— Рахмет, мен «Беломорга» ҳәлсизбен, улыўма фильтерли сигаретти жақсы көремен, — деп ол киссесине қолын сугып майорға қарады.

— Мейлиңиз, шегебериң!

Айманов сигаретин алыстырып:

Әлбетте, сиз еле бизиң иннишектиң исин аша алмай атырган болыўыңыз керек, — деди аўзынан бууўдақланган көгис түтинди шығарып.

— Соны ашыў үстинде тынбай ислеп атырмыз. Бирақ, еле ўақыяның ушлығы көринбейди, — деди қолын еки жаққа жайып.

Айманов қысқа муртын асықпай сыйпалап: — Бул ўақыя сизден де бетер мениң тынышымды алып, басымды айландырып жүр. Жатсам да, турсам да көзим-

ниң алдынан той түни болған трагедия сирә кетпейди. Арамыздағы қатнасық салқынлаў болса да, Сабырбай мениң аталас ағам ғой. Оның меннен жақын ҳеш кими қалган жоқ. Екинши жағынан мен де юридикалық хызметкермен. Және сол түни болған ўақыяны көрдим. Сөйте турып сыртта бийтәреп жүре бериўге сирә ҳүжданым шыдамайды.

— Кеширерсиз, Атабай Айманович, сиз жаңа «Сабырбай аға менен қатнасым алыслаў ҳәм салқынлаў» еди дедиңиз бе? — деп майор судьяның сөзин бөлди.

— Аўа, солай. Бул сөздиң сизге ерсилеў көринге-нин сезип турман. Мейли, ашып айтаман: мен Сабырбай ағам менен аталас ағайын болсам да, хожалығымыз басқа, қатнасымыз сийреклеў адамбыз. Бир-бирееўимизге ишки сырымызды ҳәм айтыспайтуғын едик. Кейин мен көп жыллар бойы басқа районларда иследим. Оның үстине Арыўхан жеңгем де мени оншама жақтырмайтуғын еди. Мине, қатнасымыздың салқын болыўы усылардан, — деди ол суўық демин алып.

— Түсиникли, —деп майор әлле қандай ойға батты.

Айманов соның арасында гәпин даўам етип: — Жақында мен ҳаялымнан әжептәўир бир сөз еситтим.

Ол әлле қандай бир ҳаяллардың жыйналган жеринде районлық тутыныўшылар кооперациясының хызметкери Мәриям Тайырова деген жалғыз баслы ҳаял сөзиниң салтында, «Сабырбай аға өзиниң ҳарамысынаи ақыр өлип қутылыпты» деген. Сол ўақта бизиң ҳаял бул сөздиң шын мәнисине жақсылап итибар бермей, изин қуўаламаған. Мениңше жолдас Абутов, бул сөздиң астында қандай да бир «көмик» бар... Сол Мәриямды шақыртып алып, оның сандығын ақтартасыз. Сонда ис бойынша үлкен саңлақ билинеди деп ойлайман, деди ол.

Абутов бирден жаллапып:

— Жақсы жаңалығыңыз бенен келгениңизге көп рахмет, — деди ол миннетдарлық билдирип.

Айманов еситкен, билгенин асықпай айтып болды да, Абутов пенен хошласып кабинеттен шықты.

* *
*

Мәриям жасы елиўлерден асып кеткен, жүдә мәккар, ишинен тынған, жылўасы жүрек қытықлайтуғын «жүйрик» ҳаялларға усайды екен, Ол Абутовтың дө-

берегин шыр губелек айланып, ҳал-жағдайын сорасып:
— Нуржантай, сәл жерде мениң милициялық не жумысым болып қалды. Тап кеңсеге жетемен дегенше бууынларым қалтырап, миййме мыңсан еки ойлар келди. Әйтеуир изи парахатшылық гәппе, қәйним? — ...деди де, керме қасын қағып қойды.

— Еситиуимше, сиз бурынлары жүдә батыр, милицияны менсинбейтуғын Мәриямхан едиңиз ғой. Енди не, буншама қорқақ болып қалғансыз? —деди майор биле көре Тайыроваңы өзиниң сын тәрезисине салмақшы болып.

— Сизлердиң усындай ҳәзил сөзлериңиз бар дә қәйним. Мен дегениң милицияны муддасыл қәстерлеп, айрықша ислериңиз ушын жаныңызға сәддақ деп бас ийемен. Сени болса тап туўысқан инимнен де артық көремен, — деп Мәрям көзлериниң қарашығын ойнатты.

— Сизди тек бир мәселе туўралы азғантай сөйлесейик деп шақыртқан едим, — деди ол ҳә демей бул ҳаялдың исенимин беккемлеп, өзине қаратқысы келип.

Мәриямның бираз кеўили жибискен менен, көп адамды алдаған қатал жүреги сезиклениип: — Не хызметиң, не тилегиң болса уялмаң, тартынбай айтабер қәйним. Бәлким, көзиңиздиң қыйығы түсип жүрген жананыңыз бар шығар? Өзим оны бир бармағымда айландырып, дәртиңизге жаратып беремен, —деди ол жилўа-наздың барлық усылларын көрсетип.

Абутов бирден ашыўланғандай түр билдирип:

— Мирәтиңизге рахмет, бирақ мен хожалықлы, — бала-шағалы адамман. Мениң ҳаялым қаладағы жананлардың ҳеш биреўинен кем емес. Оның үстине мен сизиң ойлағаныңыздай бузық ойлы, жалатай адам емеспен. Мениң сизден сорайтуғыным, пүткиллей басқа нәрсе, әҳмийетли нәрсе. Әлбетте, сиз буннан үш ай бурын қаламызда болған қайғылы ўақыяны билетуғын шығарсыз?

— Сиз Айдосжанның үйлениў тойындағы болған ўақыяны айтасыз ба? —деп Мәриям майордың сөзин бөлип, алдында торға түскен бөденедей сайрады.

— Әнеқалас, өзиңиз ийнениң ушын таптыңыз, мине усы ўақыяның болыўына байланыслы не билесиз, не айтасыз? — деп Абутов Мәриямның ойнақлаған көзине қарады.

— Өйб-бей, қәйним, мен не билетуғын едим. Үйим басқа, хожалығым басқа. Бирақ, тойында болғаным ырас. Арыўхан менен бурыннан азғантай барыс-келисим бар еди, — деп Мәриям табан тиреп турып жуўаптан бас тартты.

Оның бир нәрсени билегөре айтқысы келмей, өжетлик еткени Абутовқа уиап, өзгеше тәсир етти. Ол өз ишинен қәҳәрге минип: «Яқ, мени бул жөгишилигиң менен алдай алмайсаң. Қалай болмасын сениң тилиңди сөйлетемен»... — деди ишинен.

Мәриям отырған жеринде тақаты болмай, өз-өзинен тынышсызлана баслады. Абутов оның түр-түсинде пайда болған өзгерислер менен тынышсызланыўдың сырларын сезгендей:

— Демек сиз Арыўхан менен Сабырбай ағаның арасындағы қупыя сырларды ҳәм аўыр ўақыяға алып келген себеплерди билмейсиз, солай ма? — деди ашыўланып.

— Яқ, билмеймен қәйним.

Абутов билекөре алдындағы жазылған қагазлардың бетине қарап: — Сиз жақында бир неше ҳаяллардың көзинше. «Сабырбай ага өзиниң ҳарамы ҳаялынан ақыр өлип қутылыпты»—деп айтқансыз. Сиз буидай сөзди неге тийкарланып айттыңыз?

Марьям бирден жыламсырап: — Ой-бей, мен ҳеш қашанда буныңдай сөзлерди айтқан емеспен. Берекет табың мени ол ўақыяға араластырмаң, өзим бир жалғыз баслы, кем кеўил ҳаялман. Сәл жерде бул күнимнен де айрылармап. Сизиң не керегиңиз, не тилегиңиз болса жаным менен питкерейин, —деп ҳаўлыққан түрде ҳәр нәрсени бир сандырақлады.

Абутов асықпай портсигарын ашып, папирос шекти. Кейин бурқырагап түтинди ерининиң арасынан шығарып: — Мениң тийкарғы талабым усындай шийеленискен ўақыя сырын ашыў. Егер сиз бул туўралы өзиңиздиң көрген,- билгенлериңизди ашып айтпасаңыз, мен сизди иркиўге мәжбүрмен ҳәм тийисли гүўалар менен жүзлестиремен—деди шешиўши түрде.

— Ақыры, буншама мениң не айыбым бар, билмеген, көрмеген нәрсемди қаяқтан айтаман?! — деп Марьям өтириктен жылай баслады.

— Яқшы, олай болса ҳәзир керекли гуўаларды алдыңызга алдыраман. Олар сизиң көрген-билгениңиздиң бәрин ҳәттеки, отыраспада айтқан сөзлериңизди де

мойыныңызға қойып береди. Бирақ, ескертип қояман, оннан кейин жуўапкершилигиңиз бурынғыдан аўыр болады. Қәне, шақырайын ба? — деп ҳаялға қарады.

Мәриям истиң қатаңласқанын сезгендей жылаўын қойып:

— Яқ, яқ, шақыртпаң. Егер мен Арыўхан ҳаққында өзимниң азы көп көрген-билгенимди айтсам, өзимди жуўапқа тартпайсыз ба? — деди еринлери қуўыспай.

— Егер өзиңиздиң тиккелей жинаятыңыз болмаса, биз сизди ҳеш қандай жуўапкершилекке тартпаймыз,— деп Абутов оны исендириўге урынды.

Мәриям төмен қарап терең ойға батты. Ол бираздан кейин жүрегин жаққан түтиндей демин шығарып. «Аўа, Сабырбай аға, өзиниң ҳарамы ҳаялынан ақыры өлип қутылыпты»... дегеним ырас.

— Не ушын олай дедиңиз?

Марьям бурынгысынан да бетер тынышсызланып еринлерин тислеп: — Бул үлкен ўақыя ҳәм биреўдиң қупыя сыры. Енди айтпасам болмады. Бирақ, кейин мениң басымды қорғаўға ўәде етип, кепил боласыз, өйткени мен бул ўақыяның ақыбетинен қорқаман, — деди ҳаўлығып.

—Ғам жемең, еле ҳеш бир адам сизге қолын көтерип, абай етип турған жоқ. Албырамай, арқайын айтаберiң? —деп Абутов ручкасын қолына алды.

Марьям өткен ўақыялардың басын жәмлестирип:— Буннан жигирма жылдай бурын бир күни мениң үйиме тосыннан Арыўхан келди. Сол гезлери ол жасы жигирма екилерге жеткен, жүдә сулыў мүсинли келиншек еди. Шай-суў ишип болғаннан кейин, Арыўхан әңгимени алыстан баслап: — Мен сизди ең жақсы көрген исенимли жеңгем деп сырласыўға келдим, — деди ол маған.

Мен жас келиншектиң астарлы сөзине дәрриў түсинип, — жеңгеңнен сирә қәўетерленбе? Қандай сырың болса ашып айтабер, —дедим.

— Өзиңиздиң басыңыздан да талай «саўдалар» өткен ғой жеңге. Өзиңе белгили, Сабырбай меннен он бес жастай үлкен. Ҳәм оның үстине өзи инвалид, урыста аўыр жарақатланған, қулласы мениңдей жас ҳаялға обал. Ығбалыма ырза боламан деп жаўанлық күнлерим менен ғумшаланған өмирим ғүл шығармай ақ өтип баратыр. Жақында ортаң қолдай бир жигит изиме түсип, ақыр кеўлимди бийлеп алды. Енди оның

менен ҳәз етип отырып қумар тарқатқандай оңаша жай керек болып қалды. Сизиң бир жайдың бос турғаны ядыма түсти. Ойлансам дым қойлайлы екен. Кирип шығатуғын қапысы да бөлек екен. Тийисли төлем ҳақыңыз бенен сарпайыңызды төбеңизден үйемен, — деди ол.

Мен оның тилегин қайтара алмай, жалына берген соң жайымның бос жағын бериўге қайыл болып, сол ўақытта қолына жайдың гилтин услаттым. Сөйтип Арыўхан өзиниң кеўиллеси менен қолайлы ўақытлары келип түни менен ишип-жеп, ерли-зайыптай таң атқанша шагал мәслик қуратуғын еди.

Абутов шыдамай: — Арыўхан сизиң үйге кимди ертип келди, ол жигитти сиз көрдиңиз бе, таныйсыз ба?— деп Марияммың сөзин бөлди.

— Яқ, көрмедим. Олар бәрҳама түнде келип, таңда кететуғын еди. Билесиз бе, ҳаял халқы барлық сырын бир-бирине айтысса да, бир дасстыққа бас қойысқан адамын жасырады ғой.

Абутов аўыр ўақыяның үстиндеги сығасқан қара булталардың серпиле баслағанын сезип: — Арыўхан сизиң жайыңызда қашанға шекем турды? — деди Мәриямның көзине қарап.

— Тап, тойының болатуғын күнине шекем.

Жигирма жылдан берли үйиңизге кимниң келип, кимниң кетип жүргенин сирә көрмедиңиз бе, сезбедиңиз бе, оған қызықсынбадыңызба ақыры? —деп майор таңланды.

—Айттым ғой, қәйним, жайымның кирип шығатуғын жолы да, есиги де, гилти де басқа. Оның үстине Арыўхан өзиниң «жигитин» ел жатып, ҳәмме уйықлап қалғаннан кейин ғана әкеледи. Оның да сумлығы басым ҳаял. Өзиниң бузықлығын, ким менен жүргенин тирига сездиреме. Ал, бирақ тап тойының алдынан Арыўханның бир «жигитин» тосыннан көрип қойдым: Түнде далаға шыға қойып едим. Қараңғыда оның менен бетлесип қалдым. Қарасам, ол Арыўханның қудасы Камал Муқанов екен. Ол да уялып ғырра кейнине қайтып. Арыўханның жайына кирип кетти.

Ертеңине азан менен Арыўхан маған жолығып: «Кеше түнде қуда менен оңашада тойдың таярлығын талқылаған едик. Ол байғус туалетке баратырып, сизиң менен ушырасып жүдә уялып қалыпты. Енди сиз сәл жерде буны тилиңизден шығарып жүрмең. Ҳәр түрли

гәп, сөзге, уятқа қаларман жеңге, — деди ол ескерткен түрде.

«Япырмай-ә, Қамал Муқанов?!» Абутов ишинен гүбирленип, әлле қандай ойға кетти. Сол ўақытта бирден телефон шыңғырлады, — Аўа, мен, болады, ҳәзир сораўымды тамамлап, алдыңызға киремен, жолдас начальник, — деп майор трубканы өз орнына қойды. Кейин Мәриямға қарап, — Яқшы, бүгин усының менен сөйлесиўимизди аяқлаймыз. Енди бул жерде айтылған сөзлерди ҳеш кимге, әсиресе Арыўханға еситтирмейсиз. Кешке таман үйиңизде болың. Мен, барып, Арыўханның жасаган жайын көремен. Сизде оның екинши гилти бар ма?

— Мәриям бирден шоршынып: — Арыўхан сол күнлери-ақ ол жайдың есиклерине бөтен қулп салды. Менде олардың гилти жоқ, — деди.

Абутов азғантай ойланып:—Мейли, ишки қулп болса, гилтин өзим таўып бараман. Енди мына протоколды өзиңиз бир қатар оқып шығып, астына қолыңызды қойың, —деди ол толтырылған протоколды оның алдына қойды да.

Мәриям еки-үш бетлик қагазды асықпай оқып болып, изине қол қойды да кабинетинен шықты.

Абутов өзиниң күнделикли офицер кийимин алмастырып, әйне айтқан ўақтында ҳеш кимге көринбестен Мәриямның үйине келди. Ол жерде азғантай отырып, Арыўханның «кирейге» тутқан жайын ашты. Үш бөлмениң ишин асықпай аралап, ҳәр бир затқа дыққат пенен қарап, итибар аўдаратуғын барлық нәрселерди, ҳәттеки кровать астында жатқан диз кийимлер менен иш көйлеклерди де сүўретке түсирди. Солай етип, ол затлардың бәрин де бир қатар хатлаған соң, өзиниң бурынгы жайында, сол қәлпинде қалдырды.

Гезектеги күн қолдағы ис бойынша жартыўлы жаңалық бермеген менен Абутовтың кеўлиндеги гүманына жан енгизди. Ол алдында отырған Арыўханға қарап: — Сизиң өз қудаңыз, Қамал Муқанов пенен қандай байланысыңыз бар?— деди сораўдың ақырына таман.

Арыўхан ҳеш ойланбастан сораўға жуўап қайтарып: —Барлық, қуда-қудағайдың өз-ара байланысы қандай болатуғын болса, меники де тап сондай. Бизлер де бир-биримиздикине барамыз, келемиз, алысамыз, берисемиз, — деди ҳеш сыр бермей.

Бул жуўап Абутовқа қатты тәсир етип, тула бойына тикендей шаншылды. Бирақ, ол өзин беккем тутып:— Мен сизден онындай қатнасықты сорап отырғаным жоқ. Жынысый жақтан қандай жақынлығыңыз болды? —деп атырман.

Арыўхан табанына тикен киргендей ушып түсип:— Сиз бунындай сораўды маған бериўге уялмайсыз ба?— деди ашыўланып.

— Бирақ, мен сизден тийисли мағлыўматларга тийкарланып ғана сорап атырман. Билдиңиз бе? — деди ол қолындағы делоның бетлерин ақтарып.

— Бәри де бийкар, мен ҳеш ким менен ҳеш қандай байланыс жасағаным жоқ. Сиз өзиңиздиң саяңыздан да гуманланатуғын хызметкер қусайсыз. Сиз ҳәзир ҳақ ҳаялдың бетине қара сүртип жала жаўып отырсыз. Мен үстиңизден тийисли орынларға арыз етемен, —деп Арыўхан тасыраңлап Абутовқа абай етти.

Майор мыйығынан күлип: — Ойланың кейин бул сөзлериңиз ушын уялып жүрмең. Ертеңге шекем ўақыт беремен, бәлким ақылланарсыз еле.

Арыўхан отырған жеринен турып: — Рахмет мәсләҳатыңызга, бирақ, мен ақылым тоқтасқан ҳаялман Ертең де айтатуғыным усы сөз. Ол ушын мени шақыртып ҳәлек болмай ақ қойың, — деди мурнын жыйырып.

Абутов ернин тислеп: — Ақылыңыз тоқтасса да, қызыўыңыз тоқтаспаған арсыз ҳаял екенсиз. Мейли, мына протоколды оқып шығып артына қолыңызды қойың, — деди жазылған қағазларды оның алдына жылыстырды да.

Арыўхан протоколды ерринбей еки-үш мәртебе оқып болып, изине қолын қойды.

— Ертең саат онда келесиз, ҳәзир боссыз, — деп майор орнынан турды да, қағазларын жыйнастыра баслады.

Абутов кабинетинен енди ғана шығайын деп атырғанда, ишке секретарь келиншек кирип: — Тәнҳа өзиңизге тийисли хат әкелдим. Нуржан аға, — деди де оған желимленген жабық конвертти услатып, өзи кетип қалды.

Майор отырмастан аяғында тик турып, адрессиз хатты ашты: «Сәлем Нуржан аға, мен Айдостың ўақыясы бойынша сизге өз билгенимниң бәрин қалдырмай айттым Нуржан аға, менде гирбеңдей гуна жоқ. Мениң еле ар-намысым таза, ҳужданым ҳақ қызбан. Бул жө-

нинде сизиң қолыңыздағы делоға судмедэксперт врачтың берген документи де тигилген. Билмедим, аға, не ушын Айдос буиыңдай ақмақлық исти нслеп қойды. Мине, енди мени де уятқа қалдырып, атыма үлкен дақ келтирди.

Кеше сөйлесейин деп Айдостың жанына барған едим. Ол мениң хабарымды да алған жоқ. Ҳәттеки, апарған базарлығымды да есик бетке қарай ылақтырып жиберди... «Кет, көзиме коринбе!» —дейди. Тәўбе, мениң не жазығым бар? Жылап, жылап қорланып үйге қайттым. Келсем, әкем де тислеиип, ишинен тынып отыр. Ол да мениң менен ҳеш сөйлеспейди. Сораспайды. Мен түни менен уйықлай алмай бул хатты жазыўға мәжбүр болдым.

Нуржан ага мен ис бойынша алдын-ала сораў ўақтында көрген билгенимди айтқан едим. Азанда өз басымды алып бул үйден, бул қаладан, мени таныйтуғын адамлар арасынан шығып кетемен. Қайда, барарымды ҳәзир өзим де билмеймен. Бирақ, кетиўим керек. Өйткени, ҳәмме маған қарайды. Ҳәмме маған бахты қара дейди. Ҳәмме мениң үстимнен түрли өсеклер таратып атыр. Соның ушын ендиги жағында ығбалымнан көрип, азан менен жолға шығаман. Сизден тағы бир мәртебе өтинип сорайтуғыным, мени айыплы деп ойламаң. Мен тек биреўдиң тоқыған торына түсип, бийгүна жанып баратырман. Мени излемең.

Перийзат».

Майор хатты оқып болып, ишинен суўық демин алды.

Әйне усы ўақта тосынан кабинеттиң есиги қағылды. Түрли ойдың тербеўинде отырған майор бирден есик бетке жалт қарап. — Кирең!—деди де, алдындағы хатты тезден шкафтың тартпасына тықты.

Ишке ҳаса услаған тәндар, ақ сақаллы ғарры кирди.

Абутов орынан өрре турып: — Ассалаўма әликум Байжан аға, бизиң кеңсеге де киреди екенсиз ғой. Қәне, торге өтип мына креслоға отырың. Аўа, ҳал-аўҳалыңыз қалай, бала-шағаңыз аман ба? Еле ғаррылыққа жеңдирмей жүрсиз бе? —деди әлле қандай хызмет пенен келген ел ағасының дөгерегин айланып, оның тынышсыз көзлерине қарады да.

Байжан ғарры өзине усынылған орынға отырып болып: — Рахмет, шарағым, ҳал-аўҳалым жаман емес.

Тек қолыма таяқ усалғаным болмаса... Ал иним, мен усы жасыма келгенше милицияхананың босағасынан атлағаным жоқ еди.

Бирақ, бүгин сыбайлас көшедеги айырым өсекшилердиң мылжың сөзине шыдамай ғыжырданым қайнап, сениң алдыңа келдим. Мениң жаныма батып турған нәрсе Сабырбайдың ауырмай-сырқамай тосаттан өлиўи өзиңе мәлим, мен ақыры, солардың көшесиниң ҳәм жасы үлкен кәтқудасы ҳәм жәмийетлик домкомы боламан. Соңлықтан да көшемиздиң жаңы ашыр адамлары тынышсызланып, бул ўақыяның қалайынша ҳәм қайдан келип шыққанын билиў ушын арнаўлы түрде мени сизге жиберди, — деди ол.

Абутов ериксиз салынып кеткен зилдей басын жоқары көтерип: — Дурыс айтасыз, Байжан аға, Шынында да Айдостың өз өмирине өзи усындай жарамсызлық ҳәрекет ислеўине ҳеш қандай себеп, тийкар жоқ. Бирақ, деген менен аянышлы ўақыя болып қалған. Ҳәзир күни-түни тынбай оперативлик тергеў жумысын жүргизип атырмыз. Жақын арада турмысқа итибарсыз қарап, тек өз басының ҳәзлигин ойлап қыянетлик ислеген айыпкерлер биротала әшкараланып, шерменделик өресине жипсиз таңылады ҳәм совет законына муўапық тийисли жазасын алады. Жақында бул қолымдағы жынаятлы ис биротала тамамланып, биз оны судқа өткеремиз. Мениң ойлаўымша суд бул исти өзиниң ашық мәжилисинде қараўы тийис.

Демек, егер сиз ерinбесеңиз соңда судқа қатнасып, қыянетшиниң ким екенин оз көзиңиз беиен көресиз ҳәм оның ислеген жынаятлы ислерин өз қулағыңыз бенен толық еситесиз. Мақулма? — деди ол үлкен сырдың әңгимесин қозғамай тек ушлығын билдирди де.

Көпти көрип, көп жасаған ғәрры Абутовтың ойына дәрриў түсинип: «мақул иним. Ашық суд болса әлбетте, қатнасамыз» Ол хошласып орнынан турды.

* *
*

Түн. Елдиң алды жатар-жатбастан, Абутов жанына еки-үш оперативлик хызметкер ҳәм көшениң комитет ағзаларын алып, Мәриямның «кирейге» берилген жайына аңлыў жүргизди.

«Қоразлар екинши мәртебе қышқырған ўақта қараңлаған биреў жайдың аўзына келип, есигин ашты да, ишке кирип кетти.

Арадан азгантай ўақыт өтпей-ақ Абутовтың сигналы бойынша оператив группа менен көшениң үш-төрт адамы жайға кирди. Қараса бөлмениң ишинде Арыўхан өзиниң ҳарамылыгын әшкара ететугын айғақ затларын жыйнастырып атыр екен:—Сиз биреўдиң жайына урлыққа түскениңиз жоқпа, — мына түйиншиктеги не нәрсе өзи, қәне бизде көрсейик? —деп майор гуўалардың көзинше түйиншикти шешип жиберди.

Арыўхан лал болып еденге шашылған өзиниң диз кийимлери менен иш көйлеклерине қарады: — Булар не өзи, оны қаяққа апаратырсыз? — Абутов бурыштай қызарган уятсыз ҳаял менен бетлести.

— Енди сиз баламның ўақыясын қоя берип, мениң диз кийимим менен иш көйлегимди тексериўге келдиңыз бе? Мейли уялмасаңыз қарап көриң? — деп аўзын толтырған алтын тислерин жарқыратып сөйледи.

— Сиз орыпсыз секирмең, иске байланыслы болса бәрин де тексеремиз. Ҳәммесинде көремиз. Ал, мениңше, балаңыздың аўыр ўақыясы, сизиң бузықлығыңыз бенен кимди ойнас тутып жүргениңизге байланыслы. Айтыңызшы, не ушын сизди өзиңиздиң балаңыз, баўырыңыздан шыққан перзентиңиз сонша жаман көрип, атыңызды атаганнан дәрриў шоршынып пәлет жоллайды? Бул бир, екиншиден сиз өткен сапары сораў алганымда бул жайдың есигинен атлаган адам емеспен, деп ант ишкен едиңиз. Сонда енди бул жерде не жумыс пенен жүр едиңиз? — деди майор.

Арыўхан безгеги тутқан адамдай қалтырап:—Жүдә иплас, ҳаяллардың ишки дүньясы менен нәзик турмысына түсинбейтуғын турпайы адам екенсиз, — деди.

— Қәне, затларыңызды стол үстине қойып, жайыңыздың гилтин бериң. Ҳәзир мына гуўалардың қатнасы менен акт дүземиз. Ал сизден шыңглап сораў алыўды милиция бөлиминде даўам етемиз? — деп Абутов стулге отырды да, папкасын ашып, қағаз-қәлемин шығарды.

— Дүзебериң, актиңизден қанша дүзсеңиз де ҳеш қорықпайман. Совет законында ҳаял-қызлардың қәлеген адамы менен жүриўине тыйым салатуғын арнаўлы статья жоқ. Ол жағынан да хабарым бар, — деди кийимлерин столдың үстине шашып жиберип.

— Ең алды менен сизди өз ҳүжданыңыз, аналық инабатыңыз қаралайды, — деп өз-ара сөзге көшениң комитет ағзасы, ақ шашлы ҳаял араласты.

Арыўхан жүйрик тилин жутып қойғандай үнсиз қалды.

Екинши ҳаял шыдап тура алмай:

— Мен сизди сыртыңыздан сондай тәртипли ҳаял, үлгили ана деп ойлайтуғын едим. Бирақ, биреўдиң ишки дүньясын билмей, сыртынан баҳа бериў қыйын екен. Пүткиллей жаңылысыппан, — деди аўыр гүрсинип.

Соның арасында Абутов актти дүзип болып, даўыслап оқып берди. Ҳәмме қолын қойды. Бирақ Арыўхан қол қойыўдан бас тартты.

Абутов ис ушын керекли, «айғақ» затларды Арыўханның өзине көтертип, оннан сораў алыўды даўам етиў ушын кабинетине ертип келди. Сөйтип ол өз орнына отырды да, столының тартпасындағы жазыўлы магнитофонын Арыўханга билдирмей ислетип: — Аўа, ол жайыңыз да кимлер менен қайсы ўақтан берли табысып» киятырсыз? — деди тумсығын көтерип, тосырақлап отырған ҳаялға қарап.

Арыўхан ашыўлы нәзерин майорға тигип: — Кеўилиме жаққан жигитлердиң көбиси менен журдим. Ҳәзир де жүремен. Жасым жаңа қырықтан өтти. Бул ҳаяллардыңең қумарлы, қызғын дәўири. Мен ойнас қылган жигитлеримниң көбисиниң атын билмеймен. Улыўма маған олардың атының кереги де жоқ еди. Қалай, жуўабыма қанаатландыңыз ба? Ҳей, Нуржан Абутович, сиз мени дуйым журтқа масқара етип, бийкарга әўереленип журсиз. Бәри бир маған ҳеш нәрсе қыла алмайсыз. Аўа, бир ўақлары мениң менен сизиң өзиңизде журдиңиз. Ол жайда талай ирет менин менен болғаныңыз ядыңызда ма? Әкелген сыйлықларыңызды жогалтпай көзимниң қарашығындай сақлап қойыппан. Неге таңланасыз, я бул сөзлерим өтирик пе? Неге бул жуўапларымды протоколға жазбайды? — деди ол ништерли тили менен майорды жыландай шағып.

— Уятсыз, арсыз, мен қашан сизиң менен журдим. Қайсы ўақта сизге қандай сыйлық алып бердим, қәне дәлилле?

— Ҳе, солай ма, олай болса сизде мениң басқа менен жүргенимди дәлиллеп бериң?

Абутов үндемеди. Ашыўы ишине сыймады.

Арыўхан бийҳаяшылыққа салып: — Билемен, сиз ишиңизден мени жек көрип, нағыз жуўҳа ҳаял екен деп отырсыз. Мейли, ойлай бериң. Буған мени бай турмыс пенен жумыссызлық жарамсыз ер менен тәнимдеги тасқын қызыў көтерип, сизлердей ғошшақ жигитлер жолдан шығарды. Бирақ, мен енди оған окинбеймен! деди ериниң қол орамалы менен сыпырып.

Абутов отырған жеринде сәл шалқайып, тартпаның ишиндеги жазып отырған магнитофонға көзиниң қыйығын салды да:

— Бул ҳийлеңиз бенен батқан батпағыңыздан шығалмайсыз. Соның ушын саўалыма конкрет түрде жуўап бериң. Қамал Муқанов пенен қай ўақтан берли ойнас қыла басладыңыз? — деп ол бойын жазыў ушын орнынан турды.

Арыўхан жуўҳалық пенен мыйығынан күлип: —Айттым ғой, Нуржан Абутович, бुннан ҳеш нәрсе шықпайды деп. Сиз мени босқа иркип, кир кийимлеримди қатлаўдың орнына керегиңизди талап етиң. Сөйтип бир мәмлеге келиң, мен сизден ақша түўе, жан тәнимди де аямайман. Менде бәри бар. Соның ушын қурғақ сөзди, кимлер менен жүргенимди мужий бермей тийисли нәрсе сораң. Не тилесеңиз де таўып беремен?! — деди ол Абутовқа.

Майор Арыўханға жеркенип қарады: — Сораў питти, кетебериң. Егер қорықсаңыз, қасыңызға милиция қосаман, үйиңизге шекем гүзетип салады, — деди ол қағазларын жыйнастырып.

Арыўхан орнынан турып: — Бул сораўыңызға протокол дүзбедиңиз ғой. Я айтқан сөзлерим кеўилиңизге жақпады ма? — деди Абутовты табалағандай.

Майор тартпасындағы жазып атырган магнитофонға қарап: — Сизиң айтқан сөзлериңиздиң бәри ядымда жазыўлы тур. Керекли жайында еле оқып еситтиремен, —деди де, тартпаны жапты.

* *
*

Гүўа иретинде соралған Қамал Муқанов әўели тиккелей жуўаптан бас тартып, ҳәр нәрсени бир шаймаласа да, кейнинен майордын «олай болса сизди Арыўхан ҳәм Мәриям менен жүзлестиремен» деген шешиўши сөзинен ақылына енип: —Аўа, Арыўхан менен жүргеним ырас. Бирақ, оның менен ойнас болыўға мени сол

ҳаялдың өзи мәжбүр қылды. Күйеўи жоқта мени үйине шақырып түрли аўқат пенен ишимликлер берип, қатнасымыз күшейип кетти. Ҳәр байрам сайын маған сарпай әперип, кем-кемнен жарана баслады. Бир күнлери ол маған наз етип, түрли жилўа менен қасын қағатуғын болды. Мен де ишимнен сезикленип: «Усы келиншек бир сумлықтың кестесин тоқып жүр-аў» деп ойладым.

Арадан және бир жыл өтти. Бир күни ярым ақшамда отырыспадан кейин киятырсам, Арыўхан алдымнан шығып:—Сиз мени қашанға шекем саўдайы етип қоясыз. Жолыңызда көзлерим саргайып, шыдамым таўсылды ғой, — деди де, бирден қушақлап алды. Бирден еркеклик сезимим ояныл, басым айланып кетти. Енди ги жағып, айтып нетейин, жигирма бесинде қайсы жигит қыз-жаўанның қырқ мың түрли жылўасы менен қызыўына шыдап турған дейсиз? Мен де тасқын жүректиң тербеўине шыдамай сол күни Арыўханның гүлине қондым.

— Сиз Сабырбай аға менен қыяметлик қоңсы бола турып, оның көзине шөп салыўға уялмадыңыз ба? — деди майор ашыўлы түрде. Қамал талақтай көгерген қалың ернин тислеп үнсиз қалды.

— Арыўхан сизге жаранып, өзине айландырыў ушын қандай сарпай ҳәм сыйлықлар берди?

Муқанов азғантай ойланып: Арадан өткен жигирма жылдай ўақыттың ишинде олардың бәрин ядта сақлаў қыйын, әлбетте. Бирақ, көзге көринерлик ирилерин айтайын: Мысалы мына қолымдағы алтын саат пенен ийнимдеги костюмим, үстимдеги нейлон көйлек, жемпир соның берген саўғасы. Енди булардан басқа ол түрли коньяклар менен шоколадлар, қымбат баҳалы суўлар менен жақсы сигаретлер берип турды.

— Сиз усы сымбатыңыз бенен ер адам бола турып, ҳарамы ҳаялдан ҳәр қыйлы сарпай ҳәм сыйлықлар алыўға ҳүжданыңыз қалай шыдады? Ал, енди Арыўхан менен ойнас бола турып, олар менен қалай қуда болдың? — деди оның бетине тигилип.

— Жаслардың өзлери табысқан соң оларға қарсылық ете алмадым. Оның үстине Арыўхан да егер қудақудағай болсақ, екеўимиздиң арамыздағы жасырын қатнасықтың жолы жеңиллесип «барыс келисимиз» елеспесиз болады ҳәм өз-ара байланысымыз ҳеш қашанда үзилмейди, — деди ол бети былыш етпей.

* *
*

Абутов қолындағы көлемли делоны азан менен асықпай және бир мәртебе көрип: «...Ис бойынша топланған материаллар ҳәм алдын ала гууа иретинде соралған адамлардың жууап сөзлерине қарағанда, Арыўханның әўелден бузық ҳаял екени, тағы оның өз қудасы Камал Муқанов пенен турақлы түрде ойнас қылғаны толық тастыйықланады. Демек, бул бузықлықтан хабарлы болып, ишин жанып жүрген жан күйер адам той ўақтында хат жазып, Айдостың киссесине салған болса, ол өз анасы менен қайын атасының ҳарамылығына арланып, ашыў үстинде өзин-өзи атқан болыўы керек. Енди сол ўақта аўыр ўақыяның үстине барып қалған Арыўхан өз айыбын жасырыў ушын кийеўиниң қолындағы хатты жулып алып, дәрриў жоғалтқан болыўы итимал»... — деди ол өз ишинен тынып.

Оны терең ойдың толғаўынан сораўсыз ишке кирген Арыўханның даўысы алаң етти, — Жолдас майор, меннен керекли сораўыңыздың бәрин бир жыйып қалдырмай алың. Ертең мен Ташкентке жөнеп кетежақпан,— деп ол отырмастан өкпели адамдай тосыраңлады.

Абутов алдындағы ашық делодан басын көтерип:— Ҳе, қәне отырың, ташкентлик қандай жумысыңыз шықты? — деди оның бир ўақлары Арыўхан деген атына ылайық болған түр-түсине сымбатына қарап.

—Бул жердеги врачлар жақсылап емлеўдиң орнына оның жинлисин шығарды, — деди нағыз ғамхор ана қәлпинде.

—Жүдә жақсы, ал бирақ, еле сизиң менен сөйлесежақ сөзлер, ашылмаған сырлар бар. Бәрекелла, өзиңиздиң келгениңиз тәўир болды. Болмаса ҳәзир үйиңизге шақырыў хат жиберейин деп отыр едим. Аўа, ҳәзир маған ис бойынша көп нәрсе аян болды. Ҳәттеки, балаңыздың не себепли өзине-өзи буныңдай аўыр қыянетлик-еткени де мәлим болып түр.

— Япырмай ә, не ушын балам өзин-өзи атқан екен?! —деп Арыўхан майордың алдын орап сөзин бөлди.

Абутов ҳийлекер ҳаялға бир қыялап, сыншыл нәзерин тикти де,

— Оны енди сизиң өзиңиз айтып бересиз, — деп мыйығын тартты.

Арыўхан дәрриў сезикленип: — Бул сизиң шыныңыз ба, я ойыныңыз ба? — деп орынан өрре турды.

— Бул жерде ойын болмайды, отырып айтабериң. Маған енди бәри айқын.

Арыўхан биразға шекем демин ишине алып, үндемей бозарып отырды. Оның қараўытқан көзи алдынан өткен ўақыялардың дизбеклери ҳәзир қара булттың саясындай салқын тәсир қалдырып жылжый баслады. Бир ўақлары ол көкирегин кернеген қорлықтың зәрдесине шыдамай бирден жылап жиберди. Көзлеринең атлығып шыққан ашшы жас еки бетин жуўып, барлық сырды бөгитлеп қойған қатал жүрегине қарай ақты.

Абутов тумбочканың текшесинде турған графин менен стаканды алып, — Мәрҳамат, азғантай суў ишип жибериң, дәрриў босасқан кеўилиңизди басасыз? — деди оған толы стакан суў усынды да.

Арыўхан бир уртләм суў жутып, сол заматы солқылдысып басты. Кейин үмитсиз ҳәм итибарсыз нәзерин жоқары көтерип: — Мениң енди не боларым болған қусайды. Мейли жазың, бәрин де айтаман, — деди аўыр гүрсинди де. Абутов бирден жапланып, — Айта бериң, тыңлайман, — деди қолына ручкасын услап.

Арыўхан еле де көз алдында думандай қапланып серпилмей турған тәсирли ҳәм трагедиялық ўақыяның бүркеўин ашып, — Мениңше ери жақсы, жарамлы ҳәм оны сүйстуғын ҳаял ҳеш ўақытта бузықлық ислемейди. Мен бул бузықлықты себепсиз, я мәсликтен ислегеним жоқ. Мен он алты жасымда өзимнен онбес жастай үлкен Сабырбайға турмысқа шығыўға мәжбүр болдым.

Бул ўатандарлық урыстың ең аўыр, турмыстың ең қыйын 1942-жылы еди. Анамнан, әкемнен жетим қалып, көзли болып отырған жалғыз дайымды паналадым. Бир күни жуўҳа жеңгем мениң басымды айландырып, Сабырбайдың қойнына салды. Сөйтип мен ериксиз түрде оның ҳаялы болдым. Күйеўим қурғын екен. Ҳеш нәрсеге зар болмадым. Тамағым тойып, кийимим пүтин болды. Арадан бир ай өтпей-ақ, Сабырбайды да фронтқа алып кетти. Ол 1944-жылдың аяғында фронттан жарадар болып офицер дәрежесинде үйге келди. Мен қуўанып, сағынғанымнан Сабырбайды қушақлап, оны қай жерге отырғызарымды билмедим. Ол да мени еркелетип қасынан айырмады.

Түнде төсек салдым. Бирақ, күйеўим «бүгин жалғыз жатайық, жарамның орны азар берип турыпты» деди. Мен күйеўимниң сөзине исенип, илажсыздан жерде жалғыз жаттым. Көпке шекем уйқым келмей, Сабырбайды қушақлағым келе берди. Бирақ, сөзине исенип уйқысын бузғаным жоқ...

Күйеўим ертеңине де ҳәм оннан соңғы күнлери де маған жақынламады. Мениң ашыўым келип бир сапары түнде оның қасына барып жаттымда: — Сен мени сүймейсең бе, я урыстан «тойып» қайттың ба? — деп сорадым.

Сабырбай мени әсте қушақлап, —Сен өкпелеме Арыўхан мен саған...

Бирден мениң қызыўым қайтып суўып кетти. Биразға шекем гә уялып, гә өкиниип үндемей жаттым. Кейин өзимниң төсегиме жатайын деп орнымнан турмақшы болдым. Бирақ күйеўим қушағынан шығармай, мениң шашымнан сыйпалап, —Сен мени жақсы көресең бе Арыўхан? — деди өз-өзинен тынышсызланған түрде.

— Билесең бе, мен саған қызлай тийдим. Ҳәм ығбалыма жазылғаны сен шығар, деп илажсыздан өмирлигиң болдым. Бирақ, мен өткен еки ярым жыл ишинде сениң көзиңе шөп салып ғыйбатлық ислеў түўе, ерлердиң бетине де қараған емеспен, — дедим қамсығып.

— Мен саған исенемен, Арыўхан. Ал, бирақ сениң көўлиңди табалмағаныма ишимнен қыйналып ҳәм уялып ҳәр нәрсени сорап атырғаным ғой. «Кеширерсең» деди ол суўық демин алып. Мен мийримсиз урыстың ақыбетинен усындай бахытсызлыққа, кемликке, қорлыққа дуўшар болған адамман. Енди неқылайын, сени сондай жақсы көремен ҳәм жүдә аяйман. Енди егер сеннен де айрылсам... Деген менен өзиң бил, бирақ абзалы мени таслап кетпе ҳәм мениң жыныслық жақтан жарамсыз болып қалғанымды ҳеш кимге айтыўшы болма. Бул сыр ерли-зайыплы екеўимиздиң арамызда көмилип қалсын. Болама, Арыўхан? — деди ол жалынышлы түрде.

Мен бирден терис қарап жаттым да, жүрегимди жандырған қорлыққа шыдамай жылап жибердим. Бирақ, кейнинен күйеўимди аяп дәрҳал басылдым. Сонда да оның менен бурынғыдай көўил ашып сөйлеспедим. Себеби, сол ўақыттан баслап мениң тула бойымды

қандай да бир салқын самалдың тәсири түршиктирип жиберди.

Аўа, мен тек күйеўимниң сонысына бола бузықлықтың есигин ашыўға мәжбүр болдым. Әлле қашаннан берли изиме түсип жүрген жигитке «яқшы» деп ўәде бергенимди өзимде билмей қалдым.

Сабырбай мениң ойнас тутқанымды ҳәм ким менен табысқанымды көп узамай-ақ билди. Бирақ өзиниң айтқан сөзин жута алмай маған ҳеш нәрсе деген жоқ. Қайтама мен бир күнлери жерик болып ойнасымнан қурсақ көтергенимде:

«...Меннен ҳеш қысынба туўа бер, егер ул туўсаң сени төбеме көтеремен»... деп өзиниң қуўанышын билдирди.

Биринши мәртебе «бетимди» ашқан адамның аўзынан бул сөзди еситип, мен жерге кире жазладым. Ҳәм оның алдында өзимниң ҳеш қандай айыбымды сезбедим.

— Кеширерсиз Арыўхан сонда сиз ең әдеп ким менен танысып, кимге ўәде бердиңиз?—Абутов оның сөзин бөлип, иске анықлық киргизбекши болды.

— Ал, енди ырасымды айтсам, мен турақлы түрде Қамал Муқанов пенен жүрдим. Қалғанларына кеўилимди ашқан менен кейин өз қәтемди сезип, дәрриў олардың сырлы соқпағына шеңгел көмдим,—деди ернин ериксиз тиследи де.

Абутов ийегин қағып: — Енди әўелги сөзиңиздиң даўамын айта бериң? — деди.

Арыўхан суўық демин алды да, — сөйтип мениң айы-күним питкен соң уллы болдым. Аўа, уятта болса айтайын, бул жерде мениң уллы болдым деўимниң себеби, ырасында да ол Сабырбайдың көзи алдында, оның ырзашылығы бойынша ойнасымнан тапқан балам еди. Бирақ, сонда да күйеўим мениң ул тапқаныма жүдә қуўанып ҳәм мақтанып: «Билемен жаным, сен елеге шекем меннен қысынып жүзиңди жасырасаң. Зыяны жоқ. Өйткени, усы бир тырнақ ушын сениң барлық гүнаңды әўел бастан кеширгенмен. Мейли, ол бала кимнен болмасын, бәри бир инсанғой...

Енди оны өз перзентимиз, келешегимиз, мийрасхорымыз сыпатында өсириў, әлпешлеў, тәрбиялаў, сүйеў керек...» — деди бир сапары шын кеўили менен баланы қолына алып.

Усы ўақта бирден мениң кеўилим бузылып, күйеўим алдындағы кешириўге болмайтуғын айыбымды көзимнен аққан жасым менен жуўыўға ырза болдым ҳәм оның айрықша мәртлиги менен адамгершилигине кеўилим толды.

Абутов қолын көтерип: — Енди мениң пәмлеўимше улыңызды Муқановтан тапқан болыўыңыз керек. Дурыспа? — деди Арыўханның сөзин бөлип.

Арыўхан бурыштай қызарған жүзин жерге тигип:— Оның анығын өзимде билмеймен. Өйткени, мен... мен бир адам менен бир адам менен жүрмеген едим. Сизлер Айдосты Муқановтың баласы деп ойлайтуғын шығарсыз. Оны қудай биледи, өзим ана болсам да оған кепиллик ете алмайман. Ал, бирақ турмыста ойламағаның ушыраса береди екен. Мен де әдеп буныңдай ўақыяның отында жанаман деп ойлағаным жоқ едим. Енди өткен иске арланғанымның ҳеш кәжети жоқ. Күйеўим айтқандай, «бәрине урыс», тек урыстаң ақыбети айыплы ҳәм турмыс пенен жаратылыстың талабы себепкер, — деди ол айтар сөзин аяқлағандай болып.

— Енди сиз аўыр ўақыяның үстин де жарақатланып жатқан балаңыздың қолынан алған хат ҳаққында айтың? — деди Абутов.

— Мен ол ўақытта баламның қолында да, күйеўимниң қолында да ҳеш қандай хат көргеним жоқ. Буны мен өзимниң биринши жуўабымда ақ тастыйықлап өткен едим, — деди пәтленген түрде.

Абутов жәдигөй ҳаялдың сур бетине қарап: — Яқшы, олай болса биз сизди усы хаттың сыры ашылып, барлық ўақыя ақырына шекем аян болғанынша иркемиз. Егер сонда да өз билгениңизди айтпай өжетлик ете берсеңиз бәлким прокурордың санкциясы менен қамаққа алыўымызда мүмким. Түсиникли ме? — деди барлық ҳақыйқатлықты оның алдына жайды да.

Арыўхан қас-қабағын түнертип: — Ҳе, қандай айыбым ушын мени иркесиз ҳәм қамаққа аласыз? — деди қәҳәрленген түрде.

— Ол жағын өзиңиз меннен де жақсы билесиз. Бул жерде жәдигөйликтиң сирә кереги жоқ. Ақыр, сизиң балаңыз өзин-өзи бийкарға атпаған. Оның өз өмирин зая қылыўына сизиң бузықлығыңыз баслы себеп болған. Айдос аршыл жигит екен. Енди билдиңиз бе? — деп майор Арыўханды жынаят исиниң айыпкерлер отыратуғын столына жипсиз таңды.

Сол ўақытта ол алдын ала таярланған қарарға муўапық иркиўге алынған Арыўханды дежурныйдың қолына тапсырып, өзи түслениў ушын кабинетинен шықты. Аўызда ол тосыннан Айманов пенен ушырасып қалды...

— Ассалаўма алейкум, Нуржан Абутович, мен асығыс түрде сизге киятыр, едим, — деди қалалық судья.

— Парахатшылық па өзи? — деп майор Аймановтың бетине жалт қарады.

— Мен бираздан берли Сабырбай ағамның басына жай салайын деп ғамланып жүр едим. Енди меннен басқа оның жан күйери жоқ. Сөйтип өткен күни отпускаға шығып қолым босады. Жаныма еки-үш жәрдемши ҳәм уста алып, бүгин азанда гербиш, цементимди машинаға жүклеп әўлийеге келдим. Машинаны сыртта қалдырып өзлеримиз әўели зиярат етейик деп Сабырбай ағамның қәбирине барсақ, ол ашылып қалған. Мен ҳайран болып қәбирдиң ишине түстим де ләҳәттиң аўзын жабайын десем, жайында Сабырбай ағамның денеси жоқ. Бирден зәррем ушып секирип қәбирден шықтым. Жанымдағы жолдасларымда аңтаң болып, жағаларын услады. Оны әлле қандай жыртқышлар алып кетти ме деген қәўетер менен қәбирдиң дөгерегин қарасақ онындай адам денесин жейтуғын жыртқыштың изи жоқ. Керисинше еки етиктиң изи бар.

Еки етиктиң изи бизлерди әўлийениң төрине қарай алып кетти. Бир ўақытта из таслақ жерге жетип, бирден жоқ болды. Оны әри қарап, бери қарап, ҳеш жерден шығара алмадық. Сөйтип, сүйегимизди таба алмай қуры сандалып үйге қайттық. Жанымдағы адамлар жағасын услап, өз үйлерине кетти. Мениң туўры сизге келиўим, — деп Айманов таң қаларлық ўақыяны қысқаша баян етти.

Аймановтың сөзине аўзын ашып қалған Абутов: — Тәўбе, онбес жыллық ис тәжирийбемниң ишинде бундай бәлени ҳеш еситпеген ҳәм көрмеген едим. Қәбирдиң айланасында еки етиктиң изи бар дейсиз бе? —деди тыныўсызланған түрде көзлерин қыпылықлатып.

— Аўа, еки адамның изи бар.

Абутов бираз ойланып турып: «Демек, Сабырбай ағаның тосыннан өлиўинде ҳәм енди оның денесиниң урланыўында қандай да бир жасырын сырдың, аўыр

жынаяттың шийеленискен терең тамыры бар» — деди ишинен қалың ернин сәл қыбырлатып.

Сол мәҳәли Абутовтың басшылығында машинаға отырған оператив хызметкерлер әўлийеге жетип келди.

Олар Сабырбайдың қәбиринде сақланған «уры» ның изине излеўши ийтти апарып, — «Тигр» изге! — деди.

—— «Тигр» изди алып тумсығын котерместен, әўлийениң төрине қарай тартты. Ол коплеген қойымшылықтың арасынан өтип, бир гөне қәбирдиң үңирейген аўзына келди.

Ийттиң изин ала жуўырып киятырған оператив хызметкерлер дәрриў бул жерге жетип келип, қәбирдиң ишине үңилди де, бирден бәри де артына шегинди. Олар қәбирдиң ултанында қанарға тығылған өлини көрди.

Майор оны сүўретке түсирип ҳәм қәбирдиң дөгерегиндеги гүманлы излерди гипске алып болган соң қолғаплы хызметкерлерге қарай: — Қәне, абайлап қанарды сыртқа шығарың? — деди.

Дәрриў еки жигит қәбирдиң ишине кирип, қанарды көтерип далаға алып шықты. Майор оператив сумкасындағы пенцит пенен қанардың аўзын буған жипти шешип, оны айғақ зат иретинде қағазға орады да кисесине салды. Кейин абайлап қанардың аўзын ашты:

— Астаўпыралла, бул Сабырбай ағаның денеси ғой!.. — деди тап усы ўақта әўлийеге жетип келген прокурордың жәрдемшиси.

Ҳәмме өлиниң еле бузылмаган бет-шырайынан Сабырбай ағаның денеси екенин таныды.

Сол заматы Сабырбайдың денеси өлиханаға апарылып, арнаўлы жоллама менен судмедэксперт врачқа тапсырылды.

«...Өликтиң жүреги туншықтырылып, деми жетпей тоқтаған, жынысый мүшесинде кемислик болмаған» Бул судмедэксперт врачтың өли денеге операция жасап болганнан кейин шығарған жуўмағы еди.

Бул ўақыя Абутовтың оперативлик картасына жаңа өзгерислер енгизип, тергеў жумысын бурынғыдан да бетер тереңлестирип жиберди.

Мине ҳәзир ол судмедэксперт врачтың шығарған документи үстинде терең ойға кетип: «Демек. Сабырбайды жаўыз нийетли жынаятшы туншықтырып өлтирген. Гәп сонда, мениңше Сабырбай баласының ўақыясына

байланыслы болған ҳәмме сырды билген. Ҳәм ақыр аяғында өзиниң ар-намысы менен адамгершилигин әдиллик тәрезисиниң бир жағына, аўыр жынаят пенен оны туўдырған қупыя сырларды оның екинши жағына салып, бәрин де әшкаралаўды ойлаған болыў керек. Оның бул мақсетин алдын ала сезген я өз аўзынан еситкен қыянетши, әлбетте Сабырбайды жоқ етиўге мәжбүр болған. Енди оны ким өлтирген дегенде гуманланыў картасына тек Арыўхан түседи. Ал, Сабырбайды өзиниң ҳаялы өлтирген болса, оның денесин кимлер ҳәм не ушын қәбиринен урлап, басқа гөрге жасырған?»...

Абутовты терең ойдың тербеўинен телефонның шыңғырлаған сести шығарды: — «Аўа, ҳә мәйли берип жибере бериң. Әлбетте, жерлей берсин» деп майор трубканы өз орнына қойды. Кейин ол ериксиз түрде кабинеттиң мүйешинде турған қанарға қарады. Оның көзине айғақ заттың сыртындағы тамғасы менен цифрлары түсти. «РП-№ 8456621» деп оқыды да: — «Тоқта, бул райпоның тары ғой, ҳәзир оны анықлаў керек?»... деди ишинен. Кейин ол қанарды үлкен бир қағазға орап алып, кабинетинен шықты.

Сол заматы ол райпоға барып, бухгалтериядан барлық келген товарлардың реестр документлерин тексертип. «РП № 8456621» — деген тардың райпога жүк пенен келип Қамал Муқановтың складына өткенин анықлады.

Сөйтип бул жөнинде ол райподан тийисли справка алып, кешикпей кеңсесине келди де, начальниктиң үстине кирип, қолындағы жынаятлы иске байланыслы болған кейинги ўақыяларды толық баян етти.

Подполковник Рахметов оның докладын дыққат пенен тыңлап болып:

— Яқшы, енди не қылмақшысыз? — деди майордың өз пикирин анық билмекши болып.

— Ҳәзир Муқановты шақыртып, оннан ўақыяға байланыслы қосымша сораў аламан ҳәм егер сиз ордер берсеңиз Арыўхан менен Қамалдың үйине тинтиў жүргизип, әўлийеде из қалдырған етиклерди табыўға ҳәрекет етемен, — деди майор.

— Мейли, оперативлик жумысыңызды айтылған тәртипте даўам ете бериң, —деди майордың пикирин мақуллаған Рахметов.

Муқановты шақырып келиўге кеткен милиционер бираздан кейин Қамалды үйинен де, кеңсесинен де таппай келди.

Абутов бирден аң-таң болып үнсиз қалды. Ол бираздан кейин ғана истиң насырға шапқанын сезип: «Ўақ нетесең, бағана оны бас салып иркиўге алсам болады екен. Улыўма жынаятшыны ҳәмме ўақ өзиңнен ақыллы, ҳийлекер, өткир деп билиў керек». Енди оны табыў ушын қанша ўақыт ҳәм оперативлик күш сарп етиледи. Ал оның берген пәнти бир бөтен...» деди ишинен суўық демин алып.

Муқановты излеў сол күни де, ертеңине де ҳеш қандай нәтийже бермеди. Өзиниң аўыр жынаятын сезип сөзсиз қамалатуғынын билген Муқанов ҳеш жерден табылған жоқ.

Сөйтип Султанова Арыўхан менен Муқанов Қамалдың бирликтеги ислеген жынаятлары бойынша екеўиниң де бас шарасын қамақ деп белгилеўге ҳәм Муқановқа пүткил союзлық излеў жәриялаўға қарар шығарылып, прокурордан санкция алынды.

Тек усындай үлкен күш арқалы излеўдиң нәтийжесинде Муқанов үш айдан кейин Қазақстанның Қарағанды қаласынан «Қасым Мақанов» деген ат пенен усланды.

Майор тезирек Муқановты көрип, оннан ақырғы сораўын алыўға асықты. Ол ишинен жынаятшыға қандай саўаллар бериўин алдын ала таярлап, әбден жүйлестирип азанда кеңсесине келди.

Майор кеңсеге кирер аўзында оған Рахметов ушырасып:

— Муқановтың бүгинги тергеўине мен де қатнасаман. Прокурорға да хабар етиң, я өзи, я жәрдемшиси келсин. Ҳәзир мен мына материалды машинисткага берип сизге киремен, — деди.

Олардың бәри жәмлесип болғаннан кейин, дежурный арқалы «КПЗ» да жатқан Муқанов алдырылды. Қамалдың әбден сықылы қашып, азып-тозып, түр-түси қашып кеткен екен. Ол отырғанларға кеўилсиз түрде «сәлем» дегендей басын ийзеп, нәзерин төмен салды.

Рахметов ийегин көтерип:

— Гражданин Муқанов, мына орынлыққа отырың,— деди узын столдың ақырында турган табуретканы көрсетти де.

Муқанов сүйрелип барып, өзиниң ҳал-дәрманы қашқан ауыр геўдесин орынлыққа таслады да, қыслығып суўық демин алды.

Рахметов алдындағы таяр сораўлардың текстине қарап:

— Әлбетте, енди сиз жынаятлы иске байланыслы болған барлық ўақыяны жасырмай айтасыз ғой, солай ма? — деди.

— Өзимниң көрген-билгенимди, өз қолым менен ислегенимди толық айтаман, —деди Муқанов ҳеш ойланбастан.

— Жүдә жақсы, ал онда сиз мына тамғаланған қанарды келип көриң, егер таныcаңыз оның сырлы тарийхын айтып бериң? — деп подполковник мүйеште жатқан айғақ затты көрсетти.

Муқанов қанарға бир қарап:

— Таныйман, ол мениң складыма тийисли еди, — деди.

— Ондай болса сиз бул қанарды қалай әўлийеге апарып Сабырбайдың «кепинлигине» айланганын айтып бериң?

Муқанов пружинадай қысылған мойнын сәл созып:

— Қашып кетпесимнен еки күн бурын Арыўхан үйиме келип:

— Ал, енди сениң де, мениң де бахтым қара болды. Органның хызметкерлерине бизлердиң өз-ара байланысымыз ҳәм ислеген барлық ислеримиз аян қусайды. Ертең бир күн екеўмиздиңде қамаққа алыныўымыз мүмкин. Соның ушын «аўырыўдың алдын ал» дегендей бизлер де өз ғамымызды жеўимиз керек. Тезирек изимизди жоқ етип, қара басымыздың ғамын жемесек, аяғымызға айырылмас тусаў салынып, мойнымызға шермендели жиби байланайын деп тур, — деди оңашада.

Мениң бирден зәррем ушып:

— Енди не қылўымыз керек? — дедим ҳаўлыққанымнан.

Ол маған қарай:

— Қәне, дәрриў бир бел менен қанар таўып, мениң изиме ер, әўлийеге барамыз, — деди шешиўши түрде,

Мен аң-таң болып:

— Сен жинлимисең, усы қара түнде әўлийеде не бар, бел менен қанарды не қыламыз? — дедим.

Арыўхан тисиниң арасынан сыбырлап:

— Сабырбайдың денесин өз жайынан алып, бөтен жерге жасырыўымыз керек, — деди қапы бетке жалт қарады да.

Мениң жүрегим суў етип, төбеме биреў тоқпақ пенен урғандай болды. Бирден тилим тамағыма тығылып: — Не себепли, Сабырбай ағаны өзиниң жатқан жайынан қозғап, басқа жерге жасырыў керек? — дедим таңланған түрде.

Арыўхан ашыўланып:

— Себеби, болмаса саған бул сырымды айтпас едим. Бол енди, тез қозғал. Ай туўмастан бурын үлгериўимиз керек, — деди ол буйрық иретинде.

Мен бираз ойланып! —Яқ, бул ўақытта мен әўлийеге алтын берсең де бармайман. Оның үстине Сабырбай ағаның тири күнинде көзине шөп салғаным аздай енди өлисине де қыянетлик қылайын ба? — дедим.

Арыўхан қатты пәтленип:

— Ҳәзир айтқанымды етпесең, тергеўде, «Сабырбайды қызғанып өлтирген усы», — деп бәри-бир саған жала жабаман. Сөйтип мойныңа «қара жипти» салып алды менен сени қаматаман, — деди барлық зәҳәрин маған жайып.

Нәтийжеде мен шақынан байланған малдай ериксиз түрде оның изине ере бердим. Солай етип айсыз түнде Сабырбайдың қәбирин ашып, оның денесин қапарға салдық та, әўлийениң төриндеги бир гөне гөрге апарып тасладық, —деди Муқанов мойнындағы «аўыр жүктиң» шийели түйинин шешкендей.

— Енди сизиңше Сабырбайды өлтирген ким дейсиз? —деп прокурор Муқановқа сораў берди.

— Әлбетте, Арыўхан өлтирген. Әўлийеден қайтып ол маған: «Сабырбайдың, «сырлы хаттан» хабары бар еди. Ол соңғы ўақта мен органға шынымды айтаман. Жас өмирлердиң ўақытсыз өшиўине айыпкер болып жүрмеймен, дей берген соң бир түнде оның басына сандықтың үстиндеги барлық көрпе-төсекти аўдардым да, тап көкирек аўзының тусына өзим минип отырып, туншықтырдым» деди. Сөйтип маған ол «сен басыңды алып қаш, болмаса мениң отымда жанасаң» деди. Мен шынында да қашыўға мәжбүр болдым», — деп Қамал төмен қарады.

— Гражданин Муқанов, сиз жаңа айтқан сырлы хаттың мазмунын билесизбе, ол жөнинде Арыўхан ҳеш

нәрсе айтпадыма деп Абутов бирден иркилип қалған Камалды ўақыяның ағымына салды.

Муқанов зилдей басын зорға көтерип:

— Яқ, мен сырлы хат жөнинде ҳеш нәрсе билмеймен. Арыўхан да ол ҳаққында маған өз сырын ашқан емес.

Жынаят истиң бетлерин ақтарып отырған Рахметов жазыўларға қарап:

— Гражданин Муқанов, сиз Арыўханның өз баласын кимнен тапқанын билесизбе, бул ҳаққында ол ҳаял сирә соз қозғамады ма? — деди сыншыл нәзерин Камалға қадады да.

— Яқ, билмеймен. Өйткени, Арыўхан тек мениң менен емес басқа адамлар менен де жүрген.

Рахметов орнынан турды да,Муқановтың қасына келип: — Яқшы, қәне сиз усы айтқанларыңыздың бәрин ҳәзир Султанованың мойнына қойып бере аласыз ба? —деди.

— Әлбетте, қойып беремен, — деди шешиўши түрде.

Рахметов майорға ийек қағып. — Султанованы әкелиң ҳәзир ол екеўин жүзлестиремиз? — деди.

Сәл ўақыттан кейин майордың алдына түсип, ишке Арыўхан кирди. Ол қапы бетке терис қарап турған Камалды көрип, бирден сескенип кетти. Бир нәрсе айтпақшы болғандай еринлери ериксиз қыбырлап, қас кирпиги тикендей шаншылды. Ол өзине усынылған стулге сылқ етип отырды да төмен қарады.

Рахметов алдындағы қағазлардан басын көтерип:

— Гражданка Султанова, сиз қарсы алдыңызда отырған гражданды танийсыз ба? — деди.

Арыўхан ериксиз жумылған көзлерин ашып:

— Таныйман, — деди бийпарўа түрде.

— Егер танысаңыз оның ким екенин, таныслық дәрежеңизди, араңызда болған байланысларды айтып бериң? — деп Рахметов майорға жазың дегендей ийек қақты.

— Оның аты Камал, фамилиясы Муқанов. Бир аўыз сөз бенен айтқанда, ол мениң екинши некесиз күйеўим. Мен өткен жуўапларымда оның менен қалай танысқанымды, ойнас болып, бираз жыл дәўран сүргенимди толық айтқанман. Оларды тағы да қайталап отырғым келмейди, —деди.

Сораўға районлық прокурор араласып:

— Гражданка Султанова, жынаят ис бойынша жәмленген тергеў материаллары менен табылған айғақ затлардың дәлиллеўине қарағанда, сиз өз ериңиз Нуржанов Сабырбайды биле гөре қастыяилық пенен өлтиргенсиз. Бул ырас па? — деди Арыўханның талақтай бетине қарап.

Арыўхан бул сораўды еситип, бирден силтидей тынды. Ол тергеўдиң барысында барлық сораўларға таяр болып, бел байлаган менен соңғы ўақыяның ақыбетинен өлердей қорқатугын еди. Сонлықтан да прокурордың саўалы оның жети жүйесинен өтип, ақыл ойынан адастырды. Ол енди өзиниң ақырына шекем әшкаралаңып ҳәм тергеўдиң әдил өресине жипсиз таңылғанын сезип:

— Аўа, өз еримди биле-гөре өлтиргеним ырас, — деди қалтыраған еринлерин аяўсыз тиследи де.

Рахметов бул аўыр ўақыяның аяныш лы картинасын көз алдына елеслетип:

— Не ушын ҳәм қалай өлтирдиңиз—деди жеркенишли түрде.

Арыўхан суўық демин алып:

— Мен Сабырбайға қызлай бардым ҳәм оның менен төрт жыл даўамында ҳадал турмыс кеширдим. Бирақ бул ўақыт ишинде мен көз жарып оннан тырпақ көрмедим. Сондай-ақ, оннан жыныссый ҳәзликте таппадым. Ол мениң кеўилсиз жагдайымды сезип, бир күни өз ықтыяры менен бузықлық жолына салып, «Мейли, қәлеген жигитиң менен жүребер, маған бала тапсаң болғаны» —деди. Мен еримниң ҳүждансызлыгына шыдамай ойнас табыўга мәжбүр болдым. Сөйтип күйеўимнен кейин етек ашқан адамым усы Қамал еди. Оның менен быйыл бәҳәрге шекем ерли зайыптай турмыс кеширдим. Енди ойнасымнан тапқан баламның үйлениў тойындагы аўыр ўақыядан бурын, абрайыңды төгип, барлық қылаўларыңды әшкаралайман ҳәм қаматаман — деди ол бир күни маған абай етип. Мен соңғы ўақлары еримнен олсыз да сезикленип жүр едим. Өз-өзимнен түрли ойға кетип, қалай болмасын оннан қутылыўды ойладым. Сөйтип, той күни ол да Айдостың өлиминиң үстине келип талып қалғанында, жыйыўлы жүкти оның үстине қулатып жибердим де көкирек аўзының тусына азгантай минип отырдым. Соң көрпе

төсекти алып жыйнап тасладым. Кейин қатты оқып көрдимде шайнап-шайнап жутып жибердим.

Рахметов прокурор менен нәзерлесип:

— Сиз сырлы хатты оқып көрдиңиз, ондай болса, ол хаттың текстин айтып бериң? —деди.

Арыўхан ериксиз түрде жасаўрап кеткен көзлерин бет орамалы менен сыпырып:

— Мейли, енди бәринде айтаман. Ол хатта — «Айдос, сен ақылыңа кел, ақмақ болма. Үйленип атырған қызың өзиңниң туўысқан қарындасың ғой. Ақыр, сенде Қамалдың баласысаң.. Инанбасаң анаңнан сора?»— деп жазылған, — деди ол көптен берли ыйығын басып жүрген аўыр жүктен қутылғандай жеңил демин алып.

— Хаттағы сөзлер ырас па? — Бул сораўды Султановаға отырғанлардың үшеўи де теңнен берди.

Арыўхан шырайы қашып, сөне баслаған бетин жасырып: — Ырас, мен балам билмей-ақ қойсын, қатпасығымыз буннан былай да жақсыланар деп едим. Буны ҳәттеки мынаў отырған Айдосжанның әкеси билмейтуғын еди, — деди төмен қарап сөйлеп.

— Сиз баўырыңыздан шыққан балаңыз бенен, көп жыл бойы бас қосқан қостарыңызға рехимиңиз келип, сирә окинбедиңизбе? Халқымыздың жыпысый дәстүрлерине иритки салғаныңыз кеширилмейтуғын қылмас екенин түсинбедиңизбе? — деп прокурор ақырғы саўалын берди.

Арыўхан жерге қарап отырып:

— Егер ойнаслықтың аяғы усындай болатуғынын алдын-ала билгенимде, мен ақмақ ериминиң сөзине ерип, бузықлықтың жолына ҳеш түспес едим. Енди судлай бериң!.. — деди ол жасаўраған көзлерин жумды да.

Майор Абутов қолындағы аяқланған жынаятлы ис бойынша айыплаў жуўмағының ақырғы сөзлерин жазып:

— Дурысында да турмыста ашылмайтуғын қылмыс ҳәм әшкаралапбайтуғын сыр қалмайды екен, — деди өткен ислерге өзинше жәбир шегип отырып.





# ТУЎЫСҚАНЛАР

*Повесть*

## БИРИНШИ БӨЛИМ

Темирши аўылының адамлары бурыннан соңға кеш жатып, ерте турыўға әдетленип қалған. Бүгин болса олар бурынғысынан да ерте таң алдында оянып, тамларының дүткешин ашты ҳәм ошағына от жағып, хожалығының машқаласына айналысып кетти. Соңынан жыйынлық кийимлерин кийип қоңсы-қобалар бир-биреўиниң үйине кирип: «Ҳайтыңыз қутлы мүбәрек болсын!» дести.

Соның арасында таранып-сыланып салланған қызлар бир қара үйге кирди де, шыңқобызын шертип жиберди. Оның жүрекке жағымлы жиңишке ҳаўазы кеўиллерди толқындай тербетип, Темирши аўылында сейилдиң басланғанынан дәрек берди. Айдар шашы желкесине түскен шоқ балалар үйлердиң арасында шаңқыласып, аталарынан, кемпир аналарынан, жеңгелеринен, жезделеринен ҳайтлық сорады.

Булардың бәри байрамның салтына өзгеше сән қосып, ҳәммениң кеўилин көтерди.

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ қараңғы түнниң пердеси думандай серпилип, көктиң шығыс жийегинен сарғайып күн шықты. Оның зердей шашырағап нурлары шоқ теректиң шақаларының арасынан сығалап, аўылдың шетиндеги бийикликте жайласқан Аманбай устаның ылашығына түсти.

Тап сол ўақта үйинен шығып, есигиниң алдында жол қарап турған Минайым деген жесир ҳаял: «Киятыр, мениң балам киятыр» деп қушағын жайып алға умтылды.

Қурбан ҳайт күни зықна байдың жумысынан зорға қутылып, азан менен өз үйине киятырған Мырзабай ақ шашлы анасын көрип: — Апа!—деп ентигип келип, оның қабарған қолынан алды.

Меҳирбан анасының жүреги елжиреп, тула бойы босасып кетти. Ол генжетайын көкирегине қысып: — Бәрекелла қулыным, «апа» деген тилиңнен айналайын, аўырмай, сырқамай аман-саў жүрсеңбе әйтеўир. Түнә лэм, өткен жылға қарағанда тәўир-ақ бойға тартып ақыл-есиң енип, жигит болып қалыпсаң, — деди ырза болған пишинде.

Енди он алты жасына қараған Мырзабайға анасының бул марапат сөзлери айрықша тәсир етип, оның көкирегин керпеген ишки дәртин қозғап жиберди. Ол өз-өзинен тынышсызланып, қамсыга баслады.

Соның арасында бираз маўқын басып, кеўилин жәмлеген жесир ҳаял бирден сезикленип: — ҳаў, саған не болды, я миййримсиз байдан таяқ жедиң бе, айтабер балам?—деди ол генжетайының солған жүзине сазарып қарады да.

Мырзабай биразға дейин ишинен силтидей тынып:— Ырасымды айтсам, мен аўылға ҳайтлап келгеним жоқ апа, тек саған перзентлик сәлемимди берип, қолыңнан алыўға ҳәм ҳалыңды билиўге келдим. Көрмейсеңбе, мениң үсти-басым ҳайт күни де жаңармады. Оның үстине пайда күнем, зықна бай өзиниң лебизинен тайып, ҳәмийшеги ҳайтлық пулымды да бермеди. Сол себепли саған қуры қол келгениме ишим ашып, қорланып турман. Айта берсем оның берген ызасы да, азабы да көп. Ҳәзир мениң көкирегим ызаға толып, ғыжырданым қайнап, сол мәккардың алқымынан алсам деген де ойым жоқ емес. Әттең, сени аяйман, болмаса оның таз басын памбардың астына тығып, көзин жойыўғада болар еди...

Баласының бул сөзлерин еситкен сайын анасының тула бойы титиреп, түр-түси түнерип сала берди. Дем алыўы тезлесип, көкиреги тығыла баслады. Көзлери жасаўрап, қарсы алдына түлкидей жымыңлаған Тәжимурат байдың сықылы елеслеп кетти: «Мениң өзим әзелий бала жанлы, баўырман адамман. Мырзабайыңды тап өз перзентимдей етип бағаман, әлпешлеймен, ҳайт сайын оның үсти-басын жаңартып, қатарынан кем қылмайман. Ал ер жетип, камалга келгеннен кейин Жумагүлди оған қалыңсыз бериўге лебиз етемен. Ҳәтте-

ки, олардың тойын да өзим беремен, сөйтип Баймақлы ауылы менен Қиятларды ағайинлестиремен. Еки бастан сен өзиңниң жесир ҳалыңа жети балаңды қатарға қосып, олардың бәрине қыз айттырып, қалың мал төлей алмайсаң. Туўры емес пе? Әне, буннан артық саған не керек, Минайым!»—деген еди ол сол сапары.

Жарлылық, пенен жесирликтиң қорлығын көрип, жәбирин шегип отырған Минайым байдың айтқанына илажсыздан қайыл болып тоғыз жасар Мырзабайын оның қолына жетеклетип жиберип еди.

Мине, соннан берли арадан жети жыл өтти. Бул ўақыттың ишинде Минайымның үш баласы сүзек кеселинен қайтыс болды. Асқар менен Мамытын мархум ерениң қарызы ушын өткен жазда мәрдикарға жөнетти. Ал Ырзасын болса күш күйеў етип Жуманияз жуўазшының қолына берди. Өзи болса мархум ериниң дәскелерин иаңалап устаханасында жалғыз қалды. Сөйтип ол биреўдиң шарқын ийирип, биреўдиң алашасын тоқып күнин көре берди...

Минайым әллен ўақлары өзине келгендей баласына қарап:—Ақылыңнан адас па, балам. «Сабырлы қул бара-бара шад болар» дегендей саған да бир бахытлы заман, теңлик дүнья, қуяшлы күп туўар. Соның арасында Тәжимурат байдың ўәделин күни жетип, Жумагүлди маған келин етип әкелерсең. Өз алдына шаңарақ көтерип, қатырыңа қосыларсаң, — деди ол үмитленгендей түри жайнап.

Бирақ, апасының бул сөзлери Мырзабайды қуўантыў орнына пүткиллей иренжитип жиберди. Ол сәл ашыўланып:

— Енди маған Жумагүл жоқ апа. Өткен күни Тәжимурат байдың үйине Қулым бий келип, оны Қалмурат қазының қыйтар баласына пәтия оқып кетти, — деди.

— Не дейсең? — Минайым табанына шөгиртек шаншылғандай секирип түсип, баласынан таңланған түрде қайта сорады.

Мырзабай апасының сораўын еситпегендей сазарып турды да:

— Сен мени Тәжимурат байдың қолына бийкар берген екенсең. Абзалы мен ата-бабамның кәсибин ийелеп алғаңымда ҳәзир агамның устаханасы бундай болып турмас еди. Бурынғыдай сандал үстинде балға ойнап, оның жаңғырығына пүткил темиршилер аўылы

қуўанар еди, — деп ол қапысы ашық турған устаханаға кирди. Жәи-жағына бир қатар қарап, шаңға батқан көрикти басты да, ошақтағы көмирди алыстырып жибер-ди. Кейин жатқан темирди алып, лаўлаған отқа таплай баслады. Темир кем-кем қызарып, нағыз балқыған ўақытта оны қысқыш пенен услап сандалдың үстине қойды да, жеделленип балғаның астына алды.

Бирден устахананың иши қәдимгидей жаңғырып, балқыған темирден жәи-жаққа күнниң нурындай болып ушқынлар шашырады.

Мырзабай аўыр балғаны жоқары көтерип усти-устине дөндирген сайын оның булшық етлери ойнап сала берди. Жүреги қанасына сыймағандай ҳалласлап, күш-жигери толқындай тасты. Көзлери қанасына сыймай пүткил ой сезими балғаның дәстине түсип тапланған темирге берилди. Ҳәп заматтың арасында ешейин темир ҳақыйқат қуралға айланып, жигиттиң шерин тарқатты.

Сөйтип ол ҳайтты да, сейилди де умытып кетти.

Дөгеректи жанландырған жағымлы сеске ҳайтлап жүрген адамлар да қулағын түрип: «Бул қалай, Аманбайдың себил қалған устаханасынан бир нәрсениң даўысы еситилеме? Мәрдикарға кеткен Асқар менен Мамыт келдиме екен? — дести таңланған түрде.

Муңлы жүрегин жубатып, перзентине миннетдар болған Минайым: — Бәрекелла балам, бүгин үйимизде қурбанлық шалынбаса да, әкеңниң қурал-әсбаплары қайтадан жаңлап, сейилдиң үлкени үйимизде болды. Мархум әкеңде саған ырза болып, оның руўхы жай тапқан шығар, — деп Мырзабайдың қара терге малынған маңлайынан сүйди.

Мырзабай хожайынына ўәде еткен күнинде, ҳайт тамам болғаннан кейинде «үйине» қайтыўды ойлаған жоқ. Азаннан кешке шекем устаханадан шықпай полат таплады. Анасы да оның ырайына қарап, ҳеш нәрсе демеди.

Жас дийқанын күте-күте көзи сарғайып, шыдамаған Тәжимурат бай ишинен сезикленгендей жетинши күни жесирдиң үйине жетип келди. Ол ат үстинен Мырзабайға абай етип көрген еди, бирақ еле қәҳәри басылмаған өзимшил жигит байдың абайынан сескенген де жоқ. Тәжимурат дәрриў тәсилин өзгертти де:

— Ўәй, нетесең, сен аршадағы ҳайт тоныңды да кийинип кетиўди умытыпсаң. Алжыған апаңда оны

өзлигинен шығарып саған бере қоймапты. Мейли, зыяны жоқ, ҳәдемей оразаның ҳайтыда жетип келеди. Қайтама оған дейин сениң кийимлериң таза турады. Аўа, үш төрт күн қыдырып бойыңды жазғаныңда жақсы болған. Енди жумысқа жаңа күш пенен жеделлениң киришесең. Қәне, тезирек жүре гой, балам. Ертеден үйге барып, дәрриў арба қосыўың керек. Жаңқа суў ашылмастан бурын жерлерди бир тегис төгип, бәрин де қалдырмай сүрмесең болмас. Әсиресе өткен жылғы жүўериниң орны жүдә арықлап кеткен екен, — деди ол жумсақ сөзи менен жас дийқанын жетегине алғысы келип.

Бирақ, мәккар байдан биротала түңилип, кеўли қалған Мырзабай оның марапаты менен майлы тилине қулақ аспағанлықтан:

— Енди арбаңызға Қалмурат қазының ерке баласын әкелип жеге бериң. Мен мутыңа ислейтуғын мәжигүн емеспен, — деди ол хожайынының көзи, жүзи демей араны ашым-айрық қылғысы келип.

Бул сөзлер Тәжимурат байдың жүрегине оқтай қадалып, тула бойын қалтыратып жиберди. Оның қәҳәри көкирегине сыймай, сол турғанда Мырзабайды қалай болса солай түтип жеп қойғысы келди. Әттең, барлық айып оның өзинде болған соң ҳәзир қыр көрсете алмай ғыжырдаңы қайнап илажы қурыды. Оның үстине ақыл еси тоқтасқан аршыл жигитти қурғақ сөз бенен енди қолына түсире алмайтуғынына көзи жетип, илажсыздан ишкерилеўге мәжбүр болды. Сөйтип бир шайнек шай менен дастурханның қасында отырып Мийнайымның басын айландырыўды мақул көрди. Оның бул ҳийлекерлиги ҳә демей иске асып, жесир менен тил табысып, улыўма келисимге келди. Өз-ара шәрт бойынша Тәжимурат бай Мырзабайдың мутқа жүрген хызмети ушын, оған енди өзиниң екинши қызы Сапаргүлди бериўге ўәде етти ҳәм ўәдесиниң бериклиги ушын ол Мийнайымның алдында, қарый молланың қатнасыўы менен нан усласып ант ишти.

Сөйтип анасының сөзин аяқ астында қалдырғысы келмеген Мырзабай қайтадан Тәжимурат байдың есигине жипсиз байланды.

Жумагүл әкесиниң антынан тайып, Мырзабайға қыянетлик қылғанын ҳайт күни азанда еситип бирден өзгерди. Оның гүлдей жайнаған шырайлы жүзи кем-кемнен сазарып, гәўҳардай жанған қара көзлери түне-

ре баслады. Жас жүреги жараланғандай сызлап, қорлық ҳәўпри көкирегин кернеп: «Бул не деген арсызлық ўапасызлық, мен енди Мырзабайдың бетине қалай қараймап, қатар қурбы қызларыма не деймен? Жети жасымпап атастырып, дуйым журтқа жәрия етип қойған адамның жүзин солдырып, жас жүрегине жазылмас жара салғанымша мениң енди өлгеним жақсы» —жайына сүйретилип кирди.

Ол төрдеги төсекке өзин таслап ыңырана баслады.

Жумагүлдиң изип ала ишке кирген жеңгеси менен қурдаслары ҳайран болып: — ҳаў, демниң арасында саған не болды, я бир жериң аўырама? — деп сорады олар. Жумагүл ҳешким менен сөйлеспестен ыңырана берди.

— Айтсаң-ә «Айқыз», усы сен ырастан да нахошпысаң я жаңа күйеўдиң ҳайтлап келмегенине кеўлиң толмай назланып атырсаң ба? — деп жеңгеси әлпайымлылық пенен бийкешиниң қасына отырды.

Жеңгесиниң ҳәзил сөзи Жумагүлдиң ашыўын келтиргенликтен:

— Сен сондай сөзди айтыўға уялмайсаң ба? — деди жаслы көзлерин мөлертип. —Алды менен сен табалаған соң басқалар не демейди?

— Өйб-бей, жеңгеңниң ойын сөзинде көтермейсең бе? «Қәне тура ғой енди, тезирек сейилге барайық? — деп мәс келиншек Жумагүлдиң аш бүйирин қытықлады.

— Мен сейилге бармайман, өзлериң кетебериң,—деп Жумагүл басын көтермеди.

Бул сөзди еситиўден тақаты шыдамай, қыстанып турған қызлар төңқылдасып иштен шықты да дәрриў арбаға минди.

Ал, бийкешиниң минезине түсинген сәтең келиншек енди сейилге барарып да, бармасын да билмей турған жеринде силейип қалды.

Жумағүл әлле не ўақлары:

— Мен ушын жолыңнан қалма жеңге, қызлар менен кетебер, — деди аянышлы түрде.

Жас келиншек бираз ойланып турып:

— Сени қалдырып жалғыз өзим сейилге кетсем, қайтып маған бул үйдиң босағасын атлаў жоқ ғой бийкеш, — деди суўық демин алып.

Жумагүл жеңгесин аяды, бирақ оның менен ҳайт ҳайтлап, сейилге барыўды енди сирә ядына алған жоқ.

Ол ҳешким менен сөйлеспестен сулық болып жата берди.

Арадан бир ҳәпте өткенде, ол Мырзабайдың қайтып келгенин еситип орнынан турды. Дәрриў майданға шығып тасалаў жерде оның менен жүзлесиўге, сырласыўға, өзиниң арзыў-әрманын айтыўды ойлады. Бирақ, сол күни Жумагүлдиң оның менен ушырасыўына сирә қолайлы ўақыт, оңаша жер гезлеспеди.

Сөйтип, оның өкиниши ишине сыймай илажсыздан өз орнына келип жатты. Түни менен уйқысынан айрылып, түрли ойға батты.

Жумагүл кейинги күнлери де Мырзабай менен сирә ушыраса алмай болажақ айралықтың дәртинен басы айланып, тынышынан айрылды. «Мырзабайды қалай көрип, оған өзимниң садықлығымды билдиремен, я сырымды жеңгеме айтып, сол арқалы байланыс жасаўға ҳәрекет етсем бе екен? Бундай сырды жеңгеме айтыўға болмайды-аў, бирақ. Аўзында сөз турмайтуғын сабырсыз нәрсе, қайтама ол мениң сырымды қоңсы-қобаларға әшкара етип, масқарамды шығарар... Жақсысы барлық ҳәрекетти тек өзим бежериўим керек. Ол ушын ертең түнде өзим Мырзабайдың жатқан жерине барып, барлық сырды ашсам уят болмас-па екен! Әлбетте, бул тәўекелшилик маған да оңай емес. Енди не қылайын басқа илажым жоқ. Егер ҳәзирден баслап сырды ашпасам, Мырзабайдың мениен биротала безиўи мүмкин», —деп ойлады ол.

Түн. Ҳәмме бир тегис уйқыға кетип, Тәжимурат байдың ҳәўли ҳәремине тынышлық шөкти. Дембе-дем түңликке қарап тақаты шыдамай жатқан Жумагүл ярым ақшамда орнынан турып, ҳешкимге сездирместен далаға шықты. Ерте бәҳәрдиң өлпең самалы қумарлы сезимин бурынғысынан да бетер қозғап жиберди. Бирден оның жас жүреги дүрсилдеп, көзиниң алды булдырап кетти. Аяғының бууынлары қалтырап, мийи айлана баслады. Бирақ, сонда да ол өз жолынан адаспай, аткөнектиң жанындағы иргелес жайға барып кирди.

Шыпт уйқыда ҳәз етип жатқан Мырзабай әлле кимниң сыбырлаған сестинен шоршып оянды. Ол уйқылы көзин ашып, есик бетке жалт қарағанда, қазыққа сүйенип турған Жумагүлди көрип:

— Ҳә, бул жерде сен не қылып жүрсең? — деди ҳайран болып.

Жумагүл айтажақ сөзин неден басларын билмей тартынып:

— Мырзабай..? сен мени айыплама, мен саған ҳәмийше садықпан. Билесең бе, бул хабарды еситкеннен берли мениң қуры сүлдерим жур. Хорлық пенен уяттан ҳеш кимге тикленип қарай алмайман. Илайым, мениң басыма түскен бул саўданы ҳешбир қыздың тәғдирине жазбағай. Мен арадағы барлық тосқынлыққа қарамай уятты да қойып, сениң менен сырласыўға келдим. Мениң ар намысым да, ышқы муҳаббатым да өзиңсең. Енди мейлиң, ерк өзиңде, қалған жағын өзиң бил, мен бәрине де қайылман, — деди ол қараңғыда қамсыгып.

Мырзабай оның бул сөзине, не жуўап айтарын билмей албырақлап:

— Кеширерсең Жумагүл, мен шынымды айтсам сени бундай етеди, деп ҳеш ойлаган жоқ едим. Ҳәзир өзиңди көрип, сөзлериңди еситип ҳеш нәрсеге ақылым алыспай тур. Сен болсаң енди Қалмурат қазының баласына атастырылғансаң. Ендигиден былай бизиң өз-ара жасырын байланыс жасап, қыпсаланып журиўимизге ҳеш — қандай мүмкиншилик жоқ. Егер сениң усы ҳәрекетиң сезилип, я жаңағы айтқан сөзлериң еситилип қалса мийримсиз әкең екиўимизди де тирилей жерге көмеди. Абзалы, әке-шешениң тилеги менен шарияттың буйрығына қарсы шыгып өжетлик етиўге болмайды. Ол ўақтында басыңа қар орына қаргыс жаўып, еки көзиң ағып түседи.

Бирақ, Жумағүл оның өзгелерден еситкен ырымшыл сөзин бөлип:

— Мырзабай, әўели қудайдың да, әкемниң де, қала берсе өзимнинде тилегим бойынша сениң бахтыңа жазылғанман. Сонда сен недеп қорқып, меннен безгиң келип тур? Я мени қәлемейсең бе?—деди ол жаламсырап.

— Олай деме Жумағүл. Әўели ҳеш нәрсеге түсинбейтуғын, ҳеш нәрсени билмейтуғын едим. Еки үш жылдан берли барлыгына да ақылым жететуғын болды. Тек сениң ушын усы үйдиң оты менен кирип, күли менен шығып азапқа да хорлыққа да шыдап журмен, —деди қысынғанлықтан усти үстине тутлығып.

— Сонда неге сен мениң сөзимди тыңламайсаң?..

— Тыңлағанда не қылайын?!

— Мени жылатпайсаң, сен аласаң. Ақыры мени саған жети жасымнан атастырып қойған... —деп Жумагүл оның жанына келип отырды.

Мырзабай қара терге батып албырап:

— Енди мен сени қалай аламан, алған менен қаяқларға апарып, кимдикине қояман. Биреўдиң пәтиялысына қалай неке түседи? Сен усы жағын ойлайсаң ба? —деди.

— Өзге журтқа, дәрьяның қубласына өтип кетейик, —деди ол Мырзабайдың қолынан услап.

Мырзабай дым үндемегеннен кейин:

— Яқшы, онда ертең усы ўақта мени күт, соған дейин ойлан. Мен келемен,— деди қыз кетип баратырып. Сол сапары түни менен Мырзабайдың әбден тынышы кетип, ойлана-ойлана мийи ғыр болды. Қыялына тәғдирдиң жоллары өте алмайтуғын бекиниске айланғандай болып көрине берди.

Оның мәниссиз ойын байдың үйине киятырган миймanлардың ғаўырлысы бөлди. Ол үйреншикли әдети бойынша қонақлардың алдына жуўырып шығып, алдыңғы атлының жылаўын тутты.

— Тәжимурат таз үйинде ме? — деди бөктергиге белин тиреп, ат үстинде гүжирейип атырған қырма сақаллы Қулым бий жас дийқанға қарап:

Мырзабай өзиниң хожайынын кемситип сөйлеген бийге кеўли толып:

— Бар ғой, аттан түсип ишкерилей бериң бий аға,— деди.

Қулым бий өзине тән менменлик пенен Мырзабайға бир қырын қарап:

— Тур хожайыныңды шақыр. Ол мешкейдиң бүгин бизди күтиўге шамасы бар ма, я бирдейгидей жол оқыйма екен? — деди сутхор байды мысқыллагандай болып.

Мырзабай жаз есикке қарай жуўырып баратырған ўақта Тәжимурат байдың өзи ишкериден шыгып, мәртебели мийманларды көрди де.

— Әнеқалас, өзим де сизди қурбан ҳайттың артынан келер, деп үйден шықпай жол қарап отыр едим. Мине, өзлериңизди қудай айдап келди, — деп бийдиң қолынан алды. Оны ат үстинен өзи түсирип, қасындағы адамлар менен де бир қатар сәлемлести. Кейин оларды ғалы, гилем, шайы көрпешелер төселген мийманханаға алып кирди. Соның арасында байдиң үйинде мал сой-

ылып, нан жабылып, еки қазан атландырып жиберилди.

Миймаилардың алдына жайылған дастурханның үсти сүтке ийлеген шөрек пенен шақа набатқа, ғүнжи ҳалўа менен ирецли пешпекке, шағылған ғоз бенен қуўырылган мөженеге үйилди.

Қос көпшикке жамбаслап, жазылысып жатқан Қулым бий шай үстинде майдалап сөз баслады:

— Елимизде биз билмеген ўақыялар толып ағыр екен. Жақында Орынбордан қайтып киятырган Адамбай дилмаш мениң қәдирли қонағым болды. Оның өзи ел-журтты аўыл-аймақты көбирек гезип, уллы дәрежели адамлар менен отырысып, көплеген жаңалықларды биледи екен. Аўа, оның айтыўынша усы айдың басында ақ патша тахтан қулап орнына ўақытша ҳүкимет орнапты.

— Әстапыралла, ырас айтасыз ба? — деп Тәжимурат бай бийдиң сөзин бөлди.

Қулым бий геўдесин көпшиктен көтерип:

— Тәжеке, бурынлары мениң өтирик айтқан сөзимди еситиппе един?—деди байға өткир көзин бежирейтип.

— Яқ, яқ, сиз мениң таңланғанымды кеўлиңе келтирмең. Ақ патшамыз тахтынан қулады деген соң қалай қыйналмайсаң, қалай таңланбайсаң. Оны қандай адам, қандай күшлер журексинип қулатты екен? — деп барлық сыясаттан артта қалған гөрсаўат бай сыбырлап сорады.

Қулым бий қайтадан көпшигине жамбаслап:

— Ақ патшаның тутымына, жүргизип атырған сиясатына үлкен заводлар менен фабрикаларда ислейтуғын рабочийлар, помещиклер менен ири кулаклардың қараўындагы дийқанлар, армияда хызмет етиўши жай әскерлер менен мекемелерде ислейтуғын әпиўайы интеллигентлер қарсы шығып көтерилис баслаған. Сөйтип олардың ўәкиллери, ақ патшаның сарайына келип, оның тахтан түсиўин талап еткен. Мине, бул күшлердиң бәрин уйымластырып, көтерилисти баслаўға басшылық еткен бир адам дейди.

— Япырмай, ол адам ким деген екен? —деп бираздан берли әңгимеге араласпай отырған қонақлардың биреўи Қулым бийден сорады.

Қулым бий дилмаштан еситкенин ядына түсирип:

— Балшой-Ленин деген биреў қусайды, — деди.

— Ким дедиңиз.

Үй ийеси менен қонақлар бул атты ядлап алғысы келгендей қайталап сорады.

— Балшой-Ленин!

Тәжимурат бай көзин алартып:

— Астапыралла, ол қандай адам екен? — деди жағасын услап.

Қулым бий кесесиниң ишинде ғыр айланып жүрген кишкене шәмбеге қарап:

— Ленин жүдә оқымыслы, көпти көрген, көп еллерде болған, талай ирет үйге түсип, сүргинлерге айдалған омыраўлы адам қусайды. Дилмаштың айтыўы бойынша ол тек рабочийлар менен жарлыларды ғана жақлайтуғын көринеди. Ал, биз сыяқлы бий төрелер менен байларды қас душпаны деп билетуғын қусайды.

— Ўай, бой, онда балшойың, ҳақыйқат бизиң жаўымыз десе. Енди ол адамның қалған жағын сыпатламай ақ қойың. Жақсысы, ол адамның ҳәмирин Әму жағасына жеткермеў ушын тезирек бир илаж көриў керек екен. Болмаса...

— Болмаса сиз Қалмурат қазыдай атақлы адам менен қуда бола алмай үйиңиздеги қызыңызға да, мал-дүньяңызыға да есигиңиздеги жүрген жарлы диййқаныңыз ийелик етеди, — деп Қулым бий байдың айғажақ сөзин бөлди.

Тәжимурат бай төбесинде түги жоқ тақыр басын ийзеп:

— Дурыс айтасыз, ҳүрметли бий. Соның ушын өзиңиз ертерек барлық бийликти қолға алып, тийисли адамлар арқалы Ханмақсым менен байланыс жасаўға ҳәрекет етиң. Садағасы кетейин ол адамның, ол адам бизлердиң ҳәм пиримиз, ҳәм ақылгөйимиз. Керекли ўақтында ҳайқыйқат арқа беретуғын тирегимиз. Сол, әне сол уламаның басқа ханлар менен, ҳәттеки Иран шахы менен де өз-ара байланысы бар деп еситемен,— деди ол бийдиң ийегине аўызын тақап.

Қулым бий қалың муртын сыйпалап:

— Ертең кеште Хуснатдийин ноғайдың үйине Әмиўдәрья бөлиминиң бас көтерген белли адамлары жыйналады. Сол жыйнаққа мен де шақырылғанман. Әне сонда жаңағы сизиң айтқан мәселе ҳал болып, ол жөнинде қандай илаж қолланатуғынымыз шешиледи. Кейин оның нәтийжеси ҳаққында сизге айтаман. Ал, ҳәзирше сиз ғапылда қалмай қурал-жарақ сатып алыў

ушын әнжамлана бериң, деди ол отырғанлардың кеўилин жәмлегиси келгендей.

Соның менен «сум хабар» дың әңгимеси анықланып, мийманлардың алдына түрли-түрли аўқат келди. Қулым бий аўқаттан кейин қуптан намазын оқып:

— Енди бизлер қайтамыз Тәжеке, берген дузың, сый-иззетиң алладан қайтсын. Сизге және бир айтатуғын аманатым бар. Мынаў Қалмурат қазының қалыңлықтан қалған бересиси. Ол енди келеси ҳәптениң ишлеринде келиниимди берсин, деп пинҳамы соратып жиберди. Соған өзиңиз барлық таярлықты көрип, ертеден қызыңыздың узатыў тойын баслай бериң, — деди ол бай менен оңаша қалып.

Тәжимурат бай көкирегин керип: —

— Қазыға айтып барың, биз таярмыз, — деди.

Қулым бийдиң қопал байға кеўили толып:

— Мен сизиң мәртлигиңизге турдым, —деди де масайрап далаға шықты...

...Тойдың түрли тағамы менен тамашасына тоймаған адамлардың сирә тарқасқысы келмей үймелесип турғанында Тәжимурат байдың дәрўазасы ашылып, иштен қурдаслары менен жеңгелериниң қоршаўында зарланып Жумагүл шықты.

Қәдим заманнан берли киятырған аянышлы бул дәстүр айралық сезимин билдирип, кеўили бос қызлар менен гейпара ҳаяллардың жүрегин елжиретип жиберди. Олар көзиниң жасын селдей ағызып: «Барған жеринде бахытың ашылғай» дести Жумагүлге жармасып.

Соның арасында шымылдық қурылған безеўли ат арба жол үстинде таяр болып, оған жылмаңласқан жаўанлар менен сыңсып жүрген қызлар Жумагүлди көтерип отырғызды. Сойтип, саз-сәўбет пенен уллы шадлық астында гүл мыйықлы Гүрлен арбасы жүрип кетти.

Жас жүреги шәўкилдеген мәс жигитлер ат шабысып, орамал тартысып, қыз отырған арбаны қурдай айланды. Атлардың дойнағынан көтерилген қойыў шаңғыт қуйындай уйытқып, орпаң жолдың үстинде урпадай шөкти.

Ҳәп заматтың арасында шымылдықлы арба шамалдай ушып тойханада қалғанлардың көзинен ғайып болды. Ол қыйқыў, күлки шадлық пенен темиршилер аўылының шегинен шығып, нәўпир суўлы Боз жаптың көпирине минди. Көпирдиң дәл ортасына барған ўақ-

та, бирден шымылдық ашылып, Жумагул өзин ылай суўдың қайнаўына таслады...

Ҳеш нәрсени ойламай бийғам отырған қыз-жаўанлар қосыла шуўласып: «Жәрдем етиң, Жумагүл суўға кетти!» — деп жан нийманы қалмай орынларынан өрре турды.

Олсыз да суўлыққа таслап киятырған семиз ат суўдың шамбырлысы менен шуўлаған даўыстан үркип, арбаны көтерди де кетти. Арбакеш жигит табан тиреп, аспанға секирген асаў атты көпирден өткен соң ғана зорға тоқтатты.

Сол заматы аўыр аўҳалдың үстинде шабандоз жигитлерде жетип келди. Олар бириниң изинен бири суў астына шүмип кеткен Жумагүлди табыў ушын ийримге таслады. Бирақ, көп узамай олардың бәри де Жумагүлдиң денесин таба алмай суў бетине қайтып шыға берди.

Боз жаптың ылай суўы арыў қыздың денесин тубасына тартқандай, қараңғы түскенше сонша излесе де ҳеш қандай нәтийже бермеди.

Соның арасында бул қайғылы хабар еки аўылға да жетип, Тәжимурат бай менен Қалмурат қазының үйин аўыр азаға ушыратты...

Той күни де атыз басында жүрген Мырзайбай бул хабарды откинши биреўден еситип, әўели оған ҳеш инанған жоқ. Кейин ол байдың үйиндеги матам тутып, зарласқан адамларды көргенде, бирден жүреги жаман болып, өзиниң жайына зорға жетти. Биразға шекем ол бул ўақыяның аўыр ақыбетине ақылы алыспай жатты. Сөйтип кем-кем есин жыйнап: «Үҳ, мен неге Жумагулдиң гүлдей өмирин мәңгиге сөндирдим. Не ушын мен оның исенимин ақлап тилегине тақ турмадым, қорқақлық, нәмәртлик еттим!»—деди ол тула бойын өртеген ыза менен өкиништиң отына жанып, өзи менен өзи болып.

Бул ўақыя аўылдың аўзы бос жеңил минезли ҳаяллларына ҳақыйқат ермек болып, үйден үйге түрли өсек таралды. Бирақ, олардың ҳеш биреўи бул қайғылы ўақыяның себебин таба алмай қуры сөзди сапыра берди.

Арадан және еки күн өтти. Бирақ, Жумагүлдиң денеси сирә табылмай излеўшилер жанынан тойды.

Мырзабай үшинши күни таң алдында бир түжеп түс көрди. Түсинде Жумагүл: «Сен неге мениң ҳалымды

сорап, изимнен келмейсең? Мен болсам қара талдың түбиндеги тубадан шыға алмай ылай суўдың астында туншыгып жатырман» — деп өзи көринбей налынды.

Мырзабай азан менен көрген түсин қаразман ғаррыға барып жорытты. Еле сергек гарры түстиң мәнисине түсинип:

— Сен усы жерде отыра тур балам әўели мен байдың кеўилин алып қайтайын. Оннан соң түсиңди жорып беремен, — деди де шығып кетти.

Еки көзинен жас орнына қан ағып отырған азалы бай қаразманның сөзин тыңлап болып:—Барың, қызымның денесин қара талдың түбиндеги тубадан излең, —деди өзине тән төрт-бес жигитке қарап,

Олар Бозжаптың арқаға бурылган жериндеги айланбасына келди. Бирақ, олардың ҳеш биреўи жол баслап суўға түсиўге батына алмады. Себеби, адамлар бул тубаны бурыннан соңға кийели туба, түбинде пәҳән жайын жатырмыш дейтуғын еди.

Соңында бул жигитлер оз-ара мәсләҳәтлесип:

Усыманға Мырзабайдың өзин алдырыў керек, ол Жумагүлдиң усы тубада жатқанын түсинде көрген, мейли оны өзи таўып шықсын, — деди.

Көп кешикпей Мырзабай жетип келди. Ол жағада турганлар менен салқып аманласып сәл-пәл турды да, кийим-кийими менен тубаның қайнаўына қарай өзин атты.

Бирден Бозжаптың нәўпир суўы гүмбирлеп, толқынласып, шашырап кетти.

Жагада турғанлар өз-өзинен қалтырасып, демин ишинен алып, аларган көзлерин тилсиз тубаның қайнаўынан айырмады. Олар ишлеринен «қудайға» сыйынып ериилерин қыбырлатып, көз астынан қарасып турғанында бирден қайнаўыттың бети қақ айрылып еки дене қоса көринди.

Байдың жиберген төрт-бес жигитиниң бирден зәрреси ушып, аяқ-қоллары қалтырап, түр-түсинде қан қалмады. Олар Мырзабайдың қолынан Жумагүлдиң жансыз денесин көтерип алыў орнына бирин-бири ийтермелей берди.

Соның арасында Мырзабайдың өзи Жумагүлдиң денесин, жагаға шығарып жүзин суўға қаратып жатқарды. Кейин өзин бийлей алмай оның жанына сылқ етип жығылып, қалай болса солай зарланып қоя берди...

Жумагулдиң жетисине келген Қалмурат қазы өжиреде отырган өзиндей белгили адамлар тарқасқаннан кейин қудасы менен оңашада қалып:

— Енди болар ис болып, бниймезгил олген келиним о дүньяда жатыр, Тәжи аға. Ендиги жагында қудаға шүкир етип қалғанларына өмир тилеп, әсте ақырын тиришиликтиң ғалма-ғалына араласа бериң, —деди ол қудасына тәселле берип.

Тәжимурат белбеўиниң ушы менен көзиниң жасын сыпырып:

— Аўа, қудайға шукирлигим көп, сөйтсе де идиралды перзентлеримниң усындай болганына жүрек-баўырым кәбап болып баратыр. Я ол ишиўге, я кийиўге зар емес еди. Билмедим,қандай шайтан оның мийин айландырып, бунындай ҳалға сазаўар еткенин, — деди ол қабынған көкирегин баса алмай үсти-үстине ентигип.

Қалмурат қазы азмаздан соң араға шөккен тынышлықты бузып:

— Әлбетте, бул ўақыя сизге де, бизге де қатты қыйын болды. Не илаж, адам баласы бәрине де көнеди... Бизде енди белди беккем бууып, алланың басқа салганына көниўимиз керек, — деди ол басын кемкемнен төмен салып.

— Көндик ғой қуда, ақыр көнбегенде бендениң қолынан не келеди? — деп Тәжимурат бай суўық демин алып, аўыр гүрсинди.

Қалмурат қазы сақалын сыйпалап турып:

—Сирә биз екеўимиздиң арамыздағы қарым-қатнастың ақыбети абат болар деген үмиттемен.

Ендигиден былайғы жағында да сыйласықты үзгим келмейди.

Қәйткен менен де ел үстинде жүрген зәңгилес адамлармыз, — деди қәламның сүрелерин суўдай ишкен қазы.

Қайғы-дәрттен аңы қашып, ақылынан адасып отырған Тәжимурат қудасының астарлы сөзинин төркинине түсинбесе де:

— Әлбетте, әлбетте! — деди сәл-пәл кеўилленип.

Сөзге шебер Қалмурат қазы есик бетке бир қарап алып:

— Халқымыздың бурыннан киятырған қәсийетли үрп-әдетин, диний дәстүрин мениңде бузгым келмейди. Оның үстине мен тағы аўыл елге ат шаптырып, жаўшы жибергенимде де сиздей қуданы таба аламан ба, я

жоқпа? Оны бир қудай биледи. Ата-бабаларымыздың усындай жағдайлар болғанда апасының орнына сиңлисин келин қылып ала бергениндей, мен де енди Жумагулдиң орнына Сапаргүлди сорамақшыман, қуда,— деди ол.

Тәжимурат әңгимениң тоқ етерин енди ғана түсинип, бирден силтидей таңды. Қайғылы жүреги бурынғыдан да бетер сызлап, тула бойы қалтырап кетти. Оның көз алдына Жумагулдиң гүлдей жайнаган жарасықлы келбети менен жети жылдан берли есигинде хызмет етип киятырған Мырзабайдың мүлайым тулгасы елеслеп көринген ўақытта, ол жаўырыны музлап өз-өзинен гә қыйналды, гә уялды. Ҳәмийшеги жүйрик тили де лал болып, сирә гүрмеўге келмеди.

Қалмурат қазы бул тынысладан сезиклепип:

— Тәжи аға сиз, қудам бул қызыма қалың төлемес, деп қәўетерленбең, бизде дүнья көп, — деди нәзерин жоқары көтерип.

Тәжимурат ишиндеги күйиктиң зәрдесине шыдамай:

— Кеўлиңизге аўыр алмаң қуда, ҳәзир ол жөнинде гәп қозгайтуғын ўақыт емес еди. Бирақ, енди ол гәп айтылганнан кейин аяқланбай қалмасын. Мен бир мәртебе қудай алдындағы лебизимнен таяман, деп Жумагулди жерлеп тындым. Енди бүгин пайғамбар жасының үстинде отырып, опыңдай қәтеликти қайталай алмайман.

Мен Сапаргүлди апасының орнына Мырзабайга атастырып, дастурханның алдында да лебиз еткен едим. Енди сизиң балаңызга да қыз қапылмас, излесеңиз аўыл елден табылады ғой, — деп ол орынсыз басланған әңгимениң тамырын кести.

Бул жуўап Қалмурат қазының төбесине муздай суў қуйғандай қатты тәсир етти. Оның жығырданы қайнап, олсызда үлкен көзлери қанасына сыймай аларып кетти. Әлле не ўақлары ол азмаз көкирегин басып:

— Бул қалай болды? Сиз есигиңиздеги әлле қандай диййқаныңызды меннен артық, меннен абырайлы көргениңиз бе, Тәжи аға, — деди ол даўысы қалтырап.

— Яғә, сиз олай демең, Қалеке. Бундай исте ҳүрметиззет дәреже менен аўыздан шыққан ләбиздиң айырмасы үлкен екен. Ендигиден былай...

Тәкаббыр қазы ашыўға шыдамай қудасының сөзин бөлип:

— Сиз лебизден тайыўға үйренген адамсыз ғой... — деди:

Қудасының шағып сөйлеген сөзи Тәжимурат байдың жүрегине мисли атылған оқтай қадалып, иши-баўырын жандырып жиберди. Ол ар-намыстың қысқысына шыдамай, өз ирети бойынша, Қалмурат қазының сөзин бөлип:

— Туўры, мен сизиң аты-абырайыңызга қызып бир мәртебе лебизимнен тайдым. Енди қан жутып отырысым мынаў. Сизиң Жумагулге өтирген қалың малыңыздың еле басы бузылмастан тур. Қәлеген ўақтыңызда оны қайтып алыўыңызға болады. Қәлеке,—деп қолын тарамышлады.

— Сен мениң менен өйнан жүзегөйлик етпе Тәжимурат, қызыңның не ушын суўға таслап өлгенин билесең бе? Хе, үндемейсең, сениң сол жақсы көрген дийқаның оның намысына тийген. Мине, сол себепли Жумагул бизиң үйге келин болып барыўға бети болмай, ақырында усындай шешимге келген.

— Бийкар айтасаң, мениң қызым сениң ойлағаныңдай жеңилтап ақылсыз емес еди. Оның үстине Мырзабай ондай бузықлық ислейтуғын жарамсыз жигит емес. Мен оны жети жылдан берли билемен. Соның ушын биймәни гәпти сөйлемең. Уят болады. Әсиресе, усындай қайғы-матамның үстинде!— деп Тәжимурат қалай болса-солай қалтырап кетти.

— Егер қызың ҳақ болса неге қарап турып өз жанына өзи қастыянлық еткен? Бундай ўақыяның жасырын сырларын биз талай мәртебе тексериўден өткерип, тәжирийбемиз артқан. Билдиң бе?!

Тәжимурат бирден ботадай бозлап, оң қолы менен жүрегиниң тусын басып, көпшикке сылқ етип жығылды.

Қалмурат қазы қудасынан үстем келип, оны сөйлетпей таслағанына өзинше масайрап:—Еле де азырақ сабыр ет, ийегиң қышыған күйеўиңди қамаққа алып, барлық сырды дастурханыңдай етип алдыңа жаяман. Сонда мениң ким екенимди билесең, — деп орнынан турды.

— Енди басыма қайтадан ғаўға салсаң, сениңде ақырың абат болмас, — деп Тәжимурат аўыр ыңыранды.

Қалмурат қазы оның биййҳал жағдайына итибар бермей есирген түйе киби гүркиреп:

— Умытпа Тәжимурат, бул сөзиң ушын сени туқым теберигиң менен бирге қазыхананың есигинде телмиртип, кепин-гәдайы қыламан. Аяғыма жығылтып, жаўырынында қамшы ойнатаман. Билдиң бе? — деди де есиктен шықты.

Тәжимурат қудасының соңғы сөзлерин еситпей-ақ есинен танды...

Әлле не ўақлары дастурханды жыйнаў ушын ишке кирген Сапаргул әкесиниң қарылдап жатқанын көрип:

— Апа, ағам бийҳал болып атыр! — деди даўысының барынша.

Сол күни бала-шаға, жақын-жуўықлары Тәжимуратты түни менен гүзетип шықты.

Бийтап азапқа дейин өзине келмеген соң ҳәмме мәсләҳәтлесип, Мырзабайды тәўипке жиберди.

Бирақ, Мырзабай түске шекем де қайтпады. Соның арасында Тәжимураттың аўҳалы төменлеп, дем алыўы қыйынласты.

Тәўипти күте, күте төзиминен тарығып, қәўетерлене баслаған бәйбише:

— Мырзабайға не болды, ол көринбейме? — деп өжирге кирген жигиттен сорады.

Анаў жигит албырақлап:

— Мырзабайды қазының буйрығына муўапық услап кетипти, жеңге, — деди ол еситкен хабарын жасыра алмай.

## ЕКИНШИ БӨЛИМ

Ақ патшаның ҳәмирине муўапық Әмиў бойынан алынған мәрдикарлар алыс мәнзиллерден асып, күнлердиң биринде Баку қаласына келди. Бул жерде оларды ден саўлығына мықлылығына, қәнигелигине қарай түрли жаққа бөлистирип, Асқар менен Мамыттың түскен топарын «Алахверди» деген мыс кәнине апарды. Ол кән арменлер менен азербайжанлардың шегарасындағы таўлы жерде екен.

Арқаланып, алыс жолдан ҳарып-шаршап келген адамлар сол мәҳәлде бир тутас салынған бараклардың биреўине жайласты. Ағайынлы Асқар менен Мамыт кәт сыяқлы етип қурылған иргелес нарды[1] ийеледи. Оған қабындағы төсегин жайып, көрпесин жыйнап енди

[1] Нар — тахта кәт.

жамбаслаған ўақта, ишке жақсы кийинген үш мырза кирди. Алдындағы орта жасар, қыр мурынлы, қысқа муртлы, қулшар адам ҳәммени бир қатар көзден өткерип:

— Мәрдикарлар, мен кәнниң хожайыны тәрепинен сенлерге басшылық етиў ушын қойылған басшыман. Атым-Ашот, фамилиям Акопян. Енди бул кән ҳаққында ҳәм сенлердиң ўазыйпаңыз туўралы үш төрт аўыз сөз айтаман. Кәнди өз-ара келисим бойынша орыс патшасына тийисли төлем төлеп атырған францялы монополистлер пайдаланып атыр. Енди кәнниң де, сенлердиң де тиккелей хожайыныңыз, мына турған францялы мырзалар болады, — деди ол жанындағы басына цилиндр, қолына ақ қолғап кийген узын бойлы сарғылт жүзли, жоқары дәрежели адамларға қарай басын ийип.

Кейин ол сөзин даўам етип:

— Сенлер кәнде ислеген мийнет өнимиңиздиң дәрежесине қарай ҳақы аласыз. Жақсы ислеп, пародаңы көп шығарсаңыз, табысыңызда мол болады. Егер жалқаўлық етсеңиз-табасыңыз тамағыңызға да жетпейди. Буны ҳәзирден баслап билип қойың. Жумыс азанғы саат алты да басланып, кешки саат алтыға шекем болады. Түски аўқат ушын қырық бес минутлық дем алыс бериледи. Бос ўақытларыңызда барактың айланасында боласыз. Бийжууап ҳеш жаққа шықпайсыз. Себеби, таўдың ишинде адасып кетиўиңиз, я жыртқышларға дуўшар болыўыңыз мүмкин, соны да ескертип қояйын. Бул жерде ҳәр жақтан келген, түрли миллеттиң адамлары ислейди. Соның ушын қоңсы бaрақларға кирип, ондағы рабочийлар менен байланыс жасап жүрмең, ақыбети жаман болып, басыңызға дөхмет салыў мүмкин. Енди мен сенлерди дизимге алып, жумыс орныңызға белгилеймен. Кәне, бәриңиз де ортаға шығып, қатарға турың: Сениң атың, әкеңниң аты ким? — деп ол шетте турған узын бойлы, кең жаўырынлы, қара пәрең, жоталы жигитке бармағын шошайтты.

— Мениң атым Асқар, әкемниң аты Аманбай.

— Жасың нешеде?

— Жылым улыў, сонда?..

— Улыў дегениң не? Акопян ашыўланған түри менен Асқардың сөзин бөлип, оның қадди бойына қанатланып қарады.

— Ҳаў, жыл қайтарыўды билмейтугын мусылман болама?

— Мен мусылман емеспен, жыл-пылыңды қойып, маған анық жасыңды айт?

— Асқар ернин қыбырлатып:

— Быйыл жигирма алтыға қарайман,—деди ишинен жылын қайтарып:

Акопян ишинен ғүбирленип есаплап қойды да;

Енди, қолыңнан келетуғын, өнер-кәсбиңди айт? — деди қолындағы дәптершесине бир нәрселерди түртип турып.

—Кәсип деген не өзи? — Асқар таңланған түри менен жанында турған инисине жалт қарады.

— Дийханбысаң шопанбысаң, етикшимисең, шойыншымысаң?

Асқар саўалдың мәнисине түсинип:

— Темиршимен, бирақ еле жетик уста емеспен. Он үш жасымнан баслап әкемниң жанында шәкирт болдым, — деди.

Акопян қасындағы хожайынларына өзге тилде бир нәрселерди айтып Асқарды көрсетти:

— Якшы, бизге темирши керек.

Ол Асқардың билегиниң бултыйған булшық етлерин қысып көрди де, мусылмансаң ба?—деди.

— Әлҳәмдиллилла?

Акопян мурнын жыйырып, оның менен сөйлесиўди тамамлағандай бир адым онға атлады:—Сениң атың, фамилияң ким?

— Атым Мамыт, әкемниң аты Аманбай, — деп орта бойлы, қара пәрең шымыр жигит шоқтай жанған көзин Акопянга тикти.

— Сенлер екеўиңиз де бир атаның баласысызба? — деп Акопян қызықсынып Мамыттан сорады.

— Аўа, туўысқанбыз.

Акопян өз ишинен бир нәрселер ойлап:

— Не ушын бир үйден екеўиңизди де бирден мәрдикарга алды! — деп сорады.

Мамыт ериксиз түрде көз алдына мархум әкесиниң о дүньяға байлардан қарыздар болып кеткениң елеслетин: — Мени Қулым бий деген оз баласының орнына қазыласын мәжбүрий түрде жиберди. Мына жигит агам болса Қалмурат байдың көзи қыйтар баласының орнына алынды, — деди.

Акопян аға-инилердиң тәғдирин енди түсинип:

— Сениң де жылың бар ма, я жасыңды билесең бе? —деп Мамыттан сорады.

— Мениң жылым Жылқы, жасым жигирма төртте.

Акопян гә таңланып, гә қызықсынып: — Жылқы дегениң не ози? — деп мыйығынан мысқыл шапты.

Мамыт күлимсиреп:

— Ат, — деди.

Акопян буның бәрин ерси көргендей өз ишинен гүбирленип:

— Жабайылар! — деди жеркенишли түрде.

Асқар менен Мамыт оған оқлы көзлерин қадап, тисин қайрап гижинип қойды.

Акопян ҳәмменин дизимин бир қатар алып болғаннан кейини, оларды тийисли орынларға бөлип:

— Енди ертеңге шекем дем алып, жатақханыңыздың ишки тәртиби, шараяты менен танысып, оны тазалай бериң. Азанғы саат алты да зәң қагылып, жумыс басланады. Сол заматы қолыңызга қурал-әспабыңызды алып, кешикпестен кәнге бар бериң. Түсиндиңлер ме? —деди.

Ҳеш ким үндемеди.

Акопянның жини келип:

— Мениң айтқан сөзлеримди еситтиңлерме? —деди жекиринип.

Асқар есинеп болып:

— Қулағымыз гер емес, еситтик, неге езбелеп бақыра бересең!—деди.

Акопян әмиўли жигитке жаман көзи менен қарап:

—Ҳей темирши, сен тилиңди тартып сөйле. Билесеңбе, бизиң мыс кәни сениңдей қара күшине исенген жабайылардың талайын майырып, сүйегин сипсе қылган. Сени де жиниңнен аяман еле, — деди де ол қалың муртын пышықтың қуйрыгындай ойнатып қойды.

Мамыт бул сөздиң мәнисине дәрриў түсинип, ер минезли ағасының жамбасына түртти.

Соның арасында Акопян арнаўлы түсинигин тезирек тамамлап, қасындағы мырзалар менен барақтан шықты. Өйткени, алыс жолдан ҳарып-шаршап келген адамлардың үсти басынан жағымсыз тер ийиси мүңкип тур еди.

Бул жерде иңир болмай күн бирден батып, таўдың ишин тастай қараңгылық қоршайды екен. Аспандағы жулдызларда жүдә жарық ҳәм жақынлаў көринеди. Ал таңы атар-атпастан бийик таўдың арғы бетинен

қуяш шығып, қыр этирап бирден жақтылаиып кетеди. Күни менеңги ыссы ҳаўа түнниң екинши ярымына қарай тезден серпилип, аралық муздай салқын болып қалады.

Мийнет күни басланды.

Кэн бойынша ис кесип бериўши инженер эмийўли рабочийларды жаңадан пайдаланыўға берилген мыс карьерине салды. Ол жер бетинен оншама тереңликте болмаған еки таўдың арасындағы сайда екен.

Асқар менен Мамыт алдын-ала белгиленген кэсиби бойынша қолларына ушлы сүймен, қашайтуғын саплы балға алып, кэн қазатуғын болды. Басқа адамлар олардың қазып шығарған пэҳэн тасларын аўыр балта менен майдалап тураттуғын ўазыйпаны ийеледи. Бригаданың басқа ағзалары усатылған таў жыныслрын зембер менен ғалтекке салып, тар рельсли темир жолдағы вагоншаларға шығып жүкледи.

Нэтийжеде рабочийлардың тынымсыз жумысы бир-бири менен шынжырдай байланысып кетти.

Мийнет қызғын ҳэўиж алды. Олардың қурал-сайманлары эсирлер бойы буйығып жатқан үнсиз таўды жаңғыртып, алыс жыраларда лэрзем берди.

Соның арасында көп рабочийлардың қолы қабарып, дизеси қыршылып, көзлери қызарып, беллери сызлай баслады. Тула бойы қара терге малынып, таслы шаңгыт беденине ийнедей кирди. Сайдан көтерилген зэҳэрли шаңғыт адамлардың өкпесине тығылып, ҳал дэрманын қашырды. Олар тез-тез отырып демин алды, үсти-үстине суў ишти.

Бирақ, эмийўли рабочийлар, қаншелли күш салып, маңлай терлеткен менен дэслепки күни олар нормаларын бежере алған жоқ. Ал, хожайынлар тэрепинен белгиленген норма болса адам басына он кубометр тас жыныcларын таярлаўдан ибарат еди.

Арадан бир қыйлы күнлер өте баслады. Эмийўли рабочийлар мыс кэниниң кеўилсиз турмысына кем-кемнен үйренисип, бурынғыдай шын ықласы менен сумлықсыз мийнет етти. Сонда да олар он кубометрлик шекке сирэ жете алмады:

Күнлик көрсеткишлерди ҳэрдайым анализлеп кыятырған кэниниң хожайынлары булардың ис өнимине қанаатланбай наразы болып:

— Егер сенлер ертең де норманы бежермесеңлер, аўқатыңызға ажыратылған қаржыңыздан айырылып,

қуры панға таңыласыз. Мениңше бул жағдай ең алды менен өзлериңизге жаман болады. Соның ушын бул жөнинде қатты ойланып, өз-ара кеңесип бәлким бос ўақытыңызда карьерде қалып қосымша кән шығарыўға келисерсиз, — деп Акопян бир сапары қатаң ескертти.

Соған бола Асқар менен Мамыт ар-намысқа тырысып, бүгин таң сәҳәрде турды. Олар өз бригадасын ертип карьерге келди де, таўдың ишин жаңғыртып жиберди. Қызғыш тасқа тийген ушлы сүймен, аўыр балғаның арасынан шақпақтай жарқырап, ушқынлар шықты.

Сөйтип, демниң арасында мыс кәниниң майданшасы таярланған жынысларға толып, майдалаўшылар менен тасыўшы рабочийлардың жумысы қыза баслады.

Алыстан Асқар менен Мамыттың искерлигине, ҳүжданлылығына қызығып, олардың полаттай тапланған шымыр денесине сүйсинип турған бир бийтаныс адам жақын келип:

— Ассалаўма әлейкум бирадарлар, қаяқтан боласыз, ҳал-аўҳалыңыз қалай? — деди.

Тастың жүйине сүймен урып турған Асқар бийтанысқа бурылып:

— Ўалейкум эссалам аға, бул кәнге келгели берли белгиленген норманы береже алмағанымызға арымыз келип бүгин «Алахверди» кәниниң атасын таныттып атырғанымыз, —деди ол.

Бийтаныс адам олардың қайғылы гүрриңлерин тыңлап болып:

— Бәрекелла сенлер өз адамымыз екенсизлерғой —деди ол әлле қандай ойға шүмип.

Сөйтип ол Асқардың келисикли сымбатына, қабарған қолына, сумлықсыз көзине қарап:

— Бул жерде ҳәр қыйлы, ҳәр жақтан келген адамлар табылады. Бирақ олардың бәри де қол күши менен нан, кийим таўып, бала-шаға бағыў ушын жалланып келген. Енди сенлердиң бәриңизгеде усы кәнниң үш-төрт мырзасы хожайынлық етип жилигиңиздиң майын аяўсыз шағып атыр. Мине, сен жаңа белгиленген норманы бежериў ушын ар-намысқа тырысып, жигерли миййнет етип атырман дедиң.

Сен кимге жаранбақшысаң, ким ушын бунша мийнет етип, ар-намысқа тырысып, норма бежермекшисең? Әне, бул жағын билмейсиз. Ойланып қараң,

сизлер шет елли хожайынларға жаранып, ол мырзалардың қалтасын алтынға толтырмақшысыз. Билесеңбе, сенлердиң таярлаған таслы жынысларыңыз Францияға жөнетилип атыр. Бул бизиң, сениң, пүткил Россияның кән байлығы, оған ҳәр қайсыңыздың жаныңыз ашыўы керек. Сенлердиң алажақ ҳақыңыз бәри бир маңлай териңизге татымайды. Оның үстине көбиңиз еки-үш айдан аўрыў таўып, иске жарамай ийретилип қаласыз. Соның ушын... Тап сол ўақта инженер менен Акопян иргелес кәннен шығып, бул жаққа қарай бурылды. Бийтаныс адам дәрриў қызықлы гүрриңин бөлип өз жөнине кетти.

— Дем алысты азайтыңлар, тезден иске кирисип, норманы бежериңлер! — деп Акопян жөнекей баратырып оларға тәртип берди.

Қолы сууый баслаған Асқар ишинен ойлаңып:

— Улыўма жаңағы адамның айтқан сөзлери жүдә дурыс. Бизлер норма бежерген менен хожайынлар рәхмет айтпайды, я артықмаш ҳақы төлемейди. Солай емеспе. Мамыт? — деп ол иниси менен кеңести.

Мамыт сүймеиге таянып турып:

— Еле бизлердиң көрмегенимиз жүдә көп екен, аға. Соның ушын усындай жақсы адамлардың сөзин тыңлап билмегенлеримизди үйренип, түсинбегенлеримизди сораўымыз керек. Ол адамның өзи ким екен, ата-тегин де айтпады? Қалай да ол көпти көрген, қыйыншылықты басынан кеширген, талай сынақлардан өткен адам қусайды.

Маған оның ҳә демей бизлер менен ҳал-аўҳал сорасып «өзимизге тән адамлар екенсиз» деген сөзи бирден унады. Ал, енди мениңше олар менен бизлердиң жақсылап танысыўмыз, ақылласыўымыз керек, — деп Асқар инисине ойшан нәзери менен қарады.

Ертеңине барлық жерде сүймен менен балғалардың жаңғырығы күшейип, пәти нағыз қызған ўақта иргелес карьердиң жүзлеген рабочийсы бирден жумысты тоқтатып, әсбапларын ийнине салып, майданшаға жыйналыса баслады. Олар әлле кимге, қандай да бир нәрсеге наразы болғандай түр билдирип, мушларын түйип, өз тиллеринде даўысын бәлент шығарып сөйледи.

Асқар менен Мамыт ҳеш нәрсеге түсинбей аўзын ашып бираз турды. Кем-кем Мамыттың делебеси қозып:

— Не деген менен олар бийкарға жыйналысын атырған жоқ. Қалай да бир үлкен тартыс шығып тур. Бизде барып көрейик, ойласығы болса тыңлайық, не гәп екен өзи? —деди ағасына қарап.

Ағайинли екеўи ойласық етип, бир шешимге келе алмай турғанында, олардың тартысы әбден қызып, даўыслары кәнниң ишин жаңғыртып жиберди.

Соның арасында Асқар менен Мамыт қолындағы қурал-әспабын қойып, жыйынға қарай жуўырды. Олар жүзлеген рабочийлардың хожайынларды ортаға алып бирме-бир сөз сөйлеп атырғанының үстине келди.

Қандайда бир әдилсизликке жаны ашыған рабочийлар мушын түйип, көкирегин керип, қышқырысып атыр.

Асқар еки-үш шешенниң сөзин тыңлап:

— Ҳаў, олардың гей бир гәплери түркменшеге уқсас гой, Мамыт, — деди таңланып.

— Аўа, мен де олардың көп сөзлерине түсинип атырман.

Еситтиң бе: «Жумыс қыйын, норма аўыр, жағдай жаман, мийнет ҳақы төмен, аўқат сапасыз, барақтың иши патас, арнаўлы кийим жоқ, үсти-басымыз кир, монша ислемейди!..» — деп атыр.

Барлық ықласы менен әңгимени тыңлап турған Асқар инисиниң сөзин бөлип:

— Мына сөйлеп атырған шешен кешеги бизлер менен гүррицлескен адам ғой. Сен оны таныып турсаң ба? —деп Мамытқа қарады.

— Аўа, танып турман. Қалай да мен оның ешейин адам емес екенин кеше ақ сезген едим. Қара, ол хожайынның ийегине кирип, зәрресин ушырып баратыр. «Биз жумыс ўақтында жарақатланған, я бахытсыз аўҳалға дуўшар болған жолдасларымыздың мийнет ҳақыи үзбей төлеўди ҳәм оларға тегин медициналық жәрдем көрсетиўиңизди талап етемиз», — деп атыр.

«Дурыс, дурыс айтады Агабек!» Рабочийлар шуўласып шешенниң сөзин қуўатлап қатты қол шаппатлады.

«Ағабек!..» Асқар бул атты ишинен қайталап, шешенниң түр-түсине, келисикли сымбатына қанаатланып қарады.

Соның арасында Мамыт қасындағы қулшар жигит пенен танысып:

— Бунын өзи не жыйын, не жәнжел? — деп сорады.

Қулшар жигит Мамыттың түр-түсине, жамаў-жамаў кийимлерине бир қатар қарап:

— Бул мыс кәниндеги рабочийлардың наразылық қозғаланы, хожайынлардың алдына қойып атырған талабы. Жаңагы сөйлеген адам рабочийлар комитетиниң баслығы өзи большевик, — деди.

«Большевик!—деп гүбирленди де Мамыт биразға шекем терең ойға батып:

— Бул ким, қандай адам, большевик деген не өзи? —деп тағы сорады.

Қулшар жигит әңгимеге араласқан Асқарға жыллы жүзи менен қарап:

— Ленин деген сениңдей, мениңдей рабочийларды, ауылдағы дийқанларды, улыўма езилген халықты сүйетуғын ҳәм оларды жақлайтуғын данышпан адам-гилең большевиклерден коммунистлер партиясын дүзген, түсиндиңлерме? — деди күлимсиреп.

Асқар басын қасып, еситкеплердиң мәнисин ойлап, илла деп аўзын ашпады. Ал сезимталлы Мамыт болса бирден түри өзгерип:

— Түсиндим бирадар, айтқаныңа рахмет. Ал енди, ҳәзир Ленин қаяқта, оның партиясы қаяқта? — деп ол қулшар жигитти айланшықлап, — түрли сауалга тутты.

— Көрип турман, сизлердин екеўиңиз де нагыз сада, ҳеш нәрсени көрмеген, саўатсыз адамлар қусайсыз.

Асқар басын шайқап, қулшар жигиттиң ийнинен ус-лап!

— Бизде саўат қаяқтан болсын бирадар. Ағайинли екеўимиз де аўыл байларының шыгырын айдап, бузаўып қойларын бағып кейин ала орагын тисеп, кепше белин саплап күнелттик. Мешиттиң босагасынан атлаған емеспиз. Әкемиз болса өмиринше көрик басып, темир таплап, бирин еки ете алмай, байлардан қарыздар болып өлип кетти. Жоқшылық салдарынан бизлер еле үйленгенимиз де жоқ. Соның ушын сен бизлердиң садалығымызды көп елестире берме.

— Яғә, өйтип не қылайын, тек аяп атырман. Ал, енди сениң жаңағы сауалына жаўапты тек Ағабек айта алады. Оның менен байланыс жасасаңыз, ярым жылға қалмай саўатлы да, сиясатқа да түсинетуғын боласыз. Бәлким, ленинишил большевиклер партиясының қатарына ағза болып та отерсиз. Ол соныңдай уқыплы, оқымыслы, өткир адам, — деп қулшар жигит өз жолдасларының топарына қосылып кетти...

Былайынша парасатлы көринген Ағабек жүдә кишипейил, гүррилшил, иши-баўырына кирип баратырған, эпиўайы адам екен. Ол Баку қаласында туўып өскен Азизбековтың генжетайы болып, жаслайынан турмыстың қаттылығын көрген. Он жети жасында студентлердиң қозғалаңына қатнасып, полиция тәрепинен тутқынға алынған. Жигирма алты жасында Россия Социал Демократлар Рабочий партиясының қатарына кирген. Арадан үш жыл өтпей, ол Бакудеги англичанлардың ислеп шығарып атырған нефть қудығындағы рабочийлардың наразылық қозғалаңына басшылық еткени ушын Сибирьге айдалған. Өткен жазда бес жыллық сүргиннен қайтып, «Алахверди» мыс кәнине келген. Ҳәзир ол рабочийлардың арасында астыртын революциялық жумыслар жүргизип, Ленин тәлийматларын, идеяларын ҳәр бир адамның сана-сезимине жеткериў ушын барлық күш-ғайратын аямай жумсап жүр.

Сондай-ақ, ол Асқар, Мамыт пенен де тығыз байланыс жасап жийи-жийи ушырасыў өткерип, оларға түрли тараўлар бойынша түсиник берди. Лениниң ким екенин, оның қандай партия дүзгенин майдалап түсиндирди. Сөйтип оларды өзиниң иргелес барақта шөлкемлестирген саўат ашыў кружогине тартты.

Бурында оқыў дегенниң не екенин билмеген ағаинилер ҳәр күн сайын жаңа ҳәрип, жаңа сөзлер үйренип қуўанышы көкирегине сыймай жүрди. Олар оқыўға инталы болды. Ал ҳәрип үйреткен муғаллими Ағабекти болса қудайындай төбесине көтерди.

Бир күни песин ўақтында Мамыт жуўған кийимлерин кептирип бараққа қайтқан ўақта, бул жерде жаймa дүканлы саўдагерлер тап болды. «Келиңлер, алыңлар, жаныңызға не керек, бәри бар!» — деп бақырысты олар.

Аға-ини тууысқанлар көптен берли бир теңгеден жыйнап жүрген табысына анаў-мынаў алыў ушын өз-ара ойласып:

—Апама бир шашақлы орамал менен көйлеклик шыт, аяғына геўиш-мәси алайық аға, — деди пулын есаплап.

Асқар азғантай ойланып:

— Туўры айтасаң иним, ең алды менен апамды қуўантыў керек. Ырзабай менен Мырзабайды да умытпа?

Ырзабай менен Мырзабайды, улыўма аўыл-елди жүдә сағынып жүрмен аға, сен не?

Ол аўыр гүрсинип ағасына қарады.

Асқар ериксиз түрде көз алдына туўған анасы менен Әмиў жағаларын елеслетип:

— Мен де сағындым, бирақ не илаж, барып көрип келиўге жақын жол емес. Соның ушын сағынышқа, қайғы-дәртке оншелли берилмей өзимизди берик тутыўымыз керек, — деди ол инисиниң гүрсингенин мисе тутқысы келмегендей түр билдирип.

...Бул жерде иңир түспей бирден күниң батып, таң сәўлеси жайылмай қуяштың шыққаны сыяқлы, мәўсимде елеўсиз алмасады екен.

Кеше ғана жарқырап турған күниң бети бүгин қалың бултлар менен қапланып, кешке қарай күшли жаўын нөсерлеп қуйды. Таўдың иши бирден салқын тартып, пүткиллей өзгерип кетти. Демниң арасында рабочийлардың үсти-басы сылпылдаған суў болды.

Ашық карьерде ислеп ағырған желең адамлар жумыстың тамам болар ўақтына шекем шыдай алмай екеў ара, үшеў арадан бөлинип тарқасып кетти. Олар барағына келип кийимлерин алмастырғап менен де көнке шекем бойы жылымай, қалтырап отырды. Өйткени, терезеси сынық, қапысы ғажыған барақтың ишинде де самал ҳүўлеп тур еди.

Онлаған адам аязлап, үш-төртеўи көрпесиниң арасына кирди. Аўырғанлардың арасында Асқар менен Мамыттың аўылласы Төребай да төсек тартып, аздан соң ес-түсин билмей қалды.

Бийтап әўели тоңып, безгеги бар адамдай қалтырап, кейнинен қалай болса солай от болып жанды.

Мамыт түни менен оның жанын да отырып, гә үстине қабат-қабат көрпе жапты, гә бәрип таслап, маңлайына шаршыны муздай суўға басып қойды. Бийтап таңға жақын сандырақлап бирese жылады, бирese шықылықлап күлди.

Мамыт өз әкесиниң өлер алдындағы усындай сандырақлаўын көз алдына елеслетип: «Бул сүзек пенен аўырған қусайды» деп ишинен гүбирлеиди.

Адамлар азаңғы шай-суўын ишип, жумысына жоней баслады. Асқар бийтаптың жанында отырған инисине қарап:

— Сен енди Төребайдың қасында қаласаң ғой шамасы, солай ма? — деди карьерге кетер алдында.

Түни менен уйқысынан қалып, түри қашып отырған Мамыт бийтаптың қалқыған бетине қарап:

— Енди ес-түсин билмей жатқан ауырыўды қалай жалғыз қалдырып кетесең. Қалай да сен бүгин қыйналмай мениң нормамды да бежерерсең,— деди.

— Бежериўин — бежеремендағы, бирақ Төребайдың бул жатысы мени қорқытып тур. Оның ақыры болып, тезирек турып кетсе не жақсы...

Мамыт ауыр гүрсинди де, Төребайдың өзгерип ағырған қорқынышлы түрине қарады. «Әй, тоба, буған не ем, қандай жәрдем кереклигин билмесем. Қапылғыр бул жерде я тәуип, я доктор да жоқ» Ол терең ойдың тербеўине батып отырғанда тосыннан бараққа Акопян кирип:

— Сен неге жумысқа бармадың, бул жигит не қылып жатыр? — деди жекиринип.

Мамыт хожайынға бурылып:

— Кешеги былагайдан кейин мына ауылласым ауырып қалды. Ес-түсин билмей сандырықлап жатыр, —деди.

Еки көзин бийтаптың түр-түсинен айырмай өзинше сезиклениип турған Акопян кем-кемнен артына шегинип:

— Ол тиф, сен абайлап қара, бул жүдә қәўипли, жуқпалы кесел!— деди де, дәрриў есиктен шықты.

— «Апа анажан, мени де өзиң менен алып кет, мен, мен...»

Төребай тағыда сандырақлап үстиндеги кийимлерин шешкиси келгендей жулқынды.

Мамыт дәрҳал оның қасына келип:

— Тынышлан Төребай, Төребай неге үндемейсең, көзиңди аш?!—деди.

Төребай көзин де ашпады, есин де жыя алмады. Мамыт биресе урынып, биресе сүлик болып атырған ауылласының қалайынша кеўилин табарын билмей ҳәр нәрсени бир ойлады.

Соның арасында түски ауқаттың ўақты болып, карьерде жаң қағылды. Рабочийлар қурал-әспабларын қойып, топарласып асханаға келди. Асқар бийтаптан хабар алып, инисин ауқатқа жибериў ушын бараққа басын суқты.

— Аўа, Төребайдың ҳалы қалай, еле ес-ақылын жыйнап өзине келген жоқ па? —деди ол.

Мамыт ийегин қасып, бираз ойланып:

— Төребайдың аўҳалы ауыр аға, билмедим, ол усы жатысынан басын котерип, аяғына турақойса...

— Қудай яр босын. Қасында мен отыра турайын, сен тезирек аўқатланып қайт.

Ол иргелес нардың бир шетинде малдас қурынды.

Арадан саррас бир ҳәпте өтти. Торебай бурынғысынан да бетер төменлеп аўылласлары оның аўзына дембе-дем суў тамызып отырды. Сол аралықта иргелес барақтың рабочийларынан да бесеўи төсек тартып, екеўи бир күнде дуньядан өтти.

Төребай тогызыншы күни азанда жақты дунья менен хошласқысы келгендей көзин бир ашып, кейин мәңгиге жумды.

Оның матамына мыс қәниниң барлық рабочийлары қатнасып, денесин қара бултлар менен тирескен әййемги армян таўының баўырына жерледи...

Соңынан жерлесине жәрдем еткен Мамыттында бүгин мәниси болмай жатып қалды.

Кәнниң хожайынлары, рабочийлар арасында кем кем тарала баслаған сүзек аўырыўының ақыбетинен қорқып; бийтаплана баслаған адамлардың бәрин мәжбүрий түрде барақлардан шығарды. Сөйтип оларды ийесиз қалған жекке жайларға, алыстағы үңгирлерге бөлеклеп айырым жатқарды.

Асқар өзиниң инисин карьердиң қасындағы қараўылхана ушын салынған қосқа әкелди. Сөйтип, оны докторға қаратып емлетиў ушын, аўылға қайтсақ керек болар, деп алып қойған базарлықларын сатыўға мәжбүр болды. Тәўир-ақ ғәрежет жәмлеп, Ағабектиң жәрдеми менен «Алахверди» әтирапынан доктор жаллады ҳәм инисин жақсылап емлетиўге кирисги.

«Қаратқан қарап қалмас» дегендей қоңыр гүздиң аяғында төсек тартқан Мамыт үзликсиз қаратыўдың арқасында бәҳәрге салым бойын көтерди. Бирақ, ол көпке шекем аўыр жумысқа жарамай, илажсыздан ағасының табысына шерик болды.

Бир күни Ағабек келип:

— Сен аўырып жатқан күнлериң ушын жәрдем пул алдың ба, Мамыт — деп сорады.

— Яқ, алған жоқпан.

Ағабек азғантай ойланып турып:

— Олай болса сен ҳәзир Акопянды таўып алып, оннан аўырып қалған күнлериң ушын қамсыз ҳақы талап ет. Анаў-мынаў деп бермесе маған кел, мыс кәниниң ҳақыйқый хожайынына арза жазып беремен, аўырып

қалган рабочийлар усылай етип атыр, — деп ол ақыл берди де орынан турды.

Мамыт сол күни Акопянды таўып алып, оған өзиниң арызын айтты.

Ол мурнын жыйырып:

— Саған қандай ақша, бизде ислемеген адамға ҳақы төленбейди, — деди.

Мамыт арзасын услап, ҳақыйқый хожайынның кеңсесине барғанда, оның күтиў бөлмеси үймелесип турған өзиндей рабочийларга толы екен. Сорастырып қараса олардың бәри де Ағабектиң «истеўи» бойынша арза көтерген адамлар болып шықты.

Бирақ, хожайынлардың буйрығы бойынша секретарь қыз олардың ҳеш қайсысында кабинетке жибермей иркип тур екен.

Ақырында шыдамаған қәҳәри келген рабочийлар, бирден хожайынның бөлмесине гүўлеп басып кирди.

Хожайын жумсақ креслосынан ыргып турып:

— Бул қандай көргенсизлик, қәне дәрриў кабинетимди босатың, үсти басыңыздың кир-қоңына қарамай еденге төселген таза гилмеди ўас ўайран еттиңлер? — деп жекиринди ол.

Алдын ала Ағабек тәрепинен «оқытылып» қалган Мамыт алға шыгып:

— Бизлердиң үсти-басымыз кир болған менен қазып шығарған мыс жыныслярымыз алтындай жарқырайды, дурыспа хожайын? Егер солай болса енди бизиң арзамызды тыңла: Тап сениң өзиңдей бизлердиң де аўқат жеўимиз, кийим кийиўимиз керек. Сол ушын бизлердиң аўырып қалған күнлеримизге қамсыз пулымызды төлеп, жәрдем етиң. Бизлер аўрыўды сениң кәнинде мийнет етип жүрип таптық. Сонша күннен берли аўырып жатқанымызда я доктор шақыртып емлетиўге, я басқа бир жыллы сөз айтып кеўлин алыўга жарамадың. Бизлерди айрықша емлеўханада жатқарыўдың орнына таўдағы үңгирлерге, ийесиз қалган ылашықларга тықтың. Енди айлыққа шекем күнелткендей тийисли қамсыз пулымызды бериўден бас тартасаң. Бул қалай, биз мийнетке жарасақ, саған керекпиз, аўырып қалсақ бизден безесиз, нан пулыда бермейсиз. Мине, сол ушын бизлер наразы болып алдыңа келдик, хожайын. Егер бизлердиң бул талабымызды қанаатландырмасаңыз, кеңсеңнен шықпай, усы жерде ашлық жәриялаймыз!—

деди ол пәтлеленип жанындағы жолдасларының ксўилинен шығып.

— Туўры айтады Мамыт, егер талабымызды қанаатландырмасаң, кабинетиңде түнеймиз.

Гижинип турған рабочийлар Мамыттың сөзин қуўатлап, хожайынды ортаға алды.

Ҳаўлыға баслаған хожайын рабочийлардың түр-түсинен қорқып:

— Егер сенлер тезден тарқаспасаңлар, мен полиция шақыртаман сойтип бәриңди де қаматаман, сүргинге жибертемен! — деп ол аш әптада адамларға алып топылып абай етти.

— Мейли, шақырт полицияңды. Биз сүзек пенен айқасып, өлимди жеңген жаны берик адамлармыз. Енди ҳеш кимнен де қорықпаймыз: «Қорқақты қуўа берсең, —батыр болады» дегендей бизлер сениң абай сиясатыңнан қорқа-қорқа батыр болдық!—деди рабочийлардың биреўи. Хожайын столдың үстинде турған қоңыраўын қайта-қайта шыңғырлатты. Ишке асығып секретарь қыз, кирди.

— Тезден кәнге полиция шақырың, мына қозғалаңшыларды тәртипке салсын!

Рабочийлар хожайынның бул абайынан да сескенбей қылт еткен жоқ. Олар кабинетти қаплап тура берди.

Арадан бираз ўақыт өткен соң сырттан биреў:

— Полиция киятыр!—деп бақырды.

Рабочийлар бир-биреўиниң қолын беккем услап турып тобын бузбады.

Соның арсында таслақ жерди тақырлатып киятырған атлардың туяғының сести еситилди.

Хожайынның түр-түсине, қан енип: гә терезеге, гә қатал түсли рабочийларга қарады.

Кабинетине дүсирлесип, қылышының сабынан услаған бес полицейский кирди де:

— Хош: не гәп өзи? — деп түр-түси суўық, полицейскийдиң басшысы хожайыннан сорады.

— Мына турғанлардың бәри қозгалаңшылар. Олар мениң кабинетиме басып кирип, ақша талап етип атыр...

Хожайын қалтыраган даўысы менен рабочийларды жаманлап өтириктен айыплады.

Сонда атлылардың басшысы хожайынның алдында өзиниң ким екенин көрсеткиси келип ҳәкиреңлей баслады:

— Қәне, шет елли мырзаның кабинетин тезден босатыңлар, болмаса бәриңди де байлап, аттың алдына саламан. Қарсылық көрсеткениңизди, я қашыуға қыяллапғаныңызды сол жерде атаман!—деп ол ирсҳимсиз көзлери менен рабочийларды бир қатар шолыды.

Адамлардың алдында турған Мамыт оның қолындағы қылышына қарап:

— Сениң сораусыз, ҳүкимсиз шаба бериуиңе бизлер ағаштың путағы емеспиз. Соның ушын сен абайыңды қойып, қылышыңды қынабыңа сал... Сөйтип, әуели бизлердиң арзамызды, не ушын хожайынның алдына келгенимизди тыңла, билдиңизбе? — деди нықыртып.

— Қысқарт, үниңди өшир! Сен маған ақыл үйрететуғын кимсең өзиң?!

— Айттым ғой, өзиңдей адамман!

— Байлаң оны!

Еки үш полицейский дәрриу басшысының буйрығын бежериуге умтылды. Олар адамларды ийтерип Мамытты байлауға ҳәрекет етти.

— Ойнама, рабочийдан қолыңды тарт!—деди де бес-алты рабочий полицейскийлердиң алдын тосты да, кең көкиреклерин қалқан етип.

Мамыт полицейскийлердиң басшысына бежирейип:

— Қәне байла, неге турыпсаң? — деди көзлеринен кек жалынын шашыратып.

Қәҳәри келип, намысқа шыдамаған полицейский абайсызда турған Мамыттың шекесине салып жиберди.

Ауыр кеселден жаңа ашылысып киятырған ҳәлсиз Мамыт полицейскийдиң тоқпақтай мүшының пәти менен тентиреклеп барып еденге жығылды.

— Туўысқанлар, полиция күш қолланбақта, карьердеги рабочийларға хабар етиң! — деп биреу ашық турған есиктен бақырды.

Қаны қайнап, мушларын түйип турған рабочийлар полицейскийлер менен айқаса кетти. Бирден кабинеттиң иши ала насарлы болып қызыл мушлар қылыштай ойнады. Демнин арасында кимниң кийими жыртылып, кимниң бети қыршылды, кимниң мурны қанап, кимниң көзи исти. Соның арасында Мамыт орнынан турып: «те-

миршиниң әўлады бийкарға таяқ жемейди» — деп гижиnип байқамай қалған полицейскийдиң басшысының маңлайының дәл ортасына былш еттирди.

Әзелий балға менен сандалдың үстинде шынығқан муш полицейскийдиң зоң мурнын дал-дал етип, қызыл қанға бояды.

Нағыз қырғын төбелестиң үстине Ағабек пенен бир неше рабочий кирип келди. Кейин полицейскийлердиң көзинше оларға «кейип», өтириктен кәтқудалық етти.

Кийимлери дал-дал болып, қызыл қанға боялған, қызыўы басылмаған рабочийлар:

— Не ушын полицейскийлер алдын бизиң арзамызды тыңламай, бирден күш көрсетеди?! Не ушын бизлердиң аўырып қалған күнлеримиз ушын аласы пулымызды бермейди, әдиллилик қаяқта? — деп олар тағы бақырысты.

— Төлеймен, бәрине де төлеймен. Құдай ушын урысжәнжелди қойың! — деп үрейи ушып қалтырап турған сум туяқ хожайын, илажсыздан рабочийлардың талабын қанаатландырыўға келисим берди.

Рабочийлардың бәри бирден шуўласып:

— Мине, бул басқа гәп!—дести.

— Үлкен полицейский аўзы-мурнының қанын сыпырып:

— Мен сенлердиң бул жабайылық ҳәрекетиңизди, берген жәбирлериңизди, қөрылығыңызды аяқсыз қалдырмайман. Бәриңди де қаматып, сүйегиңизди сүргинде саргайтаман, сени болса Петропавловскийдиң түрмасында ширитемен!.. Ол соңғы сөзин Мамытқа қарай айтып, дәрҳал есиктен шықты.

Сол заматы далада турған рабочийларда Ағабектиң көз қысыўына түсинип, полицейскийлердиң алдында өзлериниң жумысына кетти. Арзасы қанаатландырылған рабочийлар болса хожайыннан тийисли қамсыз ҳақысын ала баслады.

Сол күни кеште Ағабек жетиленши шыраның жылтылдаған жақтысында Мамыттың қуўанышына, түрине қарап, ишинен бир қарыс өскендей болды. Кейин көпшиликтиң арасынан бағана карьерде саўал берген келте бойлы, сулыўшық жигитти таўып алып:

— Енди түсиндиңбе иним, сен әрман еткен ол бийикликти, ол үстемеликти биз даңышпан Лениниң басшылығы арқасында өзлеримиз жеңип аламыз!— деди оған тыянақлы түрде.

Шешениниң бул сөзлери силтидей тынып отырған адамларға айрықша тәсир етип, ишки дүньясын қозғап жиберди. Олар бирден қозғалысып, өз бетинше гүбирлесип, арзыў-арманларын өз-ара ортақласты.

Рабочийлар өзлерининң шаршағанында сезбей, шешениниң ҳәр бир сөзин аўзынан қақшып алып, ҳаўадай жутты. Бирақ, олардың барлық жагдайына жақсы түсинген Агабек саатына қарап:

— Ярым ақшам болып қалыпты. Енди сизлер ўағырласпай, бир-бирден тарқаса бериң. Дәрриў жатып демиңизди алың, — деди де ол әңгимесин тамамлады.

Таң алдында, шыйт уйқыда жатырған адамлардың тыныш лығын даладан шыққан биреўдиң:

— Баракларды полиция менен әскер қоршап атыр! —деп бақырған даўысы шоршытып жиберди.

Ҳәмме дәрҳал оянып, орынларынан өрре турды да, тез кийине баслады: «Я, алла, егер бул қамал кешеги ўақыяның ақыбети болса, ҳәрне ақыры қайырлы болғай» — деп гүбирлеген Мамыттың қәўетери көкирегине сыймай далаға шыққанда, баракларды қоршап алған әскер менен тимискиленген полицейскийлерди көрди. Олар мылтығын қолына алып, жаўынгерлик жағдайға таяр болып ҳеш кимди, ҳеш жаққа жибермей атыр екен.

— Дыққат, ҳәмме рабочийлар өз жатақханасының алдына дизилсин! —деп полиция начальниги менен әскериң командирдиң алдында жорғалап жүрген Акопян буйрық сыпатында бақырды.

Адамлар ҳайран болып, илажсыздан дизилисип, сапқа тура баслады.

Арадан азмаз ўақыт өтпей-ақ, Акопян және бақырды:

— Еситиңлер, кешеги қозғалаңға байланыслы тексериў жумысын жүргизиў ушын кәнимизге Кавказ полиция басқармасы сиясий ислер бөлиминиң орынбасары капитан Меликян мырза келген. Ҳәзир ол сизлерге полиция басқармасының прокуроры тәрепинен тастыйықланған қарарын оқыйды. Мәрҳамат, мырза капитан? —деп ол артына қарады.

Алысқа созылған көп адамлық саптың алдына орта бойлы, кең көкирекли, қара пәрең, суўық түсли, муртлас офицер шығып:

— «Алахверди» мыс кәнинде ислеўши рабочийлардың шет елли хожайынларға қарсы қозғалаң шыға-

рып, кейнинен тәртипти сақлаў ушын келген полицейскийлерге күш көрсеткени ушын ҳәм олардың тәнине жара салғаны ушын жынаят кодекстиң... статьясына муўапық:

1. Аманбаев Мамыт — 1892 жылы Әмудәрья бөлиминде, темирши семьясында туўылған.

2. Әзиймов Аман — 1890—жылы Қоқанд қаласында, зергер семьясында туўылған.

3. Гасанов Гуламәлий — 1891—жылы Таўлы Қарабақта шопан семьясында туўылған.

4. Дурднев Араз — 1890-жылы, Дарғаната ўәлаятында тандыршының семьясында туўылған.

5. Мирзоян Аважес—1891-жылы Ереван қаласында бәззазлар семьясында туўылған. Бул гүднбузарлар, тоқтаўсыз қамаққа алынып, сиясий жынаятшы иретинде үстинен тергеў жүргизилсин, — деп ол өз сөзиниң рабочийларға қалай тәсир еткенин билмекши болғандай, қызықсынған нәзери менен саптағы рабочийлардың бәрин бир қатар шолыды. Кейин қолындағы қағазын еки бүклеп: — Қарарда аты аталған рабочийлар үш адым алға шығыңлар! — деди де, қасындағы лейтенантқа ийек қақты.

Жол бойы түсиник алған тырысқақ лейтенант дәрҳал қараўындағы полицейскийлер менен сапты айланып қамаққа алыныўға қарар етилген адамлардың қолына кисен салды.

Мамыт артында турған ағасына бир қарап:

— Сен қапа болма, мен ҳақыйқатлық ушын бәрине де шыдайман, бәринде жеңемен дегендей мәртлик, турақлылық түр билдирди.

Соның арасында қатал минезли, полицейскийлер оларды жора жолдаслары менен де хошластырмай, алдына салып айдап кетти.

Орнында турып қалған капитан қатарда турған рабочийларға бираз ақыл-нәсийҳат айтып, оларды ақ патшаның ҳәрқыйлы ҳүким ҳәмирлери менен қорқытты. Кейин кәнниң шет еллик ҳәм жергиликли хожайынларына қарап:

— Егер буннан былай ыңқ етип, бас көтерген рабочий болатуғын болса, дәрҳал бизге хабар етиң. Сол заматы бизиң полицейскийлер келип, олардың қолына тап жаңағылардикиндей кисен салынады, — деди де еки ат қосылған пайтонға минди.

— Пайтон мыс кәниниң шегинен шыққаннан кейин, капитанның артында отырған жүзегөй лейтенант сөз баслап:

— Бул әйтеўир қозғалаң емес, бунда қандайда бир астыртын ҳәрекет етиўши сиясий басшылықтың тиккелей қатнасы бар. Менинше, ең алды менен сол сиясий уйымды ҳәм оның басшыларын табыўымыз керек капитан мырза,—деди ол өзиниң жағымпазлығы менен баслығына шағынып.

Сур бетли сум туяқ капитан пайтөнның жумсақ арқасына шалқайып:

— Ол жағынан ғам жемең, лейтенант, биз қамаққа алғанлардың жилигиниң майын шағып, көзин сарғайтып анықлаймыз. Бул жөнинде сиз мениң бай тәжирийбем менен тергеў усылыма исене бериң, — деди қалың муртын шыйырып.

Агабек өзиниң участкасына кетер алдына Асқардың ийнинен қагып:

— Бул күплери хожайынлардың көзине көп көрине берме. Олар менен дусласып қалсаң, ҳәмийшегидей маўасалық түр билдирип сәлемлесиўди умытпа? «Жақсы сөз жыланды жуўасытады». Бирақ, сен ойлап жүрме, бунындай ўақытша маўасалық хожайынлар алдында бизлердиң пүткиллей қол қаўсырып, бас ийгенимиз емес. Бул тек бүгинги күниң тактикасы болып esапланады, — деди.

Асқар тартынғандай түр билдирип:

— Мамыттың қаяқта жатқанын анықлап, изинен кийим-кеншек, азық-аўқат апарсам алар ма екен? — деди шыдамай.

— Бүгин-ертең сабыр қылып тур. Әўели өзим бәринде анықлап билейин. Кейин саған айтаман, бәлким есабын тапсақ бирге барып қайтармыз.

Асқар оған мақул дегендей басын ийзеди Ағабек бираз кеўилин жәмлеп, жүрип кетти.

Бул күни барлық рабочийлар ушын жүдә аўыр ҳәм кеўилсиз болды. Олар жумыс ўақты түўе, карьерден қайтқаннан кейин де бир-биреўи менен ашылысып сөйлеспеди, Ҳәрким өз машқаласын ойлады. Асқар болса инисиниң қамалғанына қамығып: «Бул қандай болды, барлық бахытсызлық. Аманбайдың тухымының талайына түскен бе? Аўылда да, бул жерде де бизиң исимиз сирә алға өрлеп, ығбалымыз ашылмады гой. Енди бул қамалыўдан Мамыт та жыл алып сүргин-

ге айдалып кетсе»... Ол ҳәр нәрсени бир ойлап жатып, уйықлап кетти.

Арадан ауыр күнлер өте баслады. Бул ўақыт ишинде Мамыт пенен басқада қозғалаңшылардың жынаятына байланыслы полиция жүзлеген рабочийлардан тергеў алып ақырында исти тамам етти.

Суд процесси жабық түрде болып, Аманбаев Мамытқа жети жыл, басқаларына бес жылдан күн кесилди ҳәм олардың жазасын өтеў орны Сибирь рудниклери деп белгиленди...

1917-жыл.

Қоцыр гүз. Азанғы ўақыт.

Мамыт пенен басқа да сиясий жынаятшыларды этапқа жөнелтиў ушын күшли полиция конвойының гүзетиўинде, оларды қалалық вокзалға айдап келди де, перронда тайын турған темир торлы вагонларға дизим бойынша бирме-бир отыргыза баслады.

Тап сол ўақта Асқар менен Агабек вокзалга жетип келип, темир жолшыларга ым менен әле қандай сиғнал берди.

Соның арасында паровоз бирден гудок берди. Оның айбатлы сестине депоның басқа паровозларыда өзлериниң қәҳәрли жаңгырыгын қосты.

Бул жаңгырықлар алдын-ала таярланган улыўма сигналды аңлатып, үлкен қаланың узақ түпкирлеринде ләрзем берди.

Ал, қала халқы болса, бул жаңғырықты күткендей бирден вокзалга қарап жуўырды.

Демниң арасында көшелер адамларға лық толып, вокзал ици қалай болса-солай қайнап кетти.

Паровозлар гудок бериўин жийилетти, халықтың руўхын тастырды.

— Революция!

Агабек паровоздың басына шығып, Петроградта Октябрь социалистик революциясының туўылғанын жәриялады.

Бирден станцияның майданшасы менен перронды қаплап турған халық бас кийимлерин аспанга ылақгырып, қол шаппатлап:

— Жасасын Октябрь Социалистик Революциясы, жасасын революция суңқары данышпан Ленин! — деп бақырысты.

— Қамақтағы барлық адамлар азат болсын! Биреў усындай уран менен темир торлы вагонларга қарай

умтылды. Опың артынан қайнап турған қәҳәрли халық гуўлеп еңтерилди.

Жан-иймапы қалмай зәрреси ушқан полицейскийлер қара басын алып қашты.

Вагонлар ашылып, қамақтағы адамлар азат етилди...

## ҮШИНШИ БӨЛИМ

1918-жыл.

Асқар менен Мамыт көп күнлик қәўипли ҳәм машақатлы жоллар жүрип, алыс мәнзиллерден асып, ерте бәҳәрдиң басында Шаржаўға жетти. Бул манда жерлер көклеп ағашлар жапырақлап ҳәр түрли қуслар келип, қыр этирап қулпы дөнип кеткен екен.

Олар Ағабектиң берген нусқаўы бойынша темир жол депосында ислеўши Әлийзаде деген токарьды таўып алып, оған жерлесиниң жиберген сәлем намасы менен байланыс хатын тапсырды.

Әлийзаде жасы қырқларға барған орта бойлы, шымыр денели шаққан адам екен. Ол хатты оқып болып:

Сизлер әйне ўақтында келдиңиз. Ҳәзир бизге сизлердей дәри ийискеп, оқтың сестин еситкен азаматлар көп керек. Еле Әмудиң аяғы менен Хийўа ханлығының қол астындағы елатларда Совет ҳүкимети бир тегис орнаған жоқ.

— Бизиң Төрткүлде, Шаббазда қалай? —деп Асқар шыдамсызлық пенен Әлийзадениң сөзин бөлди.

— Төрткүл менен Шаббаздың үстинде қызыл туў желбиреп тур. Бирақ, ескертип қояйын, еле алыс түпкирлер менен қалың тоғайларда аш бөридей улысып, тисин қайрап жүрген баспашылар биротала саппастырылған жоқ. Әсиресе инглислер[1] тәрепинен қураллландырылған Ханжөнсйдтиң баспашылары күн сайын қылышын қайрап, Төрткүлге көзин тигип отыр. Олар жергиликли байлар, уламалар менен астыртын тил бириктирип, Әму жағасында орнаған жас Совет ҳүкиметин қулатыўға таярланбақта. Мен сизлерди енди жергиликли Ревсовет кеңсесине апарайын. Ол жерде ҳәзир Қызыл әскерге Төрткүл гарнизонын беккемлеў ҳәм жаңа күшлер менен толықтырыў мақсетинде оған жәрдемге қураллы отряд жибериў ушын ықтыярлы жаўынгер-

[1] Инглислер — англичанлар.

лер алынып, олар әскерий иске үйретилип атыр, —деди де ол қаланың орайына қарай жүрди. Олар сулыў жайдың шарбағына киргенде «Бир-еки-үш, сол аяқ!... «Бир-еки-үш, сол аяқ!»... деген команданың астында шынығыўлар жасап атырған ықтыярлы отрядтың жаўынгерлерин көрди.

Асқар менен Мамыт қолларына мылтық услап, план ишинде ҳәр қыйлы әскерий өнерлер ислеп атырған жигитлерге қарап турғанда көзлери туўысқан инисин шалып:

— Мырзабай! — деп екеўи де бирден бақырып жиберди. — «Душпанға ҳүжим» жасап, маңқы етип жүрген жигит сәл иркилип:

— Ағалар! — деди де туўысқанларына қарай қушағын ашып жуўырды.

— Тоқта, саған шынығыўды бөлиўге ким рухсат етти, неге тәртипти бузасаң?!

Мырзабай командирдиң салдамлы сестинен айбынып:

— Жолдас лейтенант, анаў турған жигитлер мениң туўысқан ағаларым, оларды еки жылдан берли көргеним жоқ. Туўысқанларым менен көрисиўге рухсат етиңиз? — деди ол әскерий тәртип пенен қədди бойын тиклеп!

Командир стройдың шетинде турған еки жигитке дыққат пенен қарап:

— Бул басқа гәп. Мейли, он минут сөйлесиўге рухсат етемен, — деди.

Күтилмеген жерде туўысқанлар дийдарласып, апақ-шапақ болды да қалды. Олар биразға шекем бир-биреўине қарап маўқын баса алмады.

— Апам қалай, аман-саў отырма сен бул жерге қалай келдиң? —деп Асқар менен Мамыт инисинен сорады.

Мырзабай кеўилин басып:

— Мен тутқынға алынып, тюрьмаға қамалғанға шекем апам саў еди. Оннан берлиде арадан бир жыл-дай ўақыт өтти. Ҳәзир үйден, елден ҳешқандай хабарым жоқ. Маған ең қуўанышлысы елде бий болыслар, молла-ийшанлар жоқ етилип, барлық бийлик советлердиң, мийнеткеш халықтың қолына өткен, — деди ол.

Мырзабай ағаларына өзиниң не ушын тюрьмаға қамалып, сүргинге айдалғаны ҳаққында баян етип: — Былтыр, барлық дақыл жыйналып, жүўери қырман

алынган ўақлары жаўызлар мениң қол-аяғыма кисен салып, таң алдында өзимдей жынаятлылар менен этапқа айдады. Аяғымды ғайзап қызыл қанга бояған аўыр кисенниң салдырлысы астында адым сайын бир жығылып, сәске ўақта «сәпки» гүзарына жеттик. Бул жерде бизлерди дәрриў сүйири бас кемеге миндирип, сол заматы оны жағадан қашырды. Кеме дәрьяны орталаған ўақта оның желқомын көтерди.

Сөйтип күшли самалдың пәти менен өркешленген толқынларды жарып елеўсиз өрлей басладық. Жол бойы кемемиз талай ирет қайырға батып, оны өңмеңлеўден ийинлеримиз жаўыр болды. Хәпте бойы аяғымыздағы кисенимиз бенен көзимиз ағарып салдаў тарттық. Азап-ақыреттиң барлық түрлерин көрип, онсегизиниши күни Шаржаў жағасына жетип, аяғымыз жерге тийди. Бул жерде бизлерди қалалық тюрьмаға әкелип қамады.

Арадан ай өтпей, бир күни тюрьманың иши аланасырлы болып: — «Жасасын Октябрь революциясы!.

«Жасасын данышпан Ленин!»,

«Жасасын Совет ҳүкимети!» —деген жалынлы сөзлер жаңғырып еситилди.

Соның арасында биреўлер камерлардың есиклерин ашып:

— Туўысқанлар! Октябрь таңында азат болдыныз, шығыңлар еркинликке!—деп бақырды.

Қамақтағы бенделердиң бәри жалаң аяқ, жалаң бас камерадан шығып, бир-биреўи менен қушақласып, қуўанысып далаға қарай жуўырды.

Мен ҳеш нәрсеге түсинбей шуўласқан адамлардың изине ерип:

— Бизлерди тюрьмадан азат қылып, еркинликке шығарған ким, ол қандай адам? —деп ҳәр қимнен бир сорадым.

—Ленин! Революция! Совет ҳүкимети! — Толқындай тасқан адамлардың жүзинде қуўаныштың сәўлеси күндей жарқырап, тиллеринде усы сөзлер жаңлады.

Олар көшелерге сыймай күлип, гә жалады, гә қосық айтып, гә шадлы ойын ойнады. Қулласы, азатлықтың ләззетине бөленип, адамлардың кеўли көкке жеткендей болды.

Сөйтип түске таман бәримиз усы жерге келип, ықтыярлы қызыл отрядтың қатарына жазылдық. Сөйтип

ҳәзир күн сайын әскерий шынығыўлар үйренип өнеримизди арттырып атырмыз. —

Инисиниң қайғылы ҳәм аяныўлы гүррицин тыңлап, түр-түслери гә түнерип, ға ашылып турған туўысқанлар еркин түрде демин алып:

«Елеле бизлердиң бахытымызға Лениниң болғанлығын айта бер. Болмаса бизиң сүйегимиз Сибирь сүргининде сарғайып, еки көзимиз жақты көрмей-ақ сөнер еди иним», — деди Мамыт.

— Ағалар, енди сенлер бүгин аўылға қайтасызларма? — деди ол қызықсынған түрде.

Асқар оң қолын инисиниң ийнине қойып:

Сенинде бойыңа ылайық ақыл ойың жетисип, ҳәр қандай нәрсени, өзгеристи айырғандай көзиң ашылыпты. Айтқанларыңның бәри дурыс. Бизлер енди баяғы Аманбай темиршиниң «тили жоқ», мүсәпир балалары емеспиз. Өткен ўақыт ишинде бизлер көп нәрсени көрип, көп затты үйрендик. Ашшы менен дușшыпың, жақсы менен жаманның парқына түсинип, дүньяның көп қубылысларын аңлайтуғын болдық. Ал, енди аўылға болса, бәримиз бирге қайтармыз. Түсиндиңбе?

— Түсиндим, сенлер де бизиң отрядқа өтип, қолыңызға қурал жарақ аласыз, солайма?—деп Мырзабайдың күлимлеген жүзи бәҳәр күниндей жадырап, көзлеринен қуўанышының ушқынлары зердей шашырады.

— Аўа солай!—деп Асқар инисиниң сөзин мақуллап, оның ийнинен қақты.

Өз-ара әңгимеге Мамыт араласып:

— Аманбайдың бир ўақлары киси есигинде қул болып, телмирип жүрген жалаң аяқ, мүсәпир уллары бүгин қолларына қурал алып, революцияның жаўынгери сыпатында туўылған жерин, халқын ишки, сыртқы душпанлардан қорғаўға атланды? — деди мардыйып.

Усы ўақта иштен шыққан Әлийзаде туўысқанлардың еле таўсылмаған әңгимесин бөлип, Асқар менен Мамытты ертип кетти.

Ықтыярлылар қысқа ўақыт ишинде әскерий таярлықтың тийкарғы түрлерин пухта үйренип, жаўынгерлик жолға таяр болды.

Түн. Казарманың иши тастай қараңғы. Ҳәмме шырт уйқыда жатыр. Биреўлери арасында әлле қандай түслер көрип, гә ыңыранды, ға күлди.

— Тревога!—деп даўыслады да аўызда отырган ғүзетши, командирдиң буйрығы бойынша дабыл қағып, ҳәммени уйқысынан оятты.

Ҳеш нәрседен бийғам жатқан ықтыярлы жаўынгерлер тезден кийинип, қолларына оқ-жарағын алып сапқа турды.

— Отряд смирно! Дыққатыңыз ортаға!

Лейтенант оң қолының бас бармағын фуражкасының қаснағына апарып, қазарманың орта жеринде турган тулгалы адамга жақынлап:

— Жолдас комиссар, ықтыярлы жаўынгерлер отряды сизиң буйрығыңызға муўапық сапқа турды!—деп рапорт берди.

— Сәлем, жолдаслар?

— Сәлем, жолдас коммисар!

Комиссар кең көкирегин керип:

— Мениң фамилиям Шербаков, атым Николай, бүгиннен баслап отрядтың комиссары сыпатында сизлер менен жаўынгерлик жүриске — Төрткүлге атланамыз, — деди ол жуўан даўысы менен саптағыларды бир қатар шолып.

Мырзабай болса бул хабарга қуўанып: «Енди мен Қалмурат қазыға өзимниң ким екенимди көрсетип оның менен арқайын есапласатуғын болдым» деди ол өз ишинен, тислерин қайрап.

Кейин комиссар оларга отрядтың жаўынгерлик сапардағы ўазыйпасын түсиндирип:

— Жолдаслар, сизлердиң араңызда ҳәрқыйлы миллеттиң ўәкиллери:—орыс, татар, өзбек, қазақ, қырғыз, тәжик, түркмен, уйғыр, қашқар халықларының садық перзентлери бар. Соңлықтан биз отрядымызды ҳақыйқат интернационаллық отряд деп мақтаныш тпенен түрде айта аламыз. Биз ишки ҳәм сыртқы душпанлардың қысқысына ушырап отырған қарақалпақ халқына өзлеримиздиң қолымызды созыўга баратырмыз, — деди де қасында турған лейтенантқа ийек қақты.

...Бәҳәр қуяшы бүгин жадырап шықты. Оның зердей жарқыраған өткир нурлары жасыл липасқа бөленген бийик тереклердиң төбесинен асып, көлбеп жатқан асаў өмирдиң сарғылт суўына шашырады. Сәўир самалының лебине тербелип атырган тутас толқынлар бирден алтындай дөнип, жарқырап кетти. Таң сәўлесин аңсап қалған ақ қанатлы шағалалар суў үстинде

шаңқылдасып ойынға шыққан шабақларга изли-изинен ҳүжим жасады.

Соның арасында асаў Әмиў кем-кемнен көбиклесип кспарына сыймай, жағада турған кемелерди бесиктей тербеди.

Әйне усы ўақта жагысқа келген ықтыярлылардың биреўи:

— О жарықлық, сениң менен жаңадан дийдарласып, қушағыңда жүзиўге нәсийбем бар екен ғой, — деп ылай суўға бет қолын жуўды.

Басқалар асаў дәрьяның толқынласып атырған шалқар суўы менен үстиндеги ушып жүрген шағалаларға қарап, кеўлиндеги қайғы-шерин тарқатты. Тек Мырзабайды ылай суўдың ийрими әлле қандай ойға салып, жүрегиниң түбинде шөгип жатқан Жумагүлдиң тағдирин қозғап жиберди. Ол өз қалыңлығының келбетин көз алдына ериксиз елеслеткен сайын кеўили бузылып, ҳеш қашанда орны толмайтуғын жоғалтыўдың аўыр дәрти ийеледи. Оны терең ойдың салдарынан комиссардың:

— Кемеге отырыңлар!—деген командасы шығарып алды.

— Ҳәмме бирден жанланып ғаўырласып жағада турған жети азналы кемеге минди.

Кейин бас дарға комиссардың буйрығы бойынша кемени жағадан қашырып, оның желқомын көтериўге тәртип берди.

Сөйтип, арадан көп ўақыт өтпей-ақ айдарлы, сүйир бас кеме ағын суўдың тезлиги менен күшли самалдың пәтине өркешленген толқынларды қақ айырып зуўлап кетти. Жағадағы бирең-сараң пытыраңқы жайлар менен ағашлар кемедегилерге бир көринип, кейин ғайып бола берди.

Айдарлы кеме ҳеш жерде иркилместен тасқын суўдың толқынын жарып, келеси күни азанда Қула таўдың тусынан шықты.

Тап усы ўақта: «Пах-пах-пах!» —деп жагадан үстиүстине атылған мылтықтың сести еситилди.

— Баспашылар!..

Кемениң азнасында жатқан ықтыярлылар уйқысынан оянып дәрриў жарағына жабысты.

— Бас дарға, тезден кемени жағалат!—деп комиссар қатаң буйрық берди.

— Ҳәзир жағалауға болмайды жолдас комиссар, баспашылар бизди туўры оққа тутып атыр.

— Жағалат, болмаса атаман! Комиссар қәҳәрге шыдамай маўзерин қолына алды.

Бирден зәрреси ушып жан-ийманы қалмаған дарға дәрриў кемениң басын жағаға қарай бурды. Ол баспашылардың оғынан көре, комиссардың абайынан сескенди.

— Отряд, саўашқа, атыңлар!

Комиссардың қатаң даўысы кемениң ишин қалтыратып жиберди.

Ықтыярлы жаўынгерлер кемениң ернегине буққы таслап баспашыларға қарсы оқ атты.

Үсти-үстине атылған мылтықтың сестинен дәрьяның иши саўаш майданындағыдай жаңғырып кетти.

Ўах, ў-а-х, жаўызлар? Аяншлы, ашшы даўыс кемедегилердиң қулақ пердесин қалтыратып, жүрегин сызлатып жиберди.

Жазым оққа душар болған дарға етбетинен жығылып, кемениң ултанын қызыл қанға бояды.

Соның арасында кеме жағаға жақынлап, қырдағы баспашылар қыйқыўласып қумға қарай қаша баслады...



# ҮМИТ ҚУЯШЫ[1]

*Повесть*

## БИРИНШИ БӨЛИМ

Дәўқарадан көмир жүклеп шыққан кәрўан Урғенчке жақынлағанда қаланың түпкиринен қулақты жаңғыртатуғын гудок сести еситилди Бул сестен түйелер үркиңкиреп, жолдан шығып кете жазлады. Кәрўан тартыўшылар оларды қамшылады, қайтадан орпаң жолға салды.

Жаңғырықтан адамлардың да қулағы питип, бир дем еситлей қалды. Соның арасында күнниң бетин қара булт қаплап, әл-аспанда гаргалар ғаңқылдаса берди.

Гудок сести тынды.

— Бул не, ата? — Түйекешлерге ерип киятырған, үсти-басы алба-далба, жасы онтөртлер шамасындағы бала кәрўанбасыдан сорады, сезиклеңген ҳәм қызықсынған пишинде жан-жағына қарап.

— Завод, —деди оған қартайа баслаған кәрўанбасы—Рабочийларды шақырып атыр.

Ол сурланған бултлардың арасынан батыўға бейимлениш баратырған дөңгелек күнниң сағымына қарап, еңкейген ийнин қысып:—Бул жерде не болып атырғанын соң өзиң билип аларсаң. Бизлер сени усы жерде қалдырамыз. Бул сениң алыстан сапар шегип киятырған Урғенишиң. Аўа, сен бул жерге аман-есен келип жеттим деп есапласаң болады.

— Маған Жуманияздың аўылына жетиў керек, — деди албырап бала.

---

[1] Повесть „Ананың ары ушын“ атлы гүрриң тийкарында қайта жазылған.

Ол басынан аяғына шекем көмир шаңына былғанған, басқа айдаўшылардай арық ҳәм адырақ көзли еди.

— Ҳо-о анаў темир дәрўазалы тас жайға бар, — деп кәрўанбасы қамшысы менен көшениң ақырындағы жайды көрсетти. — Сол ҳәзир гудок берген завод. Сен еситтиң гой?

Бала басын ийзеди.

— Ол жерде мастерлерди көресең. Олар жақсы адамлар, барлық кәмбағаллар сыяқлы жақсы. Олар саған қонақ жер таўып береди, ал азанда жолды силтеп жибереди, хош бол, балам!—Қәрўан басы алдыңғы түйениң ерине байланған шөрек түйилген түйиншикти шешип алып, балаға узатты. — Қорықпай барабер, Бердибай. Қудай саған яр болсын!

Бердибай қолын көксине қойып, кәрўанбасыға ҳәм оның жолдасларына ийилип тәжим етти.

Кәрўан эсте оңға, Хийўа жолына қарай бурыла баслады. Ол жол ағаш көпирдиң аржағынан басланатуғын еди. Бердибай түйелердиң изинен көпке дейин қарап турды.

— Әй! — деп бақырды алыстан кәрўанбасы, — Мүмкин қайта ойландың ба? — Бизлер менен Хийўаға барасаң ба?

Бала өжетлик пенен шаң басқан, тықырлап шашы алынған басын шайқады.

— Рахмет сизлерге—деди ол, алақанларын ерине дөгереклеп қойып. — Мен айттым гой: бул жерде мениң жумысым ба-а-р!

— Кәрўанның изинде баратырған айдаўшылар баланың анық сөзлерине мыйық тартып күлди.

— Өзиңниң әҳмийетли ислериңде алла саған жәрдем етип, табысқа ерис, балам!—деди олардың ишинен биреўи даўыслап.

Я күлкиси келгенликтен бе, я бир өзи қалғанлықтан ба, Бердибай төмен қарады. Ол жолдың дәрбентинде заводқа барыўға батылы бармай турды.

Кәрўан кешениң айланбасынан көринбей кетти, қаланың көшелери бос еди. Мине тағы гудок еситилди. Бердибай селк етти. Бул қорқынышлы сес қашан тынар екен деп, шыдамсызлық пенен күтти. Ол адамларды көрди. Олар жаман кийинген, еркеклердиң де, ҳаяллардың да жүзлери биргелки қатал түсте болып, олар гудок даўысына қарай ҳәр тәрептен асығып бармақта.

Гудоктың қүдиретли, ҳүкимдар даўысына бағынып, Бердибай қорқа-қорқа олардың изинен ерди.

Заводтың темир дәрўазасының қасындағы суў себилмеген майданда адамлар топарласып жыйналған. Аралдан келген балаға, бул жерде барлық дүнья жүзиниң адамлары жыйналғандай болып көринди. Бул ўақытқа шекем ол халықтың буншама көп жыйналғанын тек даладағы әпиўайы базарларда ғана көрген еди. Оны да тек еки рет көрди. Бирақ, онда адамлар асығып, бирин-бири ийтерисип, бақырасып жүрер еди, ал бул жерде белгисиз бир күшке бағынғандай индемей тыныш тур. Бердибайдың ойларына жуўап бергендей, майданда турған адамларды бириктирген бир сөз еситилди.

— Жолдаслар!

Балконда турып, узын бойлы бир адам сөйледи.

— Жолдаслар!—деп тәкирарлады ол және. — Россия пролетарияты, барлық еллердиң езилген халықлары үлкен қайғыға ушырады. Бизиң партия комитетимиз ҳәзир Москвадан Владимир Ильич Лениниң рабочийлар алдында сөйлеп турғанда жарадар болғаны ҳаққында хабар алды. Оны эсер-террорист бир ҳаял атқан.

Аламан бирден шуўласты. Бақырысқан даўысларда еситилди.

— Владимир Ильич тири ме?— деп сорады бир ири даўыс.

— Тири, — деп жуўап қайтарды балкондағы адам. —Врачлар оқты алған. Бирақ, бизиң көсемимиздиң ден саўлығы, өмири қәўип астында.

Адамлар барлығы бирден сөйленип кетти. Бала бир сөз де түсинбеди, бирақ оның жүреги рабочийлардың усы қайғысына езилип баратырғандай болды. Ол ҳәр кимнен, не болып қалғанын сорастырып көрди. Ҳеш ким буған кеўил аўдармады. Ақырында, ол узын бойлы бүкирейген, қалың сақалы шала ағарған ғаррыға қарап:

— Ата, — деп жалынып сорады Бердибай, — Айтыңыз, қудай ушын, не болып қалған?

— Ленинди жарадар еткен, —деп жуўап берди ол басындағы қоян тери малақайын туўырлап қойып атырып. — Сен Лениниң ким екенин билесең бе?

Ол балаға тап өзине тең адамлардай көрип қарады. Бул баланы жүдә қуўантты, ол өзиниң туўысқанын тапқандай болды.

Бирақ, сақаллы адам басқа адамлар секилли, өзиниң аўыр ойларына шүмди ҳәм балаға енди дыққат аўдарыўды қойғандай көринди. Балконға еркеклер ҳәм ҳаяллар шықты. Олар душпанлардың революцияны туншықтырыўға урынатуғынын, бирақ олардың ҳәрекети босқа кететуғынын, Ленин исиниң женетуғынын айтты. Совет ҳүкимети бул жерге, алыс Хорезмге де келеди, — деди.

Қәпелимде бирден барлық тәреплерден ысқырған сеслер, ат туяқларының дүбирсили шықты.

— Жолдаслар, тарқалыңлар!—деп трибунадан бақырды.

Ҳәмме ҳәр тәрепке қашты. Бердибай қорыққанынан өзин умытып, өзи менен сөйлескен адамның изинен жуўырды. Заводтан бақырысқан сеслер еситилип турды. Бирнеше рет атылган мылтық сести еситилди.

Сақаллы адам бир гүжимниң қасында тоқтады, оның будыр-будыр шақасын, көгерип кеткен алақанлары менен сыйпалады, көкирегин басты. Ақырында, ол өзине келип Бердибайды көрди.

— А-а, — деди ол, сурлаиып кеткен еринлерин зорға қыймылдатып, — сен усы жердемисең. — Ол майдан тәрепке қарады. Қалың қаслары астынан оның кек жалыиына толы көзлери жарқырады. —Мейли, —деди ол тамырлары шығып турған мушын көрсетип, қәҳәрли түрде. — Тез күнде сизлердиң барлығыңыз өзиңиздиң семиз ханыңыз бенен бирге қашып кетиўге мәжбүрий боласызлар.

Бала бул созлерден ҳаўлығып қорқайын деди.

— Қорықпа, — деп ол адам өзиниң қолын баланың арық ийнине қойды. — Ленин жасайды. Оның адамлары жайсады. Олар бизлерге байларды қуўыўға жәрдемлеседи.

Ол көкирегин керип ҳәм балаға қарап, бурыннан таныcындай:

— Кеттик, — деди қысқаша.

Балада оның изинен қуллық етиў менен ерди. Олар тап усы гезде босап қалған базардың үстинен өтти ҳәм қыйсық кошени бойлап, төменге қарай кетти. Бул көшеде ҳөнерментлердиң дүканлары ҳәм устаханала-

ры жайласқан еди. Ыс басқан дийўалынан ақ таныўға болатуғын устахананың алдын да ол тоқтады да аягы менен кишкене есикти ийтерип ашты. Бул есикке оның ири денеси зорға сияр еди. Бул жерде ол баланы тап биринши рет көрип турғандай:

— Сен кимсең? — деп сорады таңланып.

— Бердибай, — деп жуўап берди бала албырап.

— Сен жергиликли адамларға уқсамайсаң ҳэм сөйлегениң де бул жердегилердикиндей емес.

— Мен бэрше қоңыратлылар қалай сөйлесе, солай сөйлеймен.

Темирши күлимсиреди.

— Мине, қандай! — деди ол қызыққан түр менен:

— Сен кимниң баласысаң, қай жерденсең? — деп сорады.

—«Батпақ өткел» аўылынанман. Ол Қара-терениниң бойында. Сиз оны билесиз бе?

Темирши басын ийзеди.

— Бирақ экем мениң қашаннан-ақ жоқ, — деди бала қамығып. — Ол ашлық жыллары өлди. Аўырды да өлди. Оның аты Еримбет. Мүмкин еситкен шығарсыз, балықшы Еримбет? — деп бала төменнен темиршиниң бетине үмит көзлери менен қарады. Оның бундай үйпалапган сақалын бала бурын өмиринде көрген емес еди.

Темирши оны бирден ийнинен қушақлады, ҳеш бир сөз айтпастан ишке қарай тартты.

— Бизикине жүр чай иш, дем ал. Оннан кейин сени алыстагы Арал жағаларынан бул жаққа не айдап келгени жөнинде сөйлесемиз.

Төрт адымнан артық болмаған кишкене дэлизде темирши мыс қуманнан суў қуйып, алды менен баланы жыллы суў менен жуўындырып, шаң-қумларынан тазалады. Кейин оны жылытып, ишине нан туўралған суйық жарма менен аўқатландырды.

— Күте тур, — деди ол, — мен ҳэзир келемен. Ол бүкирейип, устахананың артына қосып салынған пэс өжпреге қайтып келгенде, бала уйқылап қалған еди. Темирши оның тақыр басын сэл көтерип, көншикти жөнлеп қойды.

— Апа, —деди бала көзин ашпастан бирден бақырып жиберип.

— Уйқыла, уйқыла — деди темирши өлпең даўсы менен бала жүзине телмирип.

* *
*

— Апамды бермеймен! Оған тиймеңлер. Ол меники. Кет, уятсыз ғарры, кет бул жерден! Апамды бермеймен. Мен сени... мен сени... көзлериңди тырнайман. Жибериң мени, жибериң!

Аўыл ақсақаллары Бердибайдың бақырған даўысынан жыйырылды, ал Жуманияз бай қулақларын қоллары менен басты. Сол ўақытта бир бәтпешер жигит өзиниң балгадай аўыр мушын көтерип, баланың басына бир урды. Бердибай жап түршигерлик даўыс пенен бақырып жиберди де жерге қулады. Бердибайдың анасы Айшагүл сулыў қатты өксип жылап, есинен айырылып қалды. Еки дугыжым жигит ҳәлсиреген ҳаялды көтерип алып, ердиң үстине кесесине таслады ҳәм еили қайыслар менен мықлап байлады.

— Жаўызлар! Сизлердиң балаларыңыз да мениң баламдай бахытсызлыққа ушырап жылағай. Ата-анасының дийдарын көрмегей!..

— Ҳайўапсызлар сизлер, ырылдасқан көпеклер. Неге баланы анасынан айырасызлар? Сизлер еле бул бийбастақ ислериңиз ушын жуўап бересизлер, ипласлар!!!

Жарлылардың қатты қәҳәри келди. Олар бул зорлық-зомбылыққа жек көриўшилик пенен қарап турды, бирақ ҳешким Айшагүл ушып ҳәм оның жетим қалған баласы ушын араға түсе алмады. Әкеси өлер алдында баласына: «анаңа ғамхорлық ет», деп тапсырған еди, бирақ Бердибай оны қорғай алмады. Бурыннан ақ әмудәрья жағалаўындағы аўылларға тарқалған Айшагүлдиң сулыўлыгы оның басына бәле болды. Ургенчли Жуманияз бай байсыз қалган арыў ҳаққындагы хабарды еситип, оны аўылдың ақсақалларына бир пада қой берип, сатып алды. Ол Айшагулдиң баласы он төрт жасар Бердибай ушын да еки қап шалы қосымша берди. Бирақ Бердибайдың анасын қорғаў ушын жан аямай умтылғанын көрип, қәпелимде оны өзи менен алып кетиў пикиринен қайтты.

— Қулыңыз Бердибайды өзлериңизге қалдырамап, —деди ол аўыл ақсақалларына. Олар болса, қойларды, шалы толы қапларды көрип, бахытлылық келди деп есинен айырылып тур еди. Үш жыл қатарына аўыл ашаршылыққа ушырап, усы ўақыттың ишинде ҳәттеки ақсақаллардың өзлери де ашырқап қалып еди. Жума-

нияздың берген қой ҳәм шалысына олар аспаннан түскендей қуўанды. Аўыл молласы да шетиректе бир нәрселерди оқыған болып, танышсызланған түрде көзлери менен қойларды санап турды.

Жигитлер атларға қамшы урды. Бердибай да, еплеп орнынан турып, олардың изинен жуўырды. Атлылардың биреўи артына бурылып қарамай-ақ, баланың мойнына қамшы тартты. Бердибай шыр гүбелек таўланып, орпаң жолға жығылды.

Усы ўақытлары өр айдарлы баланы буйра толқынында талай сапар тербетип, бесик болып шайқаған ақ сақаллы Арал үзликсиз шуўылдады. Толқынынан ақ көбик шашып жар-қабақларға урып турды. Мәгәр, балаға дәрман ендиретуғын теңиз бетинде шайқалыс пайда болды. Бала әсте көзин ашса теңиз шуўылдысын еситти. Ол қара жерден омыраўын көтергенде таң жаңа ғана атып киятырған еди.

Бердибай не болғанын жаңа есине түсирди. Растанда енди оның анасы қасында жоқ, оны «жаўыз адамлар алыс жақларға алып кетти» деген ой оның жүрегин тесип кеткендей қыйнады. Бердибай байдын нөкерлерине тәп бергенин де, Жуманияздың тислерин көрсетип, дәслеп ўаҳаҳалап күлгенин, соңынан жек көрин жыйырылғанын есине түсирди.

— Мен оны өлтиремен, — деген шешимге келди Бердибай.

Ол аўылға қайтып келди. Өзиниң усақ-түсек затларып тез жыйнап, нағыз азаматтай исенимли адым менен кең далаға қарай кетти. Оны ҳешким ирикпеди. Тек бир ғарры кемпир ғана, ҳасасына сүйенип турып, ыңжылып сөйледи:

—Қайда барасаң, бийшара балам? Сени я қасқырлар жейди, болмаса аштан яки шөлден өлесең ғой.

Бала шопанлардың жайлаўынан өтип, көп ўақыт гезип жүрди. Шаршады. Аш-әптадалықтан азап шекти. Бирақ кейин қайтыў ҳаққындағы ой оның басына ҳеш келмеди. Ол дүзде путалар түбинде жатып шықты, таслардың үстинде уйықлап жүрди. Ол бир күнлери бир аўылға шығып, сол жерде биреўдиң есигинде қысқа шекем бир тамағы ушын жумыс етип, қой ешкисин бақты.

Ол ҳәпте, ай есабын умытты. Бир жаўынлы күни ол Дәўқарадан Үргенчтиң үсти менен Хийўаға көмир алып баратырған кәрўанға қосылды. Жуманияздың аўылы

Ургенчтен алыс емес жерде екенин Бердибай билетуғын еди. Ойланып турмастан, ол кәрўанбасының «ебиндей аўқатланғаның ушын түйелерди айдаўшы бол», — деген усынысын қабыл етип, келисим берди.

— Соның ушын да биз сени өжетлик пенен баратырған жериңе апарамыз, — деди ақ шашлы кәрўанбасы.

Кәрўанның жолы дым алыс еди. Мине, ол жол себилине көнип Ургенчке жетип келди.

* *
*

— А-а, турдың ба, балам. Қалай уйқыладың?—деп сорады темирши Бердибайға өзиниң ыссылыққа тапланып, шынығып қалған бетин бурыңқырап турып.

— Сораман, ата! Өлген адамдай сулық болып уйықлаппан, — деди ол уста қолындағы ораққа қызығып қарап турып.

— Таңға жақын түсиңде сөйлендиң, — деди уста орақты бочкадағы суўға таслап. Шыжылдаған сес еситилип, пар жоқары көтерилди. — Сени не нәрсе қыйналдырып жүр? Саған не болған? балам? —

Бердибай үндемей төмен қарады.

— Жақсы, — деди ғарры азанғы шай ишетуғын сыпаға баланы да мирәт етип.

Олар азанғы ҳалқасқа нан жеп, қатық ишти. Ал, буннан кейин Бердибайды тағы уйқы басты. Ол тағы да көп ўақыт уйқылады, зилдей болған басын ҳеш көтере алмады.

Ол бир даўысларды еситип жатты. Бирнеше адам сөйлесип атыр. Дәслеп Бердибай тек гейпара сөзлерди ҳәм Ленин деген әжайып атты ғана еситти. Бул атты ол биринши рет сол Ургенчке келген күни азанда еситкен еди. Соң ол уйқысынан оянды.

— Ханның тимискиленген адамлары ҳәзир барлық үйлерди тексерип көрип жүр, — деди темирши әстен. —Олар гуманланған ҳәр бир адамды алып кетеди. Бирақ, кеўилди түсирмеў керек. Совстлик жолдаслар Хийўа халқына жәрдемге келеди. Жолдас Семенов сизлерге бул саатлардың (күнниң) алыс емес екенин жеткериўди тапсырды.

— Қашан көтерилемиз? Қашан бул барлық семизликтен қутырып кеткен ҳайўанларды жоқ етемиз? — деп сорады бир жас даўыс.

— Асықпа, Аманқул, — деп жуўап берди темирши. — Бул жерде не ҳаққында айтылғанын сен түсиндиң бе? Олай болса, өзиңниң жүз әскериңди таярлап қой. Олар биринши белги берилиўден қызыл жаўынгерлерге өз қураллары менен жәрдемге келсин. Сизлердиң барлығыңыз-әм солай етиң. Түсиникли ме?

— Таярланамыз ҳәм күтемиз. Тек тезирек болса екен, өйткени күтиўге ҳәм шыдаўға тақатымыз қалмады. Байлар, әсиресе пәлетий Жунайдтың өзи ақырында ийт болыўға қарады. Жәлладлар Россия алыс деп ойлайды, бул жерге революция келип жетпейди деп ойлайтуғын шығар.

— Мейли, не ойласа ойласын. Олар ушын қашшан ақ арқан-жиплер есиўли тур, — деди сол бир жас даўыс.

— Әдеттегидей, биримлеп тарқалыңлар, — деп буйырды темирши.

Демде жай ишн тым-тырыс болды.

— Ата! —деп шақырды Бердибай.

— Ҳаў сен ояныпсаң ғой? — деп темирши Бердибайға жақын келди. — Буншама неге шаршап қалғансаң, балам? — деп ол өзиниң темир услап қабарған алақаны менен Бердибайдың маңлайынан сыйпады.

— Ата, —деди Бердибай. — Сизлер қашан байларды өлтириўге барасызлар?

Темирши қолын Бердибайдың басынан алды.

— Мине қапдай, — деди ол. — Ал мен сени уйқылап атыр деп ойлап едим.

— Мениң уйқым келмеди, — деди Бердибай. — Бирақ мен бәрин еситтим.

— Солайма—деди Темирши ҳәм буйрық түринде:

— Қәне, өзиң ҳаққында жасырмай айт. Енди мен сениң ким екениңди ҳәм бул жерге неге келгениңди билиўим керек.

Бердибай өзиниң басынан нелер өткенин сөйлеп берди.

— Маған жәрдем етиң. Жуманияздың қай жерде туратуғынан көрсетиң.

Темирши үндемеди. Бердибай орнынан секирип турды.

— Мен кетемен, — деди ол қарлыққан даўыс пенен. —Егер сиз көрсетпесеңиз, онда басқа адамлар ақ Жуманияз аўылының жолын көрсетип жибереди.

— Отыр! —деп буйырды темирши. Бердибай күшли даўысқа бағынды. — Отыр! Сен ҳәзир ҳеш қайда бармайсаң. Мен сени жибермеймен. Мен сениң өзиңнен бурынғы адамлар сияқлы, ақылсызлық ҳәрекет жасаўдан опат болғаныңды қәлемеймен.

— Мен бәрибир өш алыўым керек. Буның не екенин сиз түсинесизбе, ата?

— Түсинемен, — деди темирши. — Сен бүгин бул жерде қанша кәмбағал адамлардың болғанын көрдиң бе?

Бердибай басын ийзеди.

— Олардың ҳәр бириниң байлардан өш алыў ушын өз себеби бар. Биреўлерин салықты толық төлемегени ушын мәканынан айырып, постырып жиберген, екинши биреўлердиң балаларын тартып алып қул еткен, үшиншин биреўлердиң жаңа түскен келиншегин алып кеткен. Бул қайғы-ҳәсиретке, Хийўада байларға ҳәм олардың жалпылдақларына қарсы жүрегинде кек жалыны қайнамаған, олардан азап шегип жүреги дәртке толмаған бир де дийхан яки өнермент табылмайды.

— Сонда неге барлық кәмбағаллар бирден көтерилмейди!?—деди Бердибай даўысын көтериңки шығарып.

— Сен мәрт жигитсең, — деп мақтады темирши.— Соның ушын сен тынышлан ҳәм шыдап тур. Сениң толығы менен өшиңди алатуғыныңа ант етемен. Тек Жуманияздан ғана емес, ал барлық езиўшилерден, қанхорлардан өшиңди аласаң. Буны мен, Мадамин темирши, саған ўәде етемен.

Ол күшли қолы менен Бердибайдың қолын қысты.

* *
*

Күн артынан күнлер өтти. Бердибай Мадамин темиршиниң жәрдемшиси болып иследи. Бердибайдың сыртқы көриниси де өзгерди. Бул бир ўақытлары өзиниң туўған аўылынан қашып кеткен бала емес еди. Ол ержетти. Ҳәрекетлери ҳәм қыймыллары тап Мадаминдикиндей бир қәлипте ҳәм исенимли болды.

Енди Бердибай Жуманияз байға пышағын көрсетип топылыў ниийетинде емес еди. Оның алдына қойған жоқары ҳәм ҳақыйқат мақсети бар еди. Бул мақсетти ол Мадамин темиршиниң жәрдеминде көре билди. Оның Мадамин темирши екинши әкеси болды.

Ҳәр күни кеште Мадамин үйинен бир жаққа кетип, кеш қайтатуғын еди. Бердибай темиршиден оның қай

жерде болғанын ҳеш қашан сорамады. Гейде устахананың қасындағы тар қақырада Ургенчли өнерментлер ҳәм батраклар жыйналатуғын еди. Бердибай олардың жасырын большевиклик шөлкемниң ағзалары екенин қашшан ақ билди. Енди олар менен тең адамдай Бердибайда олардың гүрриңлесиўлерине қатнасып жүрди. Оларда Бердибайға өзлериниң бир-бирине айтқанындай, «жолдас» деп сөйлесетуғын болды.

Солай болса да, темирши уста барлық ўақытта Бердибай менен сөйлесиўге, оған өзиниң өмири туўралы сөйлеп бериўге ўақыт табатуғын еди. Оның бул гүрриңлери жас жигит ушын әйтеўир бир қызықлы ўақыялар болып көринбеди: Мадаминниң тағдири, өмир жолы Бердибай ушын өмир мектебиндей болып хызмет атқарды.

* *
*

— Мен өзимиздиң Хийўада, темирши уста семьясында туўылып өстим, — деди Мадамин. — Мениң ата-бабаларымның барлығы уста болған. Мениң әкем олардың өнерин үйренип жетилистирген. Оның даңқы бираз жерге жайылып, ҳәмме оны ҳүрмет пенен Искендер уста деп атаған. Оған дийханлар да, шопанлар да, балықшылар да, қалада жасаўшылар да келип турған. Ол пазна, аншы шанышқысын, пышақлар, жуўен ҳәм басқа да көплеген беккем ҳәм жеңил заглар соғатуғын еди. Адамлар оның устаханасына ағылып келип, қайтыўға асықпайтуғын еди, өйткени мениң әкем тек ғана шебер уста емес, ал ҳақ нийетли, ашық кеўил ҳәм қайырқом адам болған. Оның Хийўадағы барлық басқа усталардан айырмасы, ол өзиниң ислеп берген жумысына қанша ҳақы төлеў керек екенин, оның баҳасын айтыспай, ал сол жумысты ислеткен адам қанша төлеўге шамасы келсе, соған қайыл болатуғын еди. Ақшаны әкем ҳеш қашан қайта санап алмайтуғын еди. Ол адамларға исенетуғын еди ҳәм сол себепли оны, Искендер устаны, ҳәттеки гезенделерде, белгили жалатайларда алдамаған.

Мен жас ўақтымнан оның қасында болдым. Мени тек темирши уста емес, ал адам етип тәрбиялағаны ушын мен оған пүткил өмир бойы миннетдарман. Ол мениң өзине ылайықлы мийрасхоры, исин даўам еттириўшиси болғанымды күседи. Ол, ашлық жылы қай-

тыс болды, Бердибай. Деген менен, бундай өлим бизиң үлкемизде сийрек емес те, аз гезлеспейди де.

Әкемниң устаханасында мен бир өзим қалған ўақытта, мениң жасым шама менен тап ҳәзирги сениң жасыңдай еди. Аўыр, қорқынышлы жыл болды. Бәҳәрде егилген егинлердиң барлыгын суўық урып кетти, ал жаңадан егилген атызларды да жазда буршақ жаўып қыйратып кетти. Малға ҳәм балыққа кеселлик тарады. Аўыр жуқпалы аўырыўлардан адамлар да қырылды. Олар он-оилап, ҳәтте өз туўысқанлары менен хошласа алмай, кимлер атызда, кимлер жолда өлди. Тек ханның, байлардың амбарлары, телеклери дәнге сыймай толып турды. Олар дәнди Әмиўдиң жоқарғы жағынан сатып алды. Ол жақта сол гезде дән ертектегидей арзан болған ҳәм байлар кеме менен дәслеп Үргенчке, соңынан Хийўаға алып келген. Ашлықтан ҳәм азап шегиўден еси кеткен адамлар байларға өмирлик қуллыққа сатылды, бир қап дән ушын қызларын тоқаллыққа берди.

Мениң устаханамдағы көрик әлле қашан өшип қалды, әкемниң әсбапларын шаң басты. Ҳеш кимге кетпен де, қулып та керек болмай қалды. Мине халықтың шыдамы таўысылған күн де келди. Ашлықтан өлип баратырған адамлар байлардың дәнлерин ҳәм алтынларын күш пенен тартып алыўға қарар етти. Жарлылар байлардың бир неше жайларын өртеп жиберди. Бирақ, буның кейнинен болған жазалаўлар сондай аяўсыз болды, ҳәтте мен усы күнлери де оны еске түсирсем жаным түршигеди. Ханның жасаўыллары адамлардың геллелерин, жантақ шаңқандай етип, қылыш пенен думалатты. Хийўа көшелеринен қан ақты. Ол шаң менен араласып, гүрең тасқынға айналды. Қорқынышлы зинданлар сорлыларға толды. Оларды үйлеринен услап алып, ҳеш сораў сорамастан, узақ ўақыт азапланып өлетуғын өлимге айдады.

Жарлылардың ең батыл, өжетлеўлери сахра далаларга қашып кетип, сол жерден байлардың үйлерине топылыўды өзлерин ҳәм жалпылдақларын өлтириўди даўам етти.

Мен тек жас болганлықтан аман қалдым, бирақ хан ҳәмелдарлары мени де тынышыма қоймады. Бир күни бизиң гөне есигимизди олар қатты қәҳәрленип аяқлары менен тепти. Өлгенше қорыққан анам «ким» деп сорады. Жуўап ретинде абай етип қорқытқан даўыс-

лар еситилди ҳәм биреўдиң устаны талап етип буйырған даўысы шықты. Мен хан жасаўылларына шығып көрнидим. Бизиң үйге топылып келген солар екен.

—Мине, қандай уста!— деп жасаўыллардың баслығы таңланды ҳәм гарқылдап күлди. — Ҳа, ол балғаны да көтере алмайды ғой!

— Басқасын, бәлким, таба алмаспыз, — деди екиншн жасаўыл.

— Бәри гүздеги шыбынлардай өлип питти.

— Мейли, — деди олардың баслығы маған былай деп турып: — Мине саған хан сарайынан мынадай тапсырма: азанга шекем онға жақын кисен таяр болсын. Усылайынша тағы ҳәр күни таярлаўың керек. Егер усы жумысты питкерип берип турсаң нан, ақша аласаң. Егер питкермесең— бизлер саған мынадай қыламыз деп, ол басты қалай кесетуғынан көрсетти.

— Жоқ! Ҳеш бир нәрсе ушын бул дүньяда мен оны нслемеймен! —деп бул семиздиң жүзине бақырып жибергим келди.

Бирақ мен үндемедим, ал түнде болса сахраға қашып кетиўди мақул көрдим...

Мен шүтик шыраны жагып, анам жатқан бөлмеге хошласыў ушын кирдим. Мине мен оның бахытсызлықтан, ашлықтан ҳәлсиреп атырғанын көрдим. Менсиз оның өлип қалатуғынын түсиндим.

Мен ол ўақытта еле ҳәлсиз един. Көңлим де ҳәлсиз еди. Сонлықтан мен өмир бойы кеширип болмайтуғын нс иследим. Түсимдегидей, устаханага кирдим. Көмирди алыстырып темирди қыздырдым. Оны соңша гижинип урғанымда ушқынлар, жаўған жаўындай ағытылып жатты. Мениң жиңишке қолларымның диңкеси кетти, балтырларым қалтырады. бирақ нәлетий жумысты қалдырмадым ҳәм азанда жасаўылларга кисенди таяр етип бердим.

Тез күиде өмир маған аяўсыз сабақ берди. Мен кисенлерди кимлер ушын ислегенимди түсиндим. Лийкин, буннан алдын мен хан жасаўылының қолынан исим ушын сыйлық ретинде ҳақы алдым. Ол алдамады: алты шелек ун ҳәм гүриш төкти және бир қысым теңге берип, былай деди:

— Жарайсаң, Мадамин. Ҳәтте ертектеги дәўлерде бул кисенлерди үзе алмайды.

Биз анамыз екеўимиз ашлықты, кеселликти умыттық. Анам дәслеп мениң қандай затларды соғып жүр-

генимди билмеген екен. Бирақ, бир күнлери ол буны сезип ҳәм түсинип қапа болды, өз бөлмесине кетти. Бир неше күн даўамында дуз татпады.

—Жең, аўқат же? —дедим мен ақырында.

Ол маған өзиме үйреншикли ҳәм ысық көз қарас пенен емес, ал бир түрли қурғақ ҳәм жат көз қарас пенен қарады.

— Мен өлсем жақсы болар еди, — деди ол.

Мен жыладым ҳәм өмиримде биринши рет анамды алдадым.

— Енди қазан ҳәм қуманлар соғып атырман, — дедим. Анамның кеўли жай болып, тынышланды, бирақ узаққа созылмады.

Бир күпи түнде бизиң үйге көшеден бир қыз жуўырып кирди. Мен оның түрип, кийимлерин көрмедим, тек қорқып қалтыраған даўысын еситтим:

— Анажаным Мени жасырың. Жәлладларга бермең. Қудай ушын! Сизден жалынып сорайман, — деди ол анама.

Анам асыгыс түрде есикти жаўып, қызды өз бөлмесине өткерди ҳәм оннан сорады:

— Сен неге жасырынасаң? Не себепли.?

— Мен Қоңырат дийханының қызыман. Хан хызметкерлери мени үйден күш пенен зорлап алып кетти. Әке-шешемди ағашқа байлады, — деди қыз жыламсырап:—Мени ханға сыйлық етпекши. Мине ҳәзир, қараңғыда арбадан секирип түсип, қашып кетиў мүмкиншилиги туўды. Ал, олар мени изимнен қуўды.

— Қәне, Мадамин, оны устаханаға жасыр, — деп буйырды анам.

Мен қыздың қолынан услап, устаханага қарай тарттым. Ол қасқырдың аўзынан тартып алынган қозыдай дирилдеди, қалтырады, Устахананың бир мүйешинде ҳәр түрли таслапды, гөне-көкси затлар үйилип шашылып жататуғын еди. Мен тез ўақыттың ишинде қыз ушын жасырынатуғын пана иследим, бирақ маған оның менен бирге жасырыныўға туўра келди, себеби қапының илгеги жулынып кетип, үйге жасаўыллар кирип келди.

— Бул жерде сеннен басқа ким бар, кемпир? —деп сорады турпайы даўыс.

Анам кесел болған болып жатты.

— Мени де жоқ болған деп есаплаңлар, — деп ол ҳәлсиреген даўыс пенен жуўап берди. — Тирилей ши-

рип атырман. Мүмкин, сизлер, ҳүрметли адамлар, суў берерсизлер ме? Өлер алдымда бир ишейин.

Жасаўыллар, шамал ушырғандай ғайып болды. Олар бул үйде «мақаў кеселлигинен» өлейин деп атырған ҳаял бар деп түсинди.

— Бери келиңлер, қорықпаңлар, — деп шақырды анам. — Енди бул көпеклер бизиң үйге жақынламай мың адым арыдан жүреди. — Ол шүтик шыраны жақты. Жарықта қызды көрип, мен таң қалдым. Ол маған жер жүзинде жоқ сулыў көринди. Ол сондай сулыў еди.

— Чай әкелшн, Мадамин, — деп буйырды анам, мени естен аўып, қалшыйып қатып қалыў жағдайынан қутқарыў ушын.

Мен тез ўақытта еки чайник чай алып келдим. Мениң қолларым қалтырады.

— Бизиң қонағымыздың аты Гүлжан, — деди анам.

Гүлжан! —бул қызарып ашылып киятырған гүл. Мен қызға қайтадан қарадым. Дурысында да ол гүлдей еди. Гүлжан да маған дыққат пенен қарағандай болып көринди.

Чай ишип отырғанда ол, бираз тынышланып, өзи ҳаққында сөйлеп берди. Өз туўысқанлары менен сөйлескендей, еркин сөйлести. Бул мени қуўандырды. Ол өзиниң ата-анасы ҳаққында, он бес жыл жасаған аўылы ҳаққанда, сөйлеп берди.

«Қандай оңбағанлық жаўызлық, қандай ҳақыйқатсызлық!» — деп ойладым мен қыздың әңгимесин тыңлап отырып. «Қалайынша ханның усындай жас қызды күш пенен зорлап қатып үстине алыўға батылы барады екен?»

Гүлжан бизиң үйде бир неше күн турды. Ол анама үйренисти, маған туўысқан ағасындай ҳүрмет етип қарайтуғын болды. Ол мени аяйтуғын еди: еле дым жас, азаннан кешке дейин үлкен адамлардың ислейтуғын аўыр жумысын етемен. Ол мениң бул аўыр мийнеттен қутылыўымды асығыслық пенен күтип жүргениндей сыр билдиретуғын еди. Ол арасында анамның көзиниң тасасын алып, устаханама келетуғын болды. Ол келегойса мениң шаршағаным тез шығып кететуғын еди. Кеўлим бираз қуўанышқа бөленип, бойым жеңиллениp қалғандай болады.

Бирақ, бахытсызлықтың көлеңкеси бизиң үйгеде түсти. Қоңсылардың биреўи бизиң шарбақта жүрген бул

сулыў қызды көрип, ол ҳаққында хан сарайына хабар етипти. Сол жарамас адам, өзиниң жеткерип барғаны ушын азмаз сыйлық алған ҳәм бизиң анамыздың «мақаў кесели» менен ҳеш ўақ аўырмағанын да айтып берген. Сөйтип, бизиң үйге түнде жәие қуралланған адамлар басып кирди. Мен Гүлжанның бурымынан услаған жасаўылға топылдым, бирақ бет алдымнан қатты соққы жеп қуладым. Мен еплеп түргелип, жасаўыллардың алып келген фонарын өшире алдым, оны дийўалға урып жибердим.

Қараңғыда Гүлжанды биреўдиң пәнжесинен тартып алып, изиме ертип, жоқарыға, балаханаға тарттым. Бизлер екеўимиз бирге ол жерден төменге секирдик, бирақ бийшара Гүлжан жерге секиргенде аяғын қайырып алып, орнынан тура алмады. Жасаўыллар бизлерге қырғыйдай топылды. Маған қалай болса да, жырылып қашыў мүмкиншилиги туўды. Ал, Гүлжанды ҳәм есинен айырылып жатырған анамды услап алып кетти.

Көп узамай мен Қоңыратлы сулыў қызға не болғанын еситтим: хан оның намысына тийип, соңынан хызметкерлерине сарқыт етипти.

Ал, мениң бийшара анамды зинданға таслапты.

Мине мен сонда өзиме өзим ант еткенмен: Басқадан емес, ханның өзинен өш алыў керек. Мен серт еттим: өз өмиримнен кешсем де, сол пәлетийдиң басын кесип алыў керек.

Мен хан сарайына қарай жуўырдым, лийкин оның ҳәтте дийўалларын да көре алмадым. Көпир қапталындағы биринши қараўыл ақ мени ирикти. Жасаўыллар ғарқылдап күлисип, мени каналға атты ҳәм мениң суўдан жағаға шыққаныма тамаша етип қарап турды.

Мен сонша аўылларды гезсемде, өзимниң туўған аўылыма жақынламастан жүрдим. Қандай болмасын бир темирши устаға шәкирт болғым келди, бирақ олардың бәринде де бир неше шәкиртлерден бар екен. Мен ашырқадым. Ашлықтан ақылым ҳайран болды ҳәм ақырында илажсыздан дийўаналарға қосылдым. Олар менен батпақ ҳәм шаң жолларда үсти-басым жыртықжыртық болып гезип жүрдим. Усылайынша жүргенимде мени бир ҳақ кеўилли, жақсы нийетли суў тасыўшы адам, өзине жәрдемши етип алды.

Мине, «мен атамның ўәсияты менен келискен бир найза соғып атырман. Енди бир урғанда ханның геллеси шириген асқабақтай ушып кететуғын бир қылыш қуйып шығарыўым керек. Күни-түни мениң шөккишимниң сести тықылдап турғандай. Қылыш таяр».

— Әй, Мадамин, түргел, Атты қосатуғын ўақыт болды, — деп суўшы-хожайыным мениң ойларымды бузып жиберди.

Бочка орнатылған арбаның дигиршиклери шыйқылдап, күн артынан күнлер өте берди.

Мине, мениң журегимди өртеген оттың енди шыдап болмайтуғын жағдайға жеткен күни де келди. Мен өзимниң ойлаған ойларымның биреўин ис жүзине асырыўға киристим.

...Мен хан сарайына суўдың айрықша канал арқалы баратуғынын билетуғын едим. Бирақ ол канал өзиниң барлық узыны бойына емес, ал сарайға киретуғын жеринде ғана қорғалатуғын еди. Мен қашаннан-ақ бир қап сыя бояў жасырып қойып едим. Мен бул бояўды базардағы дүкән ашып отырған шериннен хәр ўақ бир қасықтан алып, жыйнап едим. Маған хан сарайына баратуғын каналдың өр жағында көзден таса қалың қамыстың өсип турған жери де белгили еди. Таң азанда, хан асханасы ушын суў алатуғын ўақытта, мен қағаз қалта толы бояўды каналға тасладым. Мениң ойлағаным дурыс шықты. Қағаз ирмей, бояў хан сарайындағы канал суўын өзгертип жиберди. Мен күннен бурын өзимниң суў тасыйтуғын бочкамды алыстан көрсин деп жоқары көтеремен.

Маған өмир бойы күткендей болып көринди, лекин бир ўақытта төменнен сарай беттен, жасаўылдың сести еситилди:

— Әй, суўшы!

Мениң журегим дирилдеп кетти.

— Хәзир!—деп, атты төмен қарай айдадым.

Еки ири денели жасаўыл атты суўлығынан услап, сарай дәрўазасына алып кетти. Мени ийтерип жиберип, «күте тур» деп буйырды. Бирақ, маған үйренген ат, бахтыма, бөтен адамларға хеш бағынгысы келмей туўлады. Олар атты қамшы менен, таяқ пенен урып, алға қарай айдамақшы болды, бирақ ол өз орнынан қозғалмады, ал кейинде бирден бир қапталға урып кетип, бочканы аўдарып төгип ала жазлады. Сарай беттен биреўлер қолларын былғап, суўды тезирек жет-

керпўди сорап атыр. Жасаўыллардың үлкени ашыўланып түпирииди де, маған қарап былай деди:

— Көтереми шыққан атыңды өзиң айда.

Мен тек усыны күтип тур едим.

Көп узамай мен жасаўыллардың гүзетиўи менен хан сарайына кирдим. Бас дәрўазадан емес, ал алысырақтағы бир дәрўазадан кирдим. Мениң кирген шарбағым отынларға, қазан ҳәм басқа да асхана ушын керекли затларға (әсбапларға) толып жатыр. Қабағы үйилген аспаз суўды ийискеп көрип, маған қатарына еки кесесин ишиўди буйырды. Оннан кейин ғана суўды бочкадан тастан исленген бийик қумларга қуйыўға рухсат етти. Мен қуллық дедим, бирақ бочканың ишине суў төгилмеў ушын салынған ағаш тығынды алалмай атырған түр көрсеттим. Асхана беттен күйип баратырған еттиң ийиси келди ҳәм аспаз солай қарап асығыслық пенен кетти. Қазанлардың қасында хызмет етип атырған хызметкерлер маған дыққат аўдармады. Жүрегим дүпилден баратыр, бирақ мен пайытын таўып, қараңғы гүмбездиң ишине кирип кеттим де, бириншн қапыны аштым. Оннан айланба зәңги (басқыш) жоқары қарай тартылған. Мен оннан жоқары көтерилип, таўсылмас қараңғы өткеллерден жуўырып өтип баратырман, гә оңға, гә солға бурыламан. Кишкене ойма қапыға келип қалдым... Мен ханның уйқылайтуғын бөлмесиндемен. Жаўыз еле оянбапты. Оның нәҳән басы көшпиктиң үстинде жатыр. Мен етигимниң қонышынан қанжарымды алып, ханның қып-қызыл бетине түпирдим.

— Оян, — Өлетуғын ўақтың келди.

Ол секирип турып, хызметкерлерин шақырыўға ҳәрекет етти, бирақ туўры қаратылған қанжарды көрип, зәрреси ушып тили гүрмелмеди, бир нәрселерди былдырлады.

— Бул саған анам ушын, Гүлжан ушын, барлық сениң қолыңнан өлтирилгенлер ушын, қанхор! — деп бақырдым ҳәм қанжарды оның жүрегине суқтым.

Хийўа қаласы үстинде көк гүркиреди.

Мен еки күннен соң баяғы дүканнан баяғыдай порошок сатып алмақшы болып бардым. Сол ўақта кишкене дүканның төр бетинен қара кийими бар бир адам шығып, дүкәншыдан былай деп сорады:

— Солма?

Дуканшы ешкиниң сақалындай сақалын ийип, «сол» деп жуўап берди.

— Кеттик, — деп буйырды маған қара кийимли киси.

Ол мени бир қараңғылыў жайға алып келди. Ол жерде ханның хызметкерлери көп екен. Бахытсызлықтан шырайлары қашқан, зәрреси ушқан кәмбағаллар олардан да көп еди. Ҳеш сөз айтпастан, жаңағы адам мениң басыма таяқ пенен бирнеше рет урды. Мен соннан есиме келгенде, былай деп сорады.

— Саған сыяның неге кереги болып қалды?

— Жазыў ушын, — деп жуўап бердим мен.

— Бунның ушын саған бир шелек сыя керек болды ма?

Мен үндемедим. Ол маған перо, қағаз берди ҳәм буйырды:

— Жаз. Қәне!

Мен жазыў билмейтуғынымды мойынладым.

— Ким сени сыя алып келиўге жумсады?

— Ҳәшким. Мен өзим.

Ол және таяғын алып, мени сабай баслады.

— Олай болса, — деди мени азаплаўшы адам, мениң сулқ болып, естен аўып қалғанымды көрип. — Зиндана шиример, уллы ханға, душпан адамлардың атларын есиңе түсиресең, ол жаўызлардың не ойлағанын айтып бересең.

Сол манда мени тағы сабады. Мен қараңғы зинданның түбинде көзимди аштым, өзим сыяқлы хан зинданында жатырған тутқынлардың арасында, қапырық ҳәм сасық ызғар ийисли жерде өзиме келдим. Дийўалға сүйенейин деп едим, тастан тикен ыңлы етип исленген ушлы өткир қазықшаларға тийип кетип, бақырып жибердим. Мениң аяқ-қолларымда аўыр кисенлер бар еди. Оның беккем шынжырларын үзип болмайтуғын еди. Ҳәтте үзиў ҳаққында ойлаўдың да кереги жоқ еди. Олар айрықша темирши уста тәрепинен беккем етип соғылған. Мен өлимши болып жаттым.

* *
*

Үргенчте бирнеше рус мастерлерин тутқынға алды. Олар пахта заводының машинист ҳәм слесарьлары болып, жергиликли өзбек, қарақалпақ халықларын ханға ҳәм оның ҳүкимине қарсы көтериў ушын шөлкемлер дүзиўде айыплайды. Хорезм халқының бахты ушын өз

жаныи аямай гүрескен сол рус революционерлериниң ҳеш бирин мен көре алмадым. Мен де «бүлгиншилик салыў менен зәҳәрленген жергиликли адамлар» қатарында есапқа алынып, жандармерияға берилдим. Хан жандармлары мениң ҳеш бир сөзиме инанбады. Ҳәтте азапларға ҳәм хан зинданында болып, оның қыйыншылықларына шыдамай есим кетип, үмитсизликке берилип, мен ақырында өзимниң хан сарайына кириў туўралы ақылсызлық ойым ҳаққында айтып бергенимде де инанған емес.

Оларға кимди болса да сотлаў керек еди, сонлықтан маған бир күни бир қағазға бармақ басыўды буйырды. Ал, оннан кейин, мени өзим сыяқлы бахытсыз тутқынлардың топарына қосып, үлкен бир жайға алып келди. Ол жерде мен ҳәммениң кейнинде турып, ҳеш нәрсени көре алмадым. Тек потикти ҳәм онда бир қысқа сақаллы, менменсиреген түстеги биреўдиң сүўретинен басқаны көре алмадым. Ол ўақытта мен бул Николай патшаның өзи екенин билмедим. Узақ ўақыт русша бир нәрселерди оқыды, оннан кейин бизинше (өзбекше) оқылды. Өзбекше еситилген жиңишке даўыстан мен атымды зорға еситтим: «Искендер-темиршиниң баласы Мадаминди өмирлик каторгаға жибериўге ҳүким етти»...

— Өмирлик?! — деди көтеринки даўыс пенен Бердибай. — Сизлерди сол ўақытлары ким азат етти, ата?

— Ленин ҳәм Лениниң адамлары, —деп жуўап берди темирши. — Сен бул ўақыя қалай болғанын бастан-ақырына шекем тыңла.

...Сүргинге жиберилгенлер толы кеме Әмударья менен өргe қарай әсте жылжып киятыр. Оны кисенленген адамлар сүйреп киятыр. Кемеде конвоилар ҳәм өз сменасынан салдаў тартып шаршап шыққан каторжниклер отыр. Олар салдаў тартып аўыр ағаш кемени өрге қарай күни-түни сүйреген еди. Ертең жолдасларым менен мениң де салдаў тартатуғын гезегим. Күн арқаларымызды аямастан күйдирип баратыр. Бизлер тобығымызға шекем ыссы қумға батып, мантаңлап қаламыз, бирақ тоқтаўға болмайды, кемеден қәҳәрли даўыс еситиледи:

— Не, уйқылап қалдыңлар ма? Ҳайўанлар! Не? Қамшыны күсейсизлер ме? Сағындыңлар ма?

— Бизлер қарлыққан, кесел даўыс пенен қосық айтамыз. Қосық емес, ал толғаў, жылаў айтамыз.

Тап бизлердиң муңымызды еситкендей, ақ сақаллы Жайхун шуўлап қоя берди. Суў көбикленип, ылайланып булқыды. Ол ашыўланғандай кемениң пәскелтек бүйирине урады. Кеме шайқатылып котериледи ҳәм төмен түседи. Толқынлар күшин жыйнап, жаңадан кемеге топылады. Самал күшейген сайын күшейеди. Уллы Қара Қум үстинде даўыл қутырып тур. Қара қумлар орнынан көшпекте. Олар қубладан арқаға қарай булттай болып өтип тур. Түнерген қараңғылықта салдаўшылардың диңкеси қурып жығылды.

— Ҳәй, дарға! — деп бақырған ҳәлсиз даўыслар самалдың гүўилдиси арасынан еситилди. — Бизлер ҳалдан кеттик, жүриў қыйын, бизлер өлиўге жақынладық?!

— Шыдаңлар, нәлетийлер, — деп жуўап қайтарады бас конвой. — Ҳәзир даўыл тынады. Салдаўдың ийин, қайысын таслап кеткенлердиң барлығын атып таслайман.

— Кемени жағаға тартып байлаңлар! — деп буйырды дарға.

Бирақ кеш қалды. Нәҳән толқын кемеге келип урды. Кеме бизлерди пәт пенен толқынласып тасып аққан суўға сүйреп кетти. Суў ишинде тырбаңлап, конвойлардың оғы төбемизден шуйкилдеп өтседе, арқаннан қутылыў ушын еплеп жаздырылып отырмыз. Кеме төңкерилип баратыр. Қутырынған толқынлар олардың үстинен басып, өзи менен алып кетип атыр.

— Мени қутқарынлар, мени? — деп бақырды конвой начальниги. — Барлығыңызды босатаман, барлығыңызды алтынға бөлеймен! Ал, кемедеги, аяқ-қоллары кисенленген каторжниклердиң көпшилиги суўға батып кетти.

Бирақ олардың ишинен биреўи қалқып жүрген бочкаға асылып, суўға батпай қалыў мүмкиншилигине ийе болды.

— Алып шық оны? — деп буйырды маған бас конвой.

Онда мениң кисенлеримди шешип тасла,—дедим мен оған.

Ол гилтлерин шыңғырлатып, кисенлерди шешти. Көп айлардан бери биринши рет мениң қолларымнан кисен түсти.

— Есиңде болсын: мен сени «нышанаға» алып тураман, — деп конвой мылтығын көтерди.

Мен оның сөзлерин еситкеним жоқ. Суўға өзимди таслалым ҳәм тез арада ҳалдан кетип, қалтыраған қоллары менен бочканың ернегинен асылып жүрген каторжниктиң қасына жетип бардым. Мен оны таныдым: ол Мустафа еди, ямаса бизлер ҳәммемиз оны ноғай дилмаш деп атайтуғын едик. Оның бармақлары ағарып кеткен ҳәм сәррийип қалған: ол өлим алдындағы жанталасы менен бочканың шетинен асылып тур екен. Мен оны бир қолым менен төменнен сүйеп, екинши қолым менен бочканы қушақлап, аяқларымды барынша ислетип, жағаға жузип шықтым. Сонда бир неше рет бизлерге толқынлар келип урды, бирақ тағы сүңгип шығып қараеам, Мустафаның басы ҳәлсирегеннен бир қанталға аўып, ал аўзы ашылып жатыр екен. Бирақ бир ғана илаж қалды: тезирек жағаға жетиў.

Ақырында, мениң аяқларым қутылыўдан үмитлендиретуғын суў түбиндеги жерге тийди.

Толқынлар болса еле бир неше рет мени аяғымда турғызбай жығып кетти. Бирақ, ҳәлсиреп, бар күшимди салып жағадағы қумға шықтым ҳәм шалажансар Мустафаны да тартып шығардым. Мен Мустафаны қумға жатқардым да, оның төменги қабырғаларына алақанымды қойып, күш пенен бастым. Тез арада оның аўзынан ылай суў атлығып шықты. Мен оны шалқасына жатқардым ҳәм оның қамшыдай болып селтилдеп қалған қолларын бир неше рет жоқары көтерип ҳәм төмен түсирип турдым, арасында әсте көкирегине әкелип тийгиздим. Ол тез арада әсте дем алды. Ағарып, қаны қашқан бети сәл қызара баслады. Мустафа қутқарылды, өлимнен аман қалды. Ол қыйыншылық пенен көзлерин ашып, әсте сөйледи:

— Рахмет, иним, маған ҳәзир ҳешқандай өлим керек емес.

Мен енди ғана даўылдың тынғанын билдим. Ол күтпегенде бирден келген болса, тап сөлайынша бирден тынды.

— Әй, сизлер ол жерде неге иркилип атырсызлар!? —деп бақырды конвой алыстан. — Сол салқынлағаныңыз жетер. Берман келиңлер!

Жигирма үш каторжниктиң оны опат болды. Қалғанларының ишинде мен ҳәм Мустафа да қумды бойлап, түсликке қарай сүйретилип әсте жүрип кеттик. Ҳәзир енди конвойлар бизлер менен бирге оттай қыздырып туратуғын қум төбелери арқалы жүриўге мәж-

бүр болды. Сол себепли де олардың ишиндеги басшысы тез ўақыттан дем алыс белгиледи.

Күн батыўға жақынлады. Бизлер өли яңлы қатып уйқыладық. Мен Мустафаның қапталында жаттым. Мениң қолларыма қайтадан кисен салынған еди.

Келеси күни, аяқларымызды зорға сүйреп басып, Дарғаната елатына жеттик. Конвойлардың үлкени кемениң онат болғанына, ондағы затлардың суў түбине кеткенине қыйналып, бир түрли болып, жүзи солғын тартқан: кемеде патрон салынған ящиклер, каторжниклердиң делолары ҳәм ақша салынған сандық бар еди. Каторжниклер ушын да жуўап беретуғынын билсе де, он адамның онат болғаны оны онша көп тынышсызландырмады. Сонлықтан ба, ол әдеттегидей қатал болмады ҳәм сол жерде турыўшы мийримли адамлардың биреўлери гөне кийим, жамаўлы көйлекыштанлар, жуўылган тақыялар, гөне мәси сыяқлы затларды, ал биреўлери түркмен шөреклерин, қуўырылған азық-аўқат затларын алып келгенде де, ол байқамаган түр билдирип үндеген. жоқ. Оларға рахмет! Бизлер кийинип ҳәм аўқатланып ҳәллениң алдық.

Чаржаўға барып жетемен дегенше бизлердиң басымыздан өткен көп қыйыншылықлар ҳаққында айтып отырмайман.

Алыстан адамның зәрресин ушыратуғын гүрилдеген ҳәм қышқырган сес еситилди. Бизлердиң Мустафадан басқа, ҳәммемиз жерге жата қалдық.

— Қорыққанызлар, — деп күлди Мустафа, — Бул от арба ғой-паровоз. Ол ондай қорқынышлы емес, тек сизлер үйренбегенсизлер. — Жәнe, суўық демин алып, ол былай деди:—Тез арада ол бизлерди алып кетеди, алыс жақларга алып кетеди.

Барлық ўақыттагыдай, оның айтқаны дурыс болып шықты.

Мустафа саўатлы адам еди. Ол Хийўадагы заводтың хожайынының дилмашы болып иследи.

Мен Мустафаның не ушын бизлерге-жарлыларға усап, каторжник болганының парқын били алмадым. Ол Башкирияда мал өсиртиўши бай адамның семьясында туўылган. Медреседе оқыган, оннан кейин Казань университетинде оқып, русс, араб ҳәм парсы тиллерин жақсы билген. Стамбулда, Тегеранда жасаған. Оннан кейин Россияға қайтып келген, ал буннан үш жыл бурын Хийўаға келген. Оның жасы меннен жигирма жас

үлкен еди ҳәм мен оны дана деп есапладым. Ол сондай еди. Буған мен ағайиним Мустафаның не ушын сотланып, өмирлик сүргинге жиберилгенин билгеннен кейин исендим.

Жолда мен ҳәм мениң жолдасларым Мустафаның сөзлерин демимизди шығармай, аўзымызды ашып тыңладық. Бизиң жолымыз Түркменстаннан Сибирьдиң түпкирине шекем сылқылдаған товар вагонында өтип, жол азабын тарттық.

Мине, паровоз узақ ўақыт ысқырып бақырған күни азанда, ол маған жақынлап келди. Сонда ата мәкан менен мәңгиге хошласқандай болдық. Менде өзимди ҳәм туўған жеримди суў менен тәмийинлеп турған тасқын Әмиўди енди көре алмайтуғыныма қапаландым. Оның суўынан мазалы суў пүткил дүньяда жоқ. Бағбақшаларды, көл атызларды, шаўқымлы базарларды, қара көзли дилўарларды көре алмайман. Маған дүньяда теңи жоқ, Искендер-устадан мийрас болып қалған устахана да көз алдымнан ғайып болды.

— Қапаландыңба, иним. Түсинемен, түсинемен сени, — деди ол мениң ийнимнен қағып. Және барлық адамларға қарата, былай деп сөйледи:—Үмитиңизди үзбеңлер. Кеўиллериңизди түсирмеңлер. Сизлер жалғыз емессизлер. Россияда бундай азап шеккен, жарлылықтан өмир бойы езилген миллионлаған адамлар бар. Олар енди үндемей ҳәм тыныш тура алмайды. Олар көтериледи, әне сол ўақытта әдилсизлердиң ҳүкимети қулайды ҳәм барлық қуллар, барлық езилгенлер ушын азатлық болады.

— Сиз мени жубатып атырсыз-аў, ағайиним Мустафа, — деп қайғылы түрде жуўап бердим мен.

— Жоқ, —деди ол. — Ҳақыйқатлықтың ҳәм азатлықтың ўақты жақын. Рабочий ҳәм дийханлардың тәғдийри ҳаққында ойлайтуғын, олардың келешеги ушын гүресип атырған адамлар бар. Бул адамлар социал-демократлар деп аталады. Олардың көсеми, Ульянов Ленин деген.

Мине сонда мен адамлардың ең уллысының атын биринши рет еситтим. Тар оңбаған вагонның ағаш еденинде бизлер дөгереклеп отырдық, ал Мустафа бизлерге Ленин ҳаққында, оның партиясы ҳаққында айтып берди.

— Мен Казань университетинде Владимир Ульянов пенен бирге оқыдым, — деп әңгиме етти Мустафа,—

Ульянов жас, шад кеўилли, ержүрек еди. Мен екиленбестен Ульяновтың изине ериўге қарар еттим, ол баслаған уллы исти қорғап қалыўға бел байладық. Бул мийнеткеш халықты азат етиў иси еди. Мен жасырын студентлик кружоктың ағзасы болдым. Ол кружокты университетте Владимир Ульянов дүзген еди, — деди ол мақтаныўшлы түрде.

Саўатсыз ҳәм езилип унталған бизлерди, Мустафа шыдамлылық пенен оқытып саўатландырды. Хан ҳәм байлар тәрепинен қараңғылықта қалған мийнеткеш халыққа тек Ленин ҳәм Лениниң адамлары ғана жол көрсете алатуғынын бизлер ақылымыз бепен саналы түрде түсинбестен бурын, жүрегимиз бенен сездик. Тек олар ғана бизлерге үйретеди. Мине усылардың ҳәммесин түсингеннен кейин, мен оннан мынаны сорадым:

— Гәпиңизге қарағанда, Мустафа ағайиним, сиз тап патшаның өзине қарсы шығасыз ба?

Мен бул сөзлерди сыбырлап айттым, ал ол күлди ҳәм былай деп жуўап берди:

— Әлбетте иним Мадамин. Сен барлығын дурыс түсингенсең: тек ғана патша ҳәм ханға қарсы емес, ал фабрикантлар менен байларға да қарсыман, барлық мийнеткешлер ушын гүресемен.

— Жарлылар ҳәм езилгенлер ушын.

— Қорланған ҳәм айдалганлар ушын, — деп каторжниклер, Мустафаның сөзлерин тыңлай отырып, тум-тустан айта баслады.

Олардың көзлери ҳәм жүзлери жадырап қоя берди. Бириншн рет бизиң тар тендушкамызда шадлы даўыслар, күлки еситилди.

— Әй, жалаң аяқлар, —деген сақшының даўысы еситилди. — Сизлер ҳәзир неге болса да тәртипти босастырдыңлар. Тыныш отырыңлар.

Бирақ бизди енди тоқтатыўға болмайтуғын еди. Әңгимелесиў пүткил жол бойы даўам етти. Мустафа өзиниң революциялық жумысы ҳаққында, Хийўада жасырыныўға мәжбүрий болғаны ҳаққында, бирақ ол жерден де патша тыңшылары оны излеп тапқаны ҳаққында айтып берди. Бирақ, оның кеўили суўымады. Азатлыққа шығатуғынымызға, уллы ис ушын гүрести даўам еттиретуғынына исенди. Ал, мен өзимниң тек әпиўайы бир адамды емес, ал революционер адамды қутқарғаныма еки есе бахытлыман деп есапладым.

* *
*

Бизиң жолымыз узы — қыйырсыз алыс еди деп мен айтақан едим. Жасыл дөнген атызлар, алтын жемисли баглар қашшан ақ артымызда қалды. Шеги жоқтай көринген қумлардан кейин тау дөңеслери ал оннан соң тогайлықлар, дәрьялар көринди. Дәрьялар муз бенен қапланған, ал жер қалың қар менен бүркелген.

Бизлер жеңил-желпи кийинген едик, суўықтан тоңып қалтырадық, бирақ ҳеш кимниң кеўли түсип қапаланбады. Бизлер өмиримизде биринши рет Мустафаның сөзлери жәрдеминде сездик ҳәм билдик. Бизлерге енди бир тислем нанды бөлисип жеў ҳәм көрпе-төсектен бирге пайдаланыў әдеттегидей бир қәсийет болып қалды.

Ақырында бизлер Сибирьдиң үлкен бир қаласына келдик. Ағаш жайлардың үстинде аппақ аязлы думан түсип тур екен. Ағашларға қыраў қатқан. Жекке-сийрек тон ҳәм байпақ кийген адамлар көринеди. Олар асығыслық пенен адым атады, тезирек ысқырған аяздан жыллы жерге барып, паналагысы келеди. Тек балалар ғана бийик муз төбелеринен шана менен сырғанап, ойнап атыр.

Көплеген каторжниклер ҳә демей-ақ өзлерин суўыққа алдырды ҳәм сол себепли ме, бизлерди жән-жаққа жөнелтип туратуғын тюрьманың шарбағында көп услап турмай, ал тайганың түпкириндеги бир рудникке жиберди. Ол жерде бизлерди жумысқа бекитти. Мен Мустафа менен шахтада емес, ал жердиң үстинде темирши цехында иследим. Бул өнерди билгенимниң пайдасы көп болды. Мустафа жат адамлар менен сөйлесип түсинисиў ислерин жүргизди.

Мийнет аўыр еди, бирақ бизлерди кисеннен босатқаны жақсы болды. Жандармлардың бул жерден ҳеш кимниң қашып кете алмайтуғынына исеними күшли болды: тайга да батпақлық арқалы өткеп менен бәри бир жалгыз станцияға ғана барыўдан басқа плажы жоқ, ал ол жерде болса, барлық ўақытта қырағы тыңшылар нәўбет пенен бақлаў жүргизип туратуғын еди. Бирақ солай болса да, бизлерге қашқан ямаса қашыўға талапланған каторжниклер атылады деп ескертип қойды.

Бизлердиң қол-аяғымыздан кисенлерди алып тасланған уптер офицер маған жақын келгенде, ҳайран қалғанынан мырс етип күлди де былай деди:

— Мине сен қандай шыдамлы екенсең: кисен сениң аяғыныңның сүйегине шекем қырқып кеткен. — Ол мени зәҳәрли ҳәм мысқыллы көз қарас пенен бир шолып өтти де күлип: — Қысынба бизиң жердиң ҳаўасында берген тамағымыз бенен тез арада өзиңди алып тәўир болып кетесең.

Тез ўақыттың ишинде мен оның нени нәзерде тутып айтқанын түсиндим. Бизлерди таң азаннан қара геўгимге шекем ислетти, ал тамақ жағы болса, ашқылтым капуста сорпа, арасында сулы жарма менен аўқатландырды. Қараңғы геўгимде мен нарыма зорға барып жетип, өлип қалғандай болып қатты уйқылайтуғын едим. Ал азанда таң сәл саз берген нен, жумысқа қуўады. Маған бундай ашлықты, каторгалық мийнетти шыдам берип, ислеп жүре алмайтуғындай болып көринди, бирақ Мустафа қапталымызда болып, ол бизлердиң руўхымызды түсирмеўге, қажымаўға үйретти.

— Шыдай бер, иним Мадамин, — дейди ол, — Бәрибир бултлар арасынан күн күлимлеп шығады.

Мен шыдадым. Узақ даўам еткен қыс қысқа жаз бенен алмасты. Оннан кейин қайтадан суўық самаллар гүўилдеп, боранлар борай баслады. Және дәрьядағы муз қозғалысып ағатуғын ўақыт келди ҳәм қайтадан тереклердиң жапырақлары түсти.

Жасым отызға шықпаса да, мен кексе адамдай болып қалдым. Азап шегиўлер мени ўақтынан бурын қартайтты. Солай болса да бул жыллар маған көп нәрселерди үйретти. Мустафа ҳәм басқа жолдасларымның арқасында мен саўатлы адам болдым, русша сөйлеўге үйрендим. Бурынғы өзине кисен соғатуғын темирши баладан ҳеш нәрсе қалмады. Мен езиўшилер менен гүресиўге толық бел байладым.

Мениң екинши устазым Денис ағай болды. Ол Мустафадан үлкенлеў болып, бундай каторғалық мүддетти өтеп атырғаны биринши рет емес еди. Ол кең жаўырынлы, көк көзли, ақыллы, дыққатлы көз қарасқа ийе еди. Азғана бос ўақыт болса, Денис ағай оқый баслайды. Китап оған нан орнына жүретуғындай болып көринди маған. Ол мени де оқыўға қызықтырды. Тозыўы жетип усталған бир кишкене китапты берди де, былай деп тапсырды:

— Берман қара, хийўалы, базарға шексм усы китапты оқып шығып, оның ишинде не ҳаққында жазылғанын маған сөйлеп берсең. Түсиндиң-бе?

Ол мениң атымды айтпай, «хийўалы» дейтуғын еди. Жолдасларына талап бериш сөйлеў бул астыртын жумыс ислеўши адамның әдети екенин мен кейинирек түсиндим. Мен, әлбетте, буған өкпеледим, ал Денис деген ат та өзиниң нағыз аты емес екенин аңладым.

Каторгадағы жүдә аўыр жағдайларда бизлер татыўлық пенен жасадық. Бизиң арақта ҳеш қашан урыс-жәнжел болған емес, Бизлер өзлеримизди бир семья адамларындай сездик. Өзлеримиз сайлаған староста-ның барлық буйрықларын тил қайырмай орынладық. Мине бир күни староста маған, Дениске ҳәм Мустафаға отын шабыўға буйырды. Күн де аяз еди. Бизлер жарғы, балта алып шана менен тайғаға кеттик.

Аяғымыздың астында сықырлаған қалың қарда жүрип баратырмыз. Тайга иши тыныш ҳәм елсиз еди. Ағашын кесиў ушын бөлип қойылған жерге келгенимизде, Мустафа балтасын бир ески қарағай ағашына урып киргизип, былай деди:

— Мадамин. Мениң саған партиялық сырды ашыўым керек. Астыртын комитеттиң күш салыўлары менен қашыў таярланған. Жолдаслардың шешими бойынша жолдас Денис пенен бирге қашыўымыз керек.

— Қашыў? — деп мен ҳайран қалған ҳәм қорыққан түрде қайта сорадым.

— Аўа, — деп шешиўши түрде жуўап берди Мустафа, — бизлер буннан бир ай бурын кетиўимиз керек еди, бирақ мен комитеттиң мәжилисинде сени таслап кетпейтуғынымды айттым.

— Неге сиз булай еттиңиз, ағайиним Мустафа?— деп мен оның сөзин бөлдим. Кете бериңлер, бахыт сизлерге жолдас болғай, Комитет сизди ҳәм жолдас Денисти бостан-бос сайламаған. Сизлер пайдалы не ушын керексизлер. Ал, мен күте турамап. Мен жаспан, еле.

— Жоқ, — деп өжетленип қарсы турды Мустафа,— Соған қарамастан, комитет маған жәрдем көрсетти. Енди сениң де бизлер менен кетиўиң ушын бәри таяр. Қарсы болып жүрме. Бизиң улыўма гүресимиз ушын сен де керексең. Үлкен ўақыялар болайын деп атыр. Тез арада көк гүркирейди. Сениң Ўатанында, Хорезмде де мийнеткеш халықты көтериў керек.

— Бирақ қыс ортасында бизлер қайда барамыз?

— Тап усы ўақытта ғана қышып қалыў керек,—деди Мустафа. Жылдың басқа мәўсимлери ўақтында батпақлықлардан ҳәм дәрьялардан өте алмайсаң. Қашыў. Қайтадан азат болыў. Бундай бахыт ҳаққында ойлағанымда мениң жүрегим шәўкилдеп кетти. Мен туўған жерди, атызларды, сылдырлап аққан салмаларды. ылайдан салынған жайларды шыны менен қайтадан көремен бе? Өз устаханамда көрик басаманба. Жоқ, булар жеткиликсиз. Мен гүресиў ушын кетиўим керек. Туўған аўылға қайтып барыў жоқ. Мен буны қашшанақ жақсы түсиндим.

— Сиз маған тап өзиңизге исенгендей исене берсеңиз болады, — дедим мен Мустафаға.

Бизлер қараңғы ақшамда жол тарттық. Қар бизлердиң изимизди ҳә демей — ақ өширди.

Сибирьде өткерген жылларда мен лыжада жүриўди жақсы үйрендим. Жасырын большевиклик комитетке бизлердиң қашыўымызды сондай дәл уқыплылық пенен шөлкемлестириў қалайынша мүмкин болғанына тек ҳайран қаласаң. Бизлердиң жыллы кийимимиз, запас азық — аўқатымыз қурал — жарағымызда бар еди:

Каторғадағы жолдасларымыз бул қашыўды үш жыл даўамында таярлаған. Оған сайлап бизлерди усынды. Бизлердиң сәтсизликке ушыраўға ҳақымыз жоқ еди.

Азанға шекем бизлер елиў шақырымдай жолды жүрип өттик.

— Кеше Рождество байрамы болды, — деди Денис. —Жандармлар ҳәм сақшылар түни менен ишип, мәслик қурды. Ҳәзиринше жүдә анықлап тексериў болмайды. Бир суткадан кейин барып олар бизлерди услаўға шығады. Усы ўақыт ишинде бизлер ҳеш жерде түнеместен жол жүриўимиз керек.

Бизлер қайтадан жүрип кеттик. Мен шаршап ҳәлсиредим. Бул жерде бурын болмаған қатты суўық болып турғанына қарамастан, мениң төбемде буўдақ-буўдақ пар шығып турды. Гезлескен аңшы жайына мен кеўлим жабырқаған пишинде қарадым. Оған бизлер кирмек түўе, керисинше, Денис жолдасымыздың буйрығы менен оны алыс тәрептен айланып өтип кеттик.

— Қалайсаң. «хийўалы?» — деп сорады ол бир күни.

— Жаман емес, — деп жуўап бердим мен ентигип.

Ол маған ғамхорлық пенен қарап турды да, дем алыўды шөлкемлестириўге буйырды.

— Дем ал, — деди ол, — ҳәм алдағы ўақытта күшиңди ойланыңқырап, ақыллылық пенен жумсаўға тырыс. Қызып кетпе. Тыныш ҳәм бир қәлиптеги тезликте жүриўге әдетлен. Бизиң алдымызда еле жүдә алыс мәнзил жатыр.

Жолдас Денис бәрин билетугын ҳәм ол не ислесе, бәри жақсы келисип кететугын еди. Ол жоқарысынан гарры тереклердиң тамырлары менен аўзы бүркелген бир үңгирди излеп тапты. Тез от жағып жиберди. Тез арада кишкене қазаншаларда аўқат бүлкилдеп қайнай баслады. Бизлер аўқатланып болып, тикен жапырақлы ески ағашлардың шақаларынан төсенип жаттық.

Азанда мениң тула бойым қақсап аўырды, бирақ жолдас Денис қайтпас қайсар еди.

— Кеттик, — деп буйырды ол.

Жаңадан алыс жолға жүриў басланды.

Мен күн есабынан жаңылыстым ҳәм бул бәлеге қашан жолыққанымды да умыттым, есимде жоқ. Мен бир қәлипте жүриўден жалықтым. Қәнелимде күнниң көзи көринди. Мен басымды көтерип қарап едим, күшли жақтылық көзимди қамастырды. Жарқыраған күн табағынан ҳәр тәрепке түрли реңдеги отлар тез тарқала баслады да көзимниң алды думанласып кетти. Мен төмен қарадым. Тереклерди де жерди де көре алмадым. Сонлықтан, бар даўысым менен бақырдым.

— Мустафа аға. Қайдасызлар?

Мениң жолдасларым бираз жерге алыслап кеткен еди, бирақ маған бир нәрсе болғанын сезип, кейин қайтты.

— Көзиңе бир нәрсе түсти ме? — деп сорады Мустафа.

— Күнге қарап едим...

— Ҳа-а, деди Денис қапаланған түрде даўысын создып, — Бизлердиң исимиз сәтли болмады. Бул бир-еки күнсиз кетпейди. Ал бизлер болсақ жол жүриўди даўам етиўимиз керек.

— Мени қалдырып кете бериңлер, жолдаслар. — дедим мен, ҳәтте қыстың күни тайгада жалғыз қалыў маған қорқынышлы болса да.

Маған жуўап қайтармастан, жолдас Денис мениң көзлеримди қара орамал менен тас қылып байлады. Сөйтип лыжалардан қурастырып шана дүзетиў менен машақатланып атырғанын еситтим. Күшли қоллар ме-

ни сол шананың үстине көтерип жатқарды, ал жолдасларым шананы сүйреп алға қарай жүрип кетти. Барлық ўақыттагыдай, жолдас Денистиң айтқаны дурыс болды. Бир суткадан кейин, мен өз еркимше жүретуғын болдым, бирақ жолдасларым мениң себебимнен бираз ўақтын жоғалтты. Мен буны аўылға кирген ўақытта түсиндим. Ол аўыл станцияның қасында жайласқан еди. Бул жерде паровоз гудогиниң сести есситилип турды.

Бизлер малханада от-шөп арасында түнедик. Қапталымызда сыйырлар қургақ шақаларды (пақалларды) қыртылдатып жатты,

Азанда бизлердиң үстимизге сибиршилерге уқсайтуғын бир мужик кирип келди. Бул эпиўайы, көзге түспейтугын адамның жасырын большевиклер ячейкасының ағзасы екенин билдик. Оның үйинде ушырасыў белгиленген ҳәм жолдас Денистиң буннан хабары бар екен.

— Бирақ кешигип қалдыңызлар, жолдас Денис,— деди ол кеўилсиз түрде,—Бизлер сизлерди өткен жумадан бери күтемиз.

— Усылай болып қалды, — деп жуўап берди Денис. —Ал енди алдағы ўақытта қалай қылыў кереклигин ойласайық.

— Қалай болатугын еди? — деп тәкирарлады мужик. — Ҳешқандай. Станцияда пәўбетшилик етиўши жолдас Леонтийди уш күнликте жандармлар алып кетти. Егер сизлер өз ўақтында келгениңизде, ол сизлерди вагонда жөнелтип жиберер еди. Оның ишинде сизлердиң мурныңызды пешине де шаға алмайды.

— Не ислеў керек? — деп тәкирарлады жолдас Денис.

— Енди тек былай: кийимиңизди өзгертиңлер ҳәм ҳәр бириңиз айырым, бөлек-бөлек, мүмкин болғанынша, биримлеп кетесизлер.

Ол азырақ турып шығып кетти ҳәм тез арада бираз кийимлер түйилген орамалды алып қайта келди.

Шерек саат өткеннен соң, бизлер өзлеримиз бирбиримизди зорға таныдық. Жолдас Денистиң үстинде чиновниктиң мундири бар. Оның козинде алтын шынжырлы көз әйнек қыстырылган. Ол оны жүдә жақсы алып-салыўды билетуғын еди.

Мен ҳәм Мустафа ушын қулағы узын тери малақай ҳәм олень терисинен тигилген тонлар таярлап қойыл-

ған. Бизлер сақал-муртымызды қырып, тек кишкене муртларымызды ғана қалдырық. Енди толығы менен ащшылық пенен шуғылланып, талап етиўши яўмытларға уқсайтуғын болдық. Усы түримизде бизлер жүрип кеттик, бирақ батысқа емес, ал кейинге — Иркутскке қарай кеттик. Ал жолдас Денис сол күни — ақ Уфаға кетти. Ол өзиниң «дәрежесине қарай» жумсақ вагонға отырды. Бирақ қәўип күшли еди, себеби станцияда жандармлар толып жүр еди.

Қараңғы түскенше бизлер вокзалдың жанындағы чайханада отырдық. Оннан кейин Мустафа мени қыйсық ҳәм тас төселмеген көшелер менен алып жүрип, бир кишкене ағаш жайдың қасында тоқтады. Есикти қаққанда, жасы қырықлардағы ойнақшыған қысық көзли бир адам ашты. Ол башкирше бизлерге ким керек екенин сорады.

— Сен керексең, Хамид, — деп жуўап берди Мустафа, басынан өсик жүнли малақайын шешпей.

Үй ийеси Мустафаға тигилип қарап, оның шырайын өзиниң ядында қалган белгилери менен салыстырып турғандай болды,

— Сен Мустафа! Қымбатлы достым! Кириңлер тезирек, деп ол қапыны беккем жаўып, былай деди: — Қәне, қушақласайық; Олар қушақласып сүйисти. — Мениң қулагыма да, қашыў шөлкемлестирилгени ҳаққындағы хабар тийип еди, бирақ соның ишинде сениң де бар екениңди ойламаған едим, достым. Москвадағы көтерилистен кейин, сениң Орта Азияға қашып кеткениңди билмедим. Сөйтип, сениң изиңди жоғалттық.

— Бир рет мен «О дуньяга» да барып қайта жазладым, — деди Мустафа.—Аңығын айтқанда, мине мынаў мениң қутқарыўшы—ағайиним. Хийўаның белгили темирши устасы Мадамин. Бизиң партиялық жолдасымыз.

Жолдас Хамид қызғын тәсирлениўшилик пенен мениң қолымды қысты.

Бизлер үлкен бөлмеде отырдық. Мен көп ўақыттан берли адамлар жасаў ушын нормаль қурылған үйлерди көрмедим, сол себепли шығар деймен, бул бөлме маган аса сән-салтанатлы болып көринди, ал ҳәзир ойлап қарасам, онда тек үстине скатерть жабылған бир үлкен стол ҳәм арқа сүйениш тахтасы қыйсайып жымырылған стуллар ғана бар еди. Дийўал бойлап иши-

не китаплар тығыз етип толтырылған шкафлар турар еди.

Тез арада Хамид бизлерди жақсы қыздырылған моншаға алып барды. Онда бизлер узақ ўақыт жуўындық, азғын денелеримизди парға туттық. Денелеримиз ыссы суўға жуўыныўды көксеп қалган екен. Бизлер ушын таза иш кийимлер, камзоллар, етиклер тақыялар таярланып та қойылыпты.

Бизлер дүньяға қайта туўылғандай болып, асхапаға қайтып келдик. Столдың үстинде қурсақлы самовар қайнап тур. Табақларда жаңа писирилген самсалар жатыр. Сүргиндеги кеширген турмыстан кейин булардың барлығы сондай бахыт болып көринеди. Мен еңирей жылап жибере жаздадым.

Бизлер тыныш отырып, өзлеримизди бахытлы сезип, чай иштик, ал хожайын бизлерге жыллы жүзлилик пенен қарап отырды. Оннан кейин Мустафа; — бизлер усы жерде қала аламызба,—деп тиккелей сорады. Жолдас Хамид те туўры жуўап берди.

— Бир-еки күнге, оннан артық емес. Оннан кейин мен сизлерди исенимли жолдасларга тапсыраман. Жергиликли жандармерия сизлердиң қашқан изиңизди биледи, ал мениң үйим айрықша бақлаўда болмаған менен, олар бәри бир гүманланады. Жандармлар ушын мен башкир мектебиниң математик мугаллимимен, ҳеш қандай айып тағылып белгили болмаганман. Солай болсада жергиликли интеллигентпен, мениң үйимде қонақлар, саўатлы адамлар болып турады, атап айтқанда руселар ҳәм башкирлер келеди. Усының өзи жандармлар ушын жеткиликли.

— Бәри түсиникли, жолдас Хамид, — деди Мустафа, — Өзиңизге белгили, мен Уфада көптен бери болмаганлықтан, бурынгы жасырын ушырасыў орынлары сәтсизликке ушырады ма деп қәўиплениp, сизиң үйге келдим.

— Сиз дурыс ислегенсиз достым Мустафа, — деп жуўап берди жолдас Хамид. — Айтпақшы, —деди ол қосымша, — бүгин мениң үйиме бир ерли — зайыплылар келиў тийис. Жандармларга бул әдеттегидей бир дослар менен чай ишиў болып қалады. Ленин, ол жолдас орайдан. Ол сизлерге алдагы ўақытта қалай болыўды, не ислеўдиң зәрүрли екени жөнинде кеңес береди.

Белгиленген саатта есик қағылды. Хамидтиң баслаўында бөлмеге сын сынбатлы бир жас ҳаял ҳәм орта жастағы еркек адам кирип келди. Ер адамның маңлайы кең жарасықлы кишкене сақалы бар еди.

— Ҳамид бизлерди бир-биримиз бенен таныстырды:

Конспирацияның не екенин мен қашшан ақ жақсы билетуғын едим. Сол күнлерде жандармерия бурынғыдан да бетер жаўыз ҳәм қаталлық етип турды. Орайлық комитеттиң қарары менен Петербургтан Уфаға келген жолдастың тийкарғы аты ҳәтте жасырын шөлкемниң ағзаларынапда қупия сақланатуғынып түсиндим. Булардың барлығы да стол әтирапында басланып кеткен еркин әңгимелесиўге ҳеш қандай да кесент келтирмеди.

— Демек, сиз де сүргиннен келдиңиз бе?— деп сорады Арқадап келгеп жолдас.

Бизлер оның да жақында ғана я сүргиннен, я сырт елден келгенип уқтық.

— Жақында қашып келдик, — деп жуўап берди Мустафа.

— Ержүрек адамлар екенсиз. Партия сизлер мепен мақтана алады, — Бизиң гүррицлесип отырған адамымыздың көзлери ысық еди. — Мине сизлер Сибирьден қашып келдиңиз, ал оннан кейин ше? — деп сорады ол.

— Гүресемиз, — деп жуўап берди Мустафа.

— Дурыс. Бирақ умытпаңлар: Жандармерия сизлерди излеп зер-зебил болды. Бәринен де бурын сизлерге исенимли түрде жасырыныў керек. Бул мәселеде сизлерге жолдас Хамид жәрдем етеди деп үмитленемен.

Ол маған қарап сөйледи.

— Ал сиз, жас жигит, қандай гүна қылғаныңыз ушын каторгага айдалдыңыз?

— Хийўа ханына жақпадым, — деп қылған исимди айтып бердим.

Ол мени сондай дыққат қойып тыңлады, бундай қылып мени дүньяда еле ҳеш ким тыңлаған жоқ еди. Оннан кейин ол меннен Хийўа ҳаққында, халықтың турмысы, ойлары, әрманлары ҳәм кейпи ҳаққында узақ ўақыт сорап отырды. Оны барлық майда шүйделерге дейин толық айтып бериў қызықтырды.

Мен ол ҳәм оның сүйкимли ҳаялын шаршатып алдым ба деп қорықтым. Ол ҳаял да мениң ҳәр сөзиме

қулақ қойып отырды. Ал сол жолдастың өзи мени марапатлап, көўлимди көтерип отырды:

— Айтыңыз, айтыңыз, маған барлығын билиў әҳмийетли.

Мен анамның ҳәм сулыў қыз Гүлжанның бахытсыз тәғдийри ҳаққында айтып берегимде, жас ҳаял зәрреси ушып еки алақанын шекесине басты.

— Қандай жабайылық, — деп эсте бақырды ол. — Мен, бизиң әсиримизде бундай болады деп ойламаған едим.

— Аўа, қымбатлым, — деп ол адам кең маңлайын жыйырды. — бунның бәри ҳақыйқый шынлық. — Ол меннен сорады:—Ал сиз азатлыққа шыққаннан кейин не менен шуғылланыўды нийет етип жүрсиз?

— Ўатаныма қайтып бараман, — дедим мен, және өш аламан.

— Қалайынша? Егер қупия болмаса, айтыңыз? Неге енди сиз қайтадан сарайға кирилўдиң ҳәм жаўыз ханның геллесин алыўдың планын дүзесиз?

Мен басымды шайқадым.

— Жоқ. Мен енди сыя бояў сатып алатуғын жас өспирим емеснен. Большевиклер маған ҳақыйқатлықты қалай ашып берген болса, мен де оны халыққа солай ашып беремен. Ең турақлы адамларды жыйнап, оларды халық арасына барыў ушын үйретемен, жарлыларды революцияға таярлайман.

Ол көпке дейин үндемеди, маған қарап, қызығып отырды. Оннан кейин орнынан турып ҳәммеге қарата, көзлери менен мени нусқап көрсетип, былай деди:

— Мине бизиң ең жақсы жаңа жолдасымыз. Мине усындай адамлар көп жыллар азап шеккен халықларды оятады.

Ол мениң ийнимнен қақты ҳәм қолымды қатты қысып, былай деди:

— Сизге уллы табыслар тилеймен, жолдас «Хийўалы!»

* *
*

—Бул Ленин бе еди?—деп эсте сорады Бердибай. Жас жигиттиң көзлери жадырап кетти. Мадамин күлип, өзиниң қалың сақалын сыйпады.

— Енди сен де конспирация дегенниң не екенин түсинетуғын шығарсаң. — Ол шыны менен турып бы-

лай деди:—Мен ҳәтте өзимниң туўысқаным Мустафадан сол Арқадан келген жолдастың негизги аты ким деп сораўға батына алмадым. Оннан кейин, мен Лениниң сүўретин көргенимде, тап баяғы Уфада мениң менен сөйлескен адам емеспекен деп тәшўишлендим. Сүўретке қарап отырып ишимнен оғада қуўандым.

— Сол рас Ленинбекен ата!—деп таңланып сорады Бердибай.

— Рас болса керек, сол адамның түр-түси еле көз алдымнан кетпейди—деди ғарры ойға шүмип отырып.

## ЕКИНШИ БӨЛИМ

Баланың жүреги тыным таппады. Бердибай анасын көргиси келип ол ҳаққында бир нәрсе еситип билгиси келди. Темирши уста буны жақсы түсинди. Мадамин ақырында Жуманияздың үйинде аткөнек болып ислейтуғын Юлчи деген ғарры менен танысыўға ҳәрекет етти.

Байдың ҳаяллары ишки ҳәўлиде сақланатуғын еди, бирақ сонда да Юлчи гарры Айшагүлди бир неше рет көрген, бир рет ол байдың басқа ҳаяллары менен бирге оны да жабық арбада қосы байдың үйине тойға алып барган. Аткөнек Айшағүлдиң муңын, зарын, Арал бойларындағы қалған перзентиниң барын өз қулағы менен еситкен.

— Ол тири, дени саў, — деп Мадамин балаға анасының тири екенин уқтырды.

— Анамды қуллықтан қутқармаганша тынышланбайман ата,—деди Бердибай өжетленип.

— Күте тур, — деп ҳәр қашанғыдай жуўап берди Мадамин.

Бир күни күн аўып, ақ тереклердиң артына жасырынғанда, ол былай деди:

— Таярлан Бердибай. Жуманияздикине барамыз— деди ғарры жолға таярланып. Олар Жуманияз байдикине жетип келди. Ғарры баладан тәшўишленип: қызып кетип жүрме, балам, — деди ол азанда Жуманияздың ҳәўлисиниң бийик дәрўазасына жақынлап турғанда. — Баслы мақсетимиз, революциялық шөлкем дүзиўди есиңнен шығарма.

— Естен шығармайман, ата, — деп жуўап берди Бердибай.

* *
*

Атыз жумысларының әйне қызып турған уағында батрак болып ислеўди соранған өспирим жигит Жуманиязға унады.

— Бала ким, қай жақтан екенин билип алыў керек, —деп жалпылдақларының биреўи Жуманияздың қулағына сыбырлады, бирақ бай оған ызылдап мазасын алған шыбынды қуўғандай етип қолын бир силтеди.

— Қәне, аттың жүўенлерин салып ертле, — деп ол Бердибайға буйырды ҳәм ақбоз жүрмелди көрсетти. Оны жүргизип көриў ушын шарбаққа алып шыққан еди.

Ат жүдә жақсы асаў еди. Бердибай жүўен менен ерди алып, «Қаражал» ға батыл түрде жақынлап барды, — Бердибай шаққанлық пенен жүўенди салып үлгерди ҳәм дизгининен әсте ақырын услап ертледи де, үстине секирип минди. «Қаражал» аспанға шаппшыды, бирақ Бердибай оны уқыплылық пенен жөнге салды, ал ат болса, үриккен көзлеринин қыйығын жаўтаңлатып үстиндеги адамға қарап тоқтады. Бердибай «Қаражал» ды дәслеп желип жүриске салып, соңынан жорғасына жиберди. Үстиндеги адам ҳәм ат екеўи биригип кеткендей болып көринди. Бул жүдә сулыў ҳәм тамаша болды.

Көзди ашып жумғанша Бердибай бир бийик дийўалға жақынлап қалды. Диййўалдың арғы жағында байдың ишки ҳәўлиси бар еди. Оған бир ҳаялдың қызығып қараған көзи түсип, және жасырынғандай болып көринди. Ал бай қәпелимде ашыўланып бақырды:

— Тоқта! Атты шаршатасаң. Бундай жүрмелди саған бериўге болмайды екен. Саған мал бақтыраман, атқа нәзериңди түсирмеймен.

— Ерк өзиңизде, — деп көнди Бердибай.

Байдың заҒарасы аңсатқа түспеди. Азаннан қара кешке дейин Бердибай мал бақты, қора тазалады. Ол алдына қойған мақсети ушын қандай қыйыншылық болсада көниўге таяр еди.

Мал қорадағы жумыстың артықмаш мийнетиде бар еди. Бул жерде барлық жалландылар бирге жумыс ислейди. Қысқа дем алыс минутларында гүрриңлесиў басланып, ҳәтте кексе дийханларда Бердибайдың сөзлерин тыңлайтуғын болды. Арадан күнлер өте берди.

Ол анасын бир көриў ушын барлық илажлардан пайдаланды. Байдың ҳаялларының жумыс ететуғын жерлерине кириўге имканият тапты. Бердибай анасын сыртынан биринши ирет көргенде, басы айналып жығыла жазлады. Көз алды тынып, турған жеринде отырды. Соң уста атасының айтқанлары есине түсип, өзин устады.

Көп күнлерден соң әсте-әсте анасы менен тез-тез ушырасып, өзиниң ким екенин таныттты... Ана байғус жалғыз перзентин көз алдынан жойытып алыўдан оғада қорықты. Буны адам бендеге билдирмеўди өзинше уйғарды. Баласы Бердибайға да сездирмеў жөнинде түсиник берди.

Ол анасынан Жуманияз бай ҳаққында да мағлыўматлар сорады. Бай оннан сезиклене баслады. Ургенчтиң барлық байлары сияқлы, ол да революция Хорезмге келип жетпейди деп үмитленди, бирақ солай болса да ол өзин бурынғыдай исенимли түрде бийлей алмады. Бердибай Мәдамин темирнинниң: «өлетуғынын сезген шаян қаттырақ шығады», деген сөзлерин есинде жақсы сақлады. Ол байдың қашып кетиўи де мүмкин деп ойлады, қашса тек жеңил-желпи жүк пенен қашады. Соңлықтан да Жуманияз алдын-ала барлық артық затларынан қутылыўға тырысып атыр. Артық ҳаялларынанда қутылыўға ҳәрекет етеди.

Оның ҳаяллары он төрт еди. Кишкенеси жаңа ғана он төрттен өткен. Және де Жуманиязға ханның өзи сыйлық еткен жас сулыўы да бар еди. Бирақ Бердибай Жуманияз байдың қашып кеткен жағдайда қалған барлық ҳаялларын өлтирип кететуғынына, гүманланбады.

— Таярлан, — деди ол бир күни анасына. — Тез арада мен сени қутқараман.

Ол қорқып жылады.

— Жуманияз услап алып, сени де, мени де жазалап өлтиреди.

— Қоллары келтелик етеди, — деп жуўап берди Бердибай. — Ал, бизлердиң де басымыз жоқ емес. Тек абайлы бол ана, мен сениң балаң екенимди басқа ҳаялларға айтып жүрме.

Айшагул жуўап қайтарыў орнына баласының басын көкирегине қысты.

Жуманияз Бердибайды өзине жақын тартқысы келди. Ол оны өзиниң қасына шақырып алып, бас аткөнекши етип сайлайтуғынын хабарлады.

— Саған енди ҳәр қыйлы қашып-пушып, бийти ағып жүргенлер менен қатар аўнап жатқаның жетер, —деди Жуманияз. — Моншаға түс, жуўын, кийимлериңди аўмастырып кий. Енди балаханада жатып уйқылайтуғын боласаң.

Бул үлкен ғамхорлық болды, ал Бердибай бунын негизги себебин ойлап басын қатырды. Кеңесетуғын адам болмады, Мадамин болса алыста еди. Лекин бунан бас тартыў —демек, байдың қәҳәрин келтириў ҳәм гүман туўдырыў деген сөз.

Өзиниң жаңа хызмети басланған биринши күни ол ҳәўли ишинде «Қаражал» ды жүргизип көрди. Енди Бердибайдың аяғында жаңа сары етиги, басында дөгереги тери менен қапланған сулыў дөңгелек малақайы бар еди.

Ал кеште пәтикке қыстырылған еки фонарьдың емески жақтысы менен жақтыртылған атхананың иншне аяғының ушынан басып дегендей, шаўқымсыз түрде Жуманияз кирип келди. Бердибай усы ўақытта «Қаражалға» от салып атыр еди.

— «Қаражал» жақсы отлай ма? — деп сорады ол.

Бердибай асығыслық пенен артына бурылып, қолын көкирегине қысып, тәжим етти.

— Сениң менен сөйлессейик, жигит, — деди Жуманияз. Ол сулы толтырылған қаптың үстине отырып, Бердибайды бармағының ушы менен өзине шақырды.

Бул сондай қайырқомлық еди оған, егер Бердибай айтып берсе, ҳеш ким ҳеш қашан исенбес еди. Гейде Жуманияздың жүзинде күлкиге уқсас бир нәрсе көринип кетеди.

— Жигит, мен сизди бурын қай жерде көрдим? — деп сорады Жуманияз, өткир көзлери менен Бердибайдың жүзине тигилип қарап. — Сен, шығысым Арал бойларынан, деп пе едиң?

Бердибай албырады, бирақ тек қас қаққанша ғана.

— Мен төрткүллимен, — деп қайталады ол, «неге, әпиўайы ҳәм ҳақ кеўилли анам Айшагүл айтып қойған ба, қалай?» — Ал оннан кейин Үргенчте темиршиниң жәрдемшиси болып иследим.

— А-а, жаңа ядыма түсти: сен төрткүлли екенсен ғой, —деп Жуманияз басын нийзеди.

Ол Бердибайды тергестирмеди. Орнынан турып:

— Ал, жигит, қалай шамалайсаң, сениң жаңа жумысың адамға ылайық па? — деп ол күлди ҳәм жуўап қайтарды: Бул саған қыйды аўдарыў яки ийлеў емес. Қыйды қуллар аўдарып, былғай берсин.

— Рахмет, тақсыр, — деди Бердибай эсте.

— Сен жассаң, — деди Жуманияз. — Маған исенимли түрде исле, сонда мен сени буннан да басқаша етип сыйлайман.

Бердибай кейин бәсип, байға өтиўге жол берди.

Бир нәрсе ядына түскендей, Жуманияз атхананың ортасында тоқтады. Бирақ, айтпастан бурын дыққат пенен жән-жағына қаранды.

Атлар сулыны гүртилдетип жеп атыр, ақырды аяқлары менен тепкилеп қөяды.

— Бул жерде ҳеш ким жоқ па? — деп сорады Жуманияз.

— Кешке қарай мен ҳеш кимди киргизбеймен. Сиз усылай тапсырғансыз, тақсыр. Жуманияз Бердибайдын көйлегинен услады.

— Мен батраклар арасында булгиншилер пайда болғанын билемен, — деди ол. — Олар менен бирге турғаныңда сен ҳеш нәрсе билмедиң бе?

— Көплери разы емес: жумыс аўыр, аўқат жеткиликсиз.

— Сен де разы болмадың ба?

— Аўа, тақсыр.

— Ал, сен қорқақлардан емессең, жигит, — деди эсте Жуманияз ҳәм шамалап: Ал, олар разы емес екен, сонда, орыслар сыяқлы, көтерилиске шығыўды ойламай ма?

— Менимше олар бул ҳаққында еситкен де жоқ болыўы керек. Олар қалай, қай жерде көтерилиске шыға алады? Ҳәр бири аяғын сүйреп зорға басып жүр. Бир адам ягный сизиң хызметкериңиз муш пенен онлағанын сулайтады.

— Ал сен Россиядағы ўақыялар жөнинде еситтиң бе?

— Мен қалада турдым ғой. Ол жерде ҳәмме: революция, аўдарыспақ, деп айтып жүр.

— Қай жерде айтып жүр?

— Базарларда, чайханаларда.

— Ал, бул қандай аўдарыспақ?

— Егер айтсам, окпелемейсиз бе, тақсыр?

— Айт.

— Ҳәтте ақ патшаның өзин тахтынан айырғанбыз, —деп мыляжыңлап жүр. Ал, май заводының рабочийлары дәрўаза алдында топланысып, аты Ленин деген адам ҳаққында айтысады.

— Сен еле ол ҳаққында да билесең бе? — Жуманияз суўық демин алды ҳәм қәпелимде өзиниң тесип кететуғын көзлерин Бердибайдың жүрегине шекем өткендей етип тигилип қарап:

— Ал батраклар арасында сен Ленин ҳаққында, большевиклер ҳаққында айтпадың ба?

— Мен өзим анығынан ҳеш нәрсе билмеймен.

— Жалған сөйлемейсең бе? — деп қәҳәрленип сорады Жуманияз. Ол Бердибайдың жағасынан услап өзине тартты ҳәм оның бетине тигилип турды. —Мине, билип қой, — деди ол Бердибайды жиберип. —Мениң батракларымның барлық сөйлескен сөзлерин есине түсир. Үш күн мәўлет сағап. Оннан кейип келип, олардың ҳәр бири ҳаққында айтып бересең. Түсиндиң бе сен?

— Әлбетте, тақсыр, — деп Бердибай тәжим етти.

* *
*

Бир жыл бурын бундай бахыт тек ертеклерде ғана мүмкин болар еди. Жарлы-жетим бала жайдың бас атқосшысы болды. Ал оған байдың сулыў қызы ашық болды. Бай, қайырқомлық етип, оны бурынғы батраққа бериўге қарар етти. Оны өзиниң барлық байлықларының мийрасхоры еткиси келди. Бунық бәри ҳәзир ҳақыйқатлыққа айналды. Лекин, Бердибайдың кеўли суўық еди.

Бирақ Жуманияз өтирик сөйлемеди. Ҳәмме еситсин деп, ол өзиниң жақсы көретуғын ерке қызын өзиниң атқосшысына күйеўге беретуғынын дағаза етти. —Заман өзгерди, — деди ол қосымша. Қудай алдында да, адамлар алдында да ҳәмме биргелки ҳәм тең. Тек ҳадал мийнет етиў керек ҳәм басқаның байлығына қызғаныш пенен қарамаў керек. Өмир ҳақыйқатлықты талап етеди, сыйлықтан бос қалдырмайды. Мине буған мысал: бурынғы батрак Бердибайдың өзи күтпегенде қуўанышқа бөленип, жоқарылағанын көрип турсызлар.

Той болатуғын күн де белгиленди. Ал, Бердибай түнде атханадан «Қаражал» ды алып шықты. Аўыл

арасында ол эсте айдап, ары шыққан соң қалаға қарай оның үстинде қанат питкендей зытқыды.

— Со-о-ндай, — деди Мадамин темирши Бердибайдың сөзлерин тыңлап. — Бахыттың өзи қолыңа кирип турған екен. Мүмкин, туўрысында да, Зуҳраға үйленерсең, барлық байбәшшелер сияқлы суўсар малақай кийип жүрерсең? Анаңды да үйиңе өз қолыңа аларсаң.

— Сиз маған исенбейди екенсиз, ата. Бирақ, мен өзимниң үйлениў тойым ҳаққында ойласайын, кеңесейин деп келгеним жоқ.

— Кешир, — деди Мадамин. Мен саған исенип, буннан қәтелеспегенимди билемен. Болмаса, исенбеген болар едим. Бирақ, мен басқасын да ҳәрбир адамның ҳәлсизлик жағының да болатуғынын билемен.

— Большевиклер-ше?

— Мине, сен қандайсаң? — деп Мадамин орнынан турып, жигиттиң ийнинен қақты, шешиўши түрде: — Кеттик, — деди.

* *
*

Жуманияз қалай да бир оңғылықлы ис болмайтуғынын сезди. Түни менен бәйдың уйқысы келмеди. Ол ҳәўли ишинде гезип жүрди, атханаға да барып қарады, «Қаражал» дың бары-жоғын тексерип көрейин деди. Көрип лал болды: қорада жақсы көретуғын аты жоқ. Бай жоқарыға, балаханаға жуўырып барды. Бердибайдың кишкене қақырасы да бос тур.

Жуманияздың ойлары тынымсыз ҳәм сасқалақлап иследи. Ол қуўғыншы жибериўдиң пайдасыз екенин түсинди. «Қаражал» ды қуўып жеткендей ат еле жоқ. Солай болса да «қашқын» ҳәм «урлық» ҳаққында ҳүкиметке хабар етиў ушын қалаға арнаўлы шабарман жиберди.

— Эҳ, кеўилшеклик еттим!—деп Жуманияз өзин-өзи қайта-қайта айыплады. «Және ериншеклик, сықмарлық та еттим. Бул нәлетий Бердибай өгиздей иследи. Мине сонлықтан оның ким екенин, не ислеп жүргенин тексериўге ўақыт сарп етиўдиң кереги бар ма, деп ойлайсаң. Бул ҳәйўан-батракларды өмиринше, тап Бердибайды алып келгендей, тиккелей көшеден таўып алып келдик. Олар, әдетте, өлеси аш болып бир бөлек қатты нанға қуўанатуғын еди...» Бирақ, Бердибай ойына да келмеген өрески қылық иследи: жуздеи бир адамға

келетуғын бахыттың белинен теўип, қашып кетти. «Дурысында да, заман өзгерип баратырған болыўы керек».

Бай, алдында түпсиз туңғыйық ашылып турғандай, қорқып кетти. Ол енди уйқы ҳаққында ойламайды. Хожайын өзи болған соң еркин ҳәм шешиўши қәдеми менен ол ҳаяллар жатқан жайға кирди.

Қызлары ҳаялларынан бөлек уйқылайтуғын еди. Жуманияз олардың арасында жүрип, уйқы менен дөңбекшип жатырған қызларының ишинен Зуҳра қайсысы екенин билиўге тырысты.

— Ҳарам тамақ, жатып ишерлер қурылдап атыр,— деп гүңкилдеди ол ҳәм бирese биреўиниң, бирese екиншисиниң бетине үңилип жүрип ақырында ол Зуҳраны излеп таўып, оны етигиниң басы менен бүйирине түртти.

— Түргел!

Зуҳра шоршып ояпды. Ҳаўлықты.

— Шық!

Жуманияз оны өзине қарай тартып сүйреди.

— Сениң қотыр қуршаңқың қашып кетипти, —деди ол. — Және «Қаражал» ды алып кетипти, оңбаған!

Зуҳра буған бирден түсинбеди, түсингеннен кейин, эсте жыламсырап:

— Уай, үлкен масқарашылық!

— Тыныш! — деп буйырды Жуманияз. — Қаңсылама! Оннан гөре, оның саған не ҳаққында айтқанын есиңе түсир.

—Мениң оған неге керегим бар? — Не-ге, — деп Зуҳра тағы жылады. —Мениң оған ҳеш керегим жоқ.

— Өкиргенди қой, жилли. Мүмкин, ол еле келип қалар. Мүмкин, ол сени таслап кете алмас.

— Таслап кетеди, таслап кетеди, — деди жыламсырап даўыс шығарып Зуҳра. — Ол маған келмейди.

Байға тосаттан бир ой келди.

— Кимге келеди сонда?

Зуҳра үндемей, ойланып турып:

— Ол бир күни қараңғыда маған «апам» деп айтты.

— Апа?! — деди Жуманияз, шырайы боразып кетип.

— Мине бул көпектиң бети әйтеўирде бир жерде көргендей таныс еди!—Ол орнынан ушып түргелип, ушында дөңгелек қорғасыны бар қамшысын алды да, ишки ҳәўлиге қарай жуўырып кетти.

* *
*

Таң қараңғысында Мадамин, Бердибай менен қатарласып атларын шаўып киятыр. Олардың изинен алты адам желе жортып келмекте. Олардың барлығы өнерментлердиң халатын кийип алған. Ал, ушырасқан адамлардың сораўына олар Жуманияз күйеў баласына жаңа жай салдырыў ушын шақырды, деп жуўап бериўи тийис. Олардың ерге бөктерилген қапларындағы затларды ушырасқан адамлар ағаш устасының ҳәм тас жонығышының әсбаплары деп шамалаўы мүмкин.

Бердибай алыстан оларға қарсы киятырған бир атлыны байқады. Мадамин усы жерде отряд пенен кейин қалып турды. Бирақ, атлы да буларды көрген болыўы итимал. Жақынлаған сайын оның аты әсте жүре баслады. Тез арада Бердибай бул атлыны анық көрди. Ол Жуманияздың хызметкерлериниң бири Зарип еди. Зарип тоқтады. Ол да Бердибайды танып, албыраңқырап қалды.

— Сен қайда жоқ болып кеттиң? — деп алыстан бақырды Зарип. —Бай сизди излеп зәр-зебил болды.— Ол алға талпынған атының басын тартып, бир түрли етип күлди.

— Енди саған байдың қызы орнына оның қамшысы тийеди.

— Тоқтай тур, Зарип, — деди Бердибай. — Бирге қайтып барамыз.

Ол «Қаражалды» тебинип, алға айдап еди, Зарип бақырды:

— Тоқта!—деди арқасынан узын стволлы мылтығын алып атырып. — Жақынлама!

— Саған не болды. Зарип?

Солай болса да, Бердибай оған әсте жақынлай баслады. Зарип шекесин мылтықтың қундағына тақап:

— Өлтиремен, — деди ҳәм буйрық түринде және:

— Жуўап бер, қасыңдағы болған қандай адамлар еди?

— Мени алдай алмайсаң. Жуўап бер!

— Мен ҳеш кимди көрмедим.

Төбешиктиң артынан атылған мылтық сести еситилди.

Зарип мылтығын түсирип алды, бирақ ер үстинде жығылмай отырды, ол бирден атын бурып, Жуманияздың ҳәўлисине қарай, зытқыды.

— Қуўып жет оны, Бердибай? — деп артта бақырды Мадамин.

Бердибай «Қаражал» ға қамшы басты. Жорға ат оқтай ушты, атлылардың аралығы қысқара берди. Тутзарлықтың артынан бийик дәрўаза ҳәм ҳәўли дөгерегине пытыраңқы түрде жайласқан жарлы диййханлардың пәс жайлары көринди.

Шопанлар менен мал баққанда үйренген бурынгы усылы ҳәзир оған керек болды. Ол Зариптен алты адым кейинирек еди. Арқанды алды. Оның илмегин ылақтырып жибергенде Зарип ушып түсти, илажсыздан қолларын сермеп, думаланып сүйретилди.

Мадамин жетип келди.

— Мине усылай еткениң жақсы болған, —деди ол Зарипке қарап. Бердибай оны байлап та үлгерди.

— Шағаллар, — деди ол, көзлерин алартып қарап,

— Сизлер еле байға мен ушын да жуўап бересиз. Ол сизлердиң терилериңизди сыпырып алады.

— Өшир үниңди, байдың көпеги! — деп Бердибай қамшысын көтерип турды.

— Олай етпе, Урма!—деп Мадамин оны тоқтатты.

— Зарипти, анаў терекке беккем етип байла, — деп буйырды ол жолдасларының биреўине ҳәм:

— Алға, дослар!—деп көтериңки даўыс пенен буйрық берди.

* *
*

— Демек, мени алдамақшы болғансызлар, ҳайўанлар! —Жуманиязның қамшысы бийшара Айшагүлдиң арқасына шырпылдап тийе баслады. — Оңбағанды өлгенше ураман. Сен Бердибайдың анасысаң, неге соны маған айтпадың. Мениң өлгенимди қәлейсизлер ме? Мени өлтирейин деп ойлағансызлар. Солай ма?!

Айшагүл қалтырап өксип жылады, қоллары менен бетин бастырыўға ҳәрекет етти.

— Жуўап бер!

Бул азапқа шыдамай ҳәтте Айшагүлди жек көрегуғын байдың үлкен ҳаялы да араға түсти.

— Оны рәҳим етиңиз, мырза. Олтирмең. Ол дени саў, жумысқа жарамлы. Ал, алдағаны ушын оның жазасын өзим беремен.

— Сенсизде шешемен, жоғал!

Жуманияз қамшысын таслап, оның алқымын буўындыра баслады. Оның көзлерине қан толып кетти.

Тағы бир қас-қағым ўақыт буўғанда, Айшагул туншығып өлер еди. Оның бахтына сырттан бир ири денели хызметкер кирип қатты бақырды.

Оның қатты бақырған даўысы иштеги шуўласқан сеслерди өширди.

— Бай аға, далада атыспақ болып атыр!..

Жуманияз Айшагулдиң күштен кетип, еденге аўдарылып қулап түскен денесин қоя берип, далаға жуўырып шықты.

— Барлық батракларды ески қораға қамаң! — деп бақырды ол жуўырып баратырып. — Қамаң ҳәм қараўыл қойың. Исенимли адамларға қурал мылтық бериң! Дәрўазаны илиң. Барлаўшылар жибериңиз.

Ҳайран қалғандай, бурын билип иселегендей батраклар кимге қандай ҳәрекет етиў кереклигин түсинип, көзди ашып жумғанша ҳәўли ишинде өз хызметлерине киристи. Бай хызметкерлери оларды усылайын деп еди, иштеги қарсылыққа күши жетпеди. Батраклар бай жалпылдақларынан күшлирек келди.

Ҳаяллар қорқып бақырысты. Атлар ҳәўли ишине босанып орден-ыққа шапқыласты.

— Ҳайўанлар! — деп бақырды Жуманияз. — Өлтиремен! Барлығыңызды өлтиремен!—Атыңлар, қырыңлар, мениң жуўындыма семирген ҳайўанларды, —деп ол жалпылдақларына буйырды. Батраклар өзлерин жақсы қорғады.

Бай дәрўазасы ишке қарай ларс етип қулап түсти. Ишке мылтық көширип, атлы адамлар кире баслады. Олардың саны көп еди. Бай жалпылдақлары да атыса баслады, Бәри бир олар алдынан да, артынан да соққы көрди. Ҳәўлиниң төринен диийханлар, бай жалпылдақларына таслар ылақтырды.

Бердибай «Қаражалдан» секирип түсти де, анасын изледи. Ол ҳаяллар болатуғын бөлмеге сүңгип киргенде, анасының еденде ҳәлсиреп жатырғанын көрди. Соншa жылдан бери баўыры езилип жүрген Бердибай.

— Апа, апа! — деп ол анасын қол ушына көтерип алды да, таза ҳаўаға алып шықты. Қараңғыда жабыққан ана, жаңа ҳаўадан жутып, күн нурынан нәр алды. Аздан кейин көзин ашып қуяшқа қарады да «Баўырым, баўырым, бар екенсеңғой! — деп баласының маңлайынан сыйпады.

---







# БӘРИ ДЕ „ӘЛИППЕ“ ДЕН БАСЛАНДЫ

*Гүрриң*

«Тоқта, атаман»?! Әлле қайдан шыққан айбатлы даўысқа жармаса бес атардың қарс еткен қәҳәрли сести-де шықты. Оның жылдырымдай зуўлаған оғы шөл үстинде жуўырып баратырған Идиристиң оң қулағының тусынан шуйкилдеп өтти.

Бирден зәрреси ушып, жан-ийманы қалмай қорқып кеткен Идирис салма ишине ет-бетинен жығылып, муздай жерди қушақлай тығылды. Жас жүреги қанасына сыймай дүрсилдеп, тоң жердиң бетин тербеткендей сезилди. Ол әтирапында ҳеш кимди, ҳеш нәрсени көргиси келмегендей ериксиз көзин жумып, илла деп үн шығарған жоқ.

Соның арасында Жунайдтиң оқ атқан нөкери, оның үстине дүрлеп атын шаўып келди де,

— Ҳей, тур орныңнан, атың ким, қаяққа баратыр един, қолтығыңдағы қомпайған не зат, өзи? — деди дәпинип.

Оның қәҳәрли даўысы, мылтығының сестинен-де бетер қатты ҳәм қорқынышлы шығып, Идиристиң жети жүйресинен өтти. Ол қорыққанынан басын сәл көтерип, илажсыздан көзин ашты. Қараса, бес атардың аўзы оның қақ маңлайына қаратылып тур екен. Баспашының қансыраған мийримсиз көзлери болса канасына сыймай адырайып, қара мурты жолбарыстың муртындай шаншылып тур.

Идиристиң тили гүрмеўге келмей, көзлери ериксиз жумылған ўақта жаўызды жолдасы шақырып: — Қойсаңа ол оғланды, несин аласаң оның? — деди.

Ол үстинен қарс еттирип бир атты да атын шаўып өз жолына кетти.

— «Уҳ қараңның батқаны болгай илайым. Егер ол жаўыз қойнымдағы китабым менен дәптеримди көргенде, мениң тағдирим дәрриў шешилип, жаңағы оқ жүрегиме қадалған болар еди. Ақыр мениң дәптеримде «Совет мектеби», «Ана» «Ленин» деген жазыўлар бар еди. Еледе жүримим, бахтым бар екен»...

Баспашы бираз алыслап кеткеннен кейин Идирис өзин бийлеп, аяғына турды. Ең алды менен қойнындағы китабын, дәптерин байқап көрди. Бәри бар екен, ҳәттеки олар жанлы заттай жылысып кетипти, —деди ол өз ишинен гүбирленди де.

Әлбетте, Идиристиң китабы менен дәптериниң жаңы болмаса да, оның ишиндеги жазыўлары «өз тилинде» сөйлейди, өтмиш ҳаққында жырлайды, ата-бабалардың тағдирип, турмысын тәрийплеп толғайды. Өйткени ол алтын ҳәриплер менен оңга қарай жазылған Совет китабы-әлиппе еди.

Аўа, Идирис бүгин мешитти қойып Төрткүлдеги жаңадан ашылған Совет мектебине оқыўға барған еди.

«Муғаллим», «Класс», «Парта», «Тахта», «Қәлем», «Дәптер», «Пор» жаңа атлар, жаңа затлар, бәри жақсы, бәри азада, бәри көзге ысық, жүрекке жағымлы. Әсиресе класстың сырланган едени менен ҳәжжеленген дийўалын, жақтылы айналарын айтпайсаң-ба? Оның үстине мешиттегидей бунның я палақпаны, я уратуғын тут шыбықлары жоқ. Мугаллим болса ҳәр бир ҳәрипти үйретип, оқытып көрип қошаметлейди, ийниңнен сыйпайды, бәрекелла дейди. О, буныңдай әжайып оқыўды, қәдирдан муғаллимди түсимде де көрген емеспен. Егер бүгинги көрген, билгенимди аўыллас досларыма айтсам олардың бәриде мешитти қойып, Совет мектебине қарай жуўырады. Әлбетте айтаман «мейли, олар-да шыптадан қутылып, Совет мектебинең партасында отырсын»...

Идиристи көтериңки қыялдың елесинен «Алтын жап» тың ишинде баратырган көп атлының дүсирлиси шығарды.

«Баспашылар, Төрткүлди арқа-батыс жағынан қоршамақшы қусайды, жоқ, мен сенлердиң бул ҳийлеңиздн, жаўызлық ҳәрекетиңизди дәрҳал қызылларға жеткериўим керек. Ақыр мен бүгин Совет оқыўшысы деген ат пенен қолыма Лениинниң сүўрети, сөзлери бар китап алдым».

Олар сирэ ойланып турмастан, «боз жап» ты тарнаӯ арқалы кесип өтетуғын терең салманың ишине түсип, дэрриӯ еңбеклей баслады. Ол өзиниң бул шешиминде, балалық ҳэм патриотлық ҳэрекетинде мийримсиз душпаннан қорқыӯды, я алыслықтан шаршаӯды билмеди. Қыстың қақаман суўығына қарамай қара терге батып, жер баӯырлап алға умтылыӯын даӯам етти. Әллене ӯақлары ол тарнаӯдан өтип, қаланың арқасындағы «Қумбызшылар» аӯылының тусынан шықты. Ҳеш кимге көринбестен, сездирместен гөне тамларды панналап, күн батардың алдында қалаға кирди.

Идиристиң үлкен ағасы Әмет, әлле қашан-ақ өз ықтияры бойынша қызыллар отрядында хызмет ислеӯши еди. Ол өз взводының позициясына ҳалласлап келген иинисин көргенде көзи аларып, ҳайран болып:— аӯылга Жупайдтың басқыншылары шапты ма? — деди қэӯетерленген түрде.

Идирис көкирегин зорға басып көрген-билгенин қалдырмай әжағасына айтып берди.

— Бул жүдэ әҳмийетли маглӯмат, бэрекелла инишек, ҳақыйқат разведкашы азаматсаң! — Әңгимени тыңлап турған командир Идиристиң ийинен қақты. Кейин сөзин тәкрарлап: — Шама менен «Бозжаптың» ишинде баспашылардың қанша атлысын байқадың?

Жүз атлыдай бар еди.

— Оҳо! — Командир ерини шүртийтип, қабағын үйди.

Басқа эскерлер оның аӯзына қарап, ҳеш қандай сөз қоспады. «Қараңғы түспей взводты әӯлийениң батысындағы бийикликке апарып жаңа позиция ийелеӯ керек»... командир оз ишинен усындай шешимге келип: — Жолдас Боранқулов, Сиз «Максим» ди алып, өз бөлимшеңиз бенен Мамыт кэлдиң гөне қумбызын ийелең басқа бөлимшелер әӯлийениң артындагы жыңғыллыққа жасырының. Мен ҳэзир штабқа билдириӯ жазып, артыңыздан жетемен,—деди ол буйрық ретинде.

Әскерлер оқ-жарағын көтерип, қорғаннан шықты да, қаланың батыс арнасына қарай бет алды. Әмет инисине қарап: — Сен енди аӯылға қайтпай-ақ қой, алдың кеш, қэӯетерли. Жақсысы заводтың жанындағы Жаңабай ғаррының үйине бара ғой деди.

Бир ӯақта Идирис еки көзин «Максим» нан айырмай әжеағасының сөзин еситкенде жоқ.

— Анаў не қурал өзи, ағай?—деп Идирис қызықсынған түрде хат жазып атырған командирден сорады.

Узын бойлы, ақ қуба, муртлас жигит жазыўын тамамлап:—Ол «Максим» деген пулемет:

— Ол неше атар?

Ол лентасы таўсылғанша үзликсиз ата береди. Бир заматтың арасында 100, 200 оқ атыўы мүмкин.

— Туў, әне қурал,—Идирис ерини жалап, ериксиз көзин қыпылықлатты.

Командир штабқа жиберетуғын хатты байланысшыға берип: — Ал разведчик, саған рахмет, хош бол деди де, кетиўге ыңғайласты.

Идирис тилиниң ушында турған саўалын билиўге қызықсынып:—Разведчик деген не ағай? — деп сорады.

— Ол сен, әскерге әҳмийетли маглыўмат әкелген ер адам, ер бала, ҳақыйқат азамат,—деди жыллы нәзерин және бир рет жигитке аўдарды да.

«Разведчик»... Идирис бул сөзди мәңгиге ядлап алғысы келгендей ишинен бир неше рет қайталап, қарымнан шықты. Ол күн батып, қараңғы түскенде қаланың ийрекленген, бастырмалы, тар көшелерине кирди. Көшелер ушы-қыйыры жоқ дәлиздей созылып, олардың еки бойында ийинлескен майда дүканлар толып атыр.

Қаланың қамал болыўына, қарамастан бәззақлар түрли шыты, бөзин жайып, ширинлер ҳәр қыйлы бояўы менен дәри-дәрмағын қойып, қассаплар майлы гөшлерин кәнараға илдирип өткен қарыйдарларды шақырып отыр.

Идирис булардың бәрине бирме-бир қарап, баққаллар алдында ериксиз тоқтап, тамсанып-тамсанып қонақ жайына қарай жүрди. Ол «қақпан» базарына жеткен жерде: «Идирис деп шақырған таныс даўыстан салт тоқтады. Жан-жағына жалтаңлап: — Ҳе, Мустафа, сенбисең? — деди өзи менен мектепте оқыйтуғын парталасын таныды да.

— Сениң үйиң аўылда емес-пе Идирис, қараңғыда қаяққа баратырсаң? —

— Идирис бүгин песинде оқыўдан қайтып баратырғанда басынан кеширген барлық ўақыяны достына айтып берди.

— Демек, командир саған: — «азаматсаң, разведчик» деген, солай ма?

— Өтирик айтпайман, тап солай, — деди.

— Исенемен достым, бул қандай мақтаныш! Мустафа жүрегиниң қызғын демин шығарып, қараңғыда Идириске қызганшақлық көзи менен қарады.

Сол ўақта олардың жанына ҳалласлап және бир бала келди. Бул пахта заводының рабочийсы Саша агайдың баласы Ванька екен. Ол Идирис пенен Мустафадан бир, еки жас үлкенлеў ҳәм болымлылаў бала еди.

Ванька класласының гүрриниң қайтадан тыңлап:— Демек, сен де баспашылардан өш алып, қызылларға жәрдем етиўге таярсаң, сойлай ма Идирис? — деди.

— Әлбетте таярман, болмаса аштан-аш, уйқымнан, тыныңымнан, ыссы жайымнан безип бул жерде жүремен бе.

— Жарайды, ал сен мылтық, я маўзер атыўды билесең-бе?

Идирис бирден албырақлап!—Жоқ, билмеймен, оның не кереги бар? — деди ҳеш нәрсеге түсинбеген түр билдирдп де.

Ванька қараңғыда тисин қайрап!—Қызық, сен баспашылар менен урысқанда кесек атыспайсаңгой, оқ атасаң. Түсиндиңбе? — деди ол ашыўланған түрде.

— Түсиндим, онда маған мылтық атыўды үйретиң?

Усы ўақта үйретиў, машық болама, жақсысы сен бизлердиң жәрдемшимиз боласаң. Мылтық көгересең, оқ тасыйсаң, қарым қазасаң, аўқат әкелесең. Соның арасында өлип жатқан баспашылар дуўшарласса, оның оқ-жарагын алып, биздей мылтықлы боласаң, жақсы-ма?

Идирис қараңғыда мақул дегендей басып ийзеди. Кейин Ванькага қарап:—Сенлердиң мылтығыңыз, огыңыз қаяқта? —деди қызықсынған пишинде.

Ванька жән-жағына көзин тигип, қулағын түрип: —Жумабай шығабер? —деди.

«Темирши» ниң төлесинен бир нәрселер көтерип малақайлы, таналтас бала шықты. Идирис оны танып: —Булар не? — деди.

— Бес атар маўзер, мына қалтадагы оқ,—деди Жумабай.

— Оҳа, байсызлар, қызық булардың бәрин қаяқтан алдыңлар?

Мустафа ҳәз етип күлип: «Урыны, қарақшы талады» дегендей буларды кеше Шорахандағы Қалендер бай-

дың қаразханасында уйықлап қалған үш нөкерден олжаға түсирдик,—деди мақтанышлы түрде.

— Сөйтип, енди не қылмақшысыз, үшеўиңиз жүз атлы баспашының үстине басып барасызлар ма?—

— Ванька бирден қызып:—Сен бизлерди әлле қандай аңгөдек, я ақылсыз деп ойлайсаң ба? — Жоқ бизлердиң басымыз ислейди. Бул оқ пенен мылтыққа Русский ағайдың әскерлери дым мутәж. Ең алды менен буларды соған апарамыз. Ол не десе соның бүйрығын орынлаймыз. Өйткени Русский қызыллардың рота командири. Ол мени таныйды, «Моптық» тың қумында маған мылтықтан атыўды, нышанаға алыўды үйреткен устазым. Қәне, биз бенен енди қызыллардың қорғанына барасаң ба? — деди сыпаған иншинде.

— Әлбетте бараман, Русскийдиң әскерлери қаланың қайсы мүйешинде жайласқан? — деп Идирис шешиўши түрде жуўап берип ҳәм оннан қызықсынған сораўын сорады.

— Шаббаз дәрўазасының қасындағы қорғанда.

— Мейли кеттик.

Жақында Совет мектебиниң есигин ашып, қолына «Әлиппе» алған төрт оқыўшы—рус, татар, қарақалпақ қазақ балалары бүгин жаўынгер ағалары менен бир сапта турып өзиниң ана жерин, сүйикли мектебин, жүрегинде тамыр урған идеалын баспашы жаўызлардан қорғаўға бел байлады...

* *
*

Жунайд-хан Әмиўдиң арқасына шабыўыл жасаў ушын ләшкерине сәрдар қылып Гелдимурат мың басыға пәрман бергенде, ол уллы дәрежели Қурбан Мамедтиң алдында бас ийип: — Қудайым ҳәмириңизди қабыл қылып, бизге яр болса, жаңа туўған айдың тоғызыншы таңында Төрткүлди алып, большевиклердиң басын муз астына тығып, қаладағы алты дәрўазаның гилтинде Сизге саўға етемен, — деди ол қуранға маңлайын тийгизди де.

—Айтқаның келсин, әўмийин!—Жунаид-хан тахтында отырып узын сақалын еки қолы менен сыйпалап қойды.

— Әўмийин! Әўмийин! — Жунайдтың еки қапталында китап ашып отырған еки ийшан ҳәм хан сарайының басқа адамлары аспанға қарай қолын жайып, қалтыраған даўысы менен оның тилегин қуўатлады.

Гелдимурат орнынан турып, қол қаўсырып есикке қарай бәсип кетти.

Жунаид айбатлы, аўыр нәзерин ўәзирине тигип: — Сәрдарға мениң қылышымды саўға етиң ол өткир, берик ҳәм қайтпас-деди ол гүжирейген геўдесине сыймай жылтыр басын жоқары көтерди-де:

— Қуллық! — Ўәзир орнынан турып ханның дәл арқасында дийўалға илиўли турған алтын саплы қылышты қолына алды. Кейин ханның алдында еки бүкленип, бас ийип, Гелдимураттың турған жерине шекем бәсип кетти. Ол сәрдар менен теңлесип: — Уллы ханымыздың қылышын Сизге тапсырамаң — деди қос қоллап жарақты оған узатты-да.

Гелдимурат оннан қылышты қос қоллап алды да: —Сизиң билегиңиздей берик, жүрегиңиздей қызғын, көзиңиздей өткир қылышыңыз бенен жеңимпаз ләшкериме жол ашып, қызылларды қойдай қырамаң, олардың ҳарам қанын суўдай ағызамаң? — деди антының белгиси ушын жарақтың алтын сабынан сүйди де.

— Сапарың сәтли болсын сәрдарым, алға!—Жунаид тахтынан турып, еки қолын шығысқа қарай созды.

Гелдимурат қылышын жоқары көтерип, ашық есиктен арты менен шығып кетти. Ол хан сарайының шарбағында ойнап турған қара торы, қайың атының гүмис қаслы ерине минип, шабыўылға жол баслады...

Қатал минезли, ырымшыл сәрдар жолынан кесе шыққан бала шағаның басын қағып, қуптап ўақта көп ләшкери менен Ҳаңқаға жетти. Бул күни ол дабарасы жер жарған Мәтнияз байдың қәдирли қонағы болып, нөкерлерине, атларына дем берди. Ертеңине сәске ўақта муз үстинен Әмиўдиң арқасына өтип, Төрткүлдиң жоқарысындағы аўыл-аймақларды жол-жөнекей басып алды. Олардың арасынан қарсылық көрсеткени болса, сол заматы қылышқа отырғызып, я жазым оққа дуўшар қылып, мал-дүньясы менен шырайлы қызкелиншеклерин олжа етти.

Сөйтип ол дәслепки «Жеңисиниң» мақтанышы менен олжасын ортақласыў ушын өзиниң жүз басыларын жыйнап, Шорахандағы Тәжимурат бажбаның ҳәремине басып барды.

Бирден зәрреси ушып, жан ийманы қалмай қорқып кеткен бай сәрдарды қонақ иретинде қарсы алып, өзиниң миймапханасына мирәт етти.

Гелдимурат узын бойлы, кең көкирекли қарапәрең, өткир көзли, муртлас адам еди. Ол Тәжимурат байдың тахта поллы, үстине ғалы палас төселген жақтылы жайына кирип:—Бул жерге Төрткүлдиң завод, фабрика ийелери менен бас көтерген атақлы байларын, белгили уламалар менен большевиклерге қарсы болған қарақшылардың басшыларын алдырың. Бирақ, бул нәрсениң бәри жасырып түрде, исенимли адамлар арқалы уйымластырылсын. Егер мениң бул сөзимди бөтен адам еситип, қызылларға жеткерсе, сизиң басыңыз кетеди. Еситтиңизбе? — деди төсекке отырмастан бурын өзиниң қәҳәр ғәззебин шашты да,

— Әжеп болады, ол жағынан ҳеш ғам жемең.

Тәжимурат бажбан есиктен шыға бергенде Гелдимурат мақпал көрпешениң үстине отырып:—Бизиң тайпапыр пөкерлер менен яўмытбий атлыларының күтимин өзиңиздиң исенимли адамыңызга тапсырарсыз,— деди буйрық ретинде.

— Қәтиржам бола бериң! Үй ийеси сәрдардың кеўилин тыныплап дәлизге шықты.

Арадан көп ўақыт өтпей-ақ өжирege Тәжимураттың үш, төрт хызметшиси тиркелисип кирди: Биреўиниң қолында қушан менен шылапшын, екиншисиниң қолында сулги менен орамал, үшиншисиниң қолында жиңек дәстурхан, басқаларының қолында түрли жемис, пал, шекер, конфет толтырылған ыдыслар көринди.

Хызметкер жигитлер миймапларды ң қолын жуўдырып ортаға дастурхан жайды. Кейин олар тынбастан шай, қуўырдақ, қаймақ, май тасып мийманлардың мейнлин қандырды.

Көп узамай Тәжимурат та барлық исти бәржай қылып, сәрдардың үстине кирди. Ол мийманларға түрли таам үстинде аўыл-елдиң, қаланың барлық жаңалықларын айтып, әңгимесиниң аягын большевиклердиң үстине төңкере берди.

Әзелден артық сөзди жақтырмайтуғын тик минезли Гелдимурат үй ийесиниң сөзин бөлип: —Сиз маған Төрткүл қорғаниның қурылысын ондағы қызыл әскерлердиң санын, сапасын, қурал жарағының түрлерин, азық-аўқат оқ-дәрисиниң әнжамын, олардың кимлерге арқа берип, қаяқтан қарыж алатуғынын айтың? —деди оқлы көзин оған қадады-да.

Бул қараўдан Тәжимураттың жүреги суў етип, тула бойынан қамаў тери шыққандай сезилди. Ол бурында бундай өткир көзли, салқын түсли, қатал адам менси бетлесин көрген жоқ еди. Ол бирден сасқалақлап, ҳеш ўақта бундай мағлыўматларга, сырларға итибар бермегени ушын ишинен өкинип отырганда, байдың хызметкери өжирениң есигин ашып:—Қаладан уллы дәрежели мийманлар келди. «Сәрдардың үстине кириўге мүмкинбе екен» — деп рухсат сорап атыр, — деди еки бүклениди де.

— Келсин! — деди Гелдимурат үй ийесиниң аўзы ашылмастан бурын.

Ишке түрлише кийинген, ҳәр қыйлы жастағы, еки динниң бийик ўәкиллери кирди.

Гелдимурат отырысын бузбады, ал оның жүз басылары орынларынан турып, мийманлардың сәрдар менен көрисиўине жол берди.

Қол алысыў ҳәм сорасыў церемониясы тамам болды. Гелдимурат келгенлерге қарап:—«Билемен, сизлер заводыңыздан, фабрикаңыздан, Совет ҳүкиметине, бөльшевиклерге нүткиллей наразысыз. Оны ҳақыйқат душпаныңыз ретинде жек көрерсиз ҳәм олар менен гүресиўге таярсыз. Бирақ, жетерли дәрежеде қурал-жарағыңыз, ләшкериңиз жоқ. Туўры-ма? — деди.

— Туўры айтасыз сәрдарымыз! — Гижинип отырған мийманлардың бәри бирден шуўласып, сәрдардың сөзин мақуллады.

— Уллы дәрежели Жунайд-хан бул аўҳалдың бәрин алдып ала болжап Әмиўдиң арқа жағасында орнагап Совет ҳүкиметин қулатын жоқ етиў ушын сизлерге өзиниң мыңлаган ләшкерин жәрдемге жиберди, —деп сәрдар отырганларды сыйпыл нәзери менеп бир қатар шолды.

Жоқары дәрежели мийманлар қозгалысып, қомпылдасып, — Уллы дәрежели Қурбан Мамедке ырзамыз, ол мың жасасын, —деди мыңгырласты—да.

Гелдимурат көкирегин керип, ийегин көтерип:—Бизлер қызыллардың ақырғы нөкери жоқ етилмегенше ғазаўат қылып, сизлердиң басқыланған жериңизди адам қаны менен жуўып ҳадаллаймыз. Сизлер бизиң баҳадыр ләшкеримизге барлық жағынан тийисли жәрдемиңизди көрсетесиз. Большевиклерге бир тислем нан, бир уртлам суў, бас пана, кийим кеншек, атларына от-жем бермейсиз. Керисинше, олардың тезирек

қулаўы, жоқ етилиўи ушын барлық жерде қыянетлик ислердиң ҳәр қыйылы түрлерин, усылларын барынша күшейтесиз. Биз болсақ өзимизге қолайлы ўақта қолымызға қылыш алып, қызыллардың үстине топыламыз, — деди ол сөзин жуўмақлады — да.

— Тәжимурат бай орнынан турып:—Енди рухсат етиңиз. Сизиң ҳүрметиңизге таярланған сазы-сәўбетимиз бар уллы дәрежели сәрдарымыз, — деди ол жағымпазлық етип.

Гелдимурат өзиниң отырысын бузбай ҳәмийше түнерип:—Кеширесиз ҳүрметли бай, биз усы суўықта алыс жерден сазы сәўбет тыңлаўға келгенимиз жоқ. Ҳәзир аўқатты жеп болып, жүзбасылар менен болажақ саўаштың жойбарына таярлық көремиз,— деди үй ийесиниң сөзин сындырды— да.

Ҳәмме силтидей тынып, көз астынан бир-бирине қарасты. Мийманлар өзли-өзиниң ымына түсингендей бәри орнынан турып:—Бизге рухсат болса ертерек үйли-үйимизге жетип, сизиң буйрығыңызды бәржай етиўге кирисер едик, Уллы дәрежели сәрдарымыз, — деди олар бир аўыздан.

— Рухсат! — деди сәрдар кескин түрде.

Қорқынышы менен өкиниши ишине сыймаған қәдирсиз қонақлар Тәжимураттың аўқатынан да дуз тата алмай илажсыздан шығып кетти.

Гелдимурат алдын ала жүргизилген бақлаўдың нәтийжесинде топланған мағлыўматларды ярым түнге шекем үйренип, болажақ саўашта сумлықлы топылыс жасаўға уйғарды. Оның мәниси өзиниң барлық күшин Төрткүлдиң шығысындағы қорғанға ҳүжим жасамақшыдай етип көрсетип кейин нөкерлерин «алшын жап» тың жағасы менен қаланың батыс тәрепине өткериўди уйғарды.

Сөйтип ол қыр әтирап жақтыланған ўақта барлық ләшкерин саўашқа атландырды.

Бирден Шораханның қумлақ жолы қуйындай қайнап, аралықты қойыў шаңғыт перделей бүркеди.

Қорғанның төбесинде отырған ротаның бақлаўшысы зәрре албырақлап:—Жолдас командир, көз ушында баспашылардың көп атлысы көринди. Әне олар Юсуп төрениң үйинен өтип, бизге қарай бағдар алды? — деди.

Жақсы бақлаўды даўам ет, — деп командир қорғанның оң қанатында орнатылған станкалы пулеметтың қасына келди.

Әйне усы ўақта Гелдимурат ҳийлели маневра жасап, ләшкериниң тийкарғы күшин дәрриў «алшын жап» тың ултанына түсирди де тезден қаланың батысына қарай алып кетти. Юсуп төрениң үйиниң тусында баспашылардың тек он-онбес атлы ғана нөкери қалды. Олар қызылларды алжастырыў ушын ордеи-ыққа атларын шаўып, бир, еки рет қорғанға да жақынлап кетти.

Соның арасында Гелдимураттың бирнеше жүзлеген ләшкери Әўезбай күйиктиң үйиниң тусынан шығып, оның үлкен шарбағына кирди.

Бул жерде бираз дем алыс өткеннен кейин ол гүңгирели, бийик жайдың төбесине шығып, алдын-ала таярлаған еки нөкерин Совет әскерлериниң қорғаныў позициясын бақлаўға жиберди. Олар қорғанға үш жүз метрдей қалған жерде атларынан түстиде биреўи қорғанға қарай еңбеклей баслады.

— Жолдас командир, баспашылардың бақлаўшысы қиятыр? — Әўлийениң қумбызында жасырынып отырған бақлаўшы Русскийге хабар етти.

— Көрип турман, бақлаўды даўам ет.

Баспашының бақлаўшысы ҳәр бир дүмпешикти, ҳәрбир қамыслықты панапап қорғанға қырқ, елиў метрдей жақынлап келди де: мойнындағы дүрменин көзиниң тусына апарып артындағы жолдасына лалаўлай баслады.

Бирақ, сол заматы мылтықтың қарс етип шыққан сести менен оның үни өшип, хабары бөлинди.

Екинши нөкер жолдасының тәррийип қалған денесине де қарамай атына минип, артына қарай қашты.

Арадан онша көп ўақыт өтпей ақ Гелдимурат саўашқа жүзлеген нөкерин жиберди. Олар шегелең жерди қуйындай қайнатып, тийкарғы бағдарын Русскийдиң позициясына қарай туўырлады.

— Командасыз оқ атпаңлар? Семен пулеметиңди таярла? — Русский баспашылардың жақынлап келиўин күтти. Ҳәп заматтың арасында қылышларын күн нурына ойнатып қиятырған атлы нөкерлер қызыллардың позициясына жақынлап қалды.

— Атыңлар, гөзлеп атыңлар!

Бес атарлар усти-устине атылып, аралықты жаңғыртып жиберди.

«Илаҳа илалла»... Баспашылар лалаўласып, әбден басып келди.

— Семен, «Максим» ды сөйлет?

Пулеметтың тыр-тырлаған қанжар оғы батырсымақ баспашылар менен олардың кисңеген атларын шиңигириктей қыйратты.

Әжел оқтан аман қалған баспашылар саўаш майданында өзлериниң көплеген жора-жолдасларын мәңгиге қалдырып кейин шегинди.

—— Жолдас командир, рухсат етиң, бизлер өлген баспашылардың оқ-жарағын жыйнап қайтамыз- —Қарымның ишинде жаўынгерлердиң керек-жарагына жәрдемлесип жүрген Ванька менен оның класслас дослары Русскийден өтиниш қылды.

Командир басын кери шайқап:—сәл жерде душпанның адасқан оғына дуўшар болсаңыз, мениң басым кетеди. Еле де мен сенлерди бул жерден қалай қуўарымды билмей, басымды қатырып турман. Ақыр, саўаш майданы оқыўшы балалардың болатуғын жери емес. Бул жерде самал орнына ҳәрдайым оқ ысқырып турады. Еле қудай билсин сенлердиң әке, шешелериңиз кешеден берли зер-зебил болып, аяғынан тозып жүрген шығар. Соның ушын...

Бирақ оның сөзин балалар бирден бөлип: — бизлер жер баўырлап еңбеклегенде топыраққа кеңедей кирип кетемиз. Жердеги баспашылар түўе, аспандагы жыртқыш бүркитлер де көрмейди, — деди бәри бирден ғаўырласты-да.

Русский бирден ойланып қалды. Оның көз алдына ериксиз түрде тек усы төрт баланың ғана тағдири емес, бәлким барлық қарақалпақ балаларының келешеги, бар я жоқ болыўы, азатлықтама, я қуллықта қалыўы елеслеп көринди. Ол усындай тереқ ойдың тербеўинде отырып Совет әскерлериниң оқ-жарақ әнжамының жеткиликсиз екенин де есине түсирип:—Мейли, барагойың, бирақ абайлы болың,—деди илажсыздан.

Балалар бирден қуўанып, реңки гүл жайнап кетти. Олар жас жүрегиниң буйырығы менен талпынып қарымнан шықты-да, жер баўырлап алға умтылды. Жолында ҳәр бир шөпти, ҳәр бир кесекти папалап, рәсмий разведчиклердей еңбеклеўин даўам етти.

Ҳә демей олар ҳәр жерде теңкейнсип жатқан өликлер менен жарадарлардың қасына жетип барды. Сөйтип, олардың мылтығын, қылышын, белиндеги қатарын жыйнауға киристи.

— Жан оғлан, маған жәрдем ет, суў бер. Мен баспаны емеспен, жарлы дийханның жалғыз баласымен. Мени Жунайд ханның нөкерлигине зорлап, қорқытып алды. Мен сенлерге қарсы бир оқ та атқаным жоқ, исенбесең, дупенимди тексерип көр деп бир жарадар жигит қасында жатқан мылтығы менен белиндеги қатарын алып атырған Идириске жалынды.

Идирис бирден шоршынып, қызыл қанға боялып жатқан баспашының бетине қарады: «Қыр мурынлы, қақ шеке жигиттиң шын қара көзлери қанасына сыймай дүньяны шолып атыр екен. Көгере баслаған қурғақ ерни тоқтаўсыз қыбырлап: «суў-суў-суў» дегендей еситилди.

Идиристиң жүрек баўыры елжиреп, жарадар жигитке рейими келди, «Мүмкин ол ҳақыйқаттанам бийгүна, ҳақ кеўил шыгар» Идирис оның мылтыгын тексерип көрди. Ырастанам бес атардан бир де оқ атылмаган...

Сол заматы Идирис салмадағы музды ойып, малақайының ишиндеги тахиясын суўға толтырып әкелдиде жарадарга иштирди.

Жарадар сәл жалланып:—Рахмет иним, бир уртлам суўың ушын, керек жеринде бир кесе қанымды беремен, — деди ырза болған пишинде.

Идирис өлгенлердиң оқ-жарағын терип жүрген Мустафаны шақырып: — Мына жарадар жигитти әкетейик? — деди.

— Қаяққа, не ушын?

— Өзимиздиң қорғанға, оның жанын сақлап қалыў керек, жарлының баласы екен!

Мустафа бирден ашыўланып!—Енди олардың бәри жарлының баласы бола береди. Ақыр, олар аўылларымызды басып тыныш халықты талап, апаларымыздың ар-намысына тийип, бизге қарсы оқ атқан душпан ғой, мейли өлсин! — деди ол тислерин қайрады да,

— Жоқ достым, мен ол жигиттиң сөзине исенип турман. Оның түр-түсинде де көзлеринде-де сөзлеринде-де жаўызлық ҳәрекеттиң ҳеш қандай белгилери көринбейди. Оның үстине мылтығынан-да оқ атылмаған, қатары-да толы, бузылмаған.

Мустафа сәл ойланып:—Ҳәзир сен кеўилшеклик етип оған жәрдем көрсетип, кейининен өкинип жүрме, оның үстине еле командир не дейди!

— Мейли, не десе сол десин. Бирақ мен бул жигиттиң өлим алдындағы сөзлерине исенемен, ол душпан емес.

Мустафа өз классласының сөзине ипаиып ырайына жығылды. Сөйтип олар қорғанға саўаш майданында өлип жатқан баспашылардың оқ-жарағын жыйнап барыўдың орнына, душпанның жарадар нөкерин сүйреп әкелди.

Командир Идиристиң сөзин тыңлап болып: —Дурыс етипсең, ҳақыйқаттанам Жунайд баспашыларының арасында адасқан, я қорыққанынан қурал көтериўге мәжбүр болған ҳадал нийетли, айыпсыз адамларда табылады. Мейли, оған жәрдем көрсетиң? — деди ол.

Дәслепки ҳүжиминиң сәтсизлик пенен тамам болғанына өзимшил сәрдардың ғыжырданы қайнап, жүреги қанасына сыймай, аўзынан қәҳәр, зәҳәр шашып, кеўилсиз нөкерлерин қайтадан ҳүжимге жиберди.

Әўезбай күйиктиң шарбағынан шығып, әўлийе менен Шаббаз жолының аралығын ийелеген баспашылар ат үстинде алыстан оқ атып алға умтылды.

Кем-кем еки ара жақынлаған сайын олардың атқан оқлары шүйкилдеп қызыллардың үстине жамғырдай жаўды.

Ҳә демей жазым оқтан төрт, бес адам жарадар болып, екеўи өлди. Бирақ, сонда да командир өз әскериниң оқ әнжамын үнемлеў ушын мылтық атыўға рухсат етпей, қолайлы пайытты күтти.

Соның арасында қуйындай қайнаған баспашылар лалаўласып нышаналық аралыққа келип қалды.

Душпанға қарсы гөзлеп оқ атыңлар?!

Бирден қорғанның иши көктей гүркиреп, қыр дөгерек мылтықлардың сестине жаңғырып кетти.

Идиристиң қулағына: «Ўах, мен жарадар болдым» деген таныс даўыс еситилди.

Идирис қарымның ултаны менен қорғанның оң қанатына жуўырып келип: Әжаға! — деди жыламсырап, оның жанына отырды да.

— Үниңди өшир, саўашта нағыз жаўынгер жыламайды, тезден мениң жарамды таң?

Идирис әжеағасының жаралы басын таңып атырған ўақта бирден пулеметтиң сести өшти.

Әйне сауаштың шешиуши уақтында пулеметтиң тоқтағанына командирдиң жаны шығып:—Семен, саған не болды, «Максим» ды сөйлет?!—оның қарлыққап даўысы қарымның ишин қозғап жиберди.

— Семенға-да, жәрдемшисине-де оқ тийди? Алыстан бир жаўынгердиң аяныышлы сести еситилди.

Саўашты басқарып турған командир жаңғырықтың арасынан бул хабарды еситпей гижиниип:—Атың, «Максим» ды тоқтатпаң? — деди қатаң буйрық ретинде.

Ванька пулеметтиң тетигине бармағын басып: — Идирис лентаны туўрылап тур? — деди де қарымның алдыңғы жийегине келип қалған баспашыларды қамыстай қыйратты.

Сол заматы Ванканың жанына жетип келген Идирис пулеметтиң лентасын туўрылап, оның үзликсиз ислеўине жәрдем етти.

Сан жағынан бир неше рет басым болған баспашылардың бирең-сараң батырсымақ нөкерлери айрым жерде қызыллардың позициясын бузып өтти. Бирақ олар қанжар оқтың қәҳәринен тайсалып турақлы түрде беккемлене алмай, талып жатқан жарадарларды шаба баслады.

Мийримсиз жаўызлардың биреўи қансырап жатқан Әметке қарай атын туўырлап қылышын көтерген ўақта оны Идирис көрип қалып, өмиринде биринши рет бес атардың тетигин басты...

Баспашы ат үстинен ушып түсип, еки, үш мәртебе домаланды да, Идиристиң алдына жетип, басы кесилген жыландай бүкленди.

Идирис жансыз қалған жаўыздың түр-түсине қарап: — Мине биз сениң менен ақырғы рет ушырастық — деди ол өткен күнги бетлескен баспашысын таныды-да...

Соның арасында Жунайд ханға ўәде берип басқыншылыққа келген сәрдардың нөкерлери жеңиске ерисе алмай шерменделик пенен серпилип, келген жағына қарай жол алды...

Өзине келген Әмет инисине қарап: — Қызық, саған бундай мәртликтиң, турақлылықтың, мийирманлықтың нышанлары қаяқтан пайда болғанына ҳәм кимлерден тәсир еткенине мен ҳайранман, — деди ысық көзлери менен оны аймалады-да.

Идрис қырғын саўашта ерисилген жеңистиң қуў-анышына бөленип:—Билмедим әжеаға, мүмкин өзиңнен, я Семен ағадан, я «Максим» ды қайтадан сөйлетип баспашыларды қойдай қырған Ванька достымнан шығар, Бәлким... — деди де ол сөзин даўам еттириўдиң орнына оң қолын көкирегиниң шеп жағына апарды.

Аўа, ол жерде Идристиң жалынлы жүреги дүрсил-деп, қойнындағы «Әлиппе» китабын тербетип тур еди...

## МЕН КОМСОМОЛМАН

*Гурриң*

1929-жыл.

Қоңыр гүз. Күн батып, геўгим түскен ўақта «Уллы-бағ» аўылы комсомол ячейкасының секретары Қасым-қатшы Шербай улы сәмен атын шаңқылап Төрткүл қаласының Сарыбий дәрўазасынан шықты. Ол жан-жағына, көктиң бетин қаплаған қара булытларға қы-зықсына қарап: «Ҳаўада ығаллықтың ләми басым ғой, шамасы я жаўын, я қар жабатуғын түри бар. Қәне дос-тым, тезирек үйге жетиўдиң ғамын же» деди ишинен суўлықты шайнап киятырған бедеўиниң дизгинин би-раз босатты да.

Жоңышқаның ақырғы көрпеси менен жуўериниң көк басына әбден семирип, салқын желдиң лебине секирип киятырған жүрмел ат ийесиниң ойына түсип-гендей түн пердесин жылдырымның оғындай жарып кетти. Оның жүрисине қумары тарқап, кеўили таса баслаған Қасым көз алдында «комсомол» деген әжайып атқа ийе болған аўылының алдыңғы жасларын ериксиз елеслетти: «Аўа, Уллы-бағ комсомолының са-ны бүгин және бир адамға көбейди. Ол Бегжан-баты-рақтың баласы Қудайберген. Дүньяға жетим келип, аўыл ҳаялларының мийир сүти менен Ақназар байдың аткөншегинде адам болған Худайберген. Әлбетте, бүгин қуўанышы да, мақтанышы да шексиз. Мейли, қуўан-сын, мақтансын, енди оның бәрине де ҳақы бар»...

Сөның арасында жол танабын қуўырып киятырған бедеў ат «Ийшан» жаптың көпирине жақынлай берип бирден тоқтады. Ол қос қулағын көпир бетке тигип оқырана баслады:—«Ҳаў, саған не болды «Сәмен», я көпирдиң астында папалап жатқан ийесиз йитти көрдиң бе?» Қасым тақымын қысып атына гүбирленди.

Бирақ тилсиз жәниўар оқыраныўын даўам етип, ҳеш алға баспады.

Қасым өз ишинен сезикленип ойланайын деди. Ол атының ақыллылығына, сезгирлигине, әсиресе садықлығына исенетуғын еди. Соңлықтан да оны бийкарға қамшылап қыйнағысы келмей: «түсиникли, сен әллеқандай бир жаманлықты алдынан сезип турсаң достым. Мейли, Сапар қарақалпақтың үстинен өтетуғын соқпақ арқалы-ақ кетейик» деп бедеўиниң басын бурды.

Әйне усы ўақта көпир астынан қарс етип шыққан мылтықтың сести менен оның қулағын жалап өткен жекке оқтың шүйкилдеген сести шықты.

«Сәмен» бирден жулдызға секирип, алға умтылды.

— Тоқта, сен комсомол бизден қашып қутылаалмайсаң, бәри-бир өлесең. Сениң «бузық» басыңды алыў ушын «Уллы-бағ» аўылының үш байы қәдимгиниң пулынан үш жүз тилла инам еткен. Билдиң бе?» Буққыда жатқан баспашының биреўи ызалы даўысы менен қышқырды.

Оның аш бөридей улыған ашыўлы сести қара түнниң пердесин гүңрентип жиберди.

«Хожа-бала»... Қасым тар соқпақтың үстинде табан тиреп туўлап киятырған атының үстинде отырып, дуйым журтқа қәҳәри жайылған гәззапты даўысынан таныды. Өткен жылы ол жаўыз Тәжимурат бажбанды конфискалаўға қатнасқан үш батырақты өлтирип «қул» тоғайына жасырынған еди. Сонда оны услаў ушын шөлкемлестирилген милиция хызметкерлери менен комсомол жаслар активиниң составында Қасым да қатнасып Хожа баланың бес баспашысын қолға түсирди. Бирақ оның өзи әўлийеге қашып, гөне мазарлардың ишинде өли жанын жасырып қутылды. Мине, енди ол қансыраған қасқырдай қайтадан аўылға оралып, көпир астында ин қазған.

«Аўа, мен комсомолман, бирақ мениң басым саған қымбатқа түседи, оны аламан деп өз басыңнан айрылып қалма»...

— Қасымның қәҳәрли даўысы мылтықтың сестинен де қатты еситилди.

Қасым өзиниң еле жаслығына, қәдди бойының, күшқуўатының тосылып жетиспеўине қарамастан турмыста жүдә питкин жигерли, өткир, қайтпас ҳәм етли жигит еди. Өткен жылы ол Хожанияз шыйықшының жайында ашылған басланғыш мектепке муғаллим болып, аўыл

балаларының қолына «Әлиппе» услатты ҳәм «Уллыбағ» жасларының арасынан сана-сезимли, сауаты бар үш жигитти: — Қолимбай улы Дәўлетти, Қожан улы Қалмуратты, Бодан улы Юсупти комсомол қатарына тартып, дәслепки комсомол ячейкасын дүзди...

Сол заматы Қасым «Ийшан» жаптың жасқасынан өтип, ауыл ишине кирди. Ал оны түсире алмағанына ғыжырданы қайнап, ызасы келген баспашылар ауылға кириўге батына алмай «Қосалаң» ның бауырайында турып, жарағынан үш, төрт оқ атты да, гөне сайдың жылғасы мен Төре қарақшының тоғайына қарай жол тартты.

— Ҳе, жигитлер парахатшылық па? — Қасым атынан ырғып түсип, есигиниң алдына үймелесип турған жаслардан сорады.

Худайберген көкирегиниң ҳалласын зорға басып:— Бизлер мылтықтың сестин еситип сезиклеңип, сеннен хабар алайық деп келген бойымыз, — деди ол қараңғыда отлы көзинен қуўанышының ушқынларын шашты да.

Қасым бүгин ғана комсомол қатарына өткерип қайтқан ауылласына ырза болып:—Мен ушын қәўстерлеңип, ғамхорлық еткениңизге рахмет. Ҳақыйқаттанам жаңа Хожа-баланың қанхорлары «Ийшан» жаптың көпиринде мениң жолымды тосып қолға түсирмекши болды.

— «Уай гөззаплар» — үш, төрт жигит бирден гижиниип, қараңғының төрине мушын гезенди.

— Ауа, бизиң тыныш таңымыз, жарқын күнимиз, татыў турмысымыз, бахытлы келешегимиз гей бир жаман жауызларға, бай-қулақларға жақпайды. Олар ҳәмийше өтмишти күсеп сенлердей жасларды есиннде қул қылып, қолыңызды қаусыртпақшы. Сол мақсетин гөзлеп мениңдей, сениндей комсомолларды өлтирмекши, қорқытпақшы, — деди Қасым бөлинген сөзин дауам етти де.

— Жоқ, олардың бул ҳарамылық исн, жауызлық нийети ҳеш қашан иске аспайды өтмишти қайғалауға болмайды. Биз жәмленемиз, күш бириктиремиз, сөйтип ҳәр қандай душпанның жауызлық ҳәрекетин наш қыламыз деп комсомол жаслар басшысының алдында ант еткендей қышқырысып, әтирапты жаңғыргып жиберди.

«Сумлықлы жаўдың алдын ал» дегендей бизде қуры сөзге таянбай тезден қурал-жарақ табыстырып, ол жаўызлардың жолын тосайық. Болмаса қара түнниң көлеңкесинде ғапылда қалармыз, — деди тынық ойлы Дәўлет дөгерекке қулағын тикти де.

— Әстенирек сөйлең, ата — бабамыз, «жердинде қулағы бар» деп бийкарға айтпаған. Сақлық керек. Абзалы ишке кирип, ойласықты ошақ басында жасайық. Мәткерим бай менен Қозы байдың тыңшылары әлле қашан ақ мал қора менен ат конектиң айланасында тимискенип, қулағын түрип жүрген шығар,—деп Қасым өз үйиниң есигин ашты.

Оның артынан комсомоллар менен еки үш жигитте ишкериледи.

Қасымның анасы Гулжан апа жалбырақлап аўыл жигитлерин көрпешениң үстине мирәт етти де, ортаға дастурхан жайып, шай таярлаўға шықты.

Қасым мойнынан асынған былғары сумкасын алып қатарға отырды да қызықсынған нәзерин Қалмуратқа тикти.

Тынық ойлы, зийрек жигит оның сөзсиз сораўына дәрриў түсинип:—Мен Айсәнем менен көп сөйлестим. Ҳақыйқаттанам ол ақыллы, салдамлы, саналы, ақпейил, заманлас қыз. Әлбетте, оның комсомол қатарына жан-тәни менен ағза болып өткиси келеди. Бирақ, барлық гәп, барлық тосқынлық Айсәнемниң әкеси Артық ағада. Ол диннен де, жыллар бойы жәбир еткен аўыл байларынан да қорқады. Әсиресе ол Шораханлы комсомол қыз Шәпийпаның трагедиялық тағдирин айтып басын кери шайқай береди: «Қызымды тегине қойың, комсомол деп сәл жерде Хожа баланың әжел оғына дуўшар қыларсыз» дейди.

Қасым бирден терең ойға батты. Жетиленши шыраның гүңгирт жақтысында оның түр-түси гә түиерип, гә ашылып, тула бойы қурысып кетти. Кең маңлайы менен шымыр қолының шойындай мушлары ериксиз түйилип: — «Аўа, жарлы халыққа зулымлықтың, ескиликтиң зәрдеси қандай батқан. Жоқ, биз Артық ағадай батырақлардың сана сезимин еле де болса көзин ашып, оларға Ленинлик сиясаттың күшлилигин, дурыслығын, мәңгилигин, жеңимпазлығын ис жүзинде дәллиллеўимиз, үйретиўимиз, исендириўимиз керек. Ал егер, Айсәнемниң өзи комсомол қатарына өтиўге анық қумар, таяр болса, әлбетте, биз оның мақсетин,

әрманын иске асырамыз, деди ол кескин түрде қызғын нәзерин қарсы алдында отырған Дәулетке аударды да.

Қәдди бойы келискен дайаў жигит секретарьдың сырлы қарасына дәрриў түсинип:—Тапсырмаң кеўилдегидей қылып бәжерилди. Гулхан комсомол қатарына өтиўге көптен қуштар екен. Мине оның өз қолы менен жазған арзасы. Онда бәри айтылған. Өзиңиз оқың?—деди ол мыйығынан мақтанышттың күлкисин шашты да.

Қасым шай қағаздың бетине жазылған арзаны қолына алып: «...Мен «Уллы-бағ» аўылында туўып өскен Алым батырақтың тұңғыш қызыман. Жасым он алтыға қарады. Үш класс саўатым бар, китапларды жүритип оқыйман. Жаңа сиясатқа жақсы түсинемен хәм ана жерди, еркин мийнетти сүйемен. Комсомолдың қандай уйым екени туўралы хәм оның ағзаларының үстине қандай ўазыйпалар жүкленетуғыны ҳаққында Юсуп ағадан көп нәрселер сорап үйрендим. Мен жумыстан бос ўақтымда женгем менен қоңысымның келинине «Әлиппе» ни толық үйретип, олардың «гөр» саўатын ашыўға жәрдемлестим. Өзим хәрқандай исте ер жигитлер менен бирге аяқ қосып; «Нашар» деген атқа насақ келтирмеймен. Сондай ақ Шораханлы комсомол қыз Шәпийпаның трагедиялық өлимине масайраған жаўызлардың қанлы қолынан қурбан болған қаҳарман апамның аты даңқын ардақлап хәм оның жарқын изине шаң жуқтырмаў нийетинде усы арзам арқалы комсомол қатарына өтиўге өз тилегимди билдирмен». Алым қызы Гулхан.

Комсомол жыйналысында Гулхан менен Айсәнемниң арзасын қарап, оларды әлбетте комсомол қатарына қабыл етемиз. Кейин бул арзаны пүткил аўыл қызларының арасында оқып: «Мине, аўылымыздың усындай жулдызы, батыр комсомолы бар» деп мақтаныш, өрнек етемиз, — деди ол.

Комсомоллар, жас жигитлер өз басшысының соңғы сөзини қуўатлап — Сен бизге райком комсомолдан әкелген хабарыңды, жаңалығыңды айтпадың жолдас секретарь, — деди олардың биреўи.

Қасым жаслардың қызықсынған үмитигөй көзлерине бир қатар қарап: —Жаңалықлар да көп, ўазыйпалар да үлкен. Солардың ең бир қуўанышлысы, бюрода бизиң комсомол ячейканың, «Уллы-бағ» аўылында бай, кулакларды, молла-ийшанларды әшкаралаў хәм кон-

фискалаў жумысына актив қатқасқаны атап айтылды. Әсиресе районлық Партия комитетиниң бюро ағзасы Адақаевтың: «Уллы-бағ» аўылының комсомоллары Мәткерим байдың алдын ала жасырып таслаған мал, мүлкин таўып әшкаралаўда қырағы көзлик, мәртлик турақлылық корсетти» деген қошамет сөзи мени жаңа мәртликлерге, жаңа шеклерге шақырғандай тәсир қалды. Сондай ақ енди бизиң үстимизге жүкленген ўазыйпалар тикарынан мынадай: Ең алды менен аўыл жасларының тезирек саўатсызлығын сапластырыў. 2. Олардың арасынан әдиўлилерин комсомол қатарына көплеп тартыў. 3. Аўыллық Совет пенен колхоз правлениясының барлық жумысына жақыннан жәрдем етиўи. 4. Ески ҳәм зиянлы үрип-әдетке қарсы аяўсыз гүрес жүргизиў. 5. Ликбезди ғамхорлыққа алып улыўма халықтың саўатын ашыўға актив қатнасыў. 6. Сондай-ақ еле алыс аўылларда, шет-шебирде қыянетлик ислеп жүрген уры-ғәззапларды биротала сапластырыўға тиккелей қатнасыў, ол ушын комсомол-жаслар арасынан ықтыярлы түрде комсомол отрядын дүзиў, — деди ол.

— О-о, ўазыйпалар ҳақыйқаттанам әҳмийетли екен, —деди биреў.

— Бирақ, олардың бәри де қолымыздан келетуғын, күшимиз жететуғын ўазыйпалар екен, — деди Қудайберген.

Қасым өзиниң бөлинген сөзин даўам етип:—Улыўма, бул мәселелердиң бәрин ячейканың барлық аўыл жаслары менен болатуғын ашық жыйналысында кеңнен додалаймыз ҳәм тийисли қарар қабыл етемиз — деди ол.

Қалмурат өзинше қызықсынып:—Ол отрядқа кимлерди қабыл етесиз, олар не ислеўи керек? —деди.

Секретарь Қалмуратқа қарап: — комсомол жаслар отрядына қолына қурал-жарақ услап, оннан атыўды билетуғын жигерли, жүрекли, турақлы, қайтпас жигит-қызлардың қәлегенин қабыл етиўге болады, — деди.

Жас комсомоллар бир-бирине қарасып:—бизлердиң биразымыз мылтықтан атыў туўе, оны қолымызға услап көрген емеспиз. Ал бирақ, аўыл арасын булдирип, тынышымызды алып жүрген Хожа бала менен гүреским, оны жер менен жексен қылғым келеди...

Қасым аўыллас жигиттиң әдил сөзине, ерлик, азаматлық намысына комсомоллық антына жақсы түсинип ҳәм исенип:

— Туўры, ең алды менен азда болса оқ-жарақ табыў керек, кейин оннан гөзлеп атыўды, душнан менен қалай гүресиўди, оның әдислерин үйрениў керек, әлбетте, олсыз Хожа-баланы қолға түсиремен деп ойла752ң. Ол жаўыз қасқырлардан да сақ ҳәм ҳәрқандай жағдайда оқ атыўдың әдисин үйренип алған. Демек, бизлердиң оннан да өткир, атқыш, ҳөнерли ҳәм сақ болыўымыз керек, — деди ол.

Жигитлер силтидей тынды. Ҳәр ким өз ойының тұңғыйығына батып қурал-жарақ табыўдың жолын ойлады. Тынысланы Юсуп бузып:—мен үш жылдан берли Қутым мергенниң қасында жүрип, берзенкеден оқ атыўды жақсы үйрендим. Ҳәттеки ушардап да бир прет ғарға атып түсирдим. Егер сорасам бөлем бир мылтығын оғы менен ўақытша берип турады, — деди ол мақтанышлы түрде.

Ҳәмме қызықсынған қызғанышлы көзлерин Юсупке тикти. Ал Қасым болса бул хабарға ишинен қуўанып: «Берсе дым жақсы, дәрриў ал. Улыўма сенлердиң бәриңизде илажы болғаныныша оқ-жарақ табыўға ҳәрекет етиң. Ертеңнен баслап жумыстан бос ўақлары «Монтық» тың қумына шығып мениң мылтығымнан оқ атыўдың әдисин үйренесиз. Бирақ бул сырды ҳеш кимге айтып жүрмең. Енди сенлер үйли-үйиңизге тарқаса бериң. Ўақыт та бираз болыпты, — деди ол төс қалтасындағы шынжырлы саатының қақпағын ашып, оның тилине қарды да.

Комсомол жаслар қумарлы көзлерин Қасымның жалтыраған гүмис саатына тигип, орынларынан турды.

* *
*

Әйне белгиленген ўақта ҳәр тәрептен қамыслықты, жийделикти паналап «Монтық» тың қумандағы гөне полигонга онлаған жигит жыйналды. Олардың төртеўиниң қолында ҳәр қыйлы мылтық бар. Бул жерге ертерек келип турган Қасым сөзлерине садық болған жасларды көрип:—Бәрекелла досларым, мен сенлерге комсомоллық ҳужданым менен исенген едим. Исенимимди ақладыңлар, рахмет. Ҳаў, Сапарбай бесатар тапқан ба, қызық, оны қаяқтан алдың иним? — деди

ол Қошан жарлының он жети жасар баласына қарай.

— Ўай, бул мылтықтың тәрийпи қызық... 1919-жылдың қысында Жунайд ханның нөкерлери аўылга шабыўыл жасап, олардың үш, төртеўи бизиң үйди тинте баслаған ҳәм кейиннен зат қалдырмай тонай баслаған. Сонда нөкерлердиң биреўи өзиниң бес атарын тамға сүйеп, телекке кирип кеткен. Апам оның жарағын даладағы батыл болып қалған тас қуйының ишине кийизге орап жасырған. Абайсызда жарағынан айырылған нөкер апамды эйўанның өресине байлап қыйнаған урған. Апам: «Мен ҳеш қандай мылтық көргеним жоқ» деп шыиын айтпаған. Қәҳәри келген жаўызлар: «сени сатып мылтық аламан» —деп бенделикке алып кеткен. Апам тоғыз айдан кейин жаўызлардың торынан қашып, аўылға жеткен. Ол ўақытта қуйы биротала көмилип қалған. Ашлықтың кесиринен апам оны таўып алыўды ойламаған ҳәм оған мылтықтың кереги де болмаған. Мен кеше түнде үйге келип, жарақ жөнинде сөз қозғағанымда апам бул ўақыяның «көмигин» ашты. Сол заматы мен ески қуйыны қайтадан қазыўға кирисип, бес атарды табаман дегенше талай терди төктим. Ал енди жыллар бойы жер астында жатып, гөнере баслаған бес атарды жалтыратып, жаўынгерлик қәддипе келтиремен дегенше еки қолым қабарып, кун де шықты...

Жигитлер басын шайқап:—Әне усы бес атар менен Хожа-баланы, бағынбаса тирилей атып жоқ қылыў керек, — деди биреўи.

— Егер ол тапсырманы өзиме буйырсаңыз, комсомоллық ҳужданым менен тайсалмай бежеремен. Сөйтип анамның арын алып, оның өтмиште көрген азабын қорлығын бир тарқатайын, — деп Сапарбай жеделлеңди.

Қасым намыслы, отлы жигиттиң шешиўши нәзерине қарап:—Ол жагын ўақтында көрермиз. Ал ҳәзир ҳәр қыйлы жағдайдан, ҳәр қыйлы алыслықтан нышанаға атыў машығын баслаймыз, — деди де ол патша әскериниң полигоны болған қарым ҳәм төлелердиң төбесине алдын ала таярлап әкелген түрли нышаналарын тикти. Кейин ол жыйналғанларға мылтықтан оқ атыўдың тәртибин қағыйдасын үйретип:—Қәне Сапарбай, бес атарыңды оқлап нышананы гөзлеўге ал,—деди де изинше, — Ат!—деп бақырды.

Бирден бес атардың сести «Монтық» тың даласын жаңғыртып, торангыл тоғайының төринде ләрзем берди.

—Жақсы, қәне сениң мергенлигиңиниң нәтийжесин көрейик, Жүриц?

Ҳәмме жүз метрдей алыслықта тигилген нышананы көриўге умтылды.

— О-о! жарайды, «шошқа» ның қақ маңлайынан тийипти,—деп Қалмурат достының қолын қысты.

Жаўынгерлик таярлыққа жан-тәни менен берилген комсомол жаслар қара қуптанға шекем машық жасап, мылтық атыўдың әдисин үйренди. Буныңдай үйрениўлер кейинги күнлерде даўам етип, кем-кемнен жаслардың қолы қатайып, көзи өткирлесип мергенлиги асты.

Гезектеги жума. Күн батып, геўгим түсти. Белгиленген ўақытқа жигирмалаған жигит, қызлар аўыллық Советтиң жайына жыйналды. «Уллы-бағ» аўыллық комсомол ячейкасының секретары Қасым қолындағы дизим бойынша әўели комсомол ағзаларының кейин улыўма жаслардың атын оқый баслады.

Дизим бойынша комсомоллардан Бегжан улы Қудайберген, ал уйымда жоқ жаслардан еки жигит, бир қыз жыйналысқа келмей қалған!—Қәне, жыйналысты ашыў, я ашпаў туўралы кимде қандай пикир, усыныслар бар? — деп Қасым көпшиликке қарады.

Қалмурат орнынан турып:—Улыўма жаслардан жыйналысқа қатнаспай атырғаны тийкарынан байбәтшелер. Олардың қатнасқанынан қатнаспағаны мақул. Бирақ бүгин комсомол қатарына өтетуғын Гулхан менен Қудайбергенниң не ушын жыйналысқа келмеўинде қандай да бир сыр бар...

— Дурыс айтасаң достым, үлкен ҳәм әҳмийетли сыр бар!.. Есиктен асығыслы кирип келген Худайберген менен Гулхан, шешенниң сөзин бөлип, секретарьдың қулағына бир нәрселер сыбырлады да, оны иргелес бөлмеге алып кирди.

Қасым бөлмениң есигин қатты жаўып:—Не гәп, не сыр өзи, парахатшылық па? — деди түр-түслери өзгерип кеткен еки жастың бетине қарады да.

Худайберген жүрегиниң ҳалласын зорға басып: — Ҳәзир Мәткерим байдың үйине түйе жетеклеген, қой-ешки айдаған қырдың шарўалары, базаршылар сымақлы әжеп тәўир адамлар жыйналысып атыр. Бәриниң басында түлки тумақ, козине шекем басып кийген.

Қараңғыда олардың ҳеш қайсысын таный алмадым. Мен қызықсынып ҳәм гуманланып дәрриў тасаландым. Қарасам, олардың үш-төртеўи қораның қасындағы гүдиниң астынан әлле қандай нәрселерди шығарып ала баслады.

Дәрриў туйдым, — олар Хөжа баланың қарақшылары болыў керек. Мениңше, Мәткерим бай бизиң бүгинги болатуғын комсомол жыйналысымыз ҳаққында жаўызларға астыртын хабар еткен қусайды. Оның үстине енди тасадан шығып кетейин деп атырсам, Гулхан байдың атайы диййханы, туўған дайысы Алламурат-батрак пенен сыбырласып тур. Оларға жақын барып не гәп өзи? — дедим.

Гулхан сөзге араласып: — Мен бүгин дайымның көйлек, ыштанын, белеўин жуўған едим. Жаңа жыйналысқа киятырып, жол бойы дайымның сол кийимлерин таслап кетейин деп оған оралдым, Дайым жүдә тынышсызланып, арланып жылап отыр екен. «Ҳаў, саған не болды дайы» деп сорасам:—Несин сорайсаң жийеним. Мен жигирма жылдан бери Мәткеримге жарана алмай шашым ағарды. Ол сықмарга өзинен басқаның бәри жаман, бәри душпан. Жаңарақта тамның төбесинен беде түсирейин деп ушекке шыққан едим. Мийманхананың түңлигинен сыбырласқан сес еситилди. Түңликке жақынырақ барып, қулағымды түрсем, Хожайын қонақларға «комсомоллардың биреўинде қалдырмай қырың. Секретарьдың геллесин алып, қалған геўдесин аяғынан қараманға асың, кеңсесинде де от берип, өртеп жибериң. Анаў комсомолға қуштар болған еки «қаншық» ты усласаңыз оларды өзиңизге олжа етип «Қул» тоғайына әкетиң. Қумарыңызды қандырың, кейин денесин Әмиўдиң тубасына тасларсыз»... дейди.

Мениң бирден төбе шашым тик турды. Қудайбергенниң алдына түсип, бул хабарды тезирек сизге жеткерейин деп қустай ушып келиўим, — деди Гулхан еки ийнипен дем алып турып.

Қараңғыда Қасымның тула бойы қалтырап, ғыжырданы қайнап кетти. Ол тислерин қысып:—Алдын ала бул хабарды жеткергениңиз жүдә жақсы болды. Не илаж, жыйналысты ўақытша бөлемиз. Ҳәзир мылтығы бар жигитлерди тезден үйине жиберип, оқ жарағын алдырыў керек. Ал қызлар менен жарақсыз жигитлерди дәрриў үйли-үйине қайтарыўға туўра келеди. Соған шекем мен кеңсениң дөгерегин бир қатар көзден өт-

көрип, қорғаныўға қолайлы орынларды белгилеймен. Қәне бәриң де тарқасың? — деди ол алдыңғы жайға шығып, комсомол жасларға әҳмийетли хабарды айтты да.

Гүлхан менен Айсәнем есик аўзында бирден иркилип:—жоқ, бизлер душпаннан жасырыныў ушын комсомол қатарына өтпекши емеспиз. Ер жигитлер менен бир қатарда бизлер ҳәм қолымызға қурал, жарақ алып баспашылар менен гүресемиз, — деди екеўиде бир ананың егизиндей қоса сөйледи де.

— Жоқ, болмайды, тезден үйиңизге барың, сенлер еле мылтық услаўды да оннан атыўды да билмейсиз. Оның үстине бизде әнжамлы оқ, жарақта жоқ.

Гүлхан секретарьдың созин бөлип:—Туўры, бизиң оқ-жарағымыз, қураламыз жоқ. Бирақ бизлердиң душпанға қарсы ар-намысымыз, отлы жүрегимиз, жек көриўшилигимиз, қайнаған кегимиз бар. Сол ушын қолымызға жаба менен балта устасақта болады, — деди тыянақлы түрде.

Қасым еки қыздың алма бетинде гәўҳардай жанған, тулымшағын сулап, масаладай жанған отлы көзлерине қарап.—Бәрекелла, мен ырзаман, мейли, жарақлы жигитлердиң жанында болағойың. Олардың жарақатланғаны болса, жәрдем етерсиз, — деди де дәрриў есиктен шықты.

Арадан онша көп ўақыт өтпей-ақ Қасым барлық жайларды көзден өткерип, кеңсениң қасындағы үйине кирди де, иркилместен өзиниң оқ жарағын алып шықты. Кейин жыйналыс болатуғын бөлмедеги паныс шыраны жағып, кишкене айнаның пердесин жапты. Соңынан бөлмениң есигин ашық қалдырып, ҳийле ушын ишине үш ешкини босатып жиберди.

Усы ўақта қуралланған комсомоллар менен аўыл жаслары жыйналысып қалды. Қасым олардың ўазыйпаларын жақсы түсиндирип, бәрин де алдын ала белгиленген орынларға еки-екиден қойып шықты. Кейининен:—баспашылар биротала қыйратылып тасланғанша, я қашып кетпегенше ҳеш ким сес шығармай буққыда болсын деп ескертти.

Ал Қасымның өзи болса сыртқы есиктиң тусындағы қәндектиң жасқасында жасырынып, Сапарбайды тамның төбесине шығарды. Сөйтип олар өшиккен жаўызлар менен ақырғы демине шекем гүресиў ушын комсомоллық сөз берди.

Соның арасында аспандағы сығасып жүрген қара булытлар бирден тутасып, аўыл үстин тастай қараңғылық қаплады. Хәм бирең-сараң жылтылдап турған шыралар да сөне баслады. Аўыл аралығына терең тыныплылық шөкти.

Ызгар жерди нйзелеген қызғын жүреклер қатты-қатты соқпақта. Оттай жанған оқлы көзлер кирпик қақпай дөгеректи тинтип атыр. Берзенканы услаған берик қоллар кем-кемнен қатайып, суқ бармақлар мылтықтың тетигине ериксиз барып қайтады.

Қәпелимде әжайып тынышлықты аўылдың әўпилдеген ийтлери бузды.

«Жаўызлар!.. «Бул сөз ғыжырданы қайнап, кек жалыны тула бойын өртеп жатқан хәр бир комсомолдың жүрегин жарып шықты.

Ийтлердиң шабаланыы кем-кемнен жақынлап, баспашылардың жекиринген сести еситилди.

— Сатым қара менен Қошым бала мениң менен ишке киресиз, басқаларың кеңсени айлана қоршап, биреўиңиз тамның төбесине шығың. Илажы болғанша мылтық атпай қанжар қолланың. Олардың «комсомолман» дегенин қойдай баўызлап, козлерин ойа бериң. Қасымның келлесин өзим алып, жүрегин суўыраман. Хожа бала кеңгесе жақынлаған жерде өзиниң батырсымақ баспашыларына усындай қатаң буйрық берди де есикке қарай умтылды... — Қасындағы Қошым бала менен Сатым қарада оған жармаса жуўырды. Басқа баспашылар кеңсениң дөгерегин қоршаўга кетти.

«Есигинди аш комсомол, болмаса атаман»?! — Хожа бала қараманнан соғылған қапыны тепти.

Иштеги ешкилер қорыққанынан дусирлесип өрденыққа шабысты.

«Меннен қашып қутыла алмайсан, абзалы есигинди аш «мәрт комсомол».

«Асықпа, хәзир ашаман!» ...Қасым жаўыздың көк желкесин гөзлеп мылтығын көшир ип жиберди. Оның тыныш түнди жаңғыртқан сестине қосыла: «Уўх-уў»— ...деген Хожа баланың қасқырдай улыған бәт даўысы жармаса шықты.

Сол заматы еки жақтан да атылған мылтықлардың сести жаңғырып кетти.

Әйне усы ўақта зәңгиден көтерилип, тамның пәрдийўалына аяқ басқан бир баспашы Сапарбайдың дәл жүрегине атқан жалынлы оғынан: «Ўаайй қыршын

болдым ғой»... деп төмен қарай жығылды да, мәңгиге жер дастанды.

— Қошым ме-ни алып шық, де-нем-ди ком-со-мол-дың қый-наў-ына қал-дыр-ма? —Хожа бала тамағынан қарылдап шеригипе жалынды.

Сәрдарының денесин паналап жатқан сумтуяқ баспашы Сатым қара қараңғыда түргелген болып, шөгирмесин екинши қолындағы мылтықтың ушына көтерди.

Қасым қараңғыда оны баспашығой деп байлап атты да шөгирмени ушырып түсирди. Бирақ, ол мәккар баспашыға өзиниң жатқан орнын билдирип қойды. Бирден Сатым қара менен Қошым бала бес атарын үсти-үстине көширип, Қасымды гөзлеп атты.

«Ым...» деп ыңыранған ашшы даўыс ана жерди гүңиретип, әтирапқа тарады.

— Қутым, барып оның басын ал да қоржынға сал, мен Хожаның денесин арқалап жолға шығаман, —деди Сатым орнынан түргеле берип.

— Жоқ, сениң ҳарам ойың иске аспас—...Әлле қайдан тап болған Қалмурат қәндекке қарай баратырған Қутым баланың жаўырынан гөзлеп атты.

— Ўах, ўах —Сатым, ме-ни не қыл-дың? — деди де шалқасынан жығылды.

— Атың, баспашыны жаздырмаң?! — Қараңғыда қәҳәрленген биреўдиң қатаң сести жаңғырып шықты.

— Тоқта, қашып қутыла алмайсаң? Қудайбергенниң қәҳәрли даўысы ысқырған оқлар менен бирге шығып, Сатым қараның зәрресин ушырды. Өл ийниндеги сәрдарының жансыз денесин жерге таслады да, қара басын қайнар оқтан қутқарыў ушын қараңғы түнниң торине қарай тура қашты.

Қалмурат пенен Сапарбай оның артынан қуўып кетти.

Гулхан менен Айсәнем атыспаның астынан қызыл қанға боялып жатқан Қасымның қасына келип:—Ағажан, жаның барма? — деди қулынындағы даўысы менен қос қоллан, оның басын көтерди де.

— Әс-те, сөйлең, жа-ўыз-лар сести-ңиз ди еси-тип әжел оқ-тан ушы-рар,-деди Қасым ыңыранған даўысы менен көзин ашты да.

— Тири, секретарь өлген жоқ!.. Еки қыз басындағы орамалын шешип Қасымның жарасын таңа баслады.

Соның арасында кеңсениң айланасын қоршап жатқан комсомол жаслар қоршаўға алынған баспашылар

менен аяўсыз атысып, олардың биреўин оқтан ушырды, биреўин аўыр жарадар етти, екеўин бағындырып қолға түсирди.

Бирақ Сапарбай қараңғыда тасаланып турған сумтуяқ жаўызды көрмей ғапылда қалып оның астына түсти: — Қәне, жаның бар да айт, сен кимсең өзиң? Жаўыз қанлы қанжарын Сапарбайдың гегирдегине қадады.

— Мен, ком-со-мол-ман!—Жалынлы жүректиң төринен ақырғы деми менен қыслығып шыққан сес, қыр әтирапты, пүткил аўыл үстин жаңғыртып жиберди...

# ЕР ЖИГИТ

*Гүррин*

«Ҳешким, ҳешнәрсе умытылмайды...»

Уллы Ўатандарлық урыс тамамланып, елимизде тынышлықтың орнағанына шерек әсирден асламырақ ўақыт болды. Бирақ, заманласларымның денесиндеги оқтың тыртықлары менен қолтығына таянған балдағына қарасам, яки усы ўақытқа шекем қара кийимлерин тасламай, қостарының жолын тосып отырған азалы жесирлер менен, әкесиниң дийдарына тоялмай жетимликтен ер жеткен жигит-қызлардың әрманлы әңгимесин еситсем, ерксиз түрде етим жуўлап, көз алдымда жеркенишли урыстың трагедиялық картинасы елеслейди.

«Жоқ, ол күнлер, ол ўақыялар, адамлар ҳеш умытылмайды...»

Мен өз ойымның толғаўына батып отырғанымда есик қағылмай ашылды. Басымды көтерип қарасам, босағада баўырман достым ҳәм аўылласым Әмет Оразбаев тур. Бирден кеўилим дәрьядай тасып, достым менен апақ - шапақ болдым да қалдым.

Әметти Төрткүллилер менен Берунийлилер: «Әмет бояўшы», «Әмет қарақалпақ», «Әмет семиз», «Әмет балгалы» деп түрли лақаплар менен айтады. Әмет балалық шағында шаўқымлы Шымбайға сыймай әййемги «Әмирабад» аўылына көшип келген. Жергиликли бояўшының қолында болып, ол тез-ақ бөз, алаша бояўдың әдислерин үйренген ҳәм соңғылықта өзи де ҳақыйқат бояўшы болып жетискен. Нәтийжеде халық оған Оразбай бояўшы деп лақап таққан. Кейин бул лақап атадан балаға өтип, Әметке де тағылган.

Әмет ҳақыйқаттан-әм өзиниң сын-сынбаты келискен ири, жаўырыны алтақтадай, қоллары балға көтерип шыныққан шойыншыдай шымыры адам.

Ол өзиниң әллеқашан елиў жастан өтиўине қарамай, бели бүгилген емес. Мүшесине ылайық шоқ минези, ҳәзилкешлиги, парасатлылығы ҳәм мәрт жигитке миясар миймандослығы, турақлылығы жүдә унайды. Ал, аўылласлары болса өзлериниң той-мереке, лазымлы ислерин басқарып кәтқудалық етиўдиң биийлигин бәрҳама Әметке береди.

Әмет аманлық-есенликти, ҳал-жағдайды бир қатар сорасып болғаннан кейин:

— Мынаў мениң жол ашарым, алыс сапарға баратырман, достым деп қалтасынан қорғасын қағазлы «Совет шампан» ын шығарды да, стол үстине қойды.

— Аўа, жолың болсын, жора қаяққа атландың? Мен «Совет шампан» ынан көзимди алып, әсте Әметтиң аўзына қарадым.

Әмет алмадай торлаған жумалақ жүзинен өзине тән тәбийий күлкисин шашып:— Узаққа достым, Югославияға баратырман, —деди.

— Югославияға? Жайша қыдырыспа ма?

Әмет мениң қызықсынған сораўыма қысқа жуўап излегендей сәл ғана тынып:

—Жоқ, достым, әпиўайы қыдырыспа емес, өзиң билесең ғой, мен Уллы Ўатандарлық урыс жылларында Балқан еллериниң барлық түпкиринде болып, «қыдырыспаны» жүз процент бежергенмен. Ҳәзир қәдирли қонақ иретинде, уллы салтанатқа-Югославияның азатлық тойына, миллий байрамына баратырман. Олар жақсылықты умытпайтуғын халық екен. Өз елин немец-фашистлеринен азат етиўге қатнасқан Совет жаўынгерлерин рәсмий түрде шерек әсирлик миллий байрамына шақырыпты, —деди ол қысқа ғана муртын сыйпап.

Бирден мениң көз алдыма Әметтиң көкирегинде жарқыраған «Қызыл жулдыз» ордени менен денесин де мәңги естеликтей сақланып киятырған «әжел» оғының қалдығы көринди...

...1944-жыл. Қоңыр салқын гүз. Қара булыт қаплаған аспанда жаўын үзиликсиз силпилеп тур. Әтирап та көк гүркирегендей аўыр топлардың атылған даўысы менен автомат оқларының шүйкилдеген сести еситилди.

Адамның қанына боялған Ана жерди немец басқыншыларынан азат етип, бауырлас, қаналас Балқан халықларына туўысқанлық қолын созған совет жаўынгерлериниң жеңимпаз бөлимлери жаўынға, қараңғы түнлерге қарамай жер бауырлап, Белград қаласының қасындағы бийик таўдың бауырайынан жаўынгерлик позиция ийеледи.

Совет разведкасының алдын ала жыйнаған мағлыўматына ҳәм бақлаўшы самолетлардың фронт линиясынан өтип түсирген суўретине қарағанда, немец фашистлери Белград қаласының айналасындағы таў дизбеклерин бир тутас бузылмайтуғын бекиниске айландырған ҳәм оған «Балқан бастионы» деп жасырын ат қойған: Танкаға, басқа да урыс техникасына қарсы терең қарымлар қазып, алдына темир жол релслерин тигине қазықтай қағып, оларды тикенекли темир сымлар менен шатпақлап ҳәр адым сайын астына, күшли минарлар қойып шыққан терең лардың арасында ДОТ ҳәм ДЗОТ лар қурып, айырым участкаларында танканы шуқырға көмип, дөгерегин бетонлап таслаған. Сондай-ақ фашистлер өзлериниң әскерлерин күшли ҳаўа бомбалаўынан ҳәм жердеги қураллардың қәўпинен сақлаў мақсетинде бүркелген траншеялар қазып, оларды өз-ара бириктирген.

Совет армиясының командованиеси душпанның бел бекиниске жәмлеген пүткил урыс техникалары менен әскерлериниң улыўма санын ҳәм сапасын есапқа алып, «Белград операциясын» дүзди.

Бул операцияның тийкарғы планыма муўапық сержант Оразбаев хызмет еткен айрықша артиллерия полкына жерғиликли ўақыт пенен азанғы саат алтыда душпан «бастионы» ның «дәрўаза» сын оқ пенен ашыў ўазыйпасы тапсырылды.

Азанғы саат бес. Қыр әтирап еле қараңғы. Жаўын ҳәмийше силпилеп тур.

Жаўынгер командир ҳәм наводчик сержант Оразбаев өз орудиясының расчетын уйқысынан оятты да:

— Жаўынгер дослар, «Белград бастионының дәрўазасын ашыў» ушын биринши снарядты атыў, сөйтип Югославияның бас қаласына шешиўши саўаш баслаўдың сигналын бериў, бизиң расчетқа буйырылған. Бул бир жағынан бизге үлкен исеним,—деди ол сыбырлап сөйлеп. Ал, менде мынадай бир усыныс бар: Белград

қаласын азат етиў ушын атылатуғын бул снарядтың сыртына бизлер өз атларымызды да жазайық.

— Қалай? — деди расчеттың және бир ағзасы.

— Дурыс пикир. Мәйли, қасарысқан фашистлер совет халқының садық жаўынгерлериниң антына тийисли «сыбағасын» алсын, — деди аўқат әкелиў ушын котелокларды жыйнап, дала кухнясына кетейин деп атырған Асылбек.

— Және де ол снарядтың сыртына: «фашист оккупантларына өлим!» деп жазайық, — деди Аббас кавказ халықларына тән қызбалық пенен.

Олар өз ойларын ортақласып атырғанда блиндажға батальон командири кирип келди.

— Тик турыңлар!.. деди сержант Оразбаев. — Жолдас майор, жаўынгер орудияның расчеты буйрықты бежериўге таяр!

Майор ҳәммени бир қатар жыллы нәзер менен шолып:

— Отырыңлар, жолдаслар, мен саўашқа түсиў алдынан сизлер менен және бир мәртебе дийдарласып, азгантай гүрриңлесип кетейин деп келдим: — Қалай, бираз дем алдыңыз ба? Кейпиңиз жақсы ма? Қалай, бүгин Белградты азат қыламыз ба? — деди ол баўырманлық пенен.

Әлбетте, азат қыламыз, жолдас майор! «Урыстың қудайы» деп аталған жаўынгер топларымызды сөйлетип, мына үйиўли снарядларды душпанның үстине жолласақ, «Белград бастионының дәрўазасы» өзлигинен ашылады. Қалған жағы жаўынгер танкашылар менен гвардияшы жаяўлардың жумысы — деди Аббас орнынан ушып турып, мақтанышлы түрде.

Майор қатардағы солдатлардың кейпин сезди де, саатына қарап:

— Және он бес минуттан соң мениң командам бойынша оқ атасыз. Ҳәзир орудияның үстиндеги бүркеўлерин алып, нышанаға таярлана бериң?! — деп ол блиндаждан шықты.

— Расчет, жайлы-жайыңызға турып, орудияны атыў жағдайына таярлық көриң,—деп сержант Оразбаев команда берди. Солдатлар дәрриў орудияның бүркеўин алып, оның қудиретли стволын душпанның позициясына қарай туўрылады.

— Ҳаў, қатардағы солдат Жансугуров қайда? — Оразбаев орудияның айланасында оны көргемен соң тынышсызланып жән-жағына қарады.

— Мен мындаман, жолдас сержант, сўаш алдынан елге үш-төрт аўыз хат жазып отырман. Ҳәзир, мине, болдым, — деп Асылбек блиндаждан асығып шықты.

Сол заматта Әметтиң көз алдына бирден туўған-туўысқанлары, әсиресе сүйикли келиншеги Анархан ҳәм қызы сағымдай елеслеп кетти. Ол көзин ашып-жумып, суўық демин алды да:

— Қызық, сен анаңа не деп жаздың, Асылбек? — деди.

Жансугуров өзлериниң алдында турған снарядқа қарап, — «Қәдирден ана, сениң берген ақ сүтиңди мен саўаш майданында ақлайман» деп жаздым.

— Белградты азат етиў ушын огонь? — деп майор тап сол ўақытта қайтадан команда берди.

Бир неше топлардың залп пенен атылған сести бирден қыр әтирапты жаңғыртып жиберди. Ал, жылдырымдай зуўлап, фашистлердиң устинде жарылған снарядлардың бәлент гүмбирлиси Балқан таўларының алыс-түпкирлеринде ләрзем берди.

Оразбаев үзиликсиз атылған писенлерди орудиядан шығарып жаңа снарядларды оқлаў менен бәнт еди. Оның қыялынша душпанның бекиниси әлле қашан күл-талқан болып, бекинисте ҳәм жер төлелерин де тири жан қалмағандай сезилди.

Усы ўақытта танкалар тасадан шығып, фашистлердиң позициясына қарай үсти-үсти оқ атып журди. Оларды панала автоматшы жаяў әскерлер де алға умтылды.

Алдыңғы танкалар әдеўир аралықты басып өтип, төбеге өрмелей бергенде, үңгирлерде жатқан фашистлер бул экипажларды буршақтай жаўған қарсы оққа тутты.

Командования душпан бастионының еле берк екенин түсиниң, сол заматта жәрдемге ҳүжим жасаўшы самолетлер шақыртты.

«Ушыўшы танк» деп аталған қудиретли «Ил» лер ҳәп заматта душпан позициясының үстине бетонды бузатуғын бомбалар таслады ҳәм топ пулеметынан «оқ жамғырын» қуйдырды. Соннан қорықтыма, бизиң жаққа қарай бир немец солдаты қашып өтти. Ол бий-

тәреп зонаның берги жағына келген жерде Асылбек услап алып, сержанттың алдына әкелди.

— Сен ким боласаң ҳәм не ушын бизлер тәрепке өттиң? — деп сорады, Оразбаев узын бойлы, қақ шеке, сары сынлы, көз әйнек кийген немецтен.

— Мен Артур Клап, қатардағы солдатпан. Әкем коммунист. Өзим журналистпен. Германия коммунистлериниң идеясин жақлап мақала жазғаным ушын урыс басланғалы берли тюрьмада едим. Жақында фашистлер тюрьмадан босатып, фронтқа әкелди.

Оразбаев тосыннан оғада әҳмийетли олжа тапқанына қатты қуўанды. Ҳақыйқатында Клаптың өзи менен алып келген мағлыўматы совет жаўынгерлериниң жаңадан баслаған шешиўши саўашында үлкен нәтийже берди: Штурмалаўшы самолетлер фронт командованиесиниң буйрығын бежерип, душпанның бетонлаған бекинисин пүткиллей бузғаннан кейин, нәўбет қайтадан артиллерияшыларға жетти. Олар ярым саат даўамында изли-изинен үзликсиз оқ атып, фашистлердиң ҳаўа ҳүжиминен аман қалған қорғанларын күл-талқан қылды...

Әмет ҳәзир сол саўаш болған Югославияға сапар етип баратыр еди. Мен оны узатып қалдым да, өзим Төрткүлге қарай жол алдым.

Нийетим —«Әмирабад» аўылы. Аўыл ишине араластым. Қасымнан сақый жердиң саўғасын тийеген тележкалар менен машиналар үзликсиз өтип атыр.

Мен колхоздың кеңсесине қалай тез жеткенимди билмей де қалдым.

Бирден машинаны тоқтатып, баслықтың дәрегин сорастырсам:—Қәлендер Қызыл қумды көширип атыр,— деди биреў.

«Қызық қызыл қумды қалай көширеди?» деген ой менен қасыма келген колхоз бухгалтери Абаға қарадым. Ол мениң ойымды дәрриў түр-түсимнен сезгендей:

— Билесиз бе, колхозымыз жыл-жылдан өсип, үлкен хожалыққа айланып баратыр. Ҳәзир бизге бурынғы ата-мәкан тарлық етеди. Сонлықтан быйыл аўылымыздың арасындағы еспе қумларды көширип, жаңа жерлер ашыўға киристик. Тап ҳәзир Байназаров соның басында. Бирақ, қай ўаққа шекем болатуғынын ҳәм кеңсеге қашан оралатуғынын айтқан жоқ, — деди.

Маған Абаның айтқан сөзлери тәсир етти, ой — ғазийнемди биротала қозғап жиберди: «Бизге бурынғы ата-мәкан тарлық ете баслады...» Аўа, ҳақыйқаттан ҳәм бүгинги әўладларға бурынлары ата-бабаларымыздың ол шети менен бул шетине ат терлетип жүрген әййемги «Әмирабад» аўылы емес ҳәттеки, шексиз сахралар, тоғайлар менен бийик таўлар да тарлық етип баратыр. Олар бүгин басқа планеталарға көз тигип, ой жууўыртып, бийкар қумар болып жүрген жоқ...

Мен усы көтериңки қыял менен колхоздағы соңғы өзгерислерди көргим келип, тум-тусыма қарасам, ҳәммениң үйине электр сымлары тартылған, жайының төбесинде антенналар шошайып тур. Демек, өтмишгеги «Әмирбад» аўылының бүгинги әўладлары телевизорда Москваны, Ташкентти, Нөкисти көрип, Кремль курантының жаңғырығын тыңлайды...

Күн батып, геўгим түсти. Мен жаслығымда түйе баққан жерлерди еске түсирип, Қәлендердиң үйине келдим. Ол ҳәзир келипти. Аздан кейин шай үстинде өз-ара әңгиме басланды.

— Өзиңизге мәлим, мен усы аўылдың азаматыман. Ҳәттеки әке-шешем де усы жерде туўылған. Соңлықтан да маған бул колхоздың барлық ойы менен қыры, шели менен салмасы, бағы менен бақшасы бес саўсағымдай белгили. Мен оны өзимниң туўған анамдай қәдирлеп, сүйип, кең қушағында ҳәз етип дем аламан, оның менен сырласаман. Адамлар менен әлле қашан туўысқандай тамырласып қалганбыз... Байназаровтың сөзлери мени дым қызықтырып жиберди Ҳәзир артқа қарасақ, 1928-жылдың қысында жерсиз, жайсыз малсыз, онлаған батраклардың бир жағадан бас шығарыўы менен бирлескен өз туңғышының атын «Қызыл дыйқан» деп атады.

«Әййемги Әмирабад» аўылының бугинги жас әўладлары тас шыра менен шығырды, ағаш гүнде менен шарықты Нөкистеги үлке таныў музейинен көрип, «булар не өзи, қашан болған қураллар?» деп таңланысып қарайды.

Телефон шыңғыр етти. Қәлендер трубканы көтерип, биреў менен сөйлесе баслады. Бир ўақта ол трубканы қойып:—Қалада Әмет ағаның қәдири ҳә демей-ақ өтти, —деди де столдағы папиросқа қолын созды. Мен бул сөздиң мәнисине түсинбей жалт қарадым.

Қәлендер папиросын алыстырып:—«Таярлаў пунктиндеги бизиң пахта тапсырыўшымыз завод қабыллаўшысының түрли сылтаўына исенип, үш машина пахтаны себепсиз қайтарыпты. Ҳей салақ, лабораторияның анализин де алмаған аў. Бундай жағдайда Әмет, лаборант ҳәм қабыллаўшыға қағыйдалар менен заң-законды ортаға салып, қабыллаўшының орынсыз сылтаўын дәрриў бетине басады, қәйтсе де пахтаны өткеретуғын еди.

— Сен Әметтиң қай жағын жақлап отырсаң. Оның адырлығын ба, я епшиллигин бе?

— Ең алды менен оның искерлигин ҳәм айрықша турақлылығын жақсы көремен. Егер усы бүгин таярлаў пунктинде Әмет ағаның өзи болып, колхоздың пахтасын тапсырғанда ма, қабыллаўшы бизиң үш машинаны бирден қайтара алмас еди. Әмет ағаның несин айтасаң... Универсал ғой ол.

— Түсинбедим?

— Бизиң Әмет ҳақыйқат универсал адам. Ол колхоздың экспедиторы, пилле таярлаўшысы, пахта тапсырыўшысы, ҳәттеки, ол колхоздың бөтен жаққа аўысып кеткен ҳақысын өндириўши юрист — консультанты да. Қулласы, көп тараўлы хожалықтың ишинде оның араласпайтуғын жери жоқ. Былайынша айтқанда ол колхоздың аўыр жүгин ийинлеп жүрген азаматлардың бири, — деди тыянақлы түрде Қәлендер мыйығынан күлип.

Бир-еки күннен кейин усы сапардан қайтып келгенимде, Әмет те бизиң үйде отыр екен. Сағынып қалыппан; қол алысып апақ-шапақ болып, алып қайтқан естелик альбомын ашып:

— Бунда Белград қаласын азат етиўге қатнасқан бир қанша совет жаўынгерлери менен шет еллик патриотлардың естелик орынларда алынған сүўрети ҳәм олардың урыстан кейинги өмири баян етилген, — деди. Қарадым. Әметти қушақлап турған узын бойлы, қақ шеке, қыр мурынлы, жылтыр бас адамға көзим түсти. Сонда «Бирлескен Германия рабочий партиясының ағзасы Артур Клап» деген қатарды оқыдым.

— Бул баяғы саўаш ўақтында сен штабқа әкелген Клап емес пе?

— Тап өзи. Шынында да адам баласының тәғдийринде қызықлы ўақыялар, ушырасыўлар бола береди екен. Улыўма мен оны умытып та кеткен едим. Егер

өзи айтпаганда, танамыс та едим. Бир күни «137»—белгисиз төбени көриўге шықтық. Жарқыраған мәрўерт басқышлар арқалы бийикке қарай көтерилип киятырмыз Аяғымды ҳәрбир басқышқа қойған сайын, мениң жүрегим шәўкилдеп алып-ушады. Қыялыма урыс жыллары бул төбениң басыида мәңги қалған жаўынгер досларым ҳәзир алдымнан шығып, дийдарласутуғындай сезиледи. Бир ўақлары ҳалласлап төбеге көтерилдик.

Ескерткиш басында өткен күнлеримди көз алдыма келтирип турғанымда, биреў мени тосыннан қушақлап алды. Артыма қарасам, қасымдағы жылтыр баслы бийтаныс адам көкирегин ашып:

— Таныiмадыңыз ба, мен баяғы Клаппан ғой? — дейди көгис көзлеринен қуўаныштың ушқынларын шашып.

Бизлер қушақласып сүйистик. Кейин Клап мениң жүзиме баладай тигилип:—Бизиң ушырасқанымыз жүдә жақсы болды, бунның баҳасы жоқ деди. Оннан кейин ол китап жазып атырғанын айтты.

Биз, Клап екеўимизде таңланып қалдық. О, қудирет! Алдымызда балдақлы бир солдат тур. Аспанға көтерилген әжайып монументтиң үлгиси тап усы балдақлы солдаттың қудиретли тулғасынан алынғандай жүдә ғана уқсас-аў.

Қызықсынып оның қасына барып!

— Кеширерсиз, достым, мен сизди бир жерде көрген адамыма шырамытып турман. Сирә артиллерист емессиз бе? — дедим.

Балдақлы ветеран да мениң бетиме тигилип: «Болгарман, Билгиңиз келсе, мен усы төбеде болган баяғы қырғын саўашта аяғымнан айырылған едим. Бәлким, денем де, айырым мүшем де мына монументтиң астында қалған шығар. Жер баўырлап жығылған орнымды, қаныма боялған тасларды танып турман, достым. Қалайда, бул төбеде совет жаўынгерлериниң тәни, руўҳы араласпаған топырақ, қаны боялмаған тас жоқ, —деди ол суўық демин алып.

Усы ўақытта тосыннан тап болған суўретши биз үшеўимизди усы монумент алдында түсирген еди...»

Әмет екеўимиз бир биримизге қарасып қалдық.

Мениң менен бир арнаның суўын ишип, бир аўылдың қушағында кәмалға келген достым, ертең аўылына кетеди. Мен оны және мийнет майданында көремен.

# МУҲАББАТ

*Гүрриң*

Факультет комсомолларының жабық жыйналысында додаланып атырған әҳмийетли мәселениң қызғын тартысы, кешки саат сегизге шешем созылды.

— Асанов курслас достымыз Ахмедова менен байланысын мойнына алмай қаншелли тайсалақласа да, өжетлик етсе де, ол факттен бас тарта алмайды. Ақыры олардың бәрҳәма ушырасып жүргенин ҳәммемизде талай рет көрдик. Мен Асановты комсомол қатарынан шығарылсын деп усыныс етемен! — Комитет секретары орта бойлы, қақ шеке, ала көзли, сулыў жигит сөзин тамамлап орнына отырды.

Залдың иши суў серипкендей тынып қалды. Еле толық ашылмаған сырлы ўақыя ҳәммени ойландырады. Комсомолецлер ҳайран болып көз астынан бир-бирине қарап ымласа баслады.

— Мениң тынышымды алып, тула бойымды түршиктиретуғын ең аўыр мәселе:—бизиң заманласымыз Ахмедованың ҳәзирги қолайсыз жағдайы, ертеңги тағдири. Ҳәммеңиз көрип отырсыз. Ертең бир күн ол жас босанып қалыў қәўпи бар. Ал енди усы саатқа шекем сол болажақ баланың әкеси бизге белгили емес. Ахмедованың билгени Асанов. Соның ушын менде мынадай пикир бар: Бизлер еле Асановтың ақырғы сөзин еситнедик. Мүмкин ол ҳәзир ойланып өз қәтесин мойынлағысы келип отырған шығар. Оған сөз берейик. Егер Асанов тағы да табан тиреп тайсалақлаўын даўам етсе, тийисли қарарға келиўимиз қыйын емес!—деди узын бойлы, қыр мурын, көк көзли студент орнынан турып.

Ортаға қысқа бойлы, буйра шашлы, маңлайында теңгедей тыртығы бар Асанов шықты. Ол өзин жүдә еркин, мүләйым, ҳәр нәрсеге итибарсыз тутып ҳайран болған түри менен қатар қурбы жолдасларына бирмебир қарады. Ҳәмме жым-жырт болып оннан нәзерин аўдармай жаңа хабар, әҳмийетли сөзлер күтти. Бирақ Асановтың өзи де аўыр гүрсинди бул иске, ўақыяға бийтәреп адамдай ҳеш асықпады, үндемеди.

— Ҳаў неге сөйлемейсең, ўақыт өтип баратыр, —деп алдыңғы қатарда отырған қызбалаў жигит шыдамай сорады.

— Егер сизлер мениң ҳақ сөзиме, кристалдай таза ҳужданыма, жоқары адамгершилигиме түсинбесеңиз не айтайын. Улыўма мениң Ахмедова менен жолдаслық, дослық байланысымнан бөтен ҳешқандай қатнасығым болған жоқ. Бирақ, мениң оны сүйетуғыным рас. Сизлер маған түсиниң, мен ҳәзир өсек сөздиң қурбаны, жалахордың нышанасы болып турман, — Асанов соңғы сөзлерин ашыўланып айтты.

— Ўәй, жигит, сен еле биреўдиң гүлдей өмирин солдырып жүзине дағ салып турып өзиңди бийгүна адамға, нағыз садаға санайсаң-аў! Жоқ, жеткиликли, шыдаўдың да, көниўдиң де шеги болады. Биз сеннен көп нәрселер күткен едик. Бирақ, сен өжетлик етип өзиңниң қатар-қурбы досларыңның үмитин ақлай алмадың. Демек, сен лениншил жаслар союзының ағзасы деген ҳүрметли бийик атқа ылайық емессең. Соилықтан да мен Асанов комсомол қатарынан шығарылсын ҳәм оны жынаятлы жуўапкерликке тартыў ушын қылмыслы иси тергеў органларына тапсырылсын деп усыныс етемен, — деди қайтадан сөзге шыққан комитет секретары.

Бул усыныс ҳәркимге ҳәрқыйлы көринип, түрлише тәсир етти. Гейбир комсомолецлер, «туўры туўры» десе, екиншилери: «дурыс емес». Еле шийеленискен ўақыя, Асановтың айыбы анықланган жоқ» деп шуўласты.

Асановтың ашық жүзи бирден бозарып, аң--таң болды да қалды. Ол қас-қабағын үйип, терең ойға кетти: «Ҳақыйқаттан да усы отырган комсомолецлер мениң қандай адам екенимди билмейме екен? Егерде өзиңниң жора-жолдасларың, бирге жүрген тең досларың сени жақсы билмесе, танымаса қандай қыйын»...—Рүстем аўыр гүрсинди.

— Ал, онда даўысқа қояман: Кимде-ким Асановты комсомол қатарынан шығарылып, иси тергеў органына тапсырылсын деген жолдаслар қолыңызды көтериң? —деди комитет секретары.

— Тоқта, тоқта, ўақ мен не қылдым?.. — Маған ес-ақылымды жыйнап алып өзиме келиўге пурсат бериң? — Орнынан өрре турған Ахмедова қоллары менен еки шекесин услап көгерип кетти. Бирден оның жүреги қысылып маңлайынан муздай тер шықты.

Ҳеш нәрсеге түсинбей ҳайран болған студент-комсомолецлер тынып қалды.

— Мени кешириң, досларым. Асановтың ҳеш қандай айыбы жоқ. Барлық гүнә өзимде. Себеби, мен биреўдиң сөзине, алдаўына ерип оған асылған едим, — деди қыз отырғанлардың ҳешқайсысына тикленип қарай алмай.

— Қызық... сонда сен кимнен жүкли болдың демекшисең ғой, дурыс па? — Райхан ашыўлы түрде жыламсырап секретарьға тигилди. Оның қанасына сыймай аларып баратырған өткир көзлери бултты жарып шыққан күниң қуяшындай жанды, тула бойы қалтырап, еки ерни көгерип кетти.

— Неге үндемейсең, бурынлары, сөзге шебер, сөйлемшек едиң ғой. Болды, енди мен төзимимнен тарықтым. Сендей ҳүждансыз адамнан алданып шерменделиктиң шегине жеттим. Егер билсең, мен усы ўақытта түпсиз жардың жағасында турман. Бирақ, мен ойсызлық, жеңиллик, қорқақлық етип өзимди оған таслаймаң. Еле өзиме жетерлик күшим, ҳүжданым бар. Ҳақыйқатын айтсам. — Мениң намысыма тийин жүзимди солдырған, жүрегимди жаралаған, нәтийжеде усы аўҳалға әкелген сениң өзиң жолдас Сабуров! Райхан сук бармағын секретарьдың көзине шошайтын өзин бийлей алмай қорлығы келип жылап жиберди...

Залда бирден жалланыў пайда болып, ҳәммениң жүзинде таңланыў белгилери көринди. Президиумдағылар Ахмедованы сүйеп орынлыққа отырғызды. Оған жақсы сөзлер айтып кеўлин тыныўшлаўға ҳәрекет етти. Бул гезде әшкара болып қолайсыз жағдайға түскен жүзи қара секретарь:—«сасқан үйрек артынан да, алдынан да сүңгийди» дегендей: жолдас Ахмедова әбден сасқалақлап ҳәр кимге бир жабыса берме. Әсиресе, сениң маған, соншама комсомоллардың жетекшисине

асылганың күлки емес пе, сениң бул сөзиңе ким исенеди дейсең? —деди орнынан ырғып турып.

— Күлки дейсең бе, жоқ, керисинше бул ўақыя ҳәр кимниң де ызасын келтиретуғын жүдә аўыр, қыйын ҳәм қатаң түрде кеўил бөлетуғын, әҳмийетли мәселе. Бирақ, ҳәзир маған жолдас Ахмедованың себепсиз, ойсыз көз қарасы онша унамай тур. Ақыры, ол ең әўели Асанов Рүстемге асылып, бизге рәсмий түрде арыз етти. Оны комитеттиң бюросында тексерип қарадық. Енди жалпы жыйналысқа келгенде ол өзиниң әдепки сөзинен, жазба түрде берген арзасынан тайып, Сабуров Мақсетке жабысып атыр. Бул қалай, оның шыныма, я ҳәзили ме? Ертең бир күн ол тағы биреўге, бәлким, маған да жала жабыўы мүмкин.

— Аўа, аўа, рас-әй, отирик доҳметтиң қурбаны болмағайман, — деп және биреў отырған жеринде қапталдан сөйлеп ортадағы жигиттиң сөзин бөлди.

Төрде отырғанлар қозғалысып қойды.

— Ахмедова ҳәзир ортаға шығып тартынбастан бизге шынын қайтадан айтсын, — деп әўелги студент бөлинген сөзин даўамлады.

Ахмедова аўыр гүрсинип әсте ғана орнынан турды. Өйткени қыйналғаннан оның жағдайы күтә аўырласқан еди. Маңлайына түскен шашын жыйнастырып желкесине қойды да:—«Өзи жығылган бала жыламайды» дегендей мен ҳеш қайсысынан да уялып, я қысынып турғаным жоқ. Мен ертең бир күн аиа болыўға таярланып атырман. Әлбетте, жанында өмирлик достың, некелескен күйеўиң болмай турып усындай аўыр қыйын аўҳалға дуўшар болсаң кимге жеңил, кимге аңсат!? —Оның көзлеринен ериксиз түрде мөлтилдеп жас шықты. Еринлери қыбырлап, шекесиниң тамырлары солқ-солқ етти.

Ана!.. бул қандай қәдирдан, ҳүрметли, мақтанышлы, бийик ат. Ол атты менсинбей, қорлаўға, кемситиўге кимниң ҳақы бар?.. Ҳәзир бул сораўлар, ар-намыслы, сана сезимли ҳәр бир жигит-қыздың толқыған ойында, терең тәкирарлаўында болды.

Ахмедованың қараўыта баслаған көзиниң алдынан былтыр онсегиз жасқа шыққан күнине байланыслы берген салтанатлы зияпаты экрандағы сессиз картинадай изли-изинен елеслеп өте баслады... «Мине ол

қурбы-қурдасларының әкелген гүл букетлери менен сыйлықларына бөленип шексиз қуўаныштың, уллы бахыттың қушағында күлип тур. Ҳәмме оның қолын қысып, қутлықлап шын жүректен шыққан дослық сөзлерин айтып атыр. Стол үстинде ҳәр түрли жемислер менен арнаўлы таярланған мазалы аўқатлар, көтерилген тостлар, стаканлардың шыңғырлаған жағымлы сеслери кеўилли музыкалар менен аяқ ойынлар, шадлы қосықлар менен ҳәзил сөзлерге елеге шекем қулағының пердесин жаңлатып турғандай. Заўықлы кеше түн ярымында тамам болды. Келген досларының бәри де тарқасты. Зияпаттың машақаты менен аяқ ойыннан ҳарып шаршаған Ахмедова жатыўға ыңғайласқан ўақта Сабуров айланып келди.

Сабуров ишке кириўден Ахмедованы қушақлап алып туншыққанша қумарланып сүйе баслады. Олсыз да шаршап турған қыздың көзиниң алды тынып, қызғынлы жүреги қанасына сыймай толқынланып кетти. Ол тал шыбықтай таўланып туўлай баслады. Бирақ, тезден ҳал дәрманы қашып тула бойы қамырдай босалып кетти...

— Бойымдағы ҳәмлениң әкеси Сабуров. Лекин, ол усы айдың басынан баслап бузылысты. Асанов пенен жолдаслық түрде ушырасып жүргенимди қызғанып, сен оның менен байланыс жасадың, қурсағыңды да соннан көтердиң деген жала сөз, биймәни себеп таўып мени көрсе терис қарайтуғын әдет шығарды. Бул маған қатты тәсир етти, тынышымды қашырды. Әсиресе, айы-күним жақынлаған сайын терең ойға батып, қысынғаннан мийим айланатуғын болды. Кеше оған жолығып «ЗАГС тен отейик, некалы болайық десем, меннен гүдериңди үз, Асановыңа бара бер» —деди. Енди бүгин ол айыпты өз басынан аўдарыў ушын мениң атымнан бюроға арза жазып барлық жаланы Асановқа жаўып отыр. Мен әдепки ўақлары уялғаннан, қысынғаннан ақылым қашып, тилим лал болып қалды. Кейин өзиме келип ойланып қарасам, ол ҳақыйқат сумлықты, ҳүждансыз иплас исти баслаған екен. Жоқ, мен бийгүнә адамға наҳақтан жабыса алмайман!—деп Ахмедова президиумда отырған Сабуровқа қәҳәрли нәзерин тикти.

— Сен кеўлиңе келген қыялый нәрселерди айтып мениң абырайымды төкпе, қәне дәлийлиң болса айт,

гүўаң болса шақыр? — деп Сабуров қызга алып топыла баслады. Бирақ, ол өз орнынан қандай жылдамлықта көтерилген болса, тап сондай пәт пенен дәрҳал қайтадан отырыуға мәжбүр болды. Себеби, ол Ахмедованың тигилип қараган ашыўлы нәзерине, масаладай жанган нурлы көзиниң тәсийрли күшине шыдай алмады. Ҳүжданлы қыздың сусы оның жети жүйесинен өтип жүрегине шаншылды.

Сүйикли достының нәмәртлигине қатты қорлығы келген Ахмедова орнынан өрре турып артына қарамастан есикке қарай жуўырды...

Олсыз да аўыр, кеўилсиз жағдай жүдә кескинлесип шийеленисип кетти. Қандай қыйын әсиресе, болажақ баланың өзгеше тәғдийрин, оның соңғы ўақыттағы өмирин көз алдына елеслетсең ол күтә өкинишли. Өзиңиз ойлап қараң, ол адам. Бирақ, оның әкеси жоқ, ырасын айтқанда әкеси бар ғой, лекин ол пәс, иплас турақсыз, ата болыўға жарамайтуғып жаман адам. Енди сол ушын жәмийеттиң, дуйым журттың алдында ол бала айыплы ма? Жоқ, ҳеш айыплы емес. Райхап да сүйгеп ярының сөзине, ўәдесине, муҳаббатына-мейли ол ким болмасын инанған. Оның барлық айыбы мине усында, исениўшиликте. Ол жигиттиң ҳақыйқатында да адамгершилиги бар ма екен? — Жоқ, ол мәрт емес, нагыз уры, гәззап. Уры болғанда да анаў-мынаў нәрсениң урысы емес, керисинше адамзаттың ар-намысын, жоқары сезимин, жүрегиниң отын, ең қымбатлы байлығын урлаған уры...

Ҳайран болған комсомоллар өзлигинен тарқаса баслады. Аудиторияның ишинде тек Рүстемниң бир өзи қалды. Ол биразга шекем шерменделик ўақыяның ақыбетине ызасы ашыўы келип жүрегин басалмай, қалтырап отырды. Оның коз алдынан Райханның ақ пейилли, сумлықсыз, исенимшил образы кетпеди. Қыялына қыздың ишки дүньясы оған биротала ақтарылып жанлы картинадай жүдә анық, ыссы көринди. Бул ҳеш қашанда, ҳеш бир жағдайда өшпейтуғын, сууўымайтуғын биринши муҳаббатының күшли сезими, жанлы елеси еди. Рүстемди өз жолдасының нақолай жағдайы, аўыр тәғдири жүдә ойландырып, оның таза ҳүжданын қандай да бир керекли жәрдемге шақырды. Ол усындай қызғын ойдың, ар-намыстың, адаспайтуғын муҳаббаттың тәсийрине шыдай алмай орнынан ырғып турды...

...Жүреги ашыў менен өкпеге толып бурқып киятырған Ахмедова өз үйине зорға жетти. Ол ашық турған бөлмесине кире сала есигиниң илмегин илдирди де: теңселип барып кроватына зилдей денесин таслады. Ол сол заматта-ақ ҳаўлығып қайтадан түргелди. Өз-өзинен қорқып қысыла баслады. Қыялына кең бөлмениң ҳаўасы жетпей тарлық етип, жүреги тоқтап баратырғандай сезилди. Бирден көзиниң алды қараўытып, жайдағы затлар арман-бермен қозгалып жүргендей болды. Биразға шекем дурыслап тыным алалмай көгерип турды. Буўынлары сырқырап бели менен сегиз көзи қақсай баслады. Қурсағындағы ҳәмле де үсти-үстине тепсингендей болды?!..

Ахмедованың аўҳалын билмекши, сырласпақшы болып изинеп келген Асанов есик аўзында салт тоқтады да шыңғырған сеске сезикленип қулақ салды «Иңә-иңә»... Рүстем күш пенен есикти ийтерип жиберди. Жалғыз шегеде турған илмек суўырылып шықты да, есик ашылып кетти. Асанов асығыслы түрде жалтаңлап ишке кирди...

Асанов кроватьтың үстинде жас босанып жатқан Райханды көрип зәрре артына шегинди. Бирден не қыларын билмей сасқалақлап босағада тоқтады. Ол ҳеш қашан да бунындай аўҳалды, жас босанған ҳаялды көрген емес еди. Көгерип жатқан ҳәлсиз ана менен жалаңаш бөбектиң бул ўақтағы тәғдийри оны дәрҳал ес ақылына келтирип шешиўши ойға шақырды.

Асанов дәрриў өзин бийлеп, стол үстиндеги чайнектен бир кесе чай қуйып алды. Сөйтип ол Ахмедованың басын сүйеп аз-аздан ишкизе баслады. Жас ана сол заматта өзине келгендей, эсте ыңырсыды.

— Бийжуўап үстиңе киргенимди кеширирсең, қалайсаң, жақсымысаң? — деди жигит даўысы қалтырап.

—Сиз бе? — Ахмедованың иарлап жанған көзлеринен еки тамшы жас шықты. Ол сынаптай шекесинен соргалап мойнына ақты.

Асанов дәрҳал бөлмеден шықты да жуўырыўы менен жақын жердеги кеңсеге барып кирди. Телефон арқалы «Тез жәрдем» ге хабар етти.

— Жүде қәўетерли, бул анадан көп қан кеткен. Оған усы жатысынан қозғалмай турып қан жибериў керек, болмаса ис шатақ,—деп врач бөбекти тазалап қундақлап болған сестраға қарады:

— Мениң сумкамда таяр қан жоқ. Ол ушын қалай болса да жас ананы туўыў үйине әмеллеп жеткериў керек!—деди сестра.

— Егер соған шекем жүдә керек болса мениң қанымнан алып жибериң. Өйткени, мен еки жылдан берли турақлы донорман. Қаным да биринши группалы, ҳәр қандай адамға жарайды. Гуманлансаңыз қасымда книжкам да бар, мине, көриң? — Асанов асығыслы түрде қалтасынан книжнасын шығарып врачқа узатты.

Тынышы қашып ҳаўлығыңқырап турған врач Рүстемниң документине үңилип, — ҳақыйқат болады, бәрекелла, иним, азаматсаң. Сестра тезден бул мийирман жигиттиң қанынан алың? — деп буйырды.

Райханға 400 грамдай таза қан жиберилгеннен кейин ол дәрриў өзине келди. Сөйтип оны носилкаға жатқарып туўыў үйине әкетти.

Райхан өзи менен болған аянышлы, аўыр ўақыяның барлығын ертеңине толық еситип көз алдына Рүстемниң ҳақыйқат адамгершиликли образын елеслетип:

— Мине, ҳақыйқай адам. Неге мен оны бурында жақсы танымадым, жазған хатын таслап, шын сөзине жүрегиниң үнине қулақ салмадым. Оны Мақсеттиң орнына сүймедим, өмирликке таңламадым? О, бурынғы биринши муҳаббат, алданған жүрек, өмирлик өкинишке қалдырдың ғой!..

Райхан өзиниң өкинишли ойына, көтериңки қыялына тереңнен батып, терезеге қарап жатқанда палатаға санитарка кирип келдиде:—жолдас Ахмедова, қапа болмаң сизге әжайып гүл топламы менен қупыя хат, балаңызға комлект сыйлық келди. Мәрҳамат, қабыл етиң!—деп ол жас анаға затларды узатты.

Аппақ гүлге қараған Райханның көзи жарқ ете қалды. «Ол кимнен екен?» Бул сораў оның қызғын ойына қозғаў салды. Райхан шыдамсызлық пенен ынтыға умтылып өмирдей жайнаған жарасықлы гүлди қолына алды да ериксиз түрде оны жаралы жүрегине басып сыртында жазыўы жоқ сырлы конвертти ашты.

«Асанов?!»—...Ахмедова хатты жазған жигиттиң қолын дәрриў ақ танып асығыслы түрде оны оқый бас-

лады. Ол ҳәр бир сөзди, ҳәр қатарды ҳаўадай жутып оқыған сайын сепкилли жүзи жаз гүлиндей ашыла баслады...

«...Мейли, ол бөбек меннен болмаса да мен оны өз перзентим, өз гүлим деймен. Себеби мен ол нәрестениң анасын сүйемен!» Райханның еринлери жыбырлап, жүреги қатты-қатты ура баслады.

— Ах, азамат, Асанов! Сениң шын муҳаббатыңды қалай сезбедим екен?!...

МАЗМУНЫ


Ант (*повесть*) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Тынымсыз түнлер (*повесть*) . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Туўысқанлар (*повесть*) . . . . . . . . . . . . . . . . . 88
Үмит қуяшы (*повесть*) . . . . . . . . . . . . . . . . . . 134
Бәриде „әлиппе" ден басланды (*гүррин*) . . . . . . . . . . 182
Мен комсомолман (*гүррин*) . . . . . . . . . . . . . . . . 193
Ер жигит (*гүррин*) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 212
Муҳаббат (*гүррин*) . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 221

*на каракалпакском языке*

**Айтбай Бекимбетов**

**БРАТЬЯ**

(*повести и рассказы*)

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Н у к у с—1 978*

Редакторы *М. Қайыпов*
Қарап шығарған *К. Назбергенов*
Художник *К. Нәжимов*
Худ. редактор *Б. Ещанов*
Техредактор *Г. Т. Нурматова*
Корректор *А. Сапарниязов*

И. Б. № 574

Териўге берилген ўақты 30/XII-1977-ж. Басыўға рухсат етилген ўақыты 8/XII-1978 жыл. Қағаз форматы 84×108$^{1}/_{32}$. Көлеми 7,25, баспа табақ. 12,18 шәртли баспа табақ 12,12 есап баспа табақ. Тиражы 7000. РК 32390. Баҳасы 1 м.

„Қарақалпақстан" баспасы, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

Самарқанд областьлық Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының М. В. Морозов атындағы типографияда басылды. Заказ № 2890.